Ari anoe dingaranan Rengrengan Karadjaan teh, nja eta hidji rengrengan anoe sok dipoendoetan timbangan tina hal roepa² pĕrkara oeroesan pamarentahan nagara. Eta rengrengan lain ngan keur pataroson Sri Maharadja bae, Pamarentah oge kenging moendoet ka dina.

Noeroetkeun adat talari karoehoen oerang Walanda, anoe djadi Presidentna eta rengrengan teh Sri Maharadja, tatapi koc

sabab kapérloeanana ngajakeun eta rengrengan teh, énja-énjana mah pikeun djadi patarosan anoe djadi Radja, koc sabab eta anoe ngokolotan, di mana eta rengrengan ngajakeun koempoelan djeung anoe nanda sakabeh soesoeratan, nja Vice-Voorzitterna bae. Ari élidna eta rengrengan lobana aja 14 sarta kabéh di-angkätna koe Sri Maharadja.

Eta Rengrengan Karadjaan meunang milbe ngoeroes sagala roepa oeroesan. Hal kawadjiban djeung atoeranana eta rengrengan, kabéh ditataan dina Wet.

RENGRENGAN WAKIL RAJAT. (*Staten Generaal*).

Rengrengan Wakil Rajat -- koe basa Walanda diséboetna *Staten Generaal* atawa *Algemeene Staten* — eta djadi rajat Nagara Walanda. Eta Rengrengan dibagi djadi doea bagian, nja eta: *Kamër Kahidji* djeung *Kamër Kadoea* (Eerste Kamer djeung Tweede Kamer).

Eerste Kamer élidna reana aja 50, beunang milih Rengrengan Propinsi (*Provinciale Staten*). Ari Tweede Kamer élidna aja 100, dipilihna koe pangeusi nagara awewe-lalaki, sakoer noe kaasoeperang Nederland atawa rajat Nederland, anoe noeroetkeun *Wet pilihan* (*Kieswet*) oemoerna koedoe geus 25 taioen.

Dina oenggal taoen sakabéh Burgemeester djeung Wethouder koedoe njiem *daptar-pamilih* (*kiezerslijst*), eusina ngaran² djéléma noe baroga hak milih.

Élid Tweede Kamer dipilihna 4 taohoneun, di mana geus 4 taoen, kabéh areureun.

Atoeran milih élid Eerste Kamer djeung Tweede Kamer ditépkeun dina *Wet pilihan* tea.

Biasana Eerste Kamer djeung Tweede Kamer teh karoempoelanana sok misah², pada boga gédong sorangan. Tatapi radjeun oge kadjadian eta doea Kamer koempoelanana dihidjikeun. Koempoelan anoe dihidjikeun kieu, dingaranan *Vereenigde Vergadering*, Soendana *Koempoelan Sakoemboeh*. Ari diajakeunana eta Koempoelan Sakoemboeh teh, kieu:

1. Dina mimiti moeka atawa dina noetoeper eta Kamër.
2. Lamoen koedoe ngabarémpeogkeun hal voogd djeung wakil Radja, nja kitoe deui lamoen rek ngistrenan Radja.

Ari anoe sah pikeun dipilih kana ělid Eerste Kamer djeung Tweede Kamer, nja eta:

- 1e. Oerang Walanda (Nederlander) atawa rajat Nagara Walanda (Nederlandsch onderdaan).
- 2e. Panggorana koedoe geus oemoer 30 taioen.
- 3e. Anoe hakna kana radjakajana hěnteu didjaběl koe hakim, doemeh eta djělěma owah akalna atawa koerang ingětanana.
- 4e. Anoe hěnteu leungit hakna kana meunang dipilih.
- 5e. Anoe eureun tina ělid noeroetkeun artikěl 85 atawa 91 *Wet-babon*, eta meunang dipilih deui.

Voorzitter Tweede Kamer diangkatna koe Sri Maharadja, milih salah sahidji antara ělid anoe disanggakeun koe kabeh ělid eta Kamer. Soepaja leuwih tetela, kieu: oepama Tweede Kamer ajeuna tatjan aja Voorzitterna, toeloj kabeh ělid² barěmpoeg milih pi-Voorzittereun sanggakeuneun ka Radja; reana eta tjalon koedoe tiloan. Mana anoe kapilih koe Radja, toeloj diangkat. Eta angkatan lilana ngan satahoeneun. Dėmi pagaweanana anoe djadi Voorzitter, nja eta noengtoen koempoelan djeung ngadjaga katartiban dina koempoelan.

Voorzitter Eerste Kamer oge diangkatna nja koe Sri Maharadja kenel, sarta pikeun satahoen deui, ngan ieu mah diangkatna koedoe dina samemehna koempoelan, sabab dina koempoelan anoe mimiti, eta doca Kamer dibokana koedoe koe Voorzitter. Eerste Kamer tea, nja eta poě Salasa katiloe dina boelan September oenggal² taioen.

Ělid² Tweede Kamer mareunang ongkos djalan ti dajauh pademoekanana něpi ka dajauh těmpat koempoelanana. Hal ongkos djalan diavoer dina wet. Saliian ti meunang ongkos djalan, meunang doeit paroeroegi djeung meunang pangsoen deui.

Ari ělid² Eerste Kamer mah ngan meunang ongkos djalan bae.

Ělid² Eerste Kamer djeung Tweede Kamer hěnteu meunang dihoekoem lantaran omonganana anoe dipėdarkeun di Kamer atawa toelisanana anoe ditoedjoelkeun ka Kamer. Pangna diajakeun atoeran kitoe, noe dipambrih ngarah ělid² boga kamėrdikaan-omong, nja eta soepaja laloesa ngėdalkeun sagala noe aja dina atina, oelah sieun di pėrkara lantaran salah ngomong.

Tapi bisi aja ělid anoe make eta kamėrdikaan-omong sakarėpkarėp, ngahadja ngomongkeun noe lain² ngahina pada batoer ělid, pikeun ngadjaga bisi kadjadian pėrkara kitoe, anoe djadi

Voorzitter dipaparin kawasa pikeun njarek tēroes ngomong ka ělid noe keur ngomong koerang pantēs.

- Tweede Kamer boga opat roepa hak pětingan pisan, nja eta:
1. *Hak Interpellatie*, hartina hak njoehocnkeun katērangian tina salah sahidi pērkarā ka Pamarentah, boh koe soerat boh koe lisan. Pamarentah anoe diwakilan koe Minister ugadjawab.
 2. *Hak Enquēte*, nja eta hak mariksa. Misilna oepama djawaban Minister teh hēnteu anggeus, tēgēsna aja kapanasaran keneh bae, Kamer boga hak mariksa hal eta leuwih djaoeh.
 3. *Hak Initiatief*, hartina Tweede Kamer boga hak pikeun ngasoepkeun voorstel pērkarā wet, anoe karasa koe Kamer pi-mangpaateun ka nagara.
 4. *Hak Amendement*, hartina hak pikeun ngarobah, nambahan atawa mitjeunan anoe katimbang koerang hade tina rarantjang wet.

Ari Eerste Kamer mah ngan boga hak *Interpellatie* djeung *Enquēte* bae; eta doea roepa hak teu sakoemaha gēdena hartina, tēgēsna pangaroehna kana njieun wet teu pati gēde.

Lamoen voorstel Pamarentah dirobah koe Tweede Kamer pērkarā anoe galēdena, salah sahidi Minister sok nērangkeun ka Kamer, jen Pamarentah hēnteu ngarēmpeogan, kana eta robahan sarta maparin pepeling ka sakabeh ělid, jen dina waktōe njētēm eta rarantjang wet koedoe diingētkeun djeung ditimbang-timbang pisan, jen pēta Kamer ngarobah rarantjang kitōe teh, eta pakia-kia djeung kahojong Pamarentah. Lamoen ělid² Kamer hēnteu ngagaroegoe kana pepeling Minister tea, keukeuh ngoekoehan karēpna, djadi poatoesan Kamer pasalia djeung kahojong Pamarentah, di mana kadjadian kieu, nja aja pasalia antara Reng-rengan Wakil Rajat djeung Minister. Anoe moetoēs ieu pērkarā pasalia nja Sri Maharadja, boh Minister dilēpas, boh Kamer di-boerak, tēroes ngajakeun deui pilihan pikeun milih ělid anjar.

TINA HAL NJIEUN WET.

Dēmi hartina njieun wet teh, nja eta njieun roepa² atoeran anoe koekoeh, noe koedoe ditocroet koe rajat djeung koe babagian-babagianana Karadjaan. Lamoen aja anoe teu noeroet kana eta atoeran, eta djēlēma meunang dipaksa koe hoekoeman.

Noeroetkeun oenina Wethabon, Sri Maharadja sasarëngan djeung Rengrengan Wakil Rajat, kagoengau kawasa pikeun ngadamel wet. Djadi wet teh henteu beunang dipidamel koe Radja bae njalira atawa koe Rengrengan Wakil Rajat bae sorangan, tapi Radja djeung Rengrengan koedoe barëmpeog babarëngan.

Ari noe djadi kawadjihan Sri Maharadja tina hal ngadjalankeun wet, babakoena pisan përkara ngembarkeunana eta wet ka rajat. Koe oerang eta atoeran tangtöe kaharti, ënja koedoe kitöe, sabab soepaja rajat mitoeröet kana oenina wet, tangtöe pisan koedoe njarahoëun heula kana oenina eta wet. Ari geus dioeroeskeun kitöe mah, *djalma awoe ngalanggar wet lantaran teu njaho, teu meunang dihampoera.*

Dëmi atoeran ngembarkeunana eta wet, nja eta diasoepekeun kana soerat kabar Nagara, nja eta:

1. Noe dingaranan *Staatsblad*. Bangoenna eta soerat kabar henteu sapërti soerat kabar biasa, ieu mah tjara boekoe. *Staatsblad* noe pikeun tanah Hindia, disëboetna *Indisch Staatsblad*. Lamoen aja wet anoe koedoe didjalankeun oge di Hindia Nederland, koedoe diembarkeun koe Kangdjëng Toeän Bësar Goepërnoer Djendral dina *Indisch Staatsblad* tea.
2. *Staatscourant*, keur Nagara Walanda; ari noe keur tanah Hindia-Nederland ngaranna *Javasche Courant*. Anoe diasoepekeun kana *Javasche Courant*, nja eta ngembarkeun atoeran² pikeun sawatara tëmpat bae (locale verordeningen), toetoelisan anoe dikaloearkeun koe wet, misilna: akte paidin ngadëgkeun *Vennootschap*², van Koophandel, djeung sagala roepa bewara ti Pamarentahan anoe koedoe djadi kanjaho rajat.

Oepama Wethabon arek dirobah, atoeranana meh tjara rek njieun wet biasa bae, ngan aja bedana, nja eta: *katidji* Rengrengan Wakil Rajat noe aja koedoe diboerak houla diganti koe Rengrengan Wakil Rajat anjar; *kadoca* Rengrengan Wakil Rajat noe anjar koedoe nimbang djeung njëtem eta rarantjang wet anoe geus djadi wet tea, tapi teu meunang ngarobah naon²; *katiloe* ²/₃ na tina reana ëlid anoe datang kana koempoelan koedoe ngarëmpeogan kana eta wet, oepama anoe rëmpeog teu aja sakitöe, eta wet teu meunang diasoepekeun kana Wethabon. Djadi ngarobah Wethabon teh, leuwih hese manan ngarobah wet biasa.

TINA HAL DOEIT DJEUNG BEGROOTING.

Soepaja Karadjaan bisa nohonan kana papantjenna, koedoe boga *docit*. Eta doeit meunangna ti pangeusi nagara noe pada mariloe meunang kasenangan ti nagara sakoer anoe karoeat ngaloearkeun oeroenan. Eta doeit oeroenan ka nagara dingaranan *Padjég*. Tah nja doeit padjég tea, anoe dipake koe nagara pikeun noetoeap sagala ongkos² noe koedoe dika-loearkeun pikeun kapérloean rajat, saperti: pikeun ngadégkeun sakola, njieun djambatan², ngajakeun, poelisi djeung hakim, njieun roemah² sakit, ngagadjih pagawe-pagawe dj.s.t.

Padjég tea aja roepa², tapi moal ditataan di dieu saroepa-saroepana, da sarerea oge moal aja noe teu térang.

Sok radjeun oge kadjadian doeit anoe asoep ka nagara teu mahi pikeun majar ongkos² anoe dika-loearkeun. Lamoen kadjadian kitoe, nagara meunang ngindjeum doeit rentén.

Di loehoer geus ditjaritakeun, jen nagara koedoe bisa ngala doeit keur noetoeap ongkos² anoe koedoe dika-loearkeun pikeun ngoeroes nagara. Djadi nagara koedoe ngitoeng heula doeit noe baris asoep djeung noe baris ka loear. Ari atoeranana ngitoengna biasana prah oenggal nagara saroea bae, nja eta: mimiti ngitoeng heula doeit anoe koedoe dika-loearkeun dina tahoen hareup; sanggeus beres eta itoengan, tocloej ngatoer djalanna, ti mana Nagara ngajakeunana eta doeit keur noetoeap eta ongkos² tea.

Katangtogan doeit anoe rek dika-loearkeun tea dingaranan *Begrooting* (Bahroetëng), ari doeit anoe dikira baris katampa diséboetna *Middelen* (Sarat).

Rarantjang Bahroetëng dipidamélina koe Sri Maharadja sasarengan djeung Minister². Dina koempoelan Rengrengan Wakil Rajat noe biasa, nja eta poë Salasa noe katiloe dina boelan September, eta rarantjang bahroetëng diasoepeun ka Kamer koe Minister përkara doeit.

Ari saratna dina oenggal² tahoen dipertelakeun dina wet, anoe dingaranan *Middelenwet*, tégésna *Wet sarat*. Dina djero eta wet ditataan reana doeit anoe bakal katampa koe nagara, babakoena pisan nja eta padjég² tea.

Bahroetëng tanah Hindia-Nederland dibagi djadi opat bagian, nja eta:

I. Kaloearan doeit di Nagri Walanda.

II. Beubeumangan doeit di Nagri Walanda.

III. Kaloearan doeit di Hindia.

IV. Beubeunangan doeit di Hindia.

Anoe kasêboet dina angka I djeung II didjieumna di den Haag di Departement van Koloniën; anoe III djeung IV didjieumna di dieu, di Hindia, koe Departement Pêrkara doeit (Departement van Financiën), anoe meunang katêrangan ti Departement² sêdjen djeung meunang advies ti Rengrengan Rajat (Volksraad). Tapi sanadjan kitoe oge, ari ditêtêpkeunana mah Bahroetêng Hindia teh, nja koe Sri Maharadja bae sasarêngan djeung Rengrengan Wakil Rajat tea, djadi saroea baé djeung Bahroetêng Nederland.

ALGEMEENE REKENKAMER (di Nederland).

Dëmi noe disêboet *Algemeene Rekenkamer* gawena toekang maiksa balitoengan nagara, nja eta nêlik ka loear-aseopna doeit Nagara, djadi lamoen disêboet *Rengrengan Balitoengan* teh teu sabaraha salahna. Eta rengrengan élidna gënëpan, katoedjoeh Voorzitter, kabéh diangkatna koe Sri Maharadja pikeun saemoer hiroepna; gadjihna ditangtoekeun dina wet.

Naha koe naon sababna bêt diangkat pikeun saemoer hiroep? Sabab kawadjabanana koedoe nangenkeun Pamarentah hal makena doeit nagara; djadi koedoe wani ngageunggeureuhkeun djeung njawad ka Pamarentah tina hal makena doeit, oepama nêpi ka kadjadian Pamarentah wani ngaloearkeun doeit leuwih ti noe geus ditêtêpkeun dina Bahroetêng.

Oepama élid djeung voorzitter *Algemeene Rekenkamer* angkatanana tjara ambtenaar biasa, tangtoe moal wanieun ngalampahkeun tjara noe disêboet bieu di loehoer.

Di Hindia-Nederland oge aja *Rekenkamer*, élidna aja gënëp katoedjoeh anoe djadi voorzitter sarta diangkatna koe Sri Maharadja, djadi saroea bae djeung *Rekenkamer* di Nederland, ngan bedana, ieu mah meunang dienreunkeun, sabab lolobana, di mana pangsioen sok maroelang ka Nagara Walanda.

JUSTITIE. (Pangadilan).

Di Nagara Walanda atoranana pangadilan teh, kieu:

1. *Hooge Roud der Nederlanden*, ajana di 's Gravenhage. Nja ieu bale watangan di Nagri Walanda noe pangloehoer-

loehoerna pisan; ari papantjenja koedoe mariksa pagawean bale watangan noe aja di bawahanana, ngabatalkeun poetoesan-poetoesan hakim, moetoes pèrkara ambtenaar loehoer, anoe ditataan dina Wetbabon, saperti: para Minister, ëlid Eerste Kamer djemug Tweede Kamer, ëlid Rengrengan Karadjaan, Goepërnoer Djendral Hindia-Nederland djeung sapapadana.

2. *Gerechtshof*. Pagaweanana moetoes panoehoen² djëlëma anoe arapel, tégësua noe menta poetoesan hakim noe leuwih loehoer.

3. *Arrondissements Rechtbank*. Moetoes pèrkara kadjahatan.

4. *Kantongerecht*. Dina pèrkara harta-banda; ieu rengrengan hakim ngan meunang moetoes pèrkara noe hënteu leuwih ti f 200. Dina pèrkara kadjahatan, ngan moetoes pèrkara palanggaran bae. Lamoen dihoekoem teu tarima kana poetoesanana ieu pangadilan, boh pèrkara harta-banda, boh pèrkara kadjahatan, meunang apel ka pangadilan Arrondissement, nja kitoe ka pangadilan noe leuwih loehoer.

Ari atoeran pangadilan di tanah Hindia-Nederland, kieu:

1. *Hooggerechtshof van Nederlandsch-Indië* (Bale Watangan Loehoer), ajana di Batawi. Nja ieu pangadilan anoe pangloehoer-loehoerna anoe koedoe nangenkeun poetoesan hakim² di saloear tanah Hindia-Nederland, soepaja eta hakim², kabeh ngadjalankeun kawadjabanana kalawan sabënëh-hënërna.

Djeung deui:

a. moetoes pèrkarana ambtenaar loehoer, saperti: Vice-President djeung ëlid² Raad van Indië, President djeung ëlid² Rekenkamer, salilana masih keneh dina pangkatna;

b. nimbang pasaliana poetoesan anoe ditibankeun koe Pangagoeng djeung Rengrengan pangadilan;

c. ngomean atawa ngarobah djeung ngabatalkeun poetoesan Raad van Justitie, ngabatalkeun poetoesan Residentiegerecht djeung Landraad, iwal poetoesan pèrkara kadjahatan anoe saktanana dilëpas tina pèrkara, lantaran pèrkarana teu tërang;


d. koedoe ngahatoerauan advies ka Kangdjëng Toean Bësar Goepërnoer Djendral, lamoen Kangdjëng Toean Bësar rek maparin ampoen ka djëlëma meunang hoekoeman, ngabehaskeun djëlëma ting hidji atoeran

oemoem pèrkara hoekoem djeung rek maparin katètèpan akil-baleg ka salah-sahidji djëlèma.

Ari eta *Bale-Watangan Loehoer* (Hooggerechtshof) leh: President saerang, doea Vice-President djeung 8 èlid, noe sok disèboet *Raadsheer*, hidji *Pokrol-Djendral* (Procureur-Generaal), doea *Alpokot-Djendral* (Advocaat-Generaal), *Gilipir* (Griffier) saerang djeung *Soebsti Gilipir* (Substituut Griffier). Ari noe djadi *Presidentna* diangkatna djeung dilèpasna koe Sri Maharadja.

2. *Raad van Justitie*. Pagaweanana, bzbakoena moetoès pèrkara kadjahatan bangsa Eropa, nja kítóe deui Radja² di Hindia-Nederland djeung Kapala Priboemi, sapèrti para bo-pati djeung koela-wargana noe landès. Di poelo Djawa djeung Madoera aja tiloe Raad van Justitie, nja eta di Batawi, Samarang djeung Soerabaja. Di djadjahan Sabrang, di Padang, Medan djeung Makasar. Poetoesan Raad van Justitie meunang diapel ka *Bale-Watangan Loehoer* (Hooggerechtshof).
3. *Residentiegerecht*. Di oenggal kota karèsidenan djeung kota afdeeling aja Residentiegerecht. Ari anoe djadi presidentna hidji ahli pangadilan, dibantoe koe hidji gilipir. Pagaweanana ieu rengrengan pangadilan, moetoès pèrkara apel bangsa Eropa atawa oerang Priboemi, anoe dina pèrkara harta-banda miloe kana hoekoem bangsa Eropa. Poetoesan ieu pangadilan meunang diapel ka Rad Djoestisi.
4. *Landgerecht*. Ieu pangadilan pikeun sagala bangsa, pagaweanana moetoès pèrkara palanggaran anoe teu kaasoep kana bagian Raad Boepati djeung Raad District. Hoekoeman, anoe ditibankeunana teu meunang leuwih ti 3 boelan tahanan, dèngda noe panggèdena f 500. Kadjaba ti eta meunang oge moetoès pèrkara kadjahatan lalutik.
5. *Landraad*. Biasana ieu pangadilan, di oenggal kota karèsidenan djeung afdeeling oge aja, tapi aja oge kota karèsidenan djeung kota afdeeling anoe henteu diajaan Landraad. lantaran dipiloekéun kana pangadilan sedjen. Pagaweanana Landraad moetoès pèrkara sipil djeung kadjahatan oerang Priboemi djeung moetoès pèrkara Raad Boepati anoe diapel ka ieu pangadilan.

Kadjaba anoe ditataan bieu di loehoer, di poelo Djawa djeung Madoera aja deui pangadilan, nja eta: *Raad Boepati* djeung



Jang moelia Kangdjeng R. A. A. WIRA NATA KOESOEMA,
Boepati Bandoeng.

Raad District, pagaweanana babakoena moetoés pèrkara sipil noe laeutik. Ari *Raad Agama* mah ngan keur oerang Islam bae, moetoés pèrkara: waris, kawin, pèpègatan djeung sapapadana.

Di djadjahan sabrang diajakeun oge Raad Djoestisi, nja eta di Padang, Medan djeung Makasar; Landgerecht di Soeinatra-Wetan djeung Makasar; Landraad di pirang² tempat djeung aja sababaraha pangadilan Priboemi saperti: *Kerapatan*, *Rapat doesoen*, *Mahkamah Besar* djeung salian ti eta.

TINA HAL PROVINCIÉ DJEUNG GEMEENTE.

Nagara Walanda dibagi-bagi djadi sababaraha provincie djeung gemeente, anoe pada baroga kawasa sorangan marentah bawahanana; djadi kawasa njeun wet sorangan keur pèta-keuneun di bawahanana; tapi eta wet teh koedoe disahkeun heula koe Sri Maharadja.

Dëmi anoe djadi wawakil pangeusi provincie disëboetna *Provinciale Staten*, minangka Rengrengan Wakil Rajat djadi wakil pangeusi Nagri Walanda. Ari anoe djaradi ëlid eta Provinciale Staten, nja eta oerang provincie noe kapilih koe babatoeranana.

Anoe noengtoen Provinciale Staten waktoe koempoelan, *Commissaris des Konings*, diangkatna koe Sri Maharadja, digadjih koe Nagara.

Dëmi anoe ngadjalankeun pamarentahan provincie, disëboetna *Dagelijksch Bestuur der provincie*, nja eta *Gedeputeerde Staten* babarëngan djeung *Commissaris des Konings*. Ari eta Gedeputeerde Staten teh hidji rengrengan, ëlidna beunang milih tina ëlid² Provinciale Staten tea. Lamoen di Gemeente mah eta *Dagelijksch Bestuur der provincie* teh, *Burgemeester* djeung *Wethouders*.

Papantjen *Commissaris des Konings*, koedoe nalingakeun pagawean Provinciale Staten djeung Gedeputeerde Staten: nalingakeun naha sagala pèrkara anoe geus dipoetoés koe eta rengrengan, didjalankeun kalawan sabënëb-bënërna atawa hënteu.

Ongkos² pikeun ngoeroes provincie, misalna ngoeroes djalan, ngaran adëgan² nagara, waloengan djeung parit djalan parahoe, eta kabeh djadi tanggoengan *Commissaris des Konings*, ongkosna dipoepoel ti djëlëma oerang provincie eta, nja eta tjoeké. Tatapi eta pagawean djeung kabeh pèrkara doeit teh, djadi papantjenna Gedeputeerde Staten.

TINA HAL GEMEENTE.

Oenggal² provincie dibagi-bagi djadi sababaraha gemeente. Ari anoe marentah gemeente, nja eta *Gemeenteraad* djeung *Burgemeester*.

Gemeenteraad, ëlidna beunang pangeusi gemeente, sakoer anoe baroga hak milih.

Lamoen Gemeenteraad ngajakeun koempoelan, *Burgemeester*, nja eta noe djadi Kapala Pamarentahan di Gemeente, diangkatna djeung dilépasna koe Sri Maharaja.³

Djadi *Burgemeester* di gemeente teh, tjara *Commissaris des Konings* di provincie, Gemeenteraad minangka *Provinciale Staten*.

Kadjaba ti eta oenggal gemeente baroga *Wethouder*, anoe digawe babarëngan djeung *Burgemeester*, marentah gemeente; djadi eta *Wethouder* teh oepama di provincie mah, minangka *Gedeputeerde Staten*. Ari anoe djadi *Wethouder* lain dipilih koe pangeusi gemeente, dipilihna koe ëlid gemeenteraad, teu beda tjara *Gedeputeerde Staten* tea dipilih koe ëlid *Provinciale Staten*.

Kadjaba anoe geus ditataan bieu di loehoer, gemeente teh boga *Secretaris djeung Gemeente-ontvanger*, doeanana diangkatna koe Gemeenteraad.

Secretaris pagaweanana noeloeng pagawean Gemeenteraad, *Burgemeester* djeung *Wethouder* sarta ngoeroes përkara administrasi.

Gemeenteontvanger pagaweanana narima doeit pangasilan gemeente djeung ngaloearkeun doeit gemeente sakoer anoe përløe dika-loearkeun koe gemeente.

Ari pagawean gemeente anoe përløe ditjaritakeun di dieu, nja eta:

Kahidji njékël *rëgistër-djiwa* (bevolkings-register), nja eta *rëgistër* pangeusi gemeente: lobana noe didjoeroekeun, noe maot, anoe pëpëgatan, kabeh koedoe diasoepekeun kana *rëgistër* tea.

Kadjoa, Pamarentah gemeente, nja eta *Burgemeester* djeung *Wethouder* tea, koedoe ngadjalankeun tarekah anoe ditëtëpkeun koe wet, lamoen di gemeente aja panjakit sasalad; boh sasalad sato boh sasalad djëlëma, koedoe ditarekahan, soepaja eta kasakit oelah nëpi ka ngarembet ka mana-mana.

Katiloë pikeun nolak kasakit anoe saroepa kitoë, *Burgemeester* diwadjibekeun koedoe nalingakeun hal ngoerisan, oelah nëpi ka aja noe kaliwat, kabeh koedoe dikoerisan.

Kaopat. Pamarentah Gemeente ngoeroesia gemeente teh teu beda lir Radja njépéng karadjaanana atawa Commissaris des Konings ngaheujeuk provincie, nja eta koedoe nalingakeum hal toemčrapna wet di wěwěngkonna.

Kalima, soemawonna sagala pėrkara anoe matak djadi mar-ganing rahardja ka gemeente, sapėrti: ngoeroes djalan², parit², adėgan² (imah²), pakampoengan, pasar, sakola, lantera, poelisi, kasehatan dj.s.t., eta kabel tanggoengan gemeente bac.

PAMARENĀHAN HINDIA-NEDERLAND.

Atoeran pamarentahan tanah Hindia-Nederland, papakonna, diembarkeum dina wet, anoe dingaranan *Reglement op het beleid der Regeerings Reglement* (R. R.), pisoendaeunana *Reglement hal kabangkitan Pamarentah Hindia Nederland* atawa pondokna *Reglement Pamarentah*, diasoepekeun kana wet 2 September 1854 No. 129, mimiti didjalankeum 1 Mei 1855. Nja wet eta anoe koe oerang beunang dianggap babonna wet pikeun Hindia-Nederland.

Dėmi anoe marentah tanah Hindia-Nederland kalawan asma Sri Maharadja, nja eta Kangdjėng Toeau Bėsar Goepėrnoer Djendral, anoe sagala dawoehamana koedoe ditoeroet koe rajat kabel atawa koe oerang Asing.

Kangdjėng Toeau Bėsar diangkatna djeung dilėpasna koe Sri Maharadja, sanggeus diharėmpoegkeun di Rengrengan Minister di Nagri Walanda.

Kangdjėng Toeau Bėsar teu meunang loegaj tina padamėlanana atawa ngantoenkeum tanah Hindia-Nederland lamoen teu aja paidin Sri Maharadja.

Biasana anoe djadi Goepėrnoer Djendral teh diangkatna pikeun lima tahoen, tapi meunang oge koerang ti sakitoe.

Oepama Kangdjėng Toeau Bėsar ten damang atawa angkat marios bawahan anoe djaoch, Andjenuna milih anoe baris ngawakilan, nja eta mimiti anoe sok dipilih teh Vice-President Raad van Indiė, kadoea salah sahidji ti antara ělid Raad van Indiė tea. Tapi eta wakil marentahna tanah Hindia-Nederland koedoe noeroetkeun kėrsana Kangdjėng Toeau Bėsar, sabab anoe mananggoeng sagala, paparentahan nja Kangdjėng Toeau Bėsar tea.

Kakawasaan Kangdjéng Toean Bésar teh gède katjida, kajaning:

- a. Ngangkat, naekkeun pangkatna djeung ngalépas ambtenaar², nja kitoe deui maparin pangsioen djeung *docit pitoeloeng* (onderstand) ka ambtenaar² tea.
- b. Ngangkat naekkeun pangkatna djeung ngalépas Opsir² babad daratan djeung laetan anoe aja di Hindia-Nederland, anoe pangkatna sahandapem Djendral-Major.
- c. Kagoengan kakawasaan anoe diséboet Exorbitante Rechten, nja eta ngawangénan kamerdikaan "djéléma koe kakawasaanana, saperti: eta djéléma ngan diwidian matoeh di Batawi bae atawa ngalarang, eta djéléma teu meunang asoep ka karésidenan Priangan atawa ngalarang samasakali teu meunang asoep ka tanah Hindia-Nederland.
- d. Masihan ampoen ka djéléma anoe meunang hoekoeman ti pangadilan. Kagoengan hak ngiwalkeun salah sahidji djéléma tina atoeran oemoem, ngeutemkeun salah sahidji atoeran oemoem, anoe keuma ka radja² djeung kapala Priboemi.
- e. Pasang soebaja djeung radja² Priboemi, lamoen teu koe djalan rapih, koe pérang.
- f. Ngadamél roepa² atoeran dina waktoe aja pérang atawa aja karaman.
- g. djeung salian ti eta.

Ari anoe djadi kawadjiban Kangdjéng Toean Bésar Goepërnoer Djendral, ieu di handap ditataan:

- a. Nangtajoengan rajat Priboemi, soepaja oelah aja anoe nganiaja sanadjan koe saha bae oge.
- b. Masihan widi ka oerang Priboemi pikeun ngoendjoekkeun sagala katoegénahanana noe koemaha bae.
- c. Nalingakeun bisi aja padjég anoe dikennakeun ka rajat, padahal eta padjég teh henteu aja dina wetna.

RAAD VAN INDIE.

Raad van Indië teh hidji rengrengan anoe koe oerang dibandingkeun djeung Rengrengan Karadjaan di Nagri Walanda, nja eta patarosana Pamarentah Agoeng, tégésna koedoe ngahatoeranan timbangan oepama dipoendoet koe Kangdjéng Toean Bésar. Ari bedana djeung Rengrengan Karadjaan noe di Nagri

Walanda tea, Raad van Indië mah miloe oge kana ngadamé wet. Ajana eta Raad van Indië teh di Batawi, rengrenganana nja eta:

- a. Kangdjéng Toean Bésar Goepërnoer Djendral djadi Voorzitter;
- b. hidji Vice Voorzitter;
- c. opat élid.

Eta Raad boga Secretaris saocrang, diangkatna koe Kangdjéng Toean Bésar Goepërnoer Djendral.

Papantjenna eta Raad ditataan, tetela pisan dina R. R., tapi ari dibedjer-beaskeunana mah eta papantjen teh dina hidji reglement, anoe dingaranan *reglement van orde*. Eta reglement dirasiahkeun pisan, datang ka teu aja djéléma noe njaho kalawan sabéhér-béhérna kana atocran digawena Raad van Indië.

Eta oge tina pèrkara advies-adviesna, ocrang locar mah ngan njaho saetik-antikem bae, karana eta advies teh ngan keur Kangdjéng Toean Bésar koe andjeun. Nja mindéng oge kadjadian, eta advies teh sok dipasihkeun koe Kangdjéng Toean Bésar ka Directeur², pambrihna soepaja djadi kaoeningana eta pangagoeng².

Kangdjéng Toean Bésar *meunang* moendoet advies ti Volksraad, tapi dina lébah pèrkara pamarentahan djeung hal pasang soebaja pèrkara politiek mah, Andjeunna *din'adjabkeun* moendoet *adjes* ti Volksraad teh.

Dina hal njiem wet Kangdjéng Toean Bésar koedoe rémpoeg saroeboek djeung Raad van Indië.

ALGEMEENE SECRETARIE. (Kantor Sakètre).

Ari anoc diséhoet *Algemeene Secretarie* atawa *Kantor Sakètre* teh, nja eta kantor Kangdjéng Toean Bésar; dikapalaan koe Algemeene Secretaris dibantoe koe sababaraha hidji Sekértaris Goepèrnèmeu djeung pirang² pagawe kantor lian ti eta.

Papantjen kantor Sakètre teh djadi patarosanana Pamarentah djeung njiem voorstel² sarta ngahatoeranan emoet ka Pamarentah tina hal madjoena pagawean; eta Kantor tempat njiem soerat² paidin ti Kangdjéng Toean Bésar, nja kitoe deui dikirimkeunana, diasoepkeunana kana boekoe djeung diampihanana eta soerat² noe tadi teh nja di dinja kenel. Kadjaba ti eta

koedoe njeun *Staatsblad Hindia-Nederland* djeung *Almènak Pamarentah*.

ALGEMEEN BESTUUR.
(*Pamarentah oemoem*).

Anoe disēboet *Pamarentah Oemoem* teh, nja eta Departement², sabab pamarentahan tanah Hindia-Nederland dibagi-bagi djadi sababaraha departement, anoe dingaranan *departement van algemeen bestuur* atawa pondokna disēboet *departement* tea; hidji-hidjina departement dikapalaan koe *Directeur*, anoe kabawah sarta dikapalaan koe Kangdjiēng Tocan Bēsar. Lobana departement, papantjena djeung kakawasaanana, eta kabeh ditētēpkeunana koe Sri Maharadja koe andjeun.

Ajeuna lobana departement aja 9, anoe 7 disēboetna *Burgerlijke departementen*, hidji-hidjina dikapalaan koe *Directeur*; anoe doea deui disēboetna *Militaire departementen*, dikapalaanana koe *Chef*.

Hidji-hidjina departement ieu di handap ditataan:

1. Departement van Justitie, njēpēng pangadilan.
 2. Departement van Binnenlandsch Bestuur, njēpēng pamarentahan di djēro nagara.
 3. Departement van Onderwijs en Eeredienst, njēpēng pangadjaran djeung ibadah.
 4. Departement van Landbouw, Nijverheid en Handel, njēpēng pērkaratatanen, karadjinan djeung dagang.
 5. Departement van Burgerlijke Openbare Werken, njēpēng adēg-adēgan nagara.
 6. Departement van Gouvernements Bedrijven, njēpēng pērkarapatjarian nagara, sapērti kareta-api, kantor post djeng sapapadana.
 7. Departement van Financien, njēpēng pērkaradoeit nagara.
- Departement noe doea deui noe disēboet *Militaire departementen* tea, nja eta:
1. Departement van Oorlog, njēpēng pērkarabalad daratan, kapalana *Leknan Djendral*, djoedjoeloekna disēboet *Commandant van het Leger en Chef van het departement van Oorlog*.
 2. Departement van Marine, njēpēng pērkarabalad laoetan, kapalana djoedjoeloekna *Commandant van de Zeemacht en Chef van het departement van Marine*.

Eta noe 9 departement, salian ti Departement van Landbouw, Nijverheid en Handel (di Bogor), Departement van Oorlog djeung van Gouvernements Bedrijven (di Bandoeng), kabeh aja di Batawi.

Lantaran lolobana kantor Pamarentah ajana di Batawi, koe sabab eta Batawi diséboet dajeuha tanah Hindia-Nederland.

TINA HAL WET HINDIA-NEDERLAND.

Anoe kawasa njeun wet nja eta:

1. Sri Maharadja sasaréngan djeung Rengrengan Wakil Rajat, kawasa njeun wet.
2. Sri Maharadja koe andjeun kawasa ngadamél *Koninklijk besluit* (Pirman Radja).
3. Kangdjéng Toean Bésar Goepërnoer Djendral sasaréngan djeung Raad van Indië, kawasa ngadamél *Ordonnantie* (ordonansi).
4. Sri Maharadia sasaréngan djeung Kangdjéng Toean Bésar Goepërnoer Djendral, kawasa ngadamél *Kroonordonnantie*.

Ari hal hak Kangdjéng Toean Bésar Goepërnoer Djendral kana ngadamél *ordonnantie*, diséboetna dina R. R. kieu oenina:

„Goepërnoer Djendral aja hak nētépkeun sababaraha parentah oemoen, anoe tatjan diatoer atawa arek diatoer koe wet, atawa anoe euweuh Koninklijk Besluitna atawa anoe hēnteu didawoehkeun koe Radja, jen rek dipidamél koe Radja koe andjeun, darapon andjeunna ngemoetkeun kana sarat² anoe kaséboet dina R.R. djeung dawoehan Radja.”

TINA HAL DECENTRALISATIE.

(Měntjarkeun kakawasaan).

Tadina tanah Hindia-Nederland diheujeukna koe atoeran pamarentahan anoe diséboet *Centraal gezag*, tégésna sakabéh kakawasaan pamarentah dihidjikeun dina hidji tēmpat, nja eta di Bogor. Tapi ti nimiti kaloeana wet hal mēntjarkeun kakawasaan anoe diséboet *Decentralisatie* tea, nja eta tahoen 1903, eta atoeran *Centraal gezag* tea dirobah. Dina eta wet kaséboet, jen di tanah Hindia-Nederland meunang dibagi djadi sababaraha bagian, anoe dipaparin hak pikeun ngatoer pamarentahanana koe sorangan, dingarananana eta bagian² teh *Gewest* djeung

Gemeente. Dina taheen 1904, aja deui Pirman Radja hal mēntjarkeun kakawasaan tea, dingaranan *Decentralisatie-besluit*, eusina mere kafēranan, naon sababna noe matak meunang diajakeun Gewest djeung Gemeente tea. Dina taheen 1905 dikaloearkeun *Locale Raden Ordonnantie* (Ordonansi Rengrengan Pēntjaran); eusina ngatoer hal adēganana pamarentahan Gewest djeung Gemeente, anoe dingaranan *Gewestelijke raad* djeung *Gemeenteraad* tea, kitoe deui hal kawadajibanana anoe djadi ēlid, papantjenna rengrengan djeung kakawasaanana.

Rengrengan Pēntjaran ēlidna oerang Eropa, oerang Priboemi djeung oerang Asing. Lobana ēlid ti hidji² golongan ditētēpkeun dina hidji wet, anoe disēboet *Instellingsordonnantie*. Djoenblahna ēlid koedoe gangsal.

Ari ēlid² Gewestelijke raad, anoe saparo diangkat koe Kangdjēng Toean Bēsar, anoe saparo deui djaradi lid kabawa koe pangkatna, saperti Assistent-Resident djeung para Boepati. ēlid² Gemeenteraad kabeh dipilih koe djēlēma anoe baroga hak milih.

ēlid² Gewestelijke raad djeung Gemeenteraad, boh anoe dipilih boh anoe diangkat, lilana pikeun 6 taheen. Dina 3 taheen sakali eta ēlid² teh saparona eureun, tapi meunang dipilih deui.

Voorzitter Gewestelijke raad, nja eta Resident, ari Voorzitter Gemeenteraad saperti di Batawi, Meester Cornelis, Bandoeng, Tjirēbon, Samarang, Soerabaja, Padang, Medan djeung Makasar, nja eta Burgemeester.

Kakawasaan eta rengrengan² teh, nja eta: njeun djeung ngaloearkeun wet anoe disēboet *Verordeningen*, ngoeroeskeun kapērloe anoe wēwēngkonna ka Kangdjēng Toean Bēsar, ngangkat djeung ngalēpas ambtenaar-ambtenaarna, njeun bahroetēng, ngaiakeun padjēg keur ongkosna, saperti: padjēg gambar idoepp, padjēg ngadēgkeun imah djeung sapapadana.

TINA HAL VOLKSRAAD.

(Rengrengan Rajat).

Dina taheen 1916, wet tina hal ngadēgna Volksraad disahkeun koe koempoelan Eerste Kamer djeung Tweede Kamer di Nagri Walanda.

Kangdjēng Toean Bēsar ngangkat 24 ēlid, noe 8 bangsa Priboemi, noe 16 bangsa Eropa djeung bangsa Asing. Ngangkatna eta ēlid koedoe rēmpōeg djeung Raad van Indiē. Raad van In-

dié njanggakeun tjalon élid, pikeun hidji lowongan koedoe doea tjalon.

Anoe 24 deui dipilih koe Rengrengan Pěntjaran (Locale Raden), nja eta: Gewestelijke raad djeung Gemeenteraad. Antara eta élid anoe 24 teh, noe 12 koedoe oerang Priboemi, noe 12 deui oerang Eropa djeung oerang Asing.

Ari lobana élid Volksraad aja 49, noe saouerang djadi Voorzitterna, diangkat koe Sri Maharadja.

Volksraad boga hidji Secretaris, tapi ieu mah teu djadi élid eta rengrengan.

Koempoelan Volksraad meunang dilaladjoan koe djělěma rea, diajakeumana di Batawi. Oepama aja pamentana pangsacutikna 5 élid atawa katimbang koe Voorzitter pěrloe, koempoelanana Volksraad meunang dirasiahkeun. Tapi lamoen anoe dibarěmpoegkeun di Volksraad teh hal doeit ongkos² djeung hasil tanah Hindia-Nederland, eta koempoelan teu meunang dirasiahkeun.

Dina oenggal tahoen diajakeun doea kali koempoelan biasa disěboetna *koempoelan awal* djeung *koempoelan ahir* (voorjaar-eu najaarzitting).

Koempoelan-biasa dihoeka oenggal tahoen koe Kangdjěng Toean Běsar, poě Salasa noe mimiti dina boelan Mei.

Koempoelan-loear-biasa meunang diajakeun koe kěrsana Kangdjěng Toean Běsar karěmpoegan koe Voorzitter djeung 15 élid.

Anoe meunang djadi élid Volksraad:

- a. Oerang Hindia-Nederland tapi koedoe lalaki;
- b. oemoerna geus 25 tahoen;
- c. raiaf Nederland;
- d. tatjan meunang hoekoeman boei;
- e. hakna kana ngoeroes habandaanaua djeung kana meunang dipilih hěnteu ditjaboet koe hakim;
- f. lain lělěvasan noe teu djeung hormat fina pagaweanana.

Tapi pangkat² anoe disěboetan ieu di handap teu meunang diadi élid Volksraad: Vice-President djeung élid² Raad van Indiě, Kapala Departement, Voorzitter atawa élid Algemeene Rekenkamer, Secretaris Volksraad.

Papantjenna Volksraad, di mana aja pamoendoetna Kangdjěng Toean Běsar, koedoe ngahatoeranan timbangan, dina hal nangtoekeun bahroetěng djeung noetoepon itoengan doeit Hindia-

koedoe njiem *Staatsblad Hindia-Nederland* djeung *Almènak Pamarentah*.

ALGEMEEN BESTUUR.
(*Pamarentah oemoem*).

Anoe disēboet *Pamarentah Oemoem* teh, nja eta Departement, sabab pamarentahan tanah Hindia-Nederland dibagi-bagi djadi sababaraha departement, anoe dingaranan *departement van algemeen bestuur* atawa pondokna disēboet *departement* tea; hidji-hidjina departement dikapalaan koe *Directeur*, anoe kabawah sarta dikapalaan koe Kangdjèng Tocan Bèsar. Lobana departement, papantjenna djeung kakawasaanana, eta kabéh ditētēpkemana koe Sri Maharadja koe andjeun.

Ajeuna lobana departement aja 9, anoe 7 disēboetna *Burgerlijke departementen*, hidji-hidjina dikapalaan koe *Directeur*; anoe doea deni disēboetna *Militaire departementen*, dikapalaanana koe *Chef*.

Hidji-hidjina departement ieu di handap ditataan:

1. Departement van Justitie, njēpèng pangadilan.
2. Departement van Binnenlandsch Bestuur, njēpèng pamarentahan di djero nagara.
3. Departement van Onderwijs en Eeredienst, njēpèng pangajaran djeung ibadah.
4. Departement van Landbouw, Nijverheid en Handel, njēpèng pèrkara tatanen, karadjinan djeung dagang.
5. Departement van Burgerlijke Openbare Werken, njēpèng adég-adégan nagara.
6. Departement van Gouvernements Bedrijven, njēpèng pèrkara patjarian, nagara, saperti kareta-api, kantor post djeung sapapadana.
7. Departement van Financiën, njēpèng pèrkara doeit nagara.

Departement noe doea deni noe disēboet *Militaire departementen* tea, nja eta:

1. Departement van Oorlog, njēpèng pèrkara balad daratan, kapalana *Lekuan Djendral*, djoedjoeloekna disēboet *Commandant van het Leger en Chef van het departement van Oorlog*.
2. Departement van Marine, njēpèng pèrkara balad laetan, kapalana djoedjoeloekna *Commandant van de Zeemacht en Chef van het departement van Marine*.

Eta noe 9 departement, salian ti Departement van Landbouw, Nijverheid en Handel (di Bogor), Departement van Oorlog djeung van Gouvernements Bedrijven (di Bandoeng), kabeh aja di Batawi.

Lantaran lolobana kantor Pamarentah ajana di Batawi, koe sabab eta Batawi diséboet dajenlma tanah Hindia-Nederland.

TINA HAL WET HINDIA-NEDERLAND.

Anoe kawasa njiem wet nja eta:

1. Sri Maharadja sasaréngan djeung Rengrengan Wakil Rajat, kawasa njiem wet.
2. Sri Maharadja koe andjeun kawasa ngadamél *Koninklijk besluit* (Pirman Radja).
3. Kangdjéng Toeän Bésar Goepërnoer Djendral sasaréngan djeung Raad van Indië, kawasa ngadamél *Ordonnantie* (ordonansi).
4. Sri Maharadia sasaréngan djeung Kangdjéng Toeän Bésar Goepërnoer Djendral, kawasa ngadamél *Kroonordonnantie*.

Ari hal hak Kangdjéng Toeän Bésar Goepërnoer Djendral kana ngadamél *ordonnantie*, diséboetna dina R. R. kieu oenina:

„Goepërnoer Djendral aja hak nètépkeun sababaraha parentah oemoem, anoe tatjan diatoer atawa arek diatoer koe wet, atawa anoe euweuh Koninklijk Besluitna atawa anoe hënteu didawoehkeun koe Radja, jen rek dipidamél koe Radja koe andjeun, darapon andjeunna ngemoetkeun kana sarat² anoe kaséboet dina R.R. djeung dawochan Radja.”

TINA HAL DECENTRALISATIE.

(Mëntjarkeun kakawasaan).

Tadina tanah Hindia-Nederland diheujeukna koe atoeran pamarentahan anoe diséboet *Centraal gezag*, tégësna sakabéh kakawasaan pamarentah dihidjikeun dina hidji témpat, nja eta di Bogor. Tapi ti mimiti kaloeana wet hal méntjarkeun kakawasaan anoe diséboet *Decentralisatie* tea, nja eta tahoen 1903, eta atoeran *Centraal gezag* tea dirobah. Dina eta wet kaséboet, jen di tanah Hindia-Nederland meunang dibagi djadi sababaraha bagian, anoe dipaparin hak pikeun ngatoer pamarentahanana koe sorangan, dingarananana eta bagian² teh *Gewest* djeung

Gemeente. Dina taheun 1904, aja deui Pirman Radja hal mēntjarkeun kakawasaan tea, dingaranan *Decentralisatie-besluit*, eusina mere katérangan, naon sababna noe matak meunang di-ajakeun Gewest djeung Gemeente tea. Dina taheun 1905 dika-loearkeun *Locale Raden Ordonnantie* (Ordonansi Rengrengan Pēntjaran); eusina ngatoer hal adēganana pamarentahan Gewest djeung Gemeente, anoe dingaranan *Gewestelijke raad* djeung *Gemeenteraad* tea, kitoe deui hal kawadjibanana anoe djadi ēlid, papantjenna rengrengan djeung kakawasaanana.

Rengrengan Pēntjaran ēlidna oerang Eropa, oerang Priboemi djeung oerang Asing. Lobana ēlid ti hidji² golongan, ditētēpkeun dina hidji wet, anoe disēboet *Instellingsordonnantie*. Djoemblahna ēlid koedoe gangsal.

Ari ēlid² *Gewestelijke raad*, anoe saparo diangkat koe Kangdjēng Toean Bēsar, anoe saparo deui djaradi lid kabawa koe pangkatna, saperti Assistent-Resident djeung para Boepati. *Ēlid² Gemeenteraad* kabeh dipilih koe djēlēma anoe baroga hak milih.

Ēlid² Gewestelijke raad djeung *Gemeenteraad*, boh anoe dipilih boh anoe diangkat, lilana pikeun 6 taheun. Dina 3 taheun sakali eta ēlid² teh saparona eureun, tapi meunang dipilih deui.

Voorzitter *Gewestelijke raad*, nja eta Resident, ari Voorzitter *Gemeenteraad* saperti di Batawi, Meester Cornelis, Bandoeng, Tjirēhon, Samarang, Soerabaja, Padang, Medan djeung Makasar, nja eta Burgemeester.

Kakawasaan eta rengrengan² teh, nja eta: njiun djeung ngaloearkeun wet anoe disēboet *Verordeningen*, ngoeroeskeun kapërloean wēwēngkonna ka Kangdjēng Toean Bēsar, ngangkat djeung ngalēpas ambtenaar-ambtenaarna, njiun bahroetēng, ngajakeun padjēg keur ongkosna, saperti: padjēg gambar idoepp, padjēg ngadēgkeun imah djeung sapapadana.

TINA HAL VOLKSRAAD. (Rengrengan Rajat).

Dina taheun 1916, wet tina hal ngadēgna Volksraad disahkeun koe koempoelan Eerste Kamer djeung Tweede Kamer di Nagri Walanda.

Kangdjēng Toean Bēsar ngangkat 24 ēlid, noe 8 bangsa Priboemi, noe 16 bangsa Eropa djeung bangsa Asing. Ngangkatna eta ēlid koedoe rēmpoeg djeung Raad van Indiē. Raad van In-

dié njanggakeun tjalon élid, pikeun hidji lowongan koedoe doca tjalon.

Anoe 24 deui dipilih koe Rengrengan Pénjaran (Local Ra-¹ den), nja eta: Gewestelijke raad djeung Gemeenteraad. Antara eta élid anoe 2' téh, noe 12 koedoe oerang Priboemi, noe 12 deui oerang Eropa djeung oerang Asing.

Ari lobana élid Volksraad aja 49, noe saoeorang djadi Voorzitterna, diangkat koe Sri Maharadja.

Volksraad boga hidji Secretaris, tapi ieu mah teu djadi élid eta rengrengan.

Koempoelan Volksraad meunang dilaladjoan koe djéléma rea, diajakeunana di Batawi. Oepama aja pamentana pangsaeutikna 5 élid atawa katimbang koe Voorzitter perloe, koempoelanana Volksraad meunang dirasiakkeun. Tapi lamoen anoe dibarém-poegeun di Volksraad téh hal doeit ongkos² djeung hasil tanah Hindia-Nederland, eta koempoelan teu meunang dirasiakkeun.

Dina oenggal tahoen diajakeun doca kali koempoelan biasa diséboetna koempoelan awal djeung koempoelan ahir (voorjaar-en najaarzitting).

Koempoelan-biasa diboeka oenggal tahoen koe Kangdjéng Toeän Bésar, poé Salasa noe mimiti dina boelan Mei.

Koempoelan-loear-biasa meunang, diajakeun koe kérésana Kangdjéng Toeän Bésar karém-poeagan koe Voorzitter djeung 15 élid.

Anoe meunang djadi élid Volksraad:

- a. Oerang Hindia-Nederland tapi koedoe lalaki;
- b. oemoerna geus 25 tahoen;
- c. rajat Nederland;
- d. tatlan meunang hoekoeman boei;
- e. hakna kana ngoeroes babandaanana djeung kana meunang dipilih henteu ditjahoet koe hakim;
- f. lain lélénasan noe teu djeung hormat tina pagaweanana.

Tapi pangkat² anoe diséhoetan ieu di handap teu meunang diadi élid Volksraad: Vice-President djeung élid² Raad van Indié, Kapala Departement, Voorzitter atawa élid Algemeene Rekenkamer, Secretaris Volksraad.

Papantjenna Volksraad, di mana aja pamendoetna Kangdjéng Toeän Bésar, koedoe ngahatoeranan timbangan, dina hal nangtoekan bahroeténg djeung noetoepon itoengan doeit Hindia-

Nederland; oepama eta doeit aja leuwihna, arek dipake kana naon eta doeit teh djeung lamoen kakoerangan doeit, koemaha tarekahna pikeun noetoepra eta kakoerangan, dina hal ieu, Kang-djéng Toean Bésar wadjib moendoet timbangan Volksraad; nja kitoe deui dina hal ngindjeum doeit keur tanah Hindia-Nederland, njiem *oendang*² *oemoem* (algemeene verordening), nja eta anoe ngawadjibkeun ka sakabeh eusi nagara koedoe djadi militer, nangtoeken sagala pèrkara anoe didawoehkeun koe Sri Maharadja.

GEWESTELIJK EN PLAATSELIJK BESTUUR.

(Pamarentah karésidenan djeung afdeeling).

Tadi geus ditjaritakeun hal Pamarentahan Oemoem (Algemeen Bestuur).

Aja deui pamarentahan, nja eta pamarentah karésidenan, pamarentah afdeeling djeung pamarentahan di babagianana karésidenan djeung afdeeling.

Anoe djadi wawaton eta pamarentahan, nja eta R. R. artikèl 67, oenina kieu:

„Lamoen teu aja pèrkara sedjen noe djadi halangan, hal marentah oerang Priboemi dipasrahkeun ka kapala Priboemi anoe diangkat atawa diangkén koe Pamarentah Agoeng sarta dibawah parentah koe ambfenaar saloehoereunana, noeroetkeun anoe ditangtoekeun koe Goepèrnoer-Djendral dina atoeran oemoem.”

Djadi pamarentah teh dibagi djadi 3 bagian:

- a. Pamarentah bangsa Eropa;
- b. Pamarentah Priboemi;
- c. Pamarentah Asing.

Tanah Hindia-Nederland dibagi-bagi djadi sababaraha karésidenan (gewesten), anoe dikapalaan koe Resident, tapi di djajahau sabrang loba karésidenan anoe dikapalaanana koe Goepèrnoer, saperti: Atjeh djeung bawahanana, Soematra-Wetan djeung Sèlebès djeung bawahanana; ari Balitoeng dikapalaanana koe Assistent-Resident.

Di poelo Djawa djeung Madoera oenggal karésidenan dibagi djadi sababaraha afdeeling anoe dikapalaanana koe Assistent-Resident; di locar poelo Djawa djeung Madoera, afdeeling² dibagi-bagi deui djadi onderafdeeling. Afdeeling² dikapalaan koe Assistent-Resident atawa Controleur, ari onderafdeeling koe Controleur atawa Civiel Gezaghebber.

Noeroetkeun kaajaanana pamarentahan Priboemi, tanah Goepërnëmen di poelo Djawa djeung Madoera dibagi-bagi djadi sababaraha Kaboepaten anoe lolobana dikapalaan koe Boepati tapi aja oge anoe koe Patih; oenggal Kaboepaten dibagi djadi sababaraha distric, dikapalaanana koe Wadana, tapi kawadanaan anoe aja di dajeh karësidenun atawa afdeeling, aja oge noe dikapalaanana koe Patih ngarangkëp kana Wadana, disëboetna Patih-Wadana; oenggal district dibagi djadi sababaraha onder-district, kapalana Assistent-Wadana atawa Tjamat.

Onderdistrict dibagi-bagi deui djadi sababaraha desa, anoe dikapalaan koe Koewoe atawa Loerah.

Di Tanah bawahan Goepërnëmon noe di loear poelo Djawa djeung Madoera, hënteu aja Kaboepaten, di ditoe mah dibagi-bagina didjieun district, dikapalaanana koe *Dëmang*, sawareh eta district² teh dibagi-bagi djadi onderdistrict, dikapalaanana koe Assistent-Dëmang.

Ari pamarentah Asing, babakoena dibawah koe pamarentah bangsa Eropa. Mambrih babari diparentahna, bangsa Asing dihere kapala sorangan, pangkatna disëboet: Major, Kapitan, Lektinan djeung Wijkmeester (Bek).

Eta kapala² hënteu njëkël pamarentahan anoe sabënërna, ngan diwadjibkeun koedoe nalingakeun kapoelisian di wëwëngkonna djeung koedoe narik padjég kalajan meunang përesen. Tapi hënteu aja kapala bangsa Asing anoe djadina kapala doemeh ngarah gadjih.

9. LID-LID VOLKSRAAD.

Voorzitter: Mr. Dr. W. M. G. SCHUMANN.

Plaatsvervangende Voorzitters.

Eerste: P. T. A. KOESOEMO JOEDO.

Tweede: P. BERGMAYER.

N. I. V. B.	Aay, S. J.	Ambt. ter besch. van het Hoofd van het Kantoor voor Reiswezen.	Mr. Cornelis.
P. E. B.	Ariodinoto, R. M. A. P.	Boepati.	Cheribon.

- I. K. F. Berge, A. B. ten
Hoofd eener Holl.-Inlandsche school. Buitenzorg.
- C. E. P. Bergmeyer, P.
Onderwijzer aan de Paul-Krügerschool.
Weltevreden.
- Buffart, Mr. J. F. A. M.
Voorzitter Alg. Ver. v. Rubberplanters ter
Oostkust van Sumatra (Avros).
- I. K. P. Burer, W.
Ambt. ter besch. van den Alg. Secretaris.
Buitenzorg.
- N. I. P. Dahler P. F.
Ambt. ter besch. v/d Hoofdamttenaar v/d
Volkslectuur en aanverwante aangelegenheden.
Weltevreden.
- P. E. B. Darwis gelar Datoek Madjolelo.
Demang. Pangkalan.
Kota Baroe
(Sumatra's Westkust).
- P. E. B. Delprat, Mr. D. A.
Vertegenwoordiger van de Stoomvaart Mij.
„Nederland”. Weltevreden.
- N. I. V. B. Djajadiningrat, R. A. A. A.
Boepati. Serang.
- B. O. Dwidjoséwojo, M. W.
Secretaris Kasoeltanan Djogjakarta. Djogjakarta.
- P. E. B. Engelenberg, A. J. N.
Oud-Resident. Bandoeng.
- P. E. B. Gennep, Mr. A. van.
Voorzitter van het Ned. Ind. Landbouwsyndicaat.
Socrabaja.
- P. E. B. Houtsma, G. J.
Directeur v/d Bank voor Indië. Weltevreden.
- P. E. B. 's Jacob, Mr. H.
Chef Firma Reynst & Vinju, Voorzitter kamer
van Koophandel. Weltevreden.
- P. E. B. Jagt, M. B. van der.
Resident Kédoe. Magëlang.

N. I. V. B.	Kamil, R. Oud Adjunct-Inspecteur bij het Inlandsch Onderwijs.	Weltevreden.
P. E. B.	Kan, H. H. Toean tanah.	Weltevreden.
N. I. V. B.	Kerkkamp, H. C. Gepens. Luit-Kolonel, Lid van het Hoog Militair Gerechtshof.	Weltevreden.
P. E. B.	Khouw Kim An. Maj. der Chineezen.	Weltevreden.
P. E. B.	Kiës, C. H. M. H. Majoor der Artillerie.	Weltevreden.
P. E. B.	Koesoemo Joedo, P. T. A. Boegiti.	Ponorogo.
N. I. V. B.	Kosasih Soerakoesoemah, R. Int. Landbouwleeraar.	Bandoeng.
<i>(Pasoendan).</i>		
C. E. P.	Laoh, F. Geëmployeerde bij de Kon. Paketvaart Mij.	Weltevreden.
P. E. R.	Lim A Pat. Oud-Majoor der Chineezen.	Muntok.
P. E. B.	Mandagic, P. A. Districtshoofd.	Menado.
C. E. P.	Moelia, Todong gelar Soetan Goenoeng. Hoofd eener Holl.-Int. school.	Kota Nopan. (Tapanoeli).
C. E. P.	Ponto, Ch. Zelfbestuurder.	Taroena.
—	Mangkoenagara VII K. G. P. A. A. Zelfbestuurder.	Solo.
N. I. V. B.	Queljoe, R. P. de. Bestuursassistent 2de klasse.	Amboina.
—	Rivai, Dr. Abdul. Arts.	Bandoeng.
P. E. B.	Roep B. Referendaris Gemeente-Secretaris.	Soerabaja.
P. E. B.	Sadjiroen, R. Patih.	Poerbalingga.

S. I.	Salim, Hadji A. Journalist.	Weltevreden.
—	Sandick, J. C. F. van. Hoofdinspecteur der Staatsspoor- en Tramwegen	Weltevreden.
P. E. B.	Said, R. A. A. Boepati.	Blora.
N. I. V. B.	Soejana, R. T. A. Boepati.	Pasoeroean.
P. G. B.	Soetadi, H. Journalist.	Soerakarta.
B. O.	Soetatmo Soeriokoesoemo, R. M. Opzichter 3e klasse der B. O. W.	Djogjakarta.
C. E. P.	Soselisa, J. A. Hoofdkantoorhoofd bij den dienst der Staatsspoor- en Tramwegen.	Weltevreden.
P. E. B.	Sosrohadiwidjojo, R. Patih.	Koetjoardjo.
P. E. B.	Teixeira de Mattos, S. A. Superintendent der Soesoehoemans	Onderneemingen. Salatiga.
P. E. B.	Valkenburg, A. M. Adviseur van het Havenwezen.	Weltevreden.
N. I. V. B.	Waworoentoe, A. I. Oud-Majoor.	Menado.
<i>(Perserikutan Minahasa).</i>		
P. E. B.	Westra, Mr. Dr. H. Adjunct-Regceringscommissaris voor de bestaurs- hervorming.	Weltevreden.
N. I. V. B.	Wiranata Koesoema, R. T. A. Boepati.	Bandoeng.

10. KAOEPATEN ANGE PAMARENTAHANANA GEUS
DITJEPENG KOE KAPALA PRIBOEMI (ontvoogd).

Tjiandjoer	(Priangan)	Staatsblad	1918	No.	675.
Blora	(Rëmbang)	"	1919	"	804.
Banjoemas	(Banjoemas)	"	1919	"	668.
Pasoeroean	(Pasoeroean)	"	1920	"	44.

Batang	(Pakalongan)	Staatsblad	1920	No.	45.
Bërëbèk	(Kèdiri)	"	1920	"	66.
Indramajoe	(Tjirèbon)	"	1920	"	91.
Gërèsik	(Soerabaja)	"	1920	"	128.
Bangkalan	(Madoera)	"	1920	"	246.
Kèboemen	(Kèdoe)	"	1920	"	608.
Djapara	(Samarang)	"	1920	"	430.
Ponorogo	(Madioen)	"	1920	"	819.
Lamongan	(Soerabaja)	"	1920	"	820.
Karawang	(Bawawi)	"	1920	"	425.
Banjoewangi	(Basoeki)	"	1920	"	424.
Serang	(Bantèn)	"	1920	"	353.
Koeningan	(Tjirèbon)	"	1920	"	476.
Madjalèngka					

11. KAPALA PRIBOEMI DJEUNG PRIJAJI DJOESTISI DI POELO DJAWA DJEUNG MADOERA.

KARÈSIDENAN BANTÈN.

Serang. Boepati:	R.A.A. Achmad Djajadiningrat.	1901(*)
	Patih: M. Wiradidjaja	1921
	Wadana distrik:	
Serang.	M. Tjakrawadhana	1921
Tjiroenas.	M. Sastradirdja	1914
Pontang.	M. Padmawiria	1919
Tjilègon.	M. Atmasoedirdja	1915
Anjar.		
Pamarajan.	R. Gondosisworo	1920
Tjiomas.	M. Astradiwiria	1922
	Hoofddjaksa: M. Danokoesoema	1920
	Adj. Hoofddjaksa: R. Prawiraatmadja	1921
	Djaksa (Tjilègon): Tb. Soeria Atmadja ...	1919
Lèbak. Boepati:	R. A. A. Soeria di Poetra	1908
	Patih: Tb. Darma Atmadja	1918
	Wadana distrik:	
Rangkashitoeng.	M. Sastrawigoena	1922
Lèbak.	M. Setiadiwiria	1919

(*) Taoca nalika didjénngkeunana.

S. I.	Salim, Hadji A. Journalist.	Weltevreden.
—	Sandick, J. C. F. van. Hoofdinspecteur der Staatsspoor- en Tramwegen	Weltevreden.
P. E. B.	Said, R. A. A. Boepati.	Blora.
	karat	==	0,205	"
½	"	==	0,1025	"
¼	"	==	0,0512	"
⅛	"	==	0,0256	"
1/16	"	==	0,0128	"
1/32	"	==	0,0064	"
1/64	"	==	0,0032	"

d. TIMBANGAN² ANOE KASĒBOET DINA ARTIKĒL.
5 TEA, ANOE BEUNGBEURATNA BEDA
DJEUNG METRIEK.

Koe sarerea tangtoe katangen, jen oekoeran takĕran djeung timbangan anoe kasĕboet dina artikĕl 5, *salawasa* koedoe disahkeun heula (di-ijk), ari anoe ditataan dina artikĕl 6 mali, *hĕnteu salawasna* koedoe kitoe, koedoena disahkeun heula (di-ijk) teh, ngan salilana tatjan aja poetoesan, Directeur Landbouw bae, jen teu koedoe disahkeun heula (di-ijk).

Oekoeran anoe noedoeheun sabaraha lobana dagangan anoe geus didjoel tina hidji wadah. Eta oekoeran, noeroetkeun oenina artikĕl 7, kakoeroeng keneh koe katangtoean² pĕrkara

oekoeran takëran djeung timbangan tea (Staatsblad 1923 No. 58).

Dëmi timbangan anoe kaoeni dina artikël 5 djeung 6, tapi anoe kakoeatanana leuwih ti 2000 K. G, saperti: anoe sok dipake di pabrik tiwoc, eta hënteu kakoeroeng koe katangtoean anoe tadi, tégësna hënteu kocloe make disahkeun heula (di-ijk), tapi noeroetkeun katangtoean dina artikël 8, lamoen noe boga eta timbangan tea, atawa noe ngampihanana boh noe make, timbanganana hajang disahkeun, pikeun timbangan² noe aja di djëro wëwëngkon ijkgebiëd, meunang njoehoenkeun disahkeun ka kantor ijk.

Noeroetkeun artikël 9, timbangan² noe kaoeni dina artikël 5 noe aja di djëro wëwëngkon herijkgebiëd, kabeh kakoeroeng koe atoeran përkara herijk; ari timbangan² anoe kasëboet dina artikël 6, eta mah kakoeroengna koe atoeran herijk teh, ngan salilana tatjan aja poatoesan Directeur Landbouw bae, jen eta timbangan teu koedoe disahkeun deui (herijkt).

Ari moenggoch timbangan² noe kakoeatanana leuwih ti 2000 K. G. mah, teu wadjib disahkeun deui (herijk), tapi lamoen aja pamenta, meunang disahkeun deui (herijk).

Timbangan² anoe beungbeuratna (batoe-timbanganana) disorolokkeun, noeroetkeun artikël 11, teu meunang di-ijk atawa diherijk.

Tadi geus ditjaritakeun, jen di oenggal ijkgebiëd aja kantor ijk. Ari anoe nêtëpkeunana wëwëngkon kantor ijk, nja eta Directeur Landbouw.

Dina reglement artikël 18 ditataan tëmplatna paranti nga-ijk, nja eta:

- a. di kantor ijk;
- b. dina gëmpoengan-ijk (ijkritting) noe diajakeun di loearcun kota noe aja kantor ijk, tapi eta tëmplat kaasoeup kana wëwëngkon ijk noe di kota tea.
- c. di tëmplat² noe aja noe make timbangan² djeung noe make oekoeran anoe nocdoehkeun sababaraha lobana noe geus didjoéal dina hidji wadah, tapi ngan lamoen aja kadjadian loear biasa bae noeroetkeun Directeur Landbouw.

Tapi beungbeurat anoe noeroetkeun metriek anoe garepeng noe beuratna 1000 m.G. atawa koerang ti sakitoe, nja kitoe deui beungbeurat anoe noeroetkeun karat ti sémēt 4 karat ka handap djeung beungbeurat noe 2 hoen djeung 1 hoen, eta mah kabeh koedoe di-ijk di kantor ijk.



Ari tēmpat ngaherijk, noeroetkeun artikél 10, nja eta:

- a. di kantor² ijk;
- b. di gēmpoengan-herijk, noe diajakeun oenggal² tahoen di loeareun kota anoe aja kantor ijk tea, tapi diasopkeun wēwēngkon herijkgebid;
- c. di tēmpat² anoe aja noe make timbangan² djeung noe make oekoeran noe noedoeheun sabaraha lobana dagangan noe geus didjoeal tina hidji wadah, tapi ngan lamoen aja kadjadian loear biasa noeroetkeun Directeur van Landbouw bae.

Tapi ari beungbeurat anoe noeroetkeun metriek anoe garepeng mah, noe beuratna 1000 m.G. atawa koerang, nja kitoe deui beungbeurat noeroetkeun karat noe beuratna 4 karat atawa koerang, djeung bobotan noe beuratna 2 hoen djeung 1 hoen, eta diherijkna koedoe di kantor ijk bae.

Tadi geus ditjatner, pangna Pamarentah ngajakeun atoeran ijkwezen teh, babaknena pisan pikeun ngadjaga, soepaja abdi oelah dibobodo. Koe sabab eta, oerang sarerea koedoe pada hidē² ngadjalankeun djeung nangenkeun eta atoeran. Mambrih soepaja djelēma² kabeh daraek gadjalankeun eta atoeran kalawan sabēnēr-bēnērna, saha² anoe ngalanggar eta atoeran digantoengan hoekoeman² anoe kasēboet dina artikél 20. Hoekoeman anoe pangbeuratna ditahan di boei (hechtenis) lilana 3 boelan atawa didēngda f 100, ari barangna anoe dipake ngadjalankeun palanggaran, aja anoe dirampas aja noe hēnteu.

Koe sabab eta mepelingan ka sarerea, poma² oelah arek daek make atawa daek narima dina djoel-beuli kana beungbeurat

atawa parabol-nimbang anoe make merēk apkir  , atawa anoe teu make merēk tanda sah  . boh merēk tahoen noe

keur kadjalanan, boh merēk tahoen toekang.

leu pepeling koedoe diaremoetkeun koe sarerea!

16. POST DJEUNG SOERAT KAWAT.

Njieun alamat soerat koedoe tĕrang. Parangkona koedoe di-tapĕlkeun beulah katoehoe ti loehoer.

Dina amplop ti toekangna koedoe ditoelis ngaranna noe njoe-ratan atawa afzender.

Soerat² pikeun tanah Hindia-Nederland, lamoen hĕnteu leuwih beurat ti 20 gram, koedoe make parangko 12½ sen; lamoen leuwih beurat ti sakitoe, koedoe tambah ongkos deui, oenggal 20 gram, 7½ sen. Soerat² anoe dibawa koe pos-laoet ka Nederland, make parangko 12½ sen, lamoen beuratna hĕnteu leuwih ti 20 gram; lamoen leuwih ti sakitoe, oenggal 20 gram 7½ sen. Soerat² ka Nederland anoe dibawa koe kapal Mel, make parangko 20 sen, lamoen beuratna hĕnteu leuwih ti 20 gram; lamoen leuwih ti sakitoe, oenggal 20 gram, ditambah 10 sen.

Kartoepos hargana 7½ sen, meunang dipake di Hindia Nederland djeung ka Nederland. Tapi koedoe ditambah sasen ongkos omongan² noe aja dina kartoe pos tea. Djadi hargana 8½ sen. Anoe dobĕl 15 sen, ditambah 2 sen ongkos omongan² noe aja dina kartoe pos tea.

Drukwerk ongkosna dina oenggal² 50 gram 2½ sen, pikeun di Hindia-Nederland. Pikeun ka Nederland oge noe dibawana koe pos-laoet mah oenggal² 50 gram 2½ sen, tapi noe dibawa koe kapal-Mel oenggal² 50 gram, 5 sen.

Document ongkosna dina oenggal² 50 gram 12½ sen, pikeun di Hindia-Nederland. Pikeun ka Nederland oge noe dibawa koe pos-laoet mah, oenggal² 50 gram teh 12½ sen, tapi anoe dibawa koe kapal Mel oenggal² 50 gram 20 sen.

Mostor (monster) ongkosna dina oenggal² 50 gram 7½ sen, pikeun di Hindia-Nederland. Pikeun ka Nederland oge anoe dibawa koe pos-laoet mah, oenggal² 50 gram teh 7½ sen, tapi noe dibawa koe kapal Mel oenggal² 50 gram, 10 sen.

Soerat kabar, anoe beuratna 25 gram atawa koerang, parangkona koedoe 1 sen.

Soerat² pikeun bangsa Militer, sahandapeun pangkat Opsir, meunang make parangko 7½ sen, lamoen beuratna teu leuwih ti 20 gram.

Soerat² anoe tea, make parangko, atawa koerang parangkona, anoe nampana koedoe majar, pangsaeutikna 7½ sen, pikeun

ka Eropa 12½ sen; lamoen noe disoeratan ëmboengeut narima, teu koedoe majar, tapi noe njoeratanana didëngda.

Dina kartjis-ngaran (drukwerk) kadjaba noe geus ditjital, meunang ditambah toelisan pangrea-reana 5 këtjap, sapërti merc salamët taoen baroe djeung sabangsana.

Kartoepos-pindah hargana 1 sen.

Soerat² antekën (aangeteekend), ongkosna djaba ti ongkos biasa (nja eta noeroetkeun beuratna soerat), ditambah 20 sen.

Lamoen eta soerat aangeteekend teh disëboetkeun pangadji cusina, oenggal² f 150 ongkosna koedoe' ditambah deui 10 sen. Sakabeh soerat aangeteekend di loehoerna koedoe ditoelis:

„Aangeteekend zonder waarde” atawa „waarde f 120 (saratoes doea poeloh roepia)”, koemaha mistina bae.

Lamoen soerat aangeteekend zonder waarde leungit, digantian koe kantorpos f 25; lamoen disëboetkeun eusina (aangevengelds-waarde), diganti sareana eusina soerat tea. Mentana ganti ka-roegian, teu beunang liwat ti sataoen ti waktoe eta soerat aangeteekend tea diasoepkeun ka pos.

Soerat aangeteekend make disëboetkeun eusina (aangegeven gelds-waarde), di toekangna koedoe make tjap ëlak lima, ang-gangna tjap teu meunang leuwih ti 7 c.M.; djeung deui lamoen aja parangko doea, anggangna teu meunang koerang ti 1 c.M.

Lamoen nampa doeit (aangeteekend met gelds-waarde) leuwih ti f 150, njokotna ka kantorpos teu meunang wakil, koedoe da-tang sorangan.

Soerat² panggilan ditandana koedoe koe mangsi.

a. POSTWISSEL.

Ngirimkeun doeit koe postwissel teu meunang leuwih ti f 1000, lamoen ka hulppostkantoor teu meunang leuwih ti f 250.

Balangko postwissel hargana 2 sen, toeloej dieusian koe noe rek ngirimkeun doeit tea sarta koedoe majar parangko 12½ sen, saban² f 25 atawa koerang.

Postwissel-kawat panggëde-gëdena f 500, majar parangko 12½ sen saban² f 25, ditambah koe ongkos telëgram.

b. POSTPAKKET.

Di Poelo Djawa djeung Madoera djeung di tëmplat² noe deukeut kana kareta-api, di Soematra djeung di Deli-Spoorweg-

Mij., djeung di Atjeh-Stoomtram, nēpi ka 1 K. G., majarna 60 sen; 1—3 K. G. 80 sen; 3—5 K. G. saroepia; leuwih ti 5 K. G. teu meunang koe postpakket.

Postpakket pikeun ka tēmpat² noe teu kaasoep ka dinja: nēpi ka 1 K. G. saroepia; 1—3 K. G. f 1.40; 3—5 K.G f 1.75.

Postpakket ka Nederland: nēpi ka 1 K. G. f 1.375; 1—3 K. G. f 1.875; 3—5 K. G. f 1.875; lamoen boengkoesna leuwih ti 25 d.M³. sarta beuratna leuwih ti 5 K. G. hēnteu ditarima.

Lamoen iteuk atawa pajoeng pandjangna teu meunang leuwih ti 1 M. Di djero postpakket tea teu meunang diajaan soerat.

c. TELĒGRAM.

1 kētjap 10 sen, tapi dina hidji telēgram teu meunang koerang ti 50 sen, telēgram anoe 3 kētjap oge majarna 50 sen bae; leuwih ti 75 K. M. 20 sen sakētjapna.

Tariḡ noe disēboet di loehoer bieu, sedjen deui oepama meuntas laot mah.

Telēgram anoe spoed (anoe koedoe gantjang pisan) majarna tiloe kali tariḡ.

17. POSTSPAARBANK. (NJENGTJELENGAN DI KANTORPOS).

Sakabeh kantorpos, kitoe deui kantorpos noe laleutik djeung kantorpos toeloengan di loear Poelo Djawa djeung Madoera djeung di sababaraha kantorpos toeloengan di loear Poelo Djawa djeung Madoera atawa di sedjen² nagara, nja kitoe deui di pagadean Goepērēmen di karēsidenan Rēmbang, Soerabaja djeung Madoera, oerang meunang neundeun doeit di spaarbank sarta eta doeit tea meunang ditjokot deui.

Goepērēmen Hindia-Nederland nanggoeng baris moelangkeun eta doeit tjengtjelengan tea ka noe boga teundeun sarta baris majar anakna. Sakabeh doeit anoe ditjengtjelengankeun tea, koe ponggawa pos ditoelis dina boekoe tjengtjelengan; eta boekoe, oerang teu koedoe merli, sakabeh noe njengtjelengankeun pada dibagi. Oenggal² oerang neundeun, teu meunang koerang tina 25 sen.

Oepama oerang rek neundeun di kantorpos sedjen, atawa di kantorpos toeloengan, boekoena meunang make boekoe noe tadi keneh bae.

Baroedak atawa awewe noe geus baroga salaki, diidinan njengtjelengkeun. Meunang oge njengtjelingen pikeun noe sedjen.

Moelangkeun tjengtjelingen pangsaentikna 25 sen; noeroetkeun atoeranana, dipoelangkeunana teh koedoe ka noe boga teundeun bae, atawa ka kawasana.

Pikeun mentana deui eta tjengtjelingen, koedoe koe noe boga tjengtjelingen pribadi atawa koe kawasana. Ka Directeur Postspaarbank oerang meunang njoehoenkeun deui tjengtjelingen oerang sabaraha bae. Ka kantorpos tempat oerang njengtjelingen tea oge atawa kantorpos anoe ngopër eta tjengtjelingen boh hulppostkantoor bawahanana kantorpos noe tadi, oerang meunang menta doeit tina tjengtjelingen oerang, ngan teu meunang leuwih ti f 100 dina oenggal² 4 minggöe. Lamoen mentana leuwih ti f 100 atawa eta tjengtjelingen teh dipenta kabeh, koedoe disoehoenkeun ka Directeur koe sorangan atawa koe soerat. Oepama koe soerat, eta soerat dikirimkeunana kalawan pitöeloeng kapala kantorpos.

Noe njengtjelingenkeun dibere rentën dina sataoen 24% tina doeit tjengtjelingenana tea; salochoereun f 2400, ditoelis dina boekoe tjengtjelingen, eta hënteu direutënan deui.

Ari Seh Awab mah njaba ka 'Tjirëbon poelang poë ti Batawi, toempak expres. Keurna rek balik, eureun dina hidji djongko toekang sangoe, maksoedna rek dadaharan, sabab aja waktöe satengah djam deui kana datang kareta api pikeun balik ka Batawi teh. Ari di eta djongko dangan-deungeun sangoe geus bareak, ngan kari angeun roepa². Prak manehna menta sangoe. Geus kitöe noendjoek kana angeun bari nanja: „Itoe sajoer afa?“

Walon noe dagang: „Djangan.“ (1)

Kabeh noe ditoendjoek koe manehna „djangan“, nëpi ka teu toeloes dadaharanana toeloëj bae indit, da sicuneun teu kaboeroe meuli kartjis, bari koekoeloetoes: „Koran nadjar, kafan mao jocal; ini jangan, itoe jangan; koran nazar.“

(1) „djangan“ basa Malajoe, hartina „oelah“.

„djangan“ basa Djawa hartina „angeun“, tjek oerang Batawi „sajoer“.

18. TARIP-RENTĒN DI PAGADEAN

anoe kaasoepe kana artikĕl 7 anoe geus meunang ngarobah, tina atoran kakawasaan djeung ngagolangkĕun pangasilan Pagadean Kangdjĕng Goepĕrnĕmen (Staatsblad 1919 No. . . .).

Ngindjeum.	Rentĕn.	Diitoengna teu meunang leuwih ti.
f 2 atawa koerang.	Sasen pikeun oenggal-oenggal 50 sen dina saban 15 poĕ.	} 150 poĕ
Leuwih ti f 2 nĕ- pi ka sarta f 10	2 sen pikeun oenggal ² saroe pia, tapi teu meunang leuwih ti 15 sen dina saban 15 poĕ.	
Leuwih ti f 10 n/s f 20.	Sasen pikeun oenggal-oenggal saroe pia dina saban 10 poĕ.	} 180 "
Leuwih ti f 20 n/s f 30.	20 sen pikeun oenggal ² 10 poĕ.	
Leuwih ti f 30 n/s f 50.	Pikeun 10 poĕ (atawa koerang) $\frac{2}{3}$ $\frac{0}{10}$, tapi teu meunang leuwih ti 30 sen; leuwih ti 10 poĕ, diitoeng poĕan, tapi teu meunang leuwih ti 3 sen sapoĕna.	} 360 "
Leuwih ti f 50.	Pikeun 10 poĕ (atawa koerang) $\frac{1}{3}$ $\frac{0}{10}$, tapi teu meunang koerang ti 30 sen; leuwih ti 10 poĕ, diitoeng poĕan, tapi teu meunang koerang ti 3 sen sapoĕna.	

Sabeulan diitoengna 30 poĕ.

Diasoepekeun kana Atoeran Pagadean (Staatsblad 1905 No. 490) sanggeusna meunang ngomean dina ordonansi . . . 1919 (Staatsblad No. . .).

Kasaksi koe kaeola:
Algemeene Secretaris,

Daptar pikun nérangkeun gèdèna taksiran djeung doeit noe diinjennkeun.

tak- siran	doeit noe diinj- djen- keun	tak- siran	doeit noe diinj- djen- keun	tak- siran	doeit noe diinj- djen- keun	tak- siran	doeit noe diinj- djen- keun
f 0.10	f 0.01	f 8.15	f 6.75	f 44.--	f 35.--	f 99.--	f 88.--
" 0.20	" 0.10	" 8.40	" 7.--	" 45.--	" 36.--	" 100.--	" 89.--
" 0.30	" 0.20	" 8.75	" 7.25	" 46.--	" 37.--	" 101.--	" 90.--
" 0.40	" 0.30	" 9.--	" 7.50	" 47.--	" 38.--	" 102.--	" 91.--
" 0.50	" 0.40	" 9.25	" 7.75	" 48.--	" 39.--	" 104.--	" 92.--
" 0.60	" 0.50	" 9.50	" 8.--	" 50.--	" 40.--	" 105.--	" 93.--
" 0.80	" 0.60	" 9.75	" 8.25	" 52.--	" 41.--	" 106.--	" 94.--
" 0.90	" 0.70	" 10.--	" 8.50	" 53.--	" 42.--	" 107.--	" 95.--
" 1.--	" 0.80	" 10.25	" 8.75	" 54.--	" 43.--	" 108.--	" 96.--
" 1.10	" 0.90	" 10.50	" 9.--	" 55.--	" 44.--	" 109.--	" 97.--
" 1.20	" 1.--	" 10.75	" 9.25	" 56.--	" 45.--	" 110.--	" 98.--
" 1.50	" 1.20	" 11.--	" 9.50	" 57.--	" 46.--	" 111.--	" 99.--
" 1.60	" 1.30	" 11.25	" 9.75	" 58.--	" 47.--	" 112.--	" 100.--
" 1.70	" 1.40	" 11.50	" 10.--	" 59.--	" 48.--	" 118.--	" 105.--
" 1.80	" 1.50	" 12.50	" 10.50	" 60.--	" 49.--	" 124.--	" 110.--
" 2.--	" 1.60	" 13.--	" 11.--	" 61.--	" 50.--	" 129.--	" 115.--
" 2.10	" 1.70	" 13.70	" 11.50	" 62.--	" 51.--	" 135.--	" 120.--
" 2.20	" 1.80	" 14.20	" 12.--	" 63.--	" 52.--	" 140.--	" 125.--
" 2.30	" 1.90	" 14.90	" 12.50	" 64.--	" 53.--	" 146.--	" 130.--
" 2.40	" 2.--	" 15.40	" 13.--	" 65.--	" 54.--	" 153.--	" 135.--
" 2.80	" 2.20	" 16.--	" 13.50	" 66.--	" 55.--	" 157.--	" 140.--
" 2.90	" 2.30	" 16.60	" 14.--	" 67.--	" 56.--	" 163.--	" 145.--
" 3.--	" 2.40	" 17.20	" 14.50	" 68.--	" 57.--	" 168.--	" 150.--
" 3.10	" 2.50	" 17.70	" 15.--	" 69.--	" 58.--	" 174.--	" 155.--
" 3.20	" 2.60	" 18.40	" 15.50	" 70.--	" 59.--	" 180.--	" 160.--
" 3.30	" 2.70	" 18.90	" 16.--	" 71.--	" 60.--	" 185.--	" 165.--
" 3.40	" 2.80	" 19.60	" 16.50	" 72.--	" 61.--	" 191.--	" 170.--
" 3.50	" 2.90	" 20.--	" 17.--	" 73.--	" 62.--	" 196.--	" 175.--
" 3.60	" 3.--	" 20.75	" 17.50	" 74.--	" 63.--	" 202.--	" 180.--
" 4.--	" 3.20	" 21.25	" 18.--	" 75.--	" 64.--	" 208.--	" 185.--
" 4.10	" 3.30	" 22.--	" 18.50	" 76.--	" 65.--	" 213.--	" 190.--
" 4.20	" 3.40	" 22.50	" 19.--	" 77.--	" 66.--	" 219.--	" 195.--

LAMPIRAN B. (TOELOEJNA).

tak- siran	doeit noe diindjeun- keun	tak- siran	doeit noe diindjeun- keun	tak- siran	doeit noe diindjeun- keun	tak- siran	doeit noe diindjeun- keun
f 4.30	f 3.50	f 23.10	f 19.50	f 78. —	f 67. —	f 224. —	f 200. —
" 4.40	" 3.60	" 23.50	" 20. —	" 79. —	" 68. —	" 230. —	" 205. —
" 4.50	" 3.70	" 24. —	" 20.50	" 80. —	" 69. —	" 236. —	" 210. —
" 4.60	" 3.80	" 24.50	" 21. —	" 81. —	" 70. —	" 241. —	" 215. —
" 4.70	" 3.90	" 25. —	" 21.50	" 82. —	" 71. —	" 247. —	" 220. —
" 4.80	" 4. —	" 25.50	" 22. —	" 83. —	" 72. —	" 252. —	" 225. —
" 5.20	" 4.20	" 26. —	" 22.50	" 84. —	" 73. —	" 258. —	" 230. —
" 5.30	" 4.30	" 26.50	" 23. —	" 85. —	" 74. —	" 264. —	" 235. —
" 5.40	" 4.40	" 27. —	" 23.50	" 86. —	" 75. —	" 269. —	" 240. —
" 5.50	" 4.50	" 27.50	" 24. —	" 87. —	" 76. —	" 275. —	" 245. —
" 5.60	" 4.60	" 28. —	" 24.50	" 88. —	" 77. —	" 280. —	" 250. —
" 5.70	" 4.70	" 29. —	" 25. —	" 89. —	" 78. —	" 286. —	" 255. —
" 5.80	" 4.80	" 30. —	" 26. —	" 90. —	" 79. —	" 292. —	" 260. —
" 5.90	" 4.90	" 31. —	" 27. —	" 91. —	" 80. —	" 297. —	" 265. —
" 6. —	" 5. —	" 32. —	" 28. —	" 92. —	" 81. —	" 303. —	" 270. —
" 6.45	" 5.25	" 33. —	" 29. —	" 93. —	" 82. —	" 308. —	" 275. —
" 6.70	" 5.50	" 34. —	" 30. —	" 94. —	" 83. —	" 314. —	" 280. —
" 6.95	" 5.75	" 39. —	" 31. —	" 95. —	" 84. —	" 320. —	" 285. —
" 7.20	" 6. —	" 40. —	" 32. —	" 96. —	" 85. —	" 325. —	" 290. —
" 7.65	" 6.25	" 41. —	" 33. —	" 97. —	" 86. —	" 331. —	" 295. —
" 7.90	" 6.50	" 43. —	" 34. —	" 98. —	" 87. —	" 336. —	" 300. —

Démi barang-barang anoe harga-taksiranana aja di antara angka anoe kaséboet dina ieu daptar, doeit anoe diindjeunkeunana koedoe noeroetkeun harga-taksiran anoe pangleutikna.

Harga²-taksiran anoe leuwih ti f 25. —, eta diboeleudkeun bae.

Ngitoengna doeit noe diindjeunkeun, pikeun barang anoe harga-taksiranana leuwih ti f 336. —, diitoengna koedoe ditikél koe $\frac{100}{112}$.

Tempo lelang, tégésna barang-gadean A anoe diasoepeun
dina taoen 1920, beunang dilelangkeun:

Asoepna	Beunangna dilelangkeun
Januari 1920	30 Juni 1920 13 Sawal 1338
Februari	31 Juli 1920 15 Hapit 1338
Maart	31 Augustus 1920 16 Hadji 1338
April	30 September 1920 16 Moeharam 1339
Mei	31 October 1920 17 Sapar 1339
Juni	30 November 1920 18 Moeloed 1339
Juli	31 December 1920 19 Silih-moeloed 1339
Augustus	31 Januari 1921 21 Djoemadil-awal 1339
September	28 Februari 1921 19 Djoemadil-ahir 1339
October	31 Maart 1921 21 Radjab 1339
November	30 April 1921 21 Réwah 1339
December	31 Mei 1921 23 Poeasa 1339.

19. ATOERAN KARETA API.



I. NOE TAROEMPAK KARETA API.

Sakoer anoe taroempak kēlas I, II djeung III dina espres, djaba ti harga kartjis anoe geus ditētēpkeun, diwadjabkeun oenggal² panoempang majar toeslag (toeslah) f 2.50.

Boedak anoe oemoerna koerang ti 24 boelān, anoe dilahoen kog kolotna, hēnteu koedoe majar.

Boedak anoe oemoerna ti 24 boelan nēpi ka 10 tahoen, koedoe majar satēngahna tambangan, tapi toeslag anggēr.

Dina oenggal 200 K. M. atawa sabagianana, kartjisna beunang dipake sapoē-sapeuting.

Oenggal panoempang meunang mawa barang² anoe hēnteu dikeunaan beja, nja eta pikeun kolot nēpi ka 30 K. G., boedak nēpi ka 10 K. G., iwal kareta mēsin djeung motor.

Kareta mēsin dikeunaanana beja disaroeakeun djeung beja 30 K. G., ari motor saroea djeung 120 K. G. Kareta mēsin anoe make motor, saroea djeung beja 70 K. G.

II. RESTORASI.

(*Restauratie-rijtuig*).

Panoempang kēlas I djeung kēlas II, dina salilana loemakoe, meunang larsoep ka restorasi. Ari keur panoempang kēlas III mah aja deui restorasi sedjen, nja eta keur tēmpat dahar, isoek² ti poekoel 7 nēpi ka poekoel 9 djeung ti beurang ti poekoel 12 nēpi ka poekoel 2.

Sakabeh panoempang, kēlas mana bae, meunang meuli dahareun djeung leueuteun ti restorasi tea, iwal anoe ditangtoekeun dina ajat ka 5; sagala anoe dibeuili beunang dibawa ka kareтана, tapi bangsa kadaharan anoe panas mah ngan meunang dibawa ka kēlas III bae atawa diadon ka restorasi.

Djongos restorasi meunangna datang ka kareta kelas I djeung kelas II teh, ngan lamoen ditjaloekan koe panoempang bae, make bel listrik tea, nja eta pikeun narima djeung ngadjalankeun pamenta .panoempang.

Dina waktos dahar (12—2.) sagala pamenta (kadaharan) ti loear, teu perloe diladenan; di djero restorasi teu meunang odoed.

Lamoen lobana panoempang leuwih rea manan bangkoe di restorasi, daharna panoempang beunang didjieun doea abroelan atawa leuwih, sarta lilana dalahar koedoe diwatésan.

Di djero restorasi panoempang diwadajibkeun noeroet atoerap restaurateur ¹⁾ atawa Hoofdconductor.

Teu meunang mawa bagage (bahaseu) ka restorasi djeung teu meunang ngadahar atawa nginoem anoe lain ti restaurateur.

Ngelakkeun hal kadaharan, inoeman atawa hal anoe ngalaladenan, koedoe ditoelis dina klachtenboek.

III. HAL TOEMPAK DJEUNG TOEROEN TINA KARETA API.

Panoempang dibedjaanana, jen koedoe oenggal kana kareta api koe lotjeng doea kali. Panoempang anoe sanggeusna lotjeng doea kali henteu oenggal kana kareta, kartjisna meunang menta disahkeun pikeun dipake kana kareta api anoe pandeurieunana atawa docit harga kartjis tea dipenta deui, asal aja sabab-sababna anoe sah.

Anoe salah toempak kareta, henteu meunang ganti naon².

IV. HAL LILANA KAPAKENA KARTJIS.

Kabeh kartjis pikeun 200 K. M. atawa koerang ti sakitoe, sah dipake di djero *sapoë-sapeuting* sarta meunang diwoewoehan *sapoë-sapeuting* deui, dapon panoempang menta ditekën kartjisna ka Chef station tempat manehna rek noenda heula përdjalanana, sarta mentana tekën koedoe di sadjero eta kartjis sah kenel dipake. Ari ngitoengna *sapoë-sapeuting* ti mimiti djam anoe kaséboet dina kartjisna tea.

Oepama aja panoempang anoe kapaksa eureun satengahing përdjalanah, teu bisa teroes, lantaran gering tea, atawa lantaran sedjen lian ti eta, eta djéléma meunang menta docit leuleuwihan tina harga kartjis anoe geus kadjalanah, asal kartjisna dibikeun

¹⁾ kawasa restorasi.

ka Stationchef sarta nérangkeun sabab-sababna noe sah djeung mere koeitansi, nandakeun jen nampa doeit leuleuwihan tea.

V. HAL LARANGAN.

Dilarang:

- a. lalaki asoep ka djéro C. R. atawa kareta anoe énggeus dibakoekeun témpat awewe woengkoel;
- b. ngaliwat kana témpat larangan di station djeung ka djalan kareta api anoe salawasna teu meunang diliwatan atawa dilarang pikeun sawatara lilana;
- c. oedoe di témpat anoe aja toelisanana ngalarang oedoe;
- d. oenggah atawa toeroen tina kareta satatjanna kareta eureun atawa lamoen dilarang koe conducteur;
- e. toeroen di témpat sedjen, anoe hēnteu dibakoekeun pikeun toeroen tina kareta.
- f. asoep kana hawoe kareta api atawa ka témpat anoe lain pikeun panoempang, iwal lamoen diidinan koe conducteur;
- g. moetërkeun rim;
- h. tjitjing dina hidji kareta, lamoen manehna geus ditjaram koe conducteur, lantaran di dinja geus tjoekoe anoe dioekna;
- i. make kartjis anoe lain keur kareta anoe ditoempakan;
- j. make kartjis liwat tina témpat anoe disēboet dina kartjisna tea, samemeh panoempang tea meuli deui kartjis pikeun nēroskeun pērdjalanana;
- k. dioek di kēlas sedjen noe teu saroea djeung kēlas anoe disēboet dina kartjisna, samemehna panoempang majar tambahan anoe koedoe dibajar;
- l. hēnteu nembongkeun atawa hēnteu mikeun kartjis ka conducteur dina waktōe dipenta, kitōe deui ngarikēs kartjis djeung ngaroeksak aksarana, nepi ka teu beunang dibatjana;
- m. narik noodrem lamoen taja lantaranana noe gēde;
- n. dioek atawa nangtoeng di loear waktōe kareta keur djalan;
- o. toeroen tina kareta waktōe kareta eureun djaoeh ti station, lamoen teu diidinan koe Hoofdconductor;
- p. neundeun barang² dina djadjalaneun di djéro kareta api.

VI. DIWADJIBKEUN KOEDOE MAJAR.

Panoempang anoe teu boga kartjis, anoe teu kocat majar dēngdaan koedoe ditoeroenkeun.

VII. NOLAK ATAWA NGALARANG PANOEMPANG.

Djalma mabok, noe gëring atawa noe njoesahkeun ka sedjen, atawa matak njilakakeun, eta teu meunang dibawa ka kareta anoe biasa; oepama conducteur manggihan djalma anoe kitoe, eta djalma koedoe ditoeroenkeun.

Lamoen kadjadian përkara kitoe, doeit harga kartjis atawa leuwih tina harga kartjis (anoe geus kadjalanana), téroes de poelangkeun deui, di mana kartjisna ditjokot ti panoempang teu.

VIII. NOE MEUNANG MILOE TOEMPAK KARETA.

Sadjabana ti panoempang anoe geus disëboet di loehoer sakabeh djëlëma pada boga hak miloe toempak kareta api, salila eta kareta aja keneh di station atawa halteu dina kelas mana bae, asal daek majar tambanganana, sarta di dinja aja keneh tempat.

Sato teu meunang dibawa ka tempat djëlëma, tapi koedoe diasoepkeun kana tempatna, noe aja dina wahon tempat barang tea, sarta koedoe majar saharga kartjis kolot kelas III djeung dibawana ngan nëpi ka station anoe katëpi dina poë eta bae.

IX. BARANG² ANOE KAIDINAN DIBAWA KANA KARETA.

Djalma² meunang mawa barang laeutik, anoe katimbang koe pagawe atawa hoedjang sëpoer gampang diampihanana di djëro kareta, tapi tanggoenganana dibeuratkeun ka noe boga pribadi.

Barang² anoe matak njilakakeun atawa matak soesah ka noe sedjen, teu meunang dibawa ka djëro kareta api.

X. NGAROEKSAK KARETA.

Gëgëden kareta api dikawasakeun menta karoegian ka noe ngotoran, ka noe ngaroeksakkeun kareta; eta karoegian koedoe dibajar sapada harita.

XI. BARANG² NOE SOK BITOE.

Sëndjata api noe dieusian teu beunang dibawa kana kareta api.

XII. NGALAWAN KA PAGAWÉ SËPOER.

Ngalawan koe kasar (nëpi ka nanganan) ka noe ngoeroes kareta, ka pagawe atawa ka hoedjang sëpoer anoe ngadjalankeun pagaweanana, eta dihoekoem tjara hoekoeman anoe ditërapkeun.

ka djëlëma anoe ngalawan nēpi ka nanganan ka ambtenaar, nöeroetkeun boekoe Hoekoem Siksa di Hindia-Nederland.

20. BOEKOE DOKTOR.

a. OEBAR PANJAKIT TJATJING-PITA.

Lamoen oerang katērap panjakit tjatjing pita, oerang koedoe poeasa sakoerang-koerangna sapoë, oepama ten koeat poeasa koedoe ngoerangan barang dahar, soepaja tjatjing² anoe di djēro beuteung tea lalapareun. Isoekna oerang koedoe ngadahar laeok asin sing loba, leuwih hade lamoen laeok haring (laeok laeok anoe hiroep di laeok Atlantik) djeung sapoë eta mah oerang koedoe saentik bae nja barang dahar teh, nja eta soepaja tjatjing-tjatjing tea katjida lapareunana. Tēngah poë koedoe ngadahar siki koekoek meunang mēsekan. Pikeun djalma anoe geus meunang oemoer, ti 800 nēpi ka 1000 siki sakalina ngadahar teh, pikeun boedak anoe oemoer 10 nēpi ka 15 taoen 300 nēpi ka 500 siki, sahandapeun 10 taoen \pm 300 siki. Isoekna tēroes dikastrolī.

Koe sabab oerang dina poë mimiti teh poeasa, djadi tjatjing² teh tangtoe lalapareun, katoeroeg-toeroeg oerang dahar laeok asin deni, djadi beuki katjida bae; atoch ana beh manggih siki koekoek teh geus ten antaparrah deni, bēlëwëk² bae dihakanan. Dēmi kasiatna siki koekoek tea, lamoen dihakan koe tjatjing teu meunang hēnteu tangtoe marabok. Ari kastrolī gawena nja eta pikeun ugoedal noe marabok tea.

Koekoek teh lain ngan beunang dipake oebar noe boga panjakit tjatjing pita bae, tapi ka noe moeriang oge, matak ngoerangan panasna, nja eta noe gēring teh koedoe nginoem tjaina meunang mērēs, kira² sagēlas pait; hampasna tēroes dipake poepoek hoeloe-augēn, beuteung djeung tarang.

b. OEBAR BATOEK.

Oebar batoek pikenn boedak oemoer 4 nēpi ka 10 taoen mah gampang pisan, panggodogkeun daoem saga-areuj (tjae) bae, hadēs 2—3 siki djeung poelasari kira² sagēde tjiunggir, bawang-beureun meunang mēsek toeloej digoela-batoean sarta lamoen ēnggeus, toeloej diiboen; meunang ngiboen, kakara diinoemkeun ka noe gēring tea, doea kali sapoëna, sakali-kalina sagēlas pait, anoe pērlöe pisan di mana rek sare. Dadana djeung tonggongna

koedoe dibaloeran koe djeroek-mipis anoe meunang ngoelasan koe apoe djeung minjak kajoe-poetih, sanggeus kitoe toeloej dibadjoean badjoe koetong, soepaja oelah asoep angin.

c. OEBAR RIEUT.

Sok aja djalma noe teu kaop pisan kapanasan, toeloej bae rieut. Djalma anoe teu pajaan koe panas kitoe, oepama kapaksa koedoe leumpang keur panas poë, përlöe sirahna diti-oengan koe daoen tjaoe baseuh di djeroëun doedoekoej.

Besiki tambah hadena lamoen dibarëngan koe mindëng nginoem.

d. KEUNA KOE LISTRIK.

Lamoen aja djëlëma anoe keuna koe kawat listrik, patjoean pisan oelah wani² njëkël kawatna; oepama arek njëkël kawatna, leungeun koedoe diboeleñ heula koe lamak toehoer masing kandël pisan.

Pitoeloeng anoe pangpërloena, oepama aja djëlëma anoe keuna koe kawat listrik, eta djëlëma koedoe gantjang diisërkeun masing djaoch tina eta kawat tea. Poma koedoe ati² pisan noeloengana-na; oelah arek njëkël kana awakna, leungeunna, soekoena djeung salian, ti eta; koedoe ditarik badjoena bae atawa dikoërkeun koe kai anoe toehoer pisan, misalna koe gagang sapoe. Kawatna oge koedoe kitoe deni, dikoërkeun koe kai toehoer tea, bisi njilakakeun deni ka noe sedjen.

Anoe keuna koe listrik tea koedoe geuwat ditilaman koe pakean anoe toehoer pisan, oelah diantëp ngagoler dina tanuh (antël kana laeuh). Tidinja koedoe geuwat ngabedjaan ka station listrik soepaja ditoelep sarta téroes ngahatoeranan doktor pikeun noeloeng anoe tjilaka tea. Sabot oerang bebedja ka station listrik djeuhg ngahatoeranan doktor tea, djëlëma anoe tjilakana koedoe dioeroes tjara pëta ngoeroes anoe tilëlëp, nja eta diakal-akal sina ngambëkan tea djeung salianna ti eta (ilikna admënak anoe kapoengkoer).

21. HAL PANGAWEROER AWEWE.

a. BAB KAOLAHAN.

D a d a r p e d a.

Njokot ëndog sabaraha hoeloe bae, koemaha përlöena, toeloej dikopjok sing lila; geus kitoe dibaoeran paroeid kidjoe (kidjoe



Padoeka nona M. E. THOMAS
Dokter Hindia (Ind. Arts)
perempoean jang pertama.

noe geus lila oge hade), toeloej dipoeroeloekan pèda boeboek, nja eta pèda meunang ngagoreng nēpi ka garing diboeboekkeun. Tidinja didadar dina pan beunang ngoelasan koe mantega; eta pan ditoeroehan, toeroehna diseuneuan sameudjehnnana.

Goele.

Biasana anoe sok digoele teh toelang-talengna, tēgēsna daging anoe aja toelangan. Anoe pangāloesna keur goele, daging domba, tapi oepama euweuh domba mah, ěmbē oge hade. Lamoen euweuh ěmbe, laeok sapi, moending atawa hajam oge beunang digoele, ngan hēnteu aloēs tjara domba atawa ěmbe tea.

Oepama oerang rek njieun goele koe daging domba sakati, eta daging koedoe dikeureutan sagēde-gēde ěndog mēri, toeloej di-koembah.

Sambarana:

katoentjar sasendok ěnteh,
djintēn satēngah sendok ěnteh,
pēdēs saparapat sendok ěnteh,
pulu sapērdalapan sendok,
koueng, *beunang meuleum*, satēngah ramo,
moentjang 4 siki,
oejah sameudjehnnana djeung *tarasi* satēngah sendok teh.

Eta kabeh direndos nēpi ka lēmbœt, sanggeus kitoe toeloej digalēj djeung daging tea, ti dinja pek digodog dina pantji atawa katel, tjaina doeā kobokan pantji. Toeloej ditjēngkehan, goeloentoengan bae, 4 siki, kajoemanis-djangan sagēde tjinggir, mangsoji satēngah tjinggir, sereh sagēde tjocroek, bawang beureum 5, bawang bodas 3 sihoeng. Njieun soeroendeng koe kalapa sakeureut bae, toeloej dirieus sing lēmbœt, tēroes dikana-goele-keun tea; dimana tjaina geus kari saparona, koedoe ditjipatian (kalapa saparapat) sarta tēroes digodog bae nēpi ka asak.

Aja djēlēma anoe beuki kana, goele entjer, aja deui anoe bareuki ka noe kēntēl, hal ieu masrahkeun ka noe rek ngadaharna bac.

Pikeun anoe teu paja dahar bawang bodas, eta goele teu pērlœe make bawang bodas.

b. KADAHARAN.

Rœedjak gēdang.

Gēdang asak disendokan dagingna, sikina dipitjeunan. Gēdang anoe beunang njendokan tea digoela-pasiran, toeloej dikētjēran tijdjēroek-mipis toeloej digalo nēpi ka lēmbœt pisan.

Kadjaba dikitoe, daging gédang tea dikeureutan parasagi laleutik, digoelaan djeung ditjidjéroek-mipisan.

Tapi loba oge anoe direka deui, eta gédang beunang ngagoelaan djeung ditjidjéroek-mipisan teh, didjieun es-poetër. Oepama euweuh paranti njeun espoetërna, sok diasoepeun kana basi toetoepeu bac make os.

T a n g k o e e h.

Anoe sok didjieun tungkoeeh, biasana baligo. Eta baligo dipèsek, toeloelj dibeulah, sikina dipitjeunan; geus kitoe dikeureutan sagède-gède tjinggir. Tidinja dileob koc tjasak, pambrihna soepaja leungit geutahna; téroes dipoë dina ajakan. Sanggeus kitoe, ngagodog goela-pasir nēpi ka djadi peueut. Waktoc peueut haneut kenel, baligo beunang moë tea diabroekeun ka dinja, toeloelj digodog deui sakeudeung. Diantēp sapeuting. Isoekna ngagodog deui goela-pasir saeutik sing nēpi ka djadi peueut; baligo noe meunang ngingkeun sapeuting tea diabroekeun deui kana tjigoela noe bieu tea, diantēp nēpi ka ka locar kristalna. Tidinja téroes didjait sarta toeloelj dipoë.

S a l e t j a o e.

Sale noe panggeunahna, nja eta sale tjaoe radja, sale tjaoe ambon djeung sale tjaoe émas, ngan handjakalna tjaoe émas teh, eta bac koc laleutik. Tjaoe keur sale koedoe usak bēnēr. Sanggeusna dipèsek dikeureutan ka panjangna, didjieun 3 atawa 4 keurcut, noeroetkeun koemaha gède-leutikna tjaoe bac. Oenggal poë oepama poëna hade, eta sale koedoe dipoë didjadjar-djadar dina njiroc ditilaman koc sapoe pure meunang ngadaraj; ari dipoëna lilana 3 atawa 4 djam. Oepama poë rada mēdoeng, eta sale koedoe diampihan di imah bac. Dinana roepana geus beureum kolot, eta tanda sale tea geus asak. Eta sale koe oerang beunang diampihan nēpi ka saboelan, malah lamoen bisa ngampihanana mah nēpi ka doa boelan atawa leuwih. Dēmi ngampihanana dina roeas atawa sētoples, ditjotjokan masing rekep, atawa beunang oge dina kaleng biskoeit; koedoe rada mindēng dipoë, soepaja oelah boeloekan. Oepama ngarah seungit, wadahnana koedoe diasoepan panili.

Tjarang gësing.

Nangka asak 10 njamploeng disiksik masing lëmboet; ëndog 3 (beubeureumna djeung bobodasna dikopjok, goela-pasir $\frac{1}{2}$ kati; tjipati (kalapa sakeureut, tjaina $\frac{1}{2}$ kobokan pantji), make oejah sameudjehnnana pisan. Geus kitoe diboengkoesan koe daoen tjaoe manggala. Ari saboengkoesna: nangka sasendok makan, ëndog djeung tjipati sasindok, dipandan-wangian satjomot, toeloej diseupan nëpi ka asakna. Ari katjirina geus asak: lamoen boengkoesna geus katembong'asak, eusina oge nja asak.

Tjarang madoe.

Njokot tjaoe radja noe asak di tangkalna 5, diradjang sing sagëde-gëde siki asëm atawa siki sawo; ngopjok ëndog (bobodasna djeung beubeureumna). 3 siki, goela-pasir $\frac{1}{2}$ kati, oejah sameudjehnnana, tjipati (kalapa sakeureut, tjaina $\frac{1}{2}$ kobokan pantji), pala beunang maroed sasendok teh; toeloej diboengkoesan koe daoen tjaoe manggala tjara moengkoesan tjarang gësing tea; geus kitoe diseupan, nja tjara tadi bae.

Tjoehtjoer tjaoe.

Njokot tjaoe radja 5 noe asak di tangkalna, diradjang sagëde-gëde siki asëm. Ngopjok ëndog 3 beubeureumna katoet bobodasna, make tipoeng tarigoe $\frac{1}{2}$ kati; oejah sameudjehnnana keur panghoedang sari, goela-pasir $\frac{1}{3}$ kati, tjipati (kalapa saparapat, tjaina $\frac{1}{2}$ kobokan pantji), pala beunang maroed $\frac{1}{2}$ sendok teh, eta kabeh dibaoerkeun katoet ka tjaoe-tjaoena, toeloej digoreng. Ngagorengna disioekan sasendok-sasendok-makan.

Nagasari roti.

Njokot roti 10 keureut sagëde-gëde ramo, tjaoe radja 3 noe asak di tangkalna dikeureutan sahidjina diopatkeun, njeun tjipati kalapana sakeureut tjaina $\frac{1}{2}$ kobokan pantji, digoelaan sameudjehnnana, oejah sasëdëngna; djahe sagëde indoeng leungeun toeloej diparoed dikana tjipatikeun tea, (hampasna dipitjeun). Keureutan roti tea diabroekkeun kana adonan tadi tea, toeloej ditjokotan deui, dibereskeun hidji-hidji dina pandjang,

dilapis-lapis djeung keureutan tjaoe tea, tĕroes discupan. Tjipati sesana, ĕngke dimana eta nagasari geus satĕngah asak, ditjiti-keun ka dinja, tapi tĕroes bae diseupanna mah nĕpi ka asak:

c. NGOEROES PAPANABOTAN.

Barang perak soepaja herang.

Soepaja barang perak bisa herang, koe oerang koedoe dikosok koe tjampoeran poejĕr tĕwas 5 gram, wijnsteezuur 15 gram djeung kapoer 15 gram, tjiaan saeutik toeloej galokeun sing galo, nĕpi ka djadi pasta (siga adonan). Eta pasta dioclaskeunana kana barang noe dikosok, koedoe koe lamak anoe leuleus, ari ngosokna panghadena koe koelit.

Ngaleungitkeun noe tarotol koe tjai dina pantjaraken (meubelen).

Lamoen korsi atawa medja (meubelen) tarotol koe tjai, totol-totolna tea koedoe ditaplokan sĕkar soeroctoe anoe beunang njaian, kira² sadjam lilana. Sanggeus kitoe toeloej kosok koe arĕng kajoe gaboos, toeloej dikoembah sarta dipoĕ. Sanggeus kitoe toeloej dikosok koe lamak kandĕl, sapĕrti lamak kaen panas, beunang ngepretan koe minjak tanah.

Ngaleungitkeun tarotol dina tjet karota djeung sabangsana.

Tarotolna tea koedoe dikosok koe mantega sing katjida, geus kitoe diingkeun kira² sadjam lilana; sanggeus kitoe toeloej dikoembah koe tjsaboen haneut koekoe. Lamoen teu leungit koe sakali, koedoe dileukeunan bae sababaraha kali, nĕpi ka leungitna.

Ngaleungitkeun taihiang.

Pikeun ngaleungitkeun taihiang tina barang² beusi, hadena mah koedoe koe tjampoeran zuuroplossing, sapĕrti koe zoutzuur. Lamoen beunang taihiangna koe eta, toeloej dikosok deui koe „water-olie-emulsie” sing katjida. Sakoer barang anoe dikitoe, moal tereh² taihiangan, lantaran aja minjak dina beusi.

Ngabérésihan botol heubeul.

Eusian bae koe oplossing cloorkalk (tjampoeran cloorkalk djeung tjai) anoe 3 á 4 %, tēroes diingkeun. Sanggeus kitoe toeloj dikoengkoerahan koe zoutzuur tjampoeran anoe 10%.

Dēmi ngabérésihan botol² oeroet minjak mah koe benzin atawa koe tjai djeung tai ragudji, asal katjida bae ngoengkoerahanana.

d. NGABÉRĒSIHAN TJOLET TINA PAPAKEAN dj. s. f.

Lamoen oerang arek ngaleungitkeun tjolet mangsi tina papakean, mimiti koedoe ngalējoerkeun heula zuringzout koe tjihaneut dina wadiah bangsa poslen; eta papakean, anoe kamangsian koedoe ditjēloebkeun kana tjioejah tea, geus kitoe toeloj dikoepjakeun dina tjai sababaraha kali, pambrihua soepaja zuringzout tea oelah ngahakan lawonna.

Poma² oelah ngabérésihan tapak mangsi koe saboen atawa sodah, komo bangsa soetra mah, kapantrangna pisan.

Biasana koe zuringzout beunang ngalējoerkeun anoe ditjaritakeun di loehoer tea, koe dikeneuman saparapat djam teh, geus meudjehna pisan. Oepama eta papakean anoe tjolet teh dikedueunna leuwih ti saparapat djam, tjioejahna sok ngahakan.

Tjioejah sesa ngeueuman tea, oelah dēvitjenn, lēbar, koedoe diampihau dina botol atawa gopi atawa wadiah naon bae bangsa gēlas, keur pakeun ēngke deui, da beunang dilifakeun.

Salian ti koe zuringzout aja deui padikah pikeun mitjenn oeroet mangsi teh, nja eta: benzine satjatjangkir ditjampoerkeun djeung tjoeka haneut. Total mangsi tea ditjēloebkeun ka dinja, diingkeun watara 5 mēnit atawa 10 mah. Tidinja toeloj diseuseuh tjara biasa, tangtōe oeroet mangsina leungit.

Ari ngaleungitkeun tapak mangsi tina bangsa ēntjit atawa papakean anoe aja kēkembanganana koedoe koe citroenzuur. Mimiti eta tapak mangsi dibaseuhan, geus kitoe toeloj digosok make citroenzuur tea; ngagosokna koedoe leukeun, oelah ngan koe saliwat bae. Sanggeus digosok toeloj dikoembah koe tjai bérésih.

Mitjenn total minjak atawa bangsa gēmoek tina beuheung badjoe atawa mantēl, koedoe disikat koe sikat noe beunang

ngabaseuhan koe salmoniak entjer dibaoer tjai (mingsel van geest van salmoniak en water). Njikatna koedoe leukeun, sanggeus disikat digosok koe lamak toehoer.

Ngaběrēsihan badjoe atawa sěpre djeung sapapadana (lawon) anoe tjoelat-tjolet koe gentah boeboeahan atawa total koe anggoer, geus loba noe mětakeun koe diběrēsihan koe tjampoeran 250 gram soldah djeung 125 gram chloorkalk, tjaina koedoe 5 litēr. Papakean noe kotor tea koedoe dikeneuman koe eta tjampoeran nēpi ka totalna leungit. Tadinja kakara diseuseuh.

Pakean herang balas kagesrek-gesrek.

Lamoen oerang lila teuing toempak kareta mēsın, tjalana oerang sok nēpi ka herang tina pagesrek teuing djeung selana. Eta bisa leungit deui, asal koe oerang disikat koe sikat noe meunang ngabaseuhan, tapi njikatna sing katjida djeung koedoe sadjalan bae sarta koedoe disikat ka sabalikna.

Ngaběrēsihan lenēn anoe kaanggoeran.

Lamoen barang lenēn kaanggoeran, bisa běrēsih deui; dina keur masih eumeul² keneh, koedoe dikosok koe oejah lēmbuet djeung djeroek mipis, tjalingtjing-haloe atawa kēmır, toeloej di-koembah koe tjiafah. Nja kitoe deui pikeun anoe kamangśian, ngan ari anoe kamangśian mah teu koedoe make oejah.

Ngaleungitkeun lilin tina pakean.

Lamoen pakean oerang kakētlakan lilin, sasarina sok hese pisan dipitjeunna teh, malah sakapeung mah kakara leungit lamoen dikosok nēpi ka soēhna. Eta lilin bisa leungit hēnteu karana nēpi ka soēh, asal noe kakētlakan lilin teh disoesoet koe istri-kaun anoe katjida panasna, tapi koedoe ditilaman koe kērētās soeoeb anoe rada kasar.

Sapatoe soepaja oelah tēmboes koe tjai.

Lamoen sapatoe hajang oelah tēmboes koe tjai, ti peuting oelasan bae koe tjampoeran malam njiroean djeung gadjih dom-



Jang terhormat Raden DÉWI SARTIKA, Goeroe sekolah
Kaoetamaan Istri Bandoeng.

ba anoe tatandinganana 2 : 1. Isoekna toeloj kosok koe lamak noe kandël. Eta sapatoe moal tẽmboes koe tjaï.

Oebar toembila.

Papatahna toean Buchheister:

- a. 300 bagian poejër naphtaline,
300 " " tẽwas,
300 " insectenpoeder,
1 " minjak lavender (lavendelolie).
- b. 80 bagian poejër tẽwas,
10 " " boorzuur,
10 " salicylzuur.

Lamoen koc oerang ditjamperan deui koe tjsaboen anoe hanout keneh anoe tjamperanana 10%, toeloj dipake ngabẽrsihan oebin, tangtoe toembila-toembilana tea paraeh.

Oebar koetoe.

Lamoen oerang hajang ngaleungitkeun koetoe, koedoe kieu:

- a. baloeran bae sirah oerang iroe lysoplossing anoe 5%.
b. unguentum pediculorum (meuli bae ti roemah obat).

22. KAPERLOEAN DJOEROE TANI.

a. HAL HIROEPNA PEPÈLAKAN.

Saroepaning anoe toemoewoeh, kabeh oge barang hakan; ari parobotna pikeun barang hakan, nja eta: daoen djeung akar.

Koemaha pẽtana pẽpèlakan barang hakan koe daoen?

Eta daoen njeuseup kahakanan tina hawa, tapi ngan ti beurang bae.

Kadjaba ti merean kahakanan, hawa teh, aja deui gawena keur bangsa tjoetjoekoelan, nja eta keur ngambẽkanana, da pẽpèlakan teh tjara djelẽma atawa sato bae sok ngambẽkan.

Djadi lamoen euweuh hawa teh moal aja tjoetjoekoelan noe hiroep, moal aja pẽpèlakan anoe bisa djadi.

Salian ti pěrloe meunang hawa, tatangkalan teh, pěrloe meunang tjaang deuih. Koc hal eta oepama oerang pėpėlakan, teu meunang kėrėp teuing. Kitoc deui goreng djadina, lamoen pėpėlakan oerang kahieuman koe pėpėlakan sėdjen atawa koe pagėr:

∴

Ari barang bakan koe akar, koemaha pėlana?

Akar njeuseup kahakanan tina taneuh, nja eta anoe koe bangsa oerang sok, disarėboet *atji-taneuh*, tea. Dėmi discuseupna eta kahakanan teh barėng djeung tjitaneuh, tėgėсна tjai anoe diampihan' koe taneuh. Djadi taneuh teh pěrloe pisan baseuh.

Dina taneuh anoe toehoer, pėpėlakah moal bisa njeuseup kahakananana, sabab teu aja atji-taneuh anoe bisa kaseuseup koe akar, lamoen tatjan patjampoer djeung tjitaneuh tea.

Taneuh teh pěrloe kalan² katinggang hoedjan, pěrloena, soepaja eta tjitaneuh katambahan koe tjihoedjan; djadi salilana eta tjitaneuh moal aja cuweuhna.

Soepaja kėbon salilana baseuh bae, koe oerang beunang disiram, tapi ari tėgalan anoe lalėga mah lain siram-sirameun koe embrat, eta sababna noe matak pěrloe katinggang hoedjan.

Taneuh anoe dipėlakan koedoe ngampihan tjai, sabab dina oesoem halodo oge pėpėlakan teh pěrloe make tjai loba.

Taneuh teula djeung taneuh porang, bisa ngampihan tjai loba, leuwih loba manan taneuh kikisik. Malah mindėng pisan kadjadian, taneuh kikisik sacutik teuing tjaina, ari taneuh teula, loba teuing.

Taneuh anoe loba teuing ngampihanana tjai, eta goreng, sabab salian ti tjai, taneuh teh koedoe ngampihan hawa deui.

Hawa, di djėro taneuh teh pěrloe keur ngambėkan akar, malah ari babakoena pisan; mah eta hawa teh pikeun ngolah atji taneuh, soepaja beunang diseuseup koe akar.

Oepama oerang geus njaho, jen di mana² aja tjai, di dinja koerang hawana, tangtoe koe cerang kaharti, naon sababna noe matak taneuh teu meunang baseuh teuing. Lantaranana nja eta: oerat² taneuh kabeh pinoh koe tjai, nėpi ka teu aja pisan lolongkrang pikeun hawa.

Koe sabab eta, pikėboneun koedoe disaatan nėpi ka ngoetrak djeung toeroet sisina koedoe dikamalir keur pamitjeunan tjai. Djeung deui taneuh anoe baseuh teuing teh sok neundeut, ėng-

kena djadi padët, beuki komo bae euweuh keur pitëmpateun hawa.

Koe sabab eta taneuh anoe pinoeli koe akar² anoe baroeroek, eta hade; sabab, eta akar² minangka djadi wadah hawa sarta taneuhna djadi meudjuehna maroehmoejna, moal padët teuing. Kapan sarerea oge pada tërang, jen taneuh tel koedoe meudjuehna bearna, sêdëng maroehmoejna, sangkan akar majang barbarieun asoepna pikeun neangan atji-taneuh hakaneunana.

..

Naha ari pëpëlakan anggeus koe saroeпа bae kahakananana, atawa kawas djëlëma, ten poeas koe hoei bae saroeпа?

Pëpëlakan baranghakanna hënteu tjoekoeр koe saroeпа bae, tapi përloe meunang roepa² atji-taneuh.

Aja oge atji-taneuh anoe di oenggal² tëmpat-aja, sarta lobana meudjuehna keur kapërloeан djadina pëpëlakan. Tapi aja oge atji² taneuh anoe hënteu walatra di oenggal tëmpat tjoekoeр, datang ka koedoe diatoer koe djëlëma, sangkan mahi pikeun kapërloeан pëpëlakan tea. Atji-taneuh anoe sok kitoe, reana aja opat.

Djadi aja opat roepa atji-taneuh anoe mindëng pisan kadjadian di këbon oerang koerang loba, moal pimahieun keur kapërloeанana pëpëlakan oerang; nëpi ka hasilna pëpëlakan hënteu moëtjékil.

Naha naon eta atji-taneuh noe opat roepa tel?

Nja eta: KAFOER, PHOSPHORZUUR, KALI djeung STIKSTOF.

Eta bakal kahakanan pëpëlakan anoe opat roepa tea, anoe dina ieu karangan, ngarah tërang, disëboet atji-taneuh tea, koe kabeh toekang tani, përloe diapatkeun nëpi ka apal pisan, nja eta:

KAFOER
PHOSPHORZUUR
KALI
STIKSTOF.

Dihadja, eta opat roepa atji-taneuh ditjitakna kandël sarta nëpi ka doea kali, malah anoe kadoea-kalina mah didjadjarkeun ka handap, eta dihadja, soepaja anoe maratja oelah poho deui.

Lamoen salah-sihidji atji-taneuh anoe opat tea, euweuh dina taneuh, tangtoe pisan pëpëlakan oerang moal daekeun djadi.

Eta atji anoe opat roepa tea, kabeh koedoe aja dina taneuh, sarta hidji-hidjina, lobana, koedoe meudjehna. Lamoen aja salah-sahidji anoe rada kocrang, eta anoe tiloe roepa deui kecrang mangpaat, kana pëpëlakan teu matak hade. Misilna: lamoen djagong atawa pare ngan meunang phosphorzuur saparona tina kapërloeanana, anoe boga ngan baris meunang pangasilan saparona tina mistina, sanadjan atji anoe tiloe deui loba oge di djëro taneuh.

Tjonto anoe leuwih tërang: Aja fanah saloewoek dieusi kapoer tjokoep keur djagong 20 pikoeleun, phosphorzuur keur djagong 15 pikoeleun, kali keur 18 pikoeleun, stikstof keur 25 pikoeleun; pihasileunana eta tanah pangöentoengna oge ngan 15 pikoel djagong.

Eta katërangan siga teu matak përtjaja, aneh, tapi sabënë-bënërna, ënja, kitoe.

Kaajaanana taneuh djeung eta opat roepa atji, lir meucokoe opat; oepama soekoenana pondok hidji, eta medja meulibisa nangtoeng adjëg.

Ditërangkeun sakali deui: *soepaja pëpëlakan hade djadi eta, eta atji anoe opat roepa tea koedoe aja dina tanah anoe dipëlakan sarta lobana koedoe tjokoep.*

Patjoean rek poho kana eta patokan!

Djeung deui, eta atji noe opat tea, teu anggeus koe aja sarta tjokoep bae lobana dina taneuh, tapi koedoe asak deui, hartina koedoe nëpi ka beunang dihakan koe akar. Müdëng kadjadian, ari aja mah eta atji teh aja, djeung lobana meudjehna, tapi teu asak. Tangtoe pëpëlakan teu biasaeun ngahakan.

Naon noe përlöe pikeun ngasakan kahakanan pëpëlakan?

Noe përlöe pikeun ngasakan kahakanan pëpëlakan, nja eta: tjai, hawa, panas, kapoer dj. s. t.

Salian ti eta, koedoe aja waktöe deui, da tara asak koe sawatara poë.

Ngahakanna atji anoe opat roepa tea, pëpëlakan bangsa palawidja teh, hënteu opat roepaanana koedoe saröea lobana. Aja anoe ngahakanna kapoer koedoe loba. Aja deui anoe katjida lobana ngahakan phosphorzuur, misilna: bangsa katjang, pare, djagong djeung sapapadana. Sawareh loba pisan ngahakan kali, saperti: koemëli, bangsa katjang, djoekoet dj. s. t. Aja oge anoe koedoe loba meunang stikstof; babakoena pëpëlakan anoe diarah daonna djeung noe koedoe morontod djadina, tjaraning: lalab

anoe dihadja dikébonkeun, wortél djeung bangsa beubertian
dj. s. t.

Tah, koe lantaran pèpélakan teh pada boga kahajang, sarta atj-taneuh kapèrloeanaana beda², koe sabab eta, pèrloe pisan lahan teh ganti² pèpélakanana. Misilna, lahan anoe tas dikébonan bangsa lalab (éngkol); nja eta anoe loba ngahakanna stikstof, hade ditema koe pèpélakan noe diarah beutina, soepaja kali anoe loba di dinja, beunang hasilna, atawa lamoen lain koe bangsa beuti, dipélakan bangsa katjang, pambrihna soepaja phosphorzuur kaarah mangpaatna.

Naha sagala taneuh aja atjian noe opat roepa tea?

Genggal tanah anoe biasa sok dipèpélakanan — oerang ngaranan bae lahan — oenggal lahan lapis doea, nja eta: *taneuh-dasar* djeung *lapis-goear*. Ari taneuh-dasar goenana kana pèlakan, djadi minangka panondaan tjai; dina oesoem halodo, wa lamoen eta lahan teu katinggang koe solokan, eta taneuh-dasar bisa mere tjai pikeun kapèrloeana hiroepna pèpélakan. Soepaja bisa kitoe, tangtoe pisan eta taneuh-dasar teh koedoe meadjeuhna bearna. Pambrihna, sangkan tjihoedjan leuleuwihan anoe kapake koe pèpélakan, téroes njérép, oelah nangreu ngaroeisak kana akar; ari dina oesoem halodo, tjitaneuh bisa naek ka eta lapis-goear tea, datang ka eta lapis-goear teh baseuh, henteu garing kabétrak koe panonpoë.

Cepama eta lahan teh taneuhna taneuh-porang, taneuh dasarna pèrloe kabina-bina rada bear; lamoen eta lahan kikisik, taneuh-dasarna koedoe bangsa taneuh-teula, kakara eta lahan hade dipèlakanana.

Kalolobaanana bangsa palawidja, boh noe sok dipélak di kébon, boh anoe di sawah, akarna tara leuwih djero tina taneuh-goear tea, djadi eta taneuh-goear teh goenana keur tjitjingna bangsa palawidja.

Taneuh-goear biasana leuwih hideung manan taneuh-dasar.

Sagala roepa taneuh sok dieusi kapoer, phosphorzuur, kali djeung stikstof.

Taneuh anoe hideung, eusina kahakanan-pèpélakan, leuwih loba manan dina taneuh beureum. Kitoe deui ngampihanana tjai; taneuh hideung leuwih loba manan taneuh beureum.

Na ti mana eta roepa hideung teh asalna?

Eta roepa hideung asalna tina pèpélakan anoe baroeroek tina taneuh; koe oerang Walanda eta pèpélakan anoe baroeroek

kitoe teh, diséboetna *humus*, ari di oerang mah teu aja ngaranna, tapi taneuh anoe pinoeh koe pèpélakan anoe baroeroek kitoe, diséboetna *taneuh-ridoeh*. Eta humus teh salian boga hawa matak hideung kana taneuh, aja deui bawana, nja eta matak *hancut*. Taneuh saar lamoen patjampoer djeung humus, sok leuwih bisa ngampihan tjai; ari taneuh porang sok djadi leuwih bear.

Humus gède katjida goenana kana pèpélakan:

1e. doemeh dieusi kahakanan-pèpélakan, sarta lantaran eta humus beuki lila beuki boeroek, djadi eta kahakanan-pèpélakan teh noengtoetan ararasak, beunang dihakan koe pèpélakan toer reana meudjuehna;

2e. doemeh eta humus teh matak tambah hade kana taneuh. Lamoen taneuh loba humusna, tangtoe loba stikstofna.

Na ti mana asalna eta pèpélakan anoe baroeroek teh? Koemaha noe matak aja di dinja?

Akar² pèpélakan anoe dipèlak atawa anoe djaradi koe maneh di dinja, sawareh sok taringgaleun dina taneuh. Lian ti kitoe, lamoen lahan oerang sok digèmoek koe gèmoek-kandang, dina eta gèmoek oge loba djoedjoekoetan atawa pipitjeunan pèpélakan anoe kabawa, toeloej galo djeung taneuh. Atawa lamoen sok digèmoek, koe gèmoek-toko atawa gèmoek-djieun, lahan oerang sok loba humusan; sabab, gèmoek-djieun teh matak ngalobakeun akar. Eta akar nja éngkena djadi humus, humus noe aloes tea, nèpi ka loba noe hajang mere ngaran *humus-gèmoek*, pikeun ngabedakeun djeung *humus-najeum*, nja eta humus noe matak haseum kana taneuh.

Ari noe sok djadi humus-najeum, nja eta babagian pèpélakan anoe karalèm dina dasar tjai; eta babagian pèpélakan sok haseum, tara daekeun boeroek. Tah, babagian tatangkalan anoe kitoe, ana galo djeung taneuh, taneuhna toeloej haseum.

Tanah-haseum matak goreug kana pèpélakan.

Naha teu beunang ditarékahan, sangkan eta humus-najeum djadi humus-gèmoek?

Poegoeh bae aja mah! Nja eta:

kahidji lahan andjeun koedoe dikamalir, soepaja tjai oelah nangreu, djadi lahan bisa toehoer;

kadoea eta taneuh-haseum koedoe loba kaasoepan hawa djeung koedoe ditjampoeran kapoer. Éngke eta babagian²

pépélakan anoe haraseum teu daekeun baroeroek teh toeloef baroeroek tjampoer djeung taneuh.

Soepaja leuwih terang, kieu: eta humus-najeum bisana djadi humus-gëmoek, lahana koedoe disaatan, nja eta koedoe dikamalir, taneuhna koedoe dibalikkeun soepaja noe ti handap meunang hawa; tangtoe eta humus-najeum djadi humus-gëmoek.

Lamoen taneuh baseuh teuing, tangtoe matak ngadjadikeun humus-najeum; di mana geus djadi humus-najeum kitoe, hese djadina humus-gëmoek deui.

Loembragna taneuh noe hideung sok disëboet taneuh-ridoeh, doemeh di dinja biasana leuwih rea humusna manan dina taneuh beureum. Koe lantaran taneuh beureum teu pati loba humusan, koe oerang sok disëboet taneuh këri afawa angar.

Kadjaba ti eta, aja deui noe sok disëboet taneuh-lendo, nja eta lamoen di dinja loba kahakanan-pépélakan; taneuh anoe koerang kahakanan-pépélakanana disëboet këri.

Koemaha akalna, soepaja tanah këri djadi lendo?

Soepaja taneuh këri djadi lendo, euweuh deui akalna ngan koedoe diwoewcehan atji-taneuh anoe opat roëpa tea.

Koemaha pëtana?

Meureun tjeuk sarereå oge: koedoe digëmoek.

Bëner kitoe. Koe naon ngagëmoekna?

Koedoe koe gëmoek-kandang djeung gëmoek-toko!

Bëner, ënja kitoe, tapi oelah ngan watës „pok” bae, da koedoe djeung „pekna”, kakara aja mangpaatna.

b. DONGENG BANGKOEANG *).

D a n g d a n g g o e l a .

1. Dangdanggoela noe bade didangding, njaritakeun asalna bangkoeang, kenging noekil tina dongeng, dongengna oerang goenoeng, ngan soeganna djadi pangeling, pikeun nambahan loeang, bakoena keur indoeng, magahan ka anak oerang,

*) Kagëgëlan ti djoeragan Ijos, Pasanggrahan (Soemëdang).

soepajana oelah sina beuki teuing,
ngadalaha bangkoeang.

2. Noe ngagoerit ieu dongeng nini,
teu nētēpkeun salah pon bēnerna,
tatapina paraudene,
soegan teu anoe-anoe,
nadjan wadoel dongengna nini,
tapi natrat boektina,
pantēs inoen saestoe,
geuning nēpi ka ajeuna,
eta beuti djadi hasil djalma tani,
djeung sok aja matakua.
3. Ari anoe mimiti digoerit,
njaritakeun sahidji nagara,
nagri gēde toerta rame,
baheula alam boehoen,
di Pasoendan pērnahna nagri,
djalma agama Boeda,
njēmbahna ka kajoe,
ka watoe djeung ka dewata,
tatjan aja agama soetji moeslimin,
njeta agama Islam.
4. Ari anoe ngadjadi narpati,
hidji radja gagah ahli tapa,
adil djeung leber wawanen,
kakasilma Dewagoeng,
sabab Radja satya ngahakti,
kabeh maksad tinēkan,
tētēp oenggan oenggoel,
kabeh mantri ponggawana,
wararēdi ararasih ka Narpati,
Saroegēma ngawoela.
5. Katjatoerkeun eta Sri Narpati,
geus kagoenganeun sahidji poeta,
pamēgēt teu woedoe kasep,
joeswa opat blas tahoen,

koe ramana langkoeng diasih,
dimongmong dipiheman,
tjadang gēntos ratoe,
tapi dina hidji mangsa,
Radjapoetra dikērsakeun koe Dewadi,
teu damang walē pisan.

6. Kangdjēng Radja langkoeng sēsah galih,
reh poetrana sakitōe walēsna,
enggal moedjasmedi bae,
nēda sihing Dewagoeng,
Radjapoetra sing damang deui,
tjara katoekang-toekang,
troes moeloes rahajoe,
langkoeng mantēp radja tapa,
ēnggeus meunang toedjoeh poē toedjoeh peuting,
goeroedag soemping Dewa.
7. Tapi Dewa hēnteu katingali,
ngan sorana sidik karoengoena,
kieu saer Dewata teh:
„Eh Ratoe eureun ngoengoen,
anak hidēp ke tjageur deui,
gantjang bae ajeuna,
geura sina njatōe,
njatōe beutina baroeang,
tah sakitōe pitoedoch kami noe sidik,”
tēras Dewata moesna.
8. Samoelihna Dewata noe tadi,
Radja goegah tina pangtapaan,
tēroes loengsoer angkat alon,
manah teu wēleh bingoeng,
doemeh saer Dewa noe soctji,
poetrana noe teu damang,
oebarna teh koedoe,
ngadahar beuti baroeang,
tapi eta baroeang teh leuwih matih,
weureu lamoen didahar.

9. Dēmi eta baroeang teh geuning,
roepa beuti areuj di tēgalan,
matihna taja noe nēndeng,
radjeun pake ngahoekoem,
ka djëlēma noe djahat maling,
osok sina didahar,
gantjang bae mampoes,
pach sapada harita,
anoë matak radja beuki sēsah gelih,
maras-miris kasmaran.

A s m a r a n d a n a.

10. Enggal Radja njaocr patih,
reudjeung sakabeh ponggawa,
katoet para adjar kabeh,
ngadēp ka pajoeneun Radja,
Sang Radja ngadawoehan,
mopojan saer Dewagoeng,
noë kadangoe waktōe tapa.
11. „Eh sakabeh para mantri,
reudjeung sakabeh ponggawa,
sarta para noedjoem kabeh,
anoë matak disaoeran,
koela rek moesawarah,
sarekna saer Dewagoeng,
poetra koela noe teu damang.
12. Koedoe sina dahar beuti,
nja eta beuti baroeang,
ēngke kasakitna hade,
tatapi kaola hamham,
sabab beuti baroeang,
sarerea oge maphoem,
matak pach moen didahar.
13. Ajēma pamenta kami,
koedoe gantjang palikiran,
bakoena koe noedjoem kabeh,

koema' akal tarekahna,
sangkan anak waloeja."
tëroes eta para noedjoem,
malikir pajoeneun radja.

14. Eta noedjoem kabéh watjis,
nata koe djëro elmoena,
bane gawe tapa bae,
tëroes moeka parimbonan,
sarta teu koengsi lila,
para noedjoem ënggeus maphoem,
toer sapagodós pikirna.
15. Gantjang oendjoekan ka Goesti,
para noedjoem sadajana,
pioendjoekna sami bae,
kieu pioendjoek ki adjar:
„Goesti përkawis poeta,
liren tong dianggo ngoengoen,
lërës sadawoehan Dewa.
16. Enggal sina toelang beuti,
nja eta beuti baroeang,
ëngke damang ënggeus tangtos,
tapi samemeh ditoeang,
eta ngaran baroeang,
gëntos ngaran anoe tangtoc,
dilandih ngaran bangkoeang.
17. Kitoë kërsana Dewadi,
soepaja beuti baroeang,
djadi hasil djalma kabéh,
beunang didahar didjoeal,
keur nambah kahiroepan."
sakitoe pioendjoek noedjoem,
koe radja ënggeus kamanah.
18. Enggal bae Sri Narpati,
miwarang hidji ponggawa,

ngala beutina ti këbon,
nja eta beuti bangkoeang,
sarta teu koengsi lila,
pongawa teh ënggeus djëboel,
ngatoerkeun beuti bangkoeang.

19. Troes ditjandak koe Narpati,
dipasihkeun ka poetrana,
koe poetra ditoeang bae,
raoseun kabina-bina,
sarta dadak sakala,
kasawatna tëroes kaboer,
timboel damang sarta djagdjang.
20. Radja langkoeng soeka galih,
reh poetrana ënggeus damang,
gantjangna para noedjoem teh,
walatra dipërësenan,
reudjeung diangkën sobat,
sarta Ratoe soeka soekoer,
nganoehoenkeun ka Dewata.
21. Geus beres manah Narpati,
enggal miwarangan patya,
ngadamël pesta noe rame,
koempoel kabel tatabeuhan,
ronggeng topeng djeung wajang,
tarawangsa balagandjoer,
ljëlëmpoeng djeung sabangsana.
22. Pesta meunang toedjoeh peuting,
ramena kabina-bina,
abdi-abdi soeka kabel,
enggalna pesta boebaran,
kantoen slamët nagara,
tëtëp têngtrëm Kangdjëng Ratoe,
geus sëpoeuh gëntos koe poetra.

23. Kotjapkeun bangkoeang tadi,
tēroes nēpi ka ajeuna,
kabareuki boedak kolot,
noe aja di pikampoengan,
sarta moen kalobaan,
djadi kasakit geus tangtoe,
sabab asalna baroeang.
24. Sakitoe dongengna nini,
ajeuna parantos tarjat,
moegi-moegi noe maraos,
ngama'loem di kalēpatan,
ieu tēmbang garihal,
rehing kakara saoemoer,
soemakean boeboedjangan.
25. Ari tawis noe ngagoerit,
aksara noe mimitina,
nomēr salapan noe pondok,
nomēr sapoeloeh tērasna,
sarēng nomēr lima blas,
salapan wēlas panoetoep,
tjatjarakanna Walanda.

c. ATOERAN MIARA TANGKAL BOEBOEAHAN.

1. Oerang milih tatangkalan anoe sok leubeut boeahanana.
2. Tjebor samistina, sabab lamoen teu kitoe moal boeahan.
3. Mēlakna koedoe sing tjarang. Sanadjan akarna bisa njeuseup tjai oge, ari daoenna teu katodjo koe panonpoē mah, tara kēmbangan; oepama ten kēmbangan moal boeahan.
4. Tapi sabalikna, sanadjan teu kahieuman, lamoen taja kahakanan, tangtoe moal boeahan. Koe sabab eta koedoe digēmoek sing satjoekoepna.
5. Sagala sato anoe ngaroeksak, paehan. Keur naon siang kēmbangna oge, lamoen dihakanan hileud mah.
6. Salawasna oerang oelah tjitjingeun. Sagala anoe ngadjadikenn hama kana tatangkalan, koe oerang koedoe dibasmi. Lamoen di djero sataoen, tatjan boeahan, oelah waka rēntag pikir.

d. HAL MIARA TANGKAL KALAPA.

Bibit kalapa ngalana koedoe milih tina tangkalan anoe leubut, hoerip djadina, sarta anoe kira-kira oemoerna moal koerang tina 10 tahoen, djeung moal leuwih tina 40 tahoen. Noe paughadena ajana dina tēngah-tēngah manggaran.

Pibibiteun ngalana oelah diragragkeun, koedoe dibawa atawa dioeloer hade-hade ka handap, sabab d'jadina oepama diragragkeun mah moal hade.

Mimitina eta boeah pibiniheun teh diteundeun dina hidji tēmpat noe ioeih sarta deukeut tjai, soepaja babari njiramna; ari njiramna koedoe sapoë tiloe kali.

Noe panghadena eta bibit teh didjadjarkeun sing lēmpēng dina lombang noe pandjang, noe roebakna kira-kira 3 kaki; ari djērōna dikira-kira bae, soepaja tjoengapna kalapa tea nondjol ka loehoer 2 dim tina taneuh. Antarana bibit tea koedoe disaeuran koe taneuh lēmbōet, ari taneuh pangalianana koedoe digalēngankeun dina toeroet-toeroet sisi lombang pamēgat tjileungtjang.

Lamoen eta bibit geus djadi kitri, geus daoenan doea-tiloe, nja eta sanggeus oemoer 5 atawa 6 boelan, meunang diliarkeun kana tēmpatna pikeun mēlak. Tatapi oepama dina waktōe oemoer 5 atawa 6 boelan tea, aja kenēh binih noe atjan djadi, pitjeun bae, montong dipake binih, sabab binih noe kitōe goreng; moal bisa djadi tangkal anoe koeat.

Lamoen bibit tea ngan saeutik, biasana boeah kalapa teh dikantet doea-doea digantoeng-gantoengkeun dina tatangkalan atawa dina gantar, noe dipalangekeun sarōea loehoerna, dina hidji tēmpat noe ioeih.

Lamoen sok rea bagong, kitri teh oelah waka diliarkeun, samemeh oemoer sataoen atawa leuwih; tatapi lamoen ditoenggoekeun lila kitōe, lombangna tēmpat ngabibit koedoe lēga, dina 1 bibit lahanna koedoe kira-kira 3 kaki pasagi.

Anggangna tēmpat ngaliarkeun kitri tea, koedoe sakoerang-koerangna 9 M.

Oepama aja tanah anoe tjoekoep pikeun sapoeloeh tangkal, toeloeh dipēlakan 40 tangkal, didēdēt-dēdēt, eta pēta kitōe oelah disangka matak oentoeng, 10 tangkal anoe tjarangna noeroet-

keun atoeran, kahasilanana leuwih rea djeung leuwih gantjang batan anoe 40 tangkal, anoe kërëp teuing tea.

Di mana bae, tangkal kalapa anoe nënggang, koedoe bae boeahna leubent; koe sabab eta tetela pisan, jen tangkal kalapa teh koedoe laloesa tēmpatna djeung hawana; 9 M. teh anoe pangkërëp-kërëpna, soepaja badjing oelah bisa loentjat tina tangkal noe hidji ka noe hidji deui.

Lombang pikeun mëlakkeun kitri tea djërona koedoe 3 kaki: sanggeus sababaraha peé toeloj disaeuran, koe taneuh noe aloes nēpi ka satëngahna, hade pisan oepama ditjampoer djeung lēboe. Kitri teh digolerkeun dina taneuh panjaeuran, noe aloes tea, ngalélëpna kana taneuh kira-kira sadim; lamoen salëmpang sieun koe angin, hade ditoelak bae koe awi.

Lamoen kitri tea geus akarana, hade lombang teh dipinoehan koe taneuh sama sakali. Sakoeriling kitrina taneuhna sina rada toehoer, soepaja tjai oelah njërëp kana lëbah dinja.

Lamoen taneuhna teuas, datang ka tjai teu gantjang leungitna, hade lombang tea dileuwihan djërona, djeung taneuh panjaeuran tea däreaan.

Lamoen teu dikitoekeun, sarta tjai diantëp di djëro lombang tea, pëpëlakan teh tara daekeun hade.

Satahoen sanggeus ngaliarkeun, sakoeriling tangkal kalapa tea, kira-kira 6 kaki pandjangna, koedoe dibërësihan. Tanah noe sedjen meunang aja djoekoetan, tatapi teu meunang aja tatangkalan noe laleutik. Kitoe deui këbon kalapa tea meunang dipëlakan hoei djeung katjang tanah, soepaja tanah tea sapanjangna dipatjoel bae, moal daekeun teuas. Tanah teh salawasna koedoe dieroeskeun hade-hade, dangdaoenan koedoe diroelang, soepaja djadi gëmoek kana tanah.

Lamoen kalapa tea geus rada gëde, teu meunang mëlak nanaon deui dina eta këbon. Lamoen hade piaraanana tangtöe kalapa teh hade djadina; ari hal boeahanana eta mah noeroetkeun bangsana bibit, djeung kana pamarana bibit tea ti leuleutik. Djeung deui koedoe ingët, beuki loehoer tanah teh ti laoet, kalapa teh beuki saeutik boeahna.

Poentjakna tangkal kalapa tea koedoe dibërësihan, daendoen noe geus garing, koedoe dipitjeun dipake soeloeh, palapahna lamoen geus rada baee, kitoe deui sajang bangboerig, koedoe dipitjeun.

Barangbangna noe geus garing koedoe dilaan sarta didoeroek, karana bangsa noe baroeroek djeung bararae teh, matak djadi tempat toenggeu djeung oelam.

Kadjaba ti dina tangkal kalapa, oelam teh sok aja dina tangkal kawoeng, lontar djeung niboeng, noe geus pae, koe sabab eta tangkal-tangkal noe geus pae, noe deukeut kana tangkal kalapa tea, koedoe didoeroek.

Lamoen barangbang tea aloem, nja eta doeméh aja bangboeng noe geus ngaroeksak waktue keur ngora keneh, eta tangkal kalapa sok pae sabab kahakan hoemboetna. Koe sabab eta leuwih hade sakabeh bangboeng diala djeung dipaehan di djero liangna.

Lamoen tangkal tea boeahan, moepoena hade disakalikeun djeung ngabérésihan tangkalna, nja eta saboelan sakali.

Noeroetkeun papahaman oerang Djawa, di lochoer tangkal kalapa tea sakapeung mah koedoe ditenmeunan oejah, nja eta soepaja bangboeng teu bisa ngahakan poetjoekna.

Beubeumanganana tina tangkal kalapa anoe dipélakna noeroetkeun ieu atoeran, sakoerang-koerangna 80 sirah tina satangkal dina sataoen djeung oemoerna bisa népi ka 80 taoen atawa leuwih; 7 taoen ti sanggeus dipélak, oerang bisa moengoet hasilna; lamoen deukeut ka lae, aja tangkal kalapa anoe boeahan sanggeus oemoer 5 taoen.

Anoe gède pisan hartana tina kalapa, nja eta copra; djadi tina hal njimpén, copra tea koedoe dipikir énja-énja.

Copra teh aja doea roepa: kahidji anoe eusina kalapa-kalapa tea dipoé; kadoea anoe digarang koe haseup. Anoe digarang tea hade oge asal bisa ngadjagana. Oepama eta copra henteu kotor djeung henteu kaléboean, hartana saroea mahalna djeung copra anoe dipoé. Saepama aja copra anoe digarang roepana bodas, lamoen didjoel, leuwih mahal batan copra anoe dipoé; koedoe neangan tégal anoe handap djoekoetna djeung anoe teu bisa kakéboelan atawa kalentakan.

Soepaja oerang meunang copra anoe aloes, mimitina koedoe milih kalapa anoe bēnēr kolotna, djadi dagingna kandél djeung teu daekeun peot; djeung deui copra noe kitoe beurat oge, dina sarobeh sirah djadi copra 3 pikoel atawa dina 250 sirah djadi copra 1 pikoel. Padagang anoe meuli copra rada baseuh, sok roegi dina sapikoel népi ka 20 kati; koe sabab eta, noe boga tangkal kalapa koedoe ingēt, jen lamoen copra garing bēnēr, hartana oepama f 10, coprana noe baseuh mah ngan f 8.

BABAGIANANA KALAPA.

KALAPA.	Itoeng pèrcent (%), hēnteu ngitoeng djeung tapas.				
	Batok.	Daging- na.	Copra.	Tjikala- pa.	Minjak.
	"	"	"	"	%
1. Kalapa hedjo noe kolot, meunang ngala harita.	21.2	40.5	18.9	38.3	12.4
2. Kalapa asak pisan.	20	41.7	21.7	38.3	13.4
3. Kalapa kolotna 3 boelan, mimiti boetoehan.	21.6	45.8	23.5	31.4	14.6
4. Kalapa kolotna 6 boelan, geus boetoehan.	20	46	19.5	34	12.4
5. Kalapa tatjan kolot, meunang ngala harita.	19.2	31.1	11.5	46.4	7.5
6. Kalapa kolot tina tangkalan eta keneh.	19.3	41.7	21	39	13.6
7. Kalapa asak pisan tina tangkalan eta keneh.	19.1	43.8	23.4	36.8	15.5
8. Kalapa hedjo noe asak.	21.8	42.8	20.4	35.3	13.3
9. Kalapa gading noe asak.	19.1	42.5	21.6	38.4	13.8
10. Kalapa basisir, ditjokot rata-ratana tina 1000 hoeloe.	21.1	42.1	22	37.8	14.4

23. ROEPA-ROEPA KANJAHU.

I. KOEPERASI.

a. PIHATOER.


Dina mangsa ajeuna, bangsa oerang, oerang Hindia, katjida tinggaleunana keneh tina hal economie. Dēmi anoe djadi sabab,

taja lian ngan tina di oerang koerang modal tea bae, nēpi ka kapaksa make modal bangsa asing. Katoeroeg-toeroeg deui ngatoerna pangoesahaan teh, bangsa oerang mah teu beres kawas pangatoeran pangoesahaan bangsa Eropa, nēpi ka dina rēboet hiroep mah, oerang Priboemi teh, djadi koelina djeung djadi toc-kang njewakeun tanahna bac. Djadi koe sabab kitoe, wadjib bangsa oerang bareunta, soepaja bisa mērdika dina hal economie. Oerang wadjib ihtiar sangkan kahiroepan bangsa oerang tambah hadena. Soepaja oerang oelah hiroep koe panjoekoep, gēde koe pamere bae, taja lian ngan oerang koedoe boga modal sorangan. Nja kitoe deui tina bab tatanen djeung karadjinan oerang Priboemi oge koedoe dipadjoekeun, oelah katinggaleun. Pangaboga oerang anoe geus aja, oelah dimonjah-monjah atawa di pake ka noe teu pogoelt, djeung oelah dianggoerkeun, disinsipēn, bae kawas kaloembrahanana ajeuna; eta pangaboga teh koedoe digolangkeun, soepaja aja hasilna. Pērgērakan economie koedoe ngaleungitkeun pērkarā² anoe teu adil tina hal ngabagina harta banda di Hindia noe geus aja ajeuna djeung ngaleungitkeun tindēsan noe ngagēntjet djēlēma noe malarat. Dēmi akalna pikeun njingkahan anoe geus ditoelis di loehoer bieu, taja lian ngan oerang koedoe ihtiar, nja eta koedoe ngadēgkeun koc-pēra si.

Naon hartina ari koepēra si teh?

Dēmi koepēra si teh nja eta hidji pagoejoeban anoe ēlid-ēlidna pada digawe babarēngan dina hal economie.

Meh sagala roepa anoe dibeuli djeung didjoeal koe oerang Priboemi teh, koedoe bae ngaliwat kana leungeun bangsa asing. Tina koe sabab kitoe, bangsa asing teh djadi kawas naekkeun djeung noeroenkeun harga barang². Djaba ti eta aja deui panjakit bangsa Priboemi teh, nja eta sok dolog kana hoetang. Koe sabab kitoe, kaom miskin tangtoe salilana aja dina kaka-wasaan bangsa lentah darat bac. Toekang ngindjeumkeun docit teh katjida njahočunana, jen bangsa oerang teh katjida orowodolna tina hal oeroesan docit. Pamarentah geus ngajakeun oendang² anoe oenina ngalarang djalma-djalma ngarentēnkeun leuwih tina mistina (woekerwet). Tapi ari bangsa oerang mah, oerang Priboemi, tara marake kana eta oendang² teh, sabab maranehna sarieuneun teu dibere ngindjeum deui di mana maranehna boetoch deui.



P. t. T. Ottolander jang soeka memadjoekan pertanian Boemipoetera, bekas lid Volksraad.

Djadi koe sabab kitoe, bangsa Priboemi teh estoe pěrloe ka-tjida koedoe daek digawe babarėngan, make djalan koepėrasi, sabab kapan sarerea oge pada ngarasa, jen maranehna teh kakokop koe dagangan (pėrniagaan) bangsa asing djeung lentah-lentah darat tea, anoe lolobana mah bangsa asing keneh bae. Di mana oerang geus boga koepėrasi, di dinja kakara oerang bisa ngelehkeun soedagar² leutik djeung ngarėboet kakawasanana lentah² darat tea.

Hal pėrsėkot anoe geus ilahar di mana², eta koedoe bisa karaboet katoet ka akar-akarna. Djalma² oelah ngarindjeum deui doeit ka lentah² darat; tah koe djalan kitoe, tangtoe djalma² teh bakal lalesot tina gėnggėman maranehanana.

Ari economie tea roepa² pisan woedjoedna teh, nja kitoe deui ėlid-ėlidna tea meunang digawe babarėngan dina roepa² hal, sapėrti dina makena hasil, dina meuli dagangan, ngindjeumkeun doeit, ngadjoeal hasil, njieun imah dj. s. t; djadi koe sabab kitoe, koepėrasi oge aja roepa² deui woedjoedna teh. Tapi sanadjan aja roepa² oge koepėrasi teh beunang dibagi doea bagian gėde, nja eta:

1. *Koepėrasi ngoempoeleun pangasilan; pondokna koepėrasi ngoempoeleun, djeung*

2. *koepėrasi make pangasilan pondokna koepėrasi make.*

Koepėrasi ngoempoeleun maksoedna babarėngan ngajakeun saroepa kahasilan, anoe tėroes didjoeal di pasar gėde; djadi ana kitoe, teu koedoe ka soedagar² leutik djeung ka soedagar² sėdėng deui. Koe djalan kitoe, kaentoengan noe sok ragrag ka soedagar² leutik djeung soedagar² sėdėng teh, tangtoe bakal katarima koe koepėrasi.

Koepėrasi make, maksoedna babarėngan meulian barang ti importeur (soedagar gėde anoe ngasoepkeun barang² dagangan ti nagara sedjen) atawa ka pabrikna sakali; djadi teu koedoe make djalan ka soedagar² sėdėng djeung soedagar² leutik deui. Koe sabab kitoe, kaentoengan noe biasana katjokot koe eta soedagar² teh bakal katampa koe koepėrasi deui bae.

Di antara eta doea roepa koepėrasi, lolobana teh nja eta „koepėrasi make”. Di Eropa koepėrasi make teh katjida madjoena; ari anoe pangpangna di tanah Inggris, nja eta tėmpat bibit koepėrasi, sabab nja di Inggris anoe pangheulana ngadėgkeun koepėrasi teh.

Eta doea roepa koepërasi teh ari mangpa'atna mah saroea bae, nja eta matak nambahan kakajaan djeung kasantosaanana ëlid², tina oendak pangasilanana atawa gampang njiar rëdjékina (kahiroepanana). Djadi koe djalan koepërasi, oerang bisa ngoempolkeun modal geusan kapërloean oerang sorangan atawa kapërloean oemoein.

Pikeun nambahan kaherdjaan nagara djeung ngoempolkeun modal teh, pikeun oerang Priboemi mah katjida përloena. Doeana eta pèrkara teh bisa katëkaman, jamoen make djalan koepërasi. Koe sabab eta, ieu di handap pèrkara koepërasi teh rek didadarkeun népi ka tetelana pisan.

b. KOEPÉRASI DJEUNG SARAT-SARATNA.

Di loehoer geus ditërangkeun, jen hartina koepërasi teh *digawe babarëngan*. Ti djaman baheula oge geus biasa bangsa Priboemi teh sok digawe babarëngan, diséboetna „ngarëmpoeg”, oepamana: dina ngadëgkeun jmah, ngagarap sawah dj. s. t.; ngan ari koepërasi mah ajana teh koedoe di tëmpat² anoe djalma-djalmana digarawena sewang-sewangan, dina njaliar kipajahna misah-misah; mareulina paparahotan, mareulina kapërloean saporoe papahare, tina hal ngadjoel hasil aing-aining dj. s. t. Djadi koepërasi teh maksoedna, digawe babarëngan pikeun *kapërloean sorangan*. Ëlid² koepërasi teh koedoe *sahate, silih përtjaja* djeung koedoe *rockoen* djeung batoer. Nja sipat² eta bibit koepërasi anoe teu gampang² katëpi koe djalma² teh.

Soepaja koepërasi salawasna tögoh, koedoe:

1. Djalma² anoe baris ngadëgkeun eta koepërasi teh koedoe nganjahoikeun heula kana lakoe-lampalna djalma² di tëmpat anoe baris diadëgan koepërasi tea.
2. Anoe dimaksoed koe koepërasi teh koedoe hidji bae, ambilih gampang laksanana, djeung ti mimiti gën ngadëg, oerang koedoe sadia doerit sing tjoekoeup pakeun sadiaan ongkos² eta koepërasi.
3. Ëlid² koepërasi koedoe digarawe babarëngan djeung koedoe ngarti bënër kana maksoedna eta koepërasi, nja eta piteun ngamadjoekeun kakajaan ëlid-ëlidna tea.
4. Anoe djadi lid koepërasi koedoe djalma harade, sabab moendoer-madjoena eta koepërasi, goemantoeng ka maranehna; sabisa-bisa anoe djaradi lid teh koedoe noe harisa matja

djeung noelis, soepaja oelah népi ka kataripoe; kapan geus loba koepérasina anoe balangkroet, tina loba noe djaradi élidna noe teu barisaeun matja-noelis.

5. Élid² koepérasina koedoe njaraho kana kawadjibanana djeung kamistianana sarta koedoe djeung prakna dilampahkeun reudjeung saénja-énjaua, sabab kasampoernaan koepérasina teh djadi tanggoengan maranehna; tina sakabeh élid-élidna koedoe narangoeng hoetang-pihoetang koepérasina.
6. Koedoe aja pangoeoes anoe pintér, anoe baris ngadjalankeun eta koepérasina; tapi sabeunang-beunang eta pangoeoes teh oelah anoe koedoe meunang bajaran ti pagoejoeban.
7. Oeroesan boekoe-boekoena koedoe sing térang, soepaja gampang bisi aja élid anoe barisa matja hajang mariksa.
8. Modalna koedoe tjoekoe, ambéh maksoedna eta koepérasina gampang laksanana; ari akalna koedoe ngadjoeal aandeel atawa doeit oeroenan.
9. Sagala hal koedoe didjalankeun kalawan moepakatna élid² sarta koedoe dipigawe babaréngan reudjeung maranehna; kitoe deui djalma-djalma koedoe njarahoéun kana oeroesan² djeung goenana eta koepérasina, soepaja maranehna nareundeun kapértjajaan; dina oendang-oendang (wet) hal koepérasina, di dinja ditérangkeun, jen statuten djeung saniskara gawe eta koepérasina teh koedoe kanjahoan koe djalma loba.

10. Di djero 2--3 taon mah, eta koepérasina teh koedoe ditoengtoen koe djalma anoe geus tabah kana hal eta.

Lamoen nilik kana hal² anoe di loehoer hieu, tetela ngadégkeun koepérasina teh katjida soesahna, matak hoream; katoeroeg-toeroeg deui sabagian géde bangsa Priboemi tatjan barisaeun matja noelis, djadi gampang katipoe, toer tatjan barisaeun kana hal oeroesan doeit dj. s. t. Djadi koe sabab kitoe pagawean anoe di li pangoengtoen koepérasina teh lain pagawean djore². Manehna koe loe noengtoen élid² anoe marasih bodo, soepaja daraekeun ngapén doeit, soepaja njarahoéun dina hal djoeal meuli, oelah sangkoech atawa teu pértjajaan, salawasna koedoe silih pértjaja dj. s. t.

Tapi sabisa-bisa bangsa oerang, oerang Priboemi, koedoe bisa hirup sabiloeloengan dina djalan koepérasina, nadjan geus tetela oge kabangganana, oerang oelah wéleh ihtiar, sangkan bisa hasil maksoed, laksana sapanédja, nadjan népi ka koemaha oge koedoe dibelaan, sabab koepérasina teh géde mangpa'atna ka djal-

ma loba. Di tempat² anoe ngadégkeun koepërasi, djalma-djalma-
na beuki lila teh tambah rejek bae, nja kitoe deui kasénangana-
na tambah madjoe bae. Djalma² pada daraek digawe babarèngan
kalawan roekoenna, malah ari dina hal tatanen mah karèm-
poegan teh dipake babakoe pisan, nja kitoe deui dina hal ka-
radjinar djeung djoeal-meuli. Djadi ajana koepërasi teh lain bae
kana hal² anoe geus diséboetan bieu mangpa'atna teh, tapi
noengtoen oge djalma² kana djalan hiroep koemboeh, soepaja
samioek sapatot, sareundeuk saigél, kalawan roentoetna.

Koe djalan koepërasi, Hindia bisa ngajakeun modal sorangan
geusan ngamadjoekeun pangasilan Hindia, saperti barang tam-
bang dj. s. t. Djadi lamoen kitoe, tangtoe bilanganana doeit
anoe ka loear ti Hindia ka nagara asing bakal ngoerangan.

c. KOEPÉRASI MAKE.

Sagala pèrkara koedoe beres entep-senreuhna, soepaja beres
djadina, nja kitoe deui tina hal kapérloean; samemeh oerang
ngoeroeskeun pikeun kapérloean noe lian, koedoe ngoeroes ka-
pérloean sorangan heula. Oerang teh kapan koedoe dahar, koe-
doe nginoem djeung koedoe make; koe sabab kitoe oerang teh
koedoe daek digawe pikeun njomponan kawadajiban oerang so-
rangan. Soepaja bisa langgèng énggoning oerang digawe, oerang
teh koedoe ihtiar sangkan badan oerang salawasna waras. Djadi
nomèr hidjina mah oerang teh koedoe ugoeroes kawarasan badan
sorangan heula. Doeit ladang kesang oerang sorangan, eta oelah
dimonjah-monjah, oerang koedoe bisa ngeureut mitjeunna, tjin-
dèkna koedoe gèmi, rikrik kana rédjeki. Oerang teh kapan koe-
doe ngoeroes sandang pangan, nja kitoe deui oeroesan imah
tangga oelah népi ka kalalotor; djeung deui oerang koedoe ihtiar,
sangkan lajeut djeung batoer saimah.

Oerang koedoe boga kadaharan anoe barérésih, nja eta sang-
kan oelah népi ka katèrap panjakit. Tah eta kadaharan teh
lain ngan koedoe bérésih bae, tapi lobana oge koedoe njoem-
ponan kana kapérloean badan oerang. Tapi énggoning kitoe teh
koedoe ingét, sabaraha lobana doeit oerang anoe koedoe dika-
loearkeun, pikeun kana eta kapérloean.

Lamoen oerang rek meuli barang pikeun kapérloean oerang,
eta koedoe ati² pisan, sabab djaman ajeuna mah loba pisan anoe
sok ngadjaroeal barang² palsoe; katoeroeg-toeroeg deui, djdja-

KARETA MĒSIN MERK RALEIGH

Wédalan Pabrik anoe **pangsaena** sarĕng
pangĕgeungna di sakoeliah doenja.

Pangsae-saena, pang-
hampang-hampangna,
pangkiat-kiatna sa-
rĕng panggantjang-
gan-
tjangna.



*Hoofdagent² pikeun
tanah Hindia.....*

N. V. S. C. OLTREMARINA

BATAWI — PRINSENSTRAAT 2.

LAMOEN HOJONG BEUNGHAR KĒDAH. . . NJENGTJELENGAN.

Hartosna njengtjelengan teh, nja eta oerang misahkeun artos saeutik dina saban-saban numpa pangasilan, ladjeng diampihan, soepados larui-larui aja goendoekna, tjekap keur ngagaleuh koeda boh sapi, serang atanapi boemi; atanapi dongkap ka kagoengan artos pibékéleun sépoe, dimana parantos teu bédas makaja, oelah dongkap ka hiroep goemantoeng ka batoer. Aja oge anoe ngahadja njengtjelengan, maksadna ngarah di ahir iasa ngongkosan sakola para poetrana. Pendekna ari maksadna mah njengtjelengan teh roepi-roepi pisan.

Koe sadaja oge tangtos kamanah, jeu përkawis njengtjelengan teh përlöe kabina-bina. Ngan nja eta atoeh, koe hese beleke. Meureun seueur noe parantos ngalakonan koe andjeun: kagoengan artos kenging ngahadja pëpërhénian, kenging mërëkët-mërëkëtkeun andjeun, hojong ngagaleuh këbon, bët ari parantos seueur gëbro dianggo kana përkawis sanes; malah aja oge anoe diindjeumkeun ka sobat atanapi ka baraja anoe keur kasoésahan, lapoer teu dibajar.

Tah sakitoe hesena njengtjelengan di boemi teh, sok aja-aja bae, seueur halanganana sarëng pohara deui hesena; eta margina, noe mawi ajeuna loba atoeran-atoeran noe ngahadja dipidamël, diadëgkeun, maksadna pikeun noeloeng noe harojong njengtjelengankeun nanging teu iasa njengtjelengan koe andjeun.

Doepi adëgan bangsa kitoe anoe kalëbët kana golongan pangägëngna, nja eta hidji maskape di Bandoeng, namina: **De Eerste Nederlandsch-Indische Spaarkas en Hypotheekbank.**

Tah, tina përkawis ieu bank, ajeuna koe sim koering bade ditjarioskeun di dieu: koemaha kaajaanana sarëng koemaha pëtana digawena. Raos sim koering, oepami parantos taringali mah kana atoerana, asa sageuj hënteu kërsa njengtjelengan ka ieu kantor bank.

LAMOEN HOJONG BEUNGHAR KĒDAH ... NJENGTJELENGAN.

Eta kantor bank, mashaorna mah sok disarĕboet **Denis-Hypotheekbank**, modalna ajeuna parantos f 500.000, hĕnteu ngetang sarĕng artos tjadang, anoe seueur kabina². Kantor **Denis** ajana di Bragaweg 14, tĕkoengan ka Naripanweg (Bandoeng); ari Bestuurna: Toean **A.J. Jellema**, Secretaris Gouvernements-bedrijven, Toean **T. Ottolander**, tilas Lid **Volksraad** sarĕng sanes-sanesna deui, sadajana bangsa djalma malashoer bae. Tadina mah Kangdjĕng Dalĕm Bandoeng oge, **R. T. Wiranata Koesoemah**, Lid **Volksraad**, djadi Bestuur: namoeng hĕnteu atjan lami andjennna moendoet liren. Doepi anoe djadi Directeur, nja eta anoe njĕpĕng eta kantor bank. toean **W. H. Hoogland**.

Tah, ajeuna parantos aroeninga bal **Denis-Hypotheekbank**, ieu ngaran teh pondokna ngaranna eta bank tea. Ajeuna bade diladjĕngkeun, njarioskeun pĕtana njengtjelengan ka bank **Denis**.

Oerang oepamikeun, andjeun sadaja parantos sapatĕndak sarĕng sim koering, jen njengtjelengan pribadi mah arang langka bisa tĕroes; ari parantos aja goendoekna teh sok aja-aja bae, diarindjeum tea koe sobat atanapi koemaha bae. Salian ti eta aja keneh balaina, nja eta sok aja noe seep kahoeroean atanapi dipaling.

Koemaha pĕtana njengtjelengan ka Denis?

Denis-Hypotheekbank oenggal² tahoen ngoempoelkeun pi-rang² djĕlĕma, teu pilih menak teu pilih bangsa, saha bae anoe **hojong** njengtjelengan ditampi kalajan kabingahan. Anoe didamĕl patokan saorang njengtjelengankeun f 500.— di lĕbĕt 10 atanapi 15 tahoen. Oepami anoe lĕbĕt 10 tahoen, sasasih kĕdah njengtjelengan f 4.17; oepami 15 tahoen, sasasihna ngalĕbĕtan f 2.78 ka **Denis**.

Priboemi soepaja garĕmi. Nanging naon paedahna, oepami istri³

LAMOEN HOJONG BEUNGHAR KĒDAH . . . NJENGTJELENGAN.

.Kenging oge njandak tjengtjelengan langkoeng agéng ti sakitoe, oepamina hojong kagoengan tjengtjelengan f 1500.— di lèbèt 10 taoen, sasasih kĕdah $3 \times f 4.17 = f 12.51$. Oepami hojong di lèbèt 15 taoen, sasasihna ngalĕbĕtan $3 \times f 2.78 = f 8.34$.

Eta artos anoe sakitoe, anoe katampi ti ratoes² djëlĕma tea, dikoempoelkeun didanĕl hidji modal, djadi modal agéng. Koe **Denis** digolangkeun kana ngahypothĕek imah. Tina eta hypothĕek kenging rentĕn; eta rentĕn ĕngkena dibagikeun ka soegri anoe karagoengan tjengtjelengan di **Denis**.

Djadi **Denis** teh sasat koepĕrasi, sabab ari modal alit mah moal tiasa digolangkeun rentĕn pĕr rentĕn, nja modal (tjengtjelengan) anoe aralit teh dihidjikeun didanĕl modal agéng.

Ēngke, dimana parantos njengtjelengan 10 atanapi 15 taoen, koe maskapĕ (**Denis**) eta modal dibagikeun ka sakoer anoe njarengtjelengan sakitoe lamina tea, tapi ka soegri noe hariroep keneh bae. Sadaja kenging sabagian-sabagian sewang; atanapi oepami njengtjelenganana ngalĕbĕtan doea-tiloe patokan, kengingna oge doea-tiloe bagian.

Modal anoe baris dibagikeun ka anoe njarengtjelengan tea, langkoeng agéng manan djoemblahna artos anoe dilĕbĕtkeun koe sadaja anoe bade narampi tjengtjelenganana, kawoewoeh djalmana anoe baris narampi tjengtjelenganana oge langkoeng saantik deui manan basa mimiti njarengtjelengan, margi sok aja bae anoe teu ladjĕng njengtjelenganana atanapi noe hilang salĕbĕt 10 atanapi 15 taoen tea. (Hal maot dina samemehna dongkap kana waktosna tjengtjelengan dibagikeun, bade ditjaroskeun deui di handap).

Doepi modal anoe dibagikeun satoetoeptua njengtjelengan tea (saparantos 10 atanapi 15 taoen), asalna tina:

1e artos anoe dilalĕbĕtkeun tea;

teu aroeningaun kana adjina docit, da eta noe ngoeroes

LAMOEN HOJONG BEUNGHAR KĒDAH... NJENGTJELENGAN.

2c rentĕnna sadjoemblahna artos tea (**Denis** mananggĕl, pangalitna oge moal kirang tina 5⁰/₁₀);

3e artos anoe aja-di kas. asalna tina artos tjengtjelengan anoe didjoeal ka **Denis**, artos tjengtjelengan lantaran noe njengtjelenganana maot atanapi djalaran njengtjelenganana hĕnteu tĕroes. (Hal ieu baris ditjarioskeun deui).

Doepi agĕngna artos anoe baris katampi hĕnteu tiasa ditangtoskeun, ngan tiasa disĕbatkeun rata-ratana bae: oepami andjeun njengtjelengan njandak sapatokan f 500.—, dilĕbĕt 10 taheen (**Serie A**) nampi artos f 800.—; oepami di lĕbĕt 15 taheen (**Serie B**) f 1000.—. Nanging tiasa djadi oge langkoeng ti sakitoe.

Toeh, soemangga maranah, kapan sakitoe ngoentoengkeunana ka oerang pĕrkawis njengtjelengan teh.

Margina disĕbat oentoeng teh, geura bae mangga maranahan: oepami oerang hojong njengtjelengan njandak 5 patokan = f 2500.— di lĕbĕt 15 taheen, dina sasasih njengtjelengan 5 × f 2.78 = f 13.90. Sabaraha ĕngke nja nampi: Sanes f 2500.—, nanging f 5000.—.

Djadi tjengtjelengan oerang lipĕt doe!

Di antero anoe maraos katĕrangan-katĕrangan anoe di loehoer meureun loba oge anoe karagoengan manah kieu: „poegoeh ari sigana mah njengtjelengan ka **Denis** teh oentoeng, baris nampa doeit tjengtjelengan lipĕt doe, tapi ĕnja-ĕnjana roegi, sabab dimana paeli, tjengtjelengan oerang kapimilik koe batoer-njengtjelengan.” (sanes kapimilik koe bank).

Jaktos, jaktos pisan kitoe, pikeun anoe palaj ninggalan ka poetra-garwa mah, jaktos tiasa kadjadian roegĕl, nanging **Denis** ngadamĕl deui atoeran, soepados oelah matak roegĕl, nja eta: artos tjengtjelengan anoe saban sasil dilĕbĕtkeun tea diwoewoehan saeutik keur tatali asoeransi-djiwa, soepados dimana poepoes, eta tjengtjelengan kenging ditjandak, djadi hĕnteu lapoer. Doepi atoeranana moelangkeunana artos tjengtjelengan noemoetkeun:

Atoeran II: sadjoemblahna artos anoe parantos dilĕbĕtkeun diwoewoehan 4⁰/₁₀ rentĕn pĕr rentĕn;

Atoeran III: sadjoemblahna artos anoe parantos dilĕbĕtkeun diwoewoehan 4⁰/₁₀ rentĕn pĕr rentĕn, nanging oepami njeng-

LAMOEN HOJONG BEUNGHAR KÉDAH . . . NJÉNGTJELENGAN.

Sabaraha rek digaleuhna eta tjengjtjelingen teh, atanapi sabaraha nja kenging namboet?

Aroe njarandak atoeran II saréng III, iasa ngadjoeal tjengjtjelingenana atanapi njandak sambétan ti bank, sami saréng djoemblahna tjengjtjelingen anoe parantos lébét (sanés primiboroh), dipotong koe ongkos-ngoeroes eta maskape saréng 5% keur kaoentoengan anoe-njarengjtjelingen noe sanés.

Ari bank naou oentoengna ti anoe njarengjtjelingen?

Doepi bank ngabhantoenna kaoentoengan moeng ongkos ngoeroes bae, tina hidji tjengjtjelingen anoe f 500.— ongkos **Serie A f 40.— Serie B f 45.—** Eta ongkos sakitoe teh pikeun salamina njengjtjelingen, djadi hēnteu nintjak 1 percent- 1 percent atjan dina sataboen. Doepi ngabhantoenna eta ongkos, ti heula, tina tjengjtjelingen anoe dilébét-lébétkeun mimiti.

Naha moal ngaran koering ditjoret tina boekoe, teu kalawan dibedjuan koe bank?

Teu aja anoe dikaloearkeun samemehna diwartosan koe sérat aangeteekend.

Sabaraha kédahna njengjtjelingen?

Ieu pamariksa hese didjawabna; ari margina oenggal djalma kédah térang pribadi sabaraha kiatna njengjtjelingenkeun. Moeng poma² pisan, oelah ngarawoe koe sikoe, hartosna oelah njandak tjengjtjelingen agéng, oepami kintēn² hēnteu tangtos baris iasa ngalébetan oenggal sasih primina.

Koemaha ditagihua eta primi teh?

Doepi nagihna mah gampang, oenggal ping hidji ditagih koe postkwitantie. Ongkos nagihna f 0.15 oenggal kwitantie anoe eusina f 25.— atanapi kirang ti sakitoe.

Anoe njengjtjelingen kenging oge ngintoenkeun tjengjtjelingenana koe andjeun dina oenggal sasih. Oepami dikintoenkeun koe andjeun, moal aja ongkos incasso.

ngampiban modal keur tatalang raga, da ari ngampihan

**BILJET-PAMENTA NGASOEPAN TJENGTJELE-
NGAN KA DENIS-HYPOTHEEKBANK.
di Bandoeng.**

Noe nanda di handap ieu ¹⁾

pagawean matoeh di

(adres sing térang)

Kantor-pos

hajang ngasoepan tjengtjelengan (sahidjina) f 500.—

kana Serie A lilana 10 taheun
Serie B lilana 15 taheun, ngamimitian njengtjelengan tang-

gal hidji 192

Ieu tjengtjelengan (inschrijving) ditaroehan koe oemoer ¹⁾

didjoeroekeun di tanggal

djadi oemoer atawa kira² oemoer taheun, anoe mangke
dina waktoena ngabagikeun tjengtjelengan koedoe masih hiroep.

Eta doeit koedoe dibikeun ka saha?

Naha kahajang andjeun eta tjengtjelengan teh koedoe kapa-
srahkeun ka noe barisna), oepama kadjadian andjeun hilang di-
na samemehna nepi kana waktoena tjengtjelengan dibagikeun?
Noeroetkeun atoeran II atawa III? (mana noe teu dipikaho-
jong kédah ditjoret).

Ka saha eta doeit teh koedoe dipasrahkeun?

Pikeun zegel dina mimiti f ?.— ongkos loear biasa.

Anoe nanda di handap ieu ngakoe, jen geus ngeusian ieu
biljet kalawan sabéhér-béhérna sarta baris noeroetkeun atoeran-
atoeran ieu spaarkas.

¹⁾ Ngaran, ngaran boedak (kédah diserat sadajana sing térang).

..... tanggal 19

roalna teh sok katjida mahalna. Poma sing arati-ati, oelah nēpi ka kabobodo koe toekang dagang, sabab barang² anoe palsoe teh lain ngan ngaroegikeun bae ka oerangna teh, tapi matak ngaroeksak oge kana kawarasan badan. Naon sababna atoeuh noe matak sok loba djëlēma anoe njarieun barang palsoe teh?

Ari sababna taja lian kadjaba ti maranehna harajangeun meunang bati gēde. Katoeroeg-toeroeg kahajangna noe ngadjoeal djeung noe meuli teh, estoe sabalikna pisan; anoe dagang, hajang ngadjoeal mahal, anoe meuli hajang meunang moerah.

Dahar koedoe tjoekoep; maksoedna soepaja oelah matak soeda tanaga, djadi salawasna oerang teh bisa digawe sabiasa. Saha² anoe njēngkek dahar, tangtoe tanagana oge njoedaan, djadi koè sabab kitoe tangtoe moal bisa digawe sabiasa djeung sok gampang katērap koe roepa² panjakit. Geus mangrewoe² djalma anoe paraeh, lantaran kadaharan anoe didaharna teu njoemponan reana kana kapërloeian badanna; nja toeloelj sok katērap koe roepa² panjakit, babakoena mah koe panjakit njēri dada, tēroes paeh. Tah djadina (tērapna) eta panjakit teh, taja lian ngan tina saeutik teuing barang dahar djeung kaodohan imah tangga. Djalma anoe koerang barang dahar teh lain ngan matak gampang kaeunteupan roepa² panjakit djeung ngadeukeutkeun kana margining pati bae, tapi anak intjoena oge moal salēgēr kawas baroedak sedjen, lamoen pēpēlakan mah kēri. Djadi koe sabab kitoe, oerang teh koedoe rikrik kana rēdjēki, gēmi kana doeit, oelah ngamonjah-monjah pangaboga, soepaja oelah nēpi ka ngaganggoe kana kawarasan badan.

Ajeuna ieu harga kadaharan teh katjida mahalna, barang kahiroepan oerang teu sakoemaha tambahna. Arandjeun poma oelah kagoda koe barang-barang araloes anoe didasarkeun di toko², sabab eta teh biasana sok marahal. Tjindēkna oerang teh oelah barang beuli anoe teu poegoeh, anoe koedoe dibeuli teh sakoer anoe pērloe bae. Arandjeun koedoe ariatna pisan, oelah nēpi ka kabobodo koe toekang² dagang, sabab lamoen oerang kabobodo, maranehna anoe aroentoerg; ari oerang anoe digawe nēpi ka loeot-leet kesang, tinggal boentoeng (ngalamot tjoeroek). Doeit ladang kesang oerang, koedoe dibeulikeun kana kapërloeian hi-roep djeung kawarasan badan oerang satjoekoepna, tapi oelah da-ek djadi tjoetjooan toekang dagang. Djadi koe sabab kitoe, sabisa bisa oerang koedoe ihtiar geusan njingkahau hal eta. Dēmi ih-

tiarna, taja lian kadjaba ti ngan oerang koedoe ngadégkeun **koepéras**.

Oerang pěrloe boga koepéras pikeun kapěrloean sapopoé; nja eta noe dingaranan *koepéras make*. Pikeun di oerang, di Hindia, koepéras ti katjida pisan pěrloena, sabab eta teh hidji djalan pikeun ngahadean kahiroépan sakabeh djalma.

Ari noe mimiti ngadégkeun koepéras nja eta toekang² ninoen, di tanah Inggris, kira² dina taoen 1800. Ari anoe djadi lantaran ngadégna eta pagoejoeban teh, babakoena tina sok saeutik teuing boeroehanana, katoeroeg-toeroeg sok dipatjikeuh koe soedagar² tipoeng, doemeh sok dibere tipoeng palseo (goreng). Barang mimiti diudégkeun eta pagoejoeban, modalna teh ngan f 350.—demi maksoedna, nja eta rek ngadjoeal barang² dahareun djeung pakeun.

Eta pagoejoeban ajeuna geus djadi hidji pagoejoeban anoe gède, djeung kamashoer satanah Inggris, ngaranna eta pagoejoeban „*Equitable Pioneers*.”

Ari lantaranana anoe matak eta pagoejoeban djadi sakitoe madjoena, nja eta tina élid-élidna *njarah* bènér kana kawa-djibannana.

Tina bangsa Priboemi, dina hal djoeal-meulina masih keneh goemantoeng ka bangsa asing, djadi katjida pěrloena di oerang, di Hindia, dipélakan bibit koepéras ngadjoeal, noe maksoedna baris meulian barang² ti soedagar gède, teu karana ngaliwat soedagar leutik, anoe biasana sok malsoe barang² tea. Lampun oerang loba meulina, hargana oge tangtoe leuwih moerah baé di toko² tea.

Kapěrloean bangsa oerang teh tatjan sabaraha lobana, katoeroeg-toeroeg deui sakali-kalina meuli teh tara sakoema reapa. Djadi tina kitoena koepéras teh oelah oedjoeg² gède bae, tapi leuleutikan bae heula, asal barang-barangna kabeh bangsa pěrloe bae. Barang² anoe koerang pěrloena djeung anoe gélua loba di toko² ontong dibéuli, sabab eta barang² teh beunang, diséboet sama sakali taja goenana pikeun koepéras mah. Ka toeroeg-toeroeg deui, maksoedna koepéras teh kapan pikeun noe loengan élid-élidna, nja eta mangmeulikeun barang² pikeun kapěrloean hiroepna.

Eta koepéras bisa djadi dimoesoeli koe toko². Noe baroga toé tangtoe nareangan akal sangkan koepéras oerang teh bangkrut, saperti, maranehna teh noeroenkeun harga barang, mere ngan-

djök dj. s. t. Lamoen kadjadian kitoe, ëlid² oelah nëpi ka kagoda koe akalna anoe baroga toko² tea; tapi koedoe ingët kana kawadjiban sorangan.

Panoengtoen² djeung pangoeroes² koedoe arati-ati, soepaja oelah nëpi ka kataripoe koe noe baroga toko tea. Salawasna koedoe iatna, soepaja barang² anoe dibeuli tea kabeh barang hade djeung koedoe bisa noengtoen ëlid anoe sedjen. Djadi koe sabab kitoe, anoe djadi pangoeroes koepërasih teh, koedoe djalma anoe beunang dipërtjaja, panggër hate, këntjeng karëpna djeung pin-tër, toer daek ka loear kesang, tégësna daek digawe.

Geus loba pisan pagoejoeban² di Hindia anoe balangkroet, lantaran anoe djadi pangoeroes koerang sampoerna ngoeroesna. Pikeun anoe djadi pangoeroes beunang oge ngangkat oerang loearan, tégësna lain lid, asal anoe sakira njoemponan kana sipat² anoe geus ditataan di loehoer tadi. Kawadjiban ëlid² oge koedoe gëde deuih. Sapërkara maranehna koedoe ngajakeun doeit pikeun modal eta koepërasih, doea maranehna koedoe *saratia* kana koepërasina, sanadjan dina taoen² mimitina teu ngadatangkeun hasil ka maranehna oge. *Maranehna koedoe daraek mëtakeun pangabisana pikeun kapërloean sarerea.*

Ëlid² *bararang beulina* koedoe di toko koepërasih bae sarta koedoe *kontan*, sabab lamoen teu kitoe, ti mana koepërasih teh meunangna deui doeit pikeun mouli deui barang², lamoen barang-barangna tea geus beak. Eta barang² teh teu beunang diandjoekkeun, sabab lamoen kitoe, bisa djadi ëlid² teh njarokotna bara² liwat tina kapërloeanana, djadi ëngke dina tempona maha: hënteu kabajar kabeh, da gëde teuing tjokotanana. Djadi koe sabab kitoe, maranehna teh koedoe ngabiasakeun maneh mareuti kontan.

Tina kaentoengan koepërasih bakal djadi milikna ëlid², barang² koepërasih teh koedoe didjoeal noeroetkeun harga toko; djeung deui lamoen koe oerang didjoeal mocräh, matak moesoehan djeung toko² sedjen, pamoerah² ngaljoelna barang² sarta laoen² mah tangtloe koepërasih teh potol. Malah bisa djadi djalma² teh mareulina liwat tina mistina, nja eta pikeun djoealeun deui kalawan harga mahal, padahal ari anoe dipimaksoed koe koepërasih mah lain kitoe.

Beuki loba anoe djadi ëlid, tambah hade kana koepërasina, sabab bakal tambah loba koepërasih meulina barang². Di mana meulina barang tambah lobana, hargana oge tangtloe tambah moe-

rahna. Tapi oelah poho, anoe djadi lid teh koedoe djalma harade, sabab lamoen djalma anoe teu satia mah matak ngaroeksak kana pagoejoeban, djadi matak djadi lantaran koepërasi euweuh noe mærtjaja deui.

Lamoen koepërasi ngadjoeal barangna saroea djeung harga pasar, bisa djadi koepërasi teh bakal oentoeng. Kaoentoengana tea koedoe ditjaboet beula: mimiti kana rentèn doeit noe dipake modal anoe digolangkeun, toeloj keur modal teundeun, tidinja keur primi anoe djadi pangeroes djeung pagawe² dj. s.t. sesana kakara dibagikeun ka ëlid². Dëmi ngabagikeunana soepaja adil, koedoe dibandingkeun kana lobana balandja saorang-oerangna ka toko koepërasina, sabab ëlid anoe leuwih loba balandjana, leuwih gède toetoeoengna geusan kamadjoean koepërasina.

Tina goenana gède katjida koepërasi teh pikeun ngamadjoeun kahiroepan djëlëma, koedoena mah sagala djalma meunang djadi ëlid. Djadi koe sabab kitoe oerang oelah mandang djalma miskin atawa heunghar, koelit hideung atawa bodas, patani atawa menak dj. s.t, tapi koedoe disaroeakeun bae. Tina koe sabab di oerang, di Hindia, masih loba keneh anoe marake kana ngabedakeun harkat, pangkat djeung martabat, koe sabab kitoe, tangtöe pagoejoebanana oge moal bisa madjoe, tina kagamahan koe eta hama; dëmi anoe djadi loeloegoena, nja eta sok ngabedakeun martabat, pangkat djeung kabeungharan.

Hadena mah di Hindia teh, di tempat² anoe sakira rada ramo, koedoe diajaan koepërasi, ëlid-ëlidna koedoe anoe boga pangasilan noe anggër, boh bangsa oerang boh bangsa sedjen, sabab maranehna anoe përlöe katjida baroga koepërasi pikeun kapërloean gipopoëna. Lamoen eta pagoejoeban teh geus kawangwang pima-djoeun, oerang koedoe menta „rechtspersoon”. Lamoen geus kitoe hade pisan oerang menta djadi lid „koepërasi make” di Eropa, sapërtina djadi lid „koepërasi make” di Nederland, ibaratna koepërasi „Eigen Hulp”. Hal ieu katjida përlöena, sabab koe pitoeloeng eta koepërasi oerang djadi gampang ngadatangkeun barang² ti ditoe, tina oerang geus djadi ëlidna djeung dina sakalina pësën teh loba, tangtöe hargana tea bakal leuwih moerah. Ti dieu oerang meunang menta prijscourant, oepamana dina 6 boelan sakali. Ari maksoedna soepaja ëlid² di dieu njaraho hargana barang² anoe rek dibeuli tea. Koepërasi meunang meuli barang² kaloearan dieu, ti desa², oelah meuli ti toekang badjong

atawa soedagar leulcutikan. Pikeun meuli barang² anoe dipikahajang koe koepërasi tea, oerang meunang menta toeloeng ka afdeelingsbank atawa prijaji² B. B.

d. KOEPËRASI-NGOEMPOELKEUN.

Maksoedna ieu koepërasi, baris ngamadjoekeun hasil atawa karadjinan oerang Priboemi, boh koe djalan babarëngan meuli bakalna atawa babarëngan migawe eta bakal tea didjieun barang² atawa babarëngan ngadjoeal hasil kaloearan eta pagoejoeban.

Koepërasi anoe saroe pa kieu, ti djaman baheula keneh oge geus aja, ngan dipakena kitoe bae. saperti: marak atawa moepoeh, moro dj. s. t., hënten dipake kana ngoeroes kahiroepan, lantaran harita teu katarik koe kapërloean. Tapi djaman ajeuna, loba pisan patoekangan² anoe baroentoe lakoe, loba koeli² anoe kahiroepanana estoe dikeupeul koe noe baleunghar noe taja timbangan ka noe teu baroga. Koe sabab kitoe, estoe wadjib pisan bangsa kaom boeroeh hiroep sabiloeloengan ngadjadi hidji, disimpaj koe rante koepërasi, geusan ngalawan panggëntjetna djeung panindësna kaom doeit tea. Koepërasina tea koedoe diatoer djeung dioeroes hade². Pikeun modalna oerang meunang ngindjeum, tapi batina bakal katampa koe oerang. Lamoen ëlid² tea digarawe di kaom doeit, tangtoe batina tea miloe asoep kana pesak kaom doeit deui bae.

Ieu koepërasi beunang dibagi doea bagian:

1. *koepërasi tatanen djeung*
2. *koepërasi karadjinan.*

e. KOEPËRASI TATANEN.

Ieu koepërasi diadëgkeunana koedoe koe patanen, oepamana meuli kapërloean tatanen satjoekeopna, saperti: meuli binih, wocloekoe, patjoel, mësín² atawa moending; dina digawena di pabrik — lamoen boga pabrik — koedoe babarëngan, nja kitoe deui dina ngadjoeal hasilna. koedoe nëpi ka ëlid-ëlidna tea mareunang kaoentoengan gëde. Lamoen geus kitoe koepërasi meunang njeun kontrak ka soedagar² galëde, soepaja oelah nëpi ka soesah deui ngadjoealna hasil tea.

Aja deui koepërasi anoe sakaroepa djeung koepërasi ngoempoekeun, nja eta *koepërasi meuli bakal*. Ieu koepërasi katjida

përloena pikeun patanen, sabab biasana~djoeroe tani bangsa oerang mah tanahna teh tara sakoemaha lëgana; katoeroeg-toeroeg deui, ongkos pikeun ngagarap tanahna oge tara sabaraha, malah kalolobaanana mah tara pitjoekoepeun² atjan. Koe sabab eta, maranehna teh barang beulina oge tangtöe moal rea², tina kitoena djadi gampang katipoena koe toekang² dagang atawa soedagar² tanggceng, sabab bisa djadi eta toekang² dagang atawa soedagar² teh naekkeun harga barang² kapërloean djoeroe tani atawa malsöe barang² tea. Djadi leuwih hade djoeroe² tani baroga koepërasi sorangan.

Eta koepërasi, beunang disëboetkeun saröca djeung koepërasi kapërloean sapopoë tea maksoedna teh, nja eta barang beuli sakalian (loba), hënteu djalan ka soedagar² tanggoeng tea. Pikeun meulina eta kapërloean tea, koepërasi meunang menta toeloeng ka afdeelingsbank atawa ka prijaji B. B., landbouwleeraar djeung ka dokter hewan.

Kokolotna eta koepërasi, wadjib luga soerat kakawasaan ti ëlid-ëlidna pikeun meuli barang² kapërloean tea; maksoedna lamoen di ahir aja karögian, dibeuratkeun djadi tanggoengan ëlid-ëlidna. Tina maksoedna ieu koepërasi woengkoel pikeun meuli kapërloean babarëngan, djadi teu përloe menta „rechts-persoon”.

f. KOEPÉRASI NGADJOEAL HASIL.

Djoeroe² tani lain ngan koedoe babarëngan dina hal meuli kapërloean tatanenna bae, tapi aja deui anoe katjida përloena, nja eta dina ngadjoel hasilna oge koedoe saoejoenan. Nëpi ka kiwari kalolobaanana bangsa asing anoe madjoe dina hal djoeal-meulina di oerang teh, nëpi ka maranehanana kawasa moeroenkeun harga barang² kaloearan oerang, anoe dibareuli ti bangsa Priboemi djeung naekkeun harga barang² maranehanana.

„Koepërasi-ngadjoel” rada bangga oge dilampahkeunana, tina sok loba² anoe djadi halanganana; koe sabab eta ëlid² koedoe ngarti ënja kana hadena digawe babarëngan djeung hiroep saoejoenan. Maranehanana koedoe saratia kana koepërasi, koedoe daek tese tjape pikeun kapërloean koepërasi, koedoe daek ngaloeurkeun docit keur ongkos² koepërasi dj. s. t. Dina rek ngadögkeun koepërasi teh koedoe dipikir heula sing asak goenana; tina ëngkena. ëlid² koepërasi teh koedoe marawaan

hasil² paesahaanana ka tĕmpatna eta koepĕrasi, djadi bisa djadi oge koedoe ngaloearkeun ongkos gĕdc djeung loba waktos noe kapitjeun.

Soedagar² tanggoeng djeung toekang² borong biasana naripoe koe djalan naekkeun harga djeung mere pĕrsĕkot dj. s. t., anoe dipambrih taja deui ngan soepaja ĕlid oelah saratia kana koepĕrasina. Hal ieu oerang koedoe ati² pisan, oelah nĕpi ka katipoe koe maranehna.

Soepaja bisa ngadjoeal mahal, koepĕrasi koedoe ngajakeun hasil anoe sakira dipisoeka koe djĕlĕma loba. Tina kitoena, sakoerang-koerangna anoe djadi panoengtoen atawa pangoeroes koepĕrasi teh, koedoe djalma anoe njaho kana hal djoeal-meuli.

Noĕ djaradi ĕlid koedoe aringĕt kana paribasa Walanda anoe kieu pokpokanana: „*niet 't vele is goed, maar 't goede is veel.*” Ari pisoendaeunana kira² kieu: „*lain anoe loba noe hade teh, tapi noe hade eta saroca djeung loba.*”

Maksoedna eta paribasa teh kieu; ĕlid² oelah maksakeun maneh ngadjoeal hasilna loba², tapi sabisa-bisa anoe didjoeal ka koepĕrasina teh koedoe noe haradana bae. Oepamana koepĕrasi ngadjoeal kalapa; ĕlid² moepoena kalapa teh salawasna koedoe anoe geus kolot bac, kĕbonna koedoe dipiara hade², soepaja pangasilanana oelah nĕpi ka moendoer. Lamoen hajang majoekeun reudjeung mahalna, kalapa anoe ngarora keneh oelah diala, sabab lamoen kitoe, tangtue boeahna tea beuki ngoerangan, komo lamoen kĕbonna tara dioeroes mah.

Sadjabana ti eta koepĕrasi koedoe boga goedang pikeun panjimpĕnan djoealeun tea, djeung pĕrloe deuih boga modal pikeun sadiaan ongkos². Toekang² borong sok loba pisan akalna, djadi koe sabab kitoe anoe djadi ĕlid koedoe iatna pisan, oelah nĕpi ka katipoe koe maranehna. Biasana maranehna sok marere pĕrsĕkot atawa warani kana harga mahal, tapi dina keur nimbang maranehna sok barisa pisan maling timbangan, djadi tangtue noe ngadjoeal teh moal nampa ladang samistina.

Lamoen koepĕrasi ngadjoealna daganganana hajang nĕpi ka hasilna:

1. Koepĕrasi koedoe njoemponan kana kapĕrloean ĕlid-ĕlidna.
2. ĕlid-ĕlidna koedoe saratia kana koepĕrasina djeung maranehna koedoe daraek noeloeng koepĕrasina tea, boh koe tanaga boh koe harta.

3. Ēlid² oelah nēpi ka kataripoe koe toekang² borong koe pērsēkotna atawa wawanenna meuli mahal.
4. Ongkos² koepērasi, misilna rentēn doeit noe dipake modal, gadjih pangoeroes dj. s. t. koedoe motong tina ladang harang anoe geus katampa koe Ēlid², oelah ditoenggoekeun nēpi ka toetoe p taoen.
5. Koepērasi koedoe boga modal anoe tjoekoep, Ēlid-Ēlidna koedoe raroekoen, soepaja bisa ngalawan kana baikotan toekang² borong tea.
6. Koepērasi koedoe meunang bantoean ti soedagar² gēde.
7. Koepērasi koedoe ngaloearkeun hasilna anoe sakira bakal dipikaboetoe koe djalma loba sarta reudjeung hadena, djeung koedoe anggēr hadena.
8. Pasar ngan narima hasil² anoe harade bae.
9. Ēlid² koedoe wawaoehan djeung pada Ēlid deui djeung koedoe silih djaga kalakoean anoe patali djeung koepērasi.
10. Noe djadi pangoeroes koedoe njaho kana oeroesan djoeal-meuli djeung harga pasar, djeung deui koedoe anoe dipertjaja koe Ēlid² sarta koedoe anoe sakira pibisaeun noengtoen eta pagoejoeban.

Atoeranana eta koepērasi, goemantoeng kana kaajaanana hidji-hidjina tēmpat. Dina ngamimitian, pērloe Ēlid² teh njarieun soerat tanda tangan, anoe maksoedna mere kakawasaan ka noe djadi pangoeroes tea, soepaja manehna bisa ngalampahkeun sagala pērkarana kalawan ngaran Ēlid-Ēlidna tea. Lamoen eta koepērasi geus hade djalanna, kakara oerang menta „rechtspersoon”. Gawena rechtspersoon ēngke bakal diterangkeun di handap.

g. KOEPĒRASI KARADJINAN HASIL TANAH.

Koepērasi noe saroeapa kieu, ngoesahakeun soepaja hasil tanah di oerang disadiakeun pikeun pasar doenja di dieu bae. Oelah kawas ajeuna, saperti kopra, kaloearan oerang, didjieun mantega di Eropa, mantegana didjoeal deui di oerang, katoeroeg-toeroeg hargana teh sakitoe mahalna deui. Koepērasi teh koedoe bisa ngajakeun hasil kaloearan dieu nēpi ka djadi hasil noe beunang didjoeal ka mana-mana kalawan harga mahal.

Nadjan koepērasi anoe saroeapa kieu teh hese didjalankeunana, tapi panoengtoen² anoe sadjati moal warēleheun ihtiar nēpi hasil anoe dimaksoed.

Ajeuna, kalolobaanana hasil² tanah di oerang teh, didjaroéal ka pabrik² bangsa asing (kopra, kopi, teh, katjang dj. s. t.); djadi kaoentoenganana teh tangtoe bakal asoep kana pesak bangsa asing keneh bae.

Koepërasi teh nja eta hidji ihtiar baris ngalesotkeun kaom boeroeh, tina leungeun bangsa asing, nja eta soepaja kahiroepaunana oelah goemantoeng teuing ka maranehna.

Anoe djadi halangan kana ngadégna koepërasi katjida lobana. Tina koe sabab koepërasi teh koedoe njadikeun hasil sorangan, pèrloe katjida boga modal gède pikeun njieun pabrik, meuli mèsin² dj. s. t. Noe djadi pangeroes koepërasi koedoe noe njaho kana pèrkara mèsin² djeung hal djoéal-meuli. Pabrik koepërasi pèrloe njadikeun bakal sing loba. Djadi koe sabab kitoe, oerang wadjib oesaha, soepaja loba noe daraek djadi élid koepërasi, sabab tangtoe maranehna ngadjaroéal hasil tanahna teh ka koepërasi bae.

h. KOEPÉRASI KARADJINAN.

Koepërasi anoe saroepta kieu, biasana diadégkeunana koe bangsa patoekangan, noe maksoedna hajang babarèngan ngamadjoekeun karadjinana, saperti toekang ninoen, toekang ngabatik, toekang njieun doedoekoej, toekang ngoekir dj. s. t.

Lamoen maranehna geus ngaradégkeun koepërasi, maranehna bisa meuli bakal² babarèngan, atawa kapèrloe an sedjen ti soedagar² gède; téroes njieun pabrik pikeun élid² digarawe djeung tempat ngadjoealna, nja eta ngadjoeal babarèngan beubeunganana tea.

Mimitina koepërasi teh koedoe boga modal, biasana eta modal teh sok meunang ngindjeun make rentén. Pikeun ngindjeun eta doeit teh hénteu gampang; ari anoe boga pabrik (élid²) ngan boga papautjen pikeun digawe woengkoel, nadjan di bogana oge modal moal sabaraha; djadi di ahir lamoen pagawena koepërasi teh teu kadjadian, élid² biasana tara nalaoer. Sabisa-bisa sabagian tina modalna anoe mimiti tea koedoe dikoempoeleun ti élid², nja eta pikeun boroh modal anoe meunang ngindjeun tea.

Koeli² anoe djadi élid koepërasi, bajaranana koedoe disaroeakeun djeung bajaran koeli² anoe biasa, ngan dina toetoeptaeon maranehna koedoe dibagi kaoentoengan koepèrasina tea.

Maranehanana teh koedoe silih përtjaja djeung pada batoerna, nja kitoe deui djeung pangoeroes-pangoeroesna.

Koepërasi anoe saroeupa kieu katjida soesahna pikeun bangsa oerang mah.

i. KOEPERASI-NGINDJEUMKEUN.

„Koepërasi make” teh hidji ihtiar, anoe panghadè-hadèna, nja eta soepaja kahiroepan kaom boeroch oelah gocimantoeung teuing ka soedagar², noe kawasa noeroenkeun djeung naekkeun harga barang-barangna; ari „koepërasi ngindjeumkeun”, ihtiar anoe panghadèna geusan ngaleupaskeun djalma leutik tina gënggëman leutah darat (kaom doeit).

Maksoed koepërasi teh oelah ngan woengkoel soepaja ëlid² gampang ngindjeum doeit loer rentenna teu sabaraha bae, tapi doeit anoe diindjeunna teh koedoe dipake ngamadjoekkeun pangabogana, oepamana dipake ngalëgaan tanalna; oelah dihalamboer teu pëgoeh. Djadi koe sabab kitoe, ëlid anoe ngindjeum teh koedoe ditangenkeun ënja².

Sadjabana ti kitoe, koepërasi teh koedoe ngadjar ëlid² soepaja barisaeun mëtakeun doeit reudjeung kagëmianana. Ari bangsa Priboemi, biasana ana njimpën doeit teh sok di imahna bae atawa sok dibeulikeun kana harang përhiasan. Doeit anoe di-simpën kitoe, lain ngan teu ngadatangkeun kaentoengan bac ka noe bogana teh, tapi bisa djadi oge aja noe maling; ari barang përhiasan, lamoen koe oerang didjocal deui atawa digadekeun, tina oerang keur përloe make doeit, biasana teh sok leuwih moerah tina harga asalna. Ajeuna geus tetela pisan ka oerang, jen tempat njimpën doeit anoe panghadè-hadèna teh di koepërasi. Anoe njarimpën doeit, doeitna bakal direntënan, sabab eta doeit teh diindjeumkeun deui ka ëlid² anoe përloe marake. Djadi koe sabab kitoe, anoe panghadèna ëlid² neundeunna doeit teh di koepërasi tea.

Tina gawena koepërasi teh pikeun noeloeng ëlid-ëlidna tina hal doeit, djadi koepërasi teh koedoe boga modal heula, sabab lamoen ngan rek ngandëlkeun doeit simpënan bac mah moal pitjoekeupeun; ari akalna anoe panghadèna, taja deui kadjaba ti koedoe menta toeloeng ka afdeelingsbank. Gawena bank teh, hidji, mere ngindjeum doeit pikeun kapërloean koepërasi, kadoea, koepërasi bisa njimpën doeitna di bank soepaja meunang rentën.



Padoeka jang moelia tocan J. E. JASPER
Resident Pekalongan.

Koe lantaran kiloe, koepëراسي teh koedoe diafoer sing beres, nja kitoe deui anoe djadi ëlidna oge koedoe djalna hade bae, soepaja koepëراسي dipërtjaja: koe bank.

Soepaja „koepëراسي-ngindjeumkeun” teh loeloes djadina, koedoe:

1. Koepëراسي meunangna ngindjeumkeun doeitna teh woengkoel pikeun djalan kalihropan bae djeung kana hal² anoe katjida përlöena.
2. Gëdena doeit anoe diindjeumkeun teh koedoe ngimbangan kana kapërloeanana anoe ngindjeum tea; djadi ëlid² anoe arek ngindjeum teh oelah dibere ngindjeum leuwih tina kapërloeanana.
3. Noe ngindjeum koedoe dikanjahokeun, bisi doeitna tea dipake kapërloean sedjen.
4. Anoe haroefang koedoe malajar dina tempona, anoe waktöena geus ditangtoekeun koe koepëراسي.
5. Lilana djeung gëdena dina sakali-kalina majar, goemantöeng kana gëdena anoe diindjeum kana waktöe noe boga hoefang meunang pangasilan.
6. Noe haroefang koedoe aja noe nanggoeng (boroh) saerang atawa doeaan pikeun ngadjaga soepaja koepëراسي oelah nëpi ka roegi.
7. Rentëna oelah saeutik teuing, soepaja tina rentën tea oerang bisa ngajakeun pikeun beja² djeung modal teundeun.
8. Koepëراسي koedoe ihtiar soepaja ëlid-ëlidna njarimpën doeit.
9. Tanggoengan ëlid² koedoe beurat; sabab koe akal kitoe, ëlid² tangtoe bakal digarawe satëmën-tëmënuu, pikeun kapërloean koepëراسina.
10. Ëlid² koedoe aringët sabaraha hoefangna djeung koedoe njaho koemaha atoeran majarna; sadjabana ti eta koedoe njarahö deui kana sugala anoe dipigawc koe koepëراسي.
11. Ëlid² anoe teu satia, koedoe dilëpas tina pagoejoeban.

Lamoen sakoer anoe geus ditataan di loehoer, didjalankeun reudjeung saënjana, tangtoe goenana koepëراسي teh katjida gëdena. Djalma-djalma djadi raroekoen; doeit anoe tadina teu kapake, ajeuna mah dipake kana kapërloean toer meunang oentöeng deuih; loba tanah² anoe tara kagarap, ajeuna kaome, sabab anoe boga tanah teh bisa ngindjeum doeit ka koepëراسina; koepëراسي koedoe ngatik ëlid-ëlidna soepaja barisaeun ngira²

sabaraha koedoenana manehna ngindjeun pikeun kapérloeanana, djeung koedoe mere njaho koemaha djalan anoe panghadena geusan majar hoetangna tea; djadi élid² teh beunang dipértjaja dina hal hoetang-pihoetang; di mana koepérasí geus hade djalanna, kakara meunang milampah djalan sedjen, oepama: meuli binih, pakakas atawa ngadjoeal hasil, njoba² barang pèlak pikeun kapérloean élid-élidna dj. s. t.

Lamoen koepérasí anoe saroeupa kicu geus nérékab aja di mana², tangtoe bakal ngadjadikeun kabadean ka bangsa Priboemi.

Anoe mimiti ngadégkeun koepérasí anoe saroeupa kieu, di tanah Djérman, kira² dina taoen 1850. Di oenggal nagara, di Eropá djeung Amérika, geus aja atoeran indjeumeun rahajat anoe beres pisan. Ari anoe pangmadjoena aja doea, nja eta koepérasí ngindjeunkeun anoe noeroetkeun pangatoeran *Schulze Delitz* djeung anoe nocroetkeun atoeran *Raeffesen*.

Anoe kahidji pikeun kapérloean djoeroe tani noe marampoeh djeung djalma pértengahan; maksoedna baris ngindjeunkeun doeitna djeung nambahan modal. Modal asal biasana ngajakeunana teh koe ngadjoeal „aandeel”. Sakoerangna meunang ngidjeun ti loear anoe renténna teu sabaraha; hoetang-pihoetang koepérasí kabeh djadi tanggoengan élid-élidna. Anoe ngoeroes eta koepérasí bestuurna djeung rengrengan-tangen (raad van toezicht), masing² koedoe pada mareunang gadjih.

Ari koepérasí-*Raeffesen* mah gawena teh pikeun noeloeng djoeroe tani leuleutikan bae, anoe di pikampoengan djeung maksoedna woengkoel pikeun mere ngindjeun ka djalma leutik bae, djadi beunang diséhoetkeun lain rek neangan oentoeng. Bestuurna teu digadjih, ngan hoekboudér anoe meunang teh; djadi kaloearna doeit koepérasí teh saeutik pisan, nja kitoe deui anoe baroga aandeel oge teu dibarere kaentoetgati, djadi beubeunanganana teh woengkoel asoep kana kas koepérasí bae. Eta beubeunangan teh téroes didjadikeun modal teundeun; tina koe sabab aundeelna eta koepérasí moerah hargana, koe sabab eta mimitina mah sok ngadjalankeun doeit meunang ngindjeun ti loear bae; kabeh hoetang-pihoetang koepérasí nja djadi tanggoengan élid-élidna. Koe sabab kitoe oelah sambarangan djalma anoe djadi élid teh, tapi koedoe djalma anoe beunang dipértjaja bae.

j. ATOERAN NGADĒGKEUN KOEPĒRASI.

Tadi di loehoer geus ditjarikeun jen koepĕrasi teh hidji pagoejoeban; koe sabab kitoe pĕrloe ngajakeun pagawean administratie, djeung bisi aja pagawean koepĕrasi, anoe koedoe didjalankeun koe djalma anoe koedoe digadjih. Koe sabab kitoe koepĕrasi teh pĕrloe diatoer djeung pĕrloe ngajakeun rengrengantangen (raad) pikeun nganjahokeun anoe nangenkeun pagaweana-na koepĕrasi. Soepaja koepĕrasi meunang kapĕrtjajaan djalma rea, pĕrloe menta „rechtspersoon”; soemawonna lamoen koepĕrasi toedjoeanana rek djoel-meuli djeung djalma loear mah atawa sok ngindjeum doeit ti noe sedjen.

Ari mentana rechtspersoon koedoe ka Goepĕrnoer Djendral, nja eta lamoen eta koepĕrasi ngadĕgna moal leuwih ti 30 taoen. Statutenna oge koedoe barĕng dikirimkeun djeung soerat panohoenna soepaja disahkeun koe Pamarentah.

Dina Staatsblad 1915 No. 431 geus dilĕrangkeun tina hal ngadĕgkeun koepĕrasi di Hindia-Nederland, sapĕrti ieu di handap.

Koepĕrasi teh nja eta pagoejoeban, anoe nampa djalma² djadi ĕlid atawa ngaboelkeun noe menta ka loear; maksoedna nja eta arek ngamadjoekeun pangaboga ĕlid-ĕlidna koe digawe babarĕngan atwa djoel-meuli babarĕngan pikeun kapĕrloeanana, mere pĕrsĕkot atawa mere hoetang ka ĕlid-ĕlidna.

Ngaranna eta pagoejoeban koedoe nembongkeun maksoedna djeung ti hareupna koedoe disĕboet (make) omongan „koepĕrasi”, misilna: Koepĕrasi ngadjoeal copra. Acte ngadĕgna koepĕrasi, nja kitoe deui acte robahan² statuten atawa acte tambahan lilana eta koepĕrasi, koedoe didjieun koe Notaris.

Eta acte² atawa rarantjangna koedoe disahkeun koe Toean Bĕsar.

Bestuurna eta koepĕrasi koedoe ngasoepkeun acte ngadĕgna koepĕrasina djeung soerat paidin noe ti G. G. tea kana rĕgistĕr kantor Gilipir, djeung eta soerat² teh koedoe diasoepeun kana soerat kabar „Java-Courant.”

Bestuur koedoe njĕbarkeun deui dina soerat² kabar Soenda-Malajoe-Walanda tina hal ngadĕgna eta koepĕrasi, nja kitoe deui nomĕrna Java-Courant anoe aja hal acte ngadĕgna eta koepĕrasi oge koedoe disĕboetkeun. Acte robahan² statuten djeung acte tambahan lilana oge, pĕrloe diasoepeun kana Java-Courant djeung soerat² kabar Soenda-Malajoe djeung Walanda.

Ngasoepkeun acte² djeung soerat paidin G. G. teu koedoe majar deui.

Di mana acte ngadegna eta koepërasi djeung soerat paidin G. G. tea geus diasoepeun kana rëgistër kantor gilipir, djeung lamoen eta soerat² geus diasoepeun kana soerat² kabar, kaka-ra koepërasi teh dianggap geus meunang rechtspersoon.

Dina acte ngadegna eta koepërasi, koedoe disëboetkeun:

1. Ngaranna pagoejoeban djeung tempatana.
2. Ngaranna djeung ngaran keur leutikna anoe ngadegkeun koepërasi, nja kitoe deui pangdoemoekanana djeung pagaweanana.
3. Sabaraha gëdena tanggoengau hidji-hidjina ëlid tina hoetangna koepërasi.
4. Atoeran bestuur eta koepërasi djeung atoeran hal nalingga-keunana pagawean bestuur.
5. Pikeun sabaraha taoneun ngadegna eta koepërasi; lilana teu meunang liwat ti 30 taoen, tapi lamoen geus deukeut kana beak waktoena, oerang meunang menta ditambah deui (disamboeng).
6. Titimangsa mimiti koepërasi prak ngadjalankeun oesahana.
7. Sarat² pikeun djalma² noe harajangeun djadi ëlid atawa anoe marenta eureun tina djadi ëlidna.

Lamoen dina statuten hënteu ditangtoekeun saha anoe djadi bestuur, bestuurna eta koepërasi koedoe ëlid anoe kapilih; anoe djaradi ëlid teu meunang wakil atawa mawa sora noe sedjen.

Bestuur djeung komisaris (lamoen përlöe make komisaris) dipilih koe ëlid²; eta bestuur djeung komisaris meunang dienreunkeun dina sanbarang waktoe.

Bestuur koedoe djadi wakil pagoejoeban dina kapërloean sapopoë atawa dina përkara.

Lamoen $\frac{1}{5}$ na atawa leuwih tina djoemblahna ëlid², menta diajakeun përhadring oemoem, bestuur koedoe ugajakeun eta koempoelan di djero 14 poë. Lamoen eta pamenta hënteu ditoe-roet koe noe djadi bestuur, ëlid² anoe marenta tea beunang ngajakeun eta përhadring.

Di kantor koepërasi koedoe aja rëgistër anoe eusina:

1. Statuten eta pagoejoeban.
2. Ngaran djeung ngaran kasir leutikna, ëlid², bestuur djeung komisaris².
3. Tempatan djeung pagawean ëlid² waktoe arasoep, nja kitoe deui tempat djeung pagaweanana bestuur djeung komisaris.

4. Titimangsa waktœ djaradi ëlid djeung waktœ areureun tina ëlidna.
5. Eta rëgistër koedoe dioeroes oenggal poë; oenggal djalma meunang nendjo eta rëgistër dina kantor koepërasi keur boeka.

Anoe djadi lid atawa anoe menta eureun tina lid, koedoe nanda dina eta rëgistër. Eta tanda-tangan beunang diganti koe acte notaris atawa akte anoe ditanda koe amfënar anoe wadjib nganjakkeun hal eta.

Saban taœn koedoe diajakeun algemeene vergadering (koempoelan oemoem); bestuur koedoe nërangkeun kaajaan ka loearasoeuna doeit. Lamoen geus disahkeun, rekëning² djeung verantwoording (katëranan²) bestuur teh koedoe disimpën di kantor gilipir. Oenggal djalma meunang mariksa.

Lamoen koepërasi hënteu nëtëpan kana statutenna, Openbare Ministerie aja hak pikeun ngaboerak eta koepërasi.

Koepërasi beunang diboerak, lamoen tempona geus liwat atawa dipenta koe koempoelan oemoem atawa failliet.

Lamoen pangaboga koepërasi teh teu tjoekop pikeun majjar hoëtangna, noe ngahoetangkeun boga hak nagih ka oeroet ëlid-ëlidna. Nja kitoe deui ëlid² anoe ka loear dina taœn noe kakara liwat oge, koedoe nanggoeng kana hoëtangna eta koepërasi.

Bestuur didëngda ti f 1.— nëpi ka f 50.—:

1. Lamoen rëgistër ëlid² tea teu dioeroes oenggal poë atawa teu nohonan kana pamenta ëlid² pikeun ngilikan eta rëgistër atawa hënteu njeun salinanana.
2. Lamoen rekëning djeung verantwoording koepërasi anoe geus disahkeun dina përhadring oemoem, teu disimpën di kantor gilipir.

Hak² djeung kawadjiban² oerang Priboeni djeung oerang asing, anoe ngadëgkeun koepërasi atawa djadi lid koepërasi, ditangtajoengan koe oendang² Hoekoem Sipil djeung Dagang pikeun bangsa Eropa (burgerlijkrecht en handelsrecht der Europeanen).

Dina Staatsblad 1915, No. 431 aja katëranan² noe sedjen anoe patjantel djeung oeroesan koepërasi. Tina koe sabab kitoe, saha² anoe arek ngadëgkeun koepërasi, përlœc meuli heula Staatsblad ti Depot van het Leermiddelen (goedang boekoe Goepërëmen). Lamoen oerang nilik kana oenak-anikna noe geus ditataan di loehoer tadi, tërang pisan jen ngadëgkeun koepërasi

teh henteu gampang². Tapi ari pikeun panoengtoen rajat anoe sadjati mah, tangtoe moal moendoer koe sakitoe, sabab bibit koepërasi teh estoe pèrloe didédèr di Hindia, soepaja oerang Priboemi oelah nēpi ka djadi tjojooan soedagar-soedagar laleutik djeung lentah² darat bae. Pikeun ngadégkeun eta koepërasi, oerang beunang menta pitoeloengna Adviseur Volkscredietwezen.

II. ORAJ MATIH DI HINDIA.

(*Samboengan Volksalmanak taoen 1923*).

Dēmi peurahna bidjilna tina seer-peurah *c* anoe meh oenggal oraj oge pada boga; ajana, toekangeun matana beulah ti handap, loehoereun tjatjapek loehoer. Bangoenna lonjod sarta gēde. Sawareh oraj tēmpat peurahna pandjang pisan, njodor ka toekang nēpi ka *noempang kana igana*. Malah *oraj-tjabc* mah, seer peurahna teh ajana dina beuteungna kentja-katoehoe, njodor, nēpi kana lēbah djadjantoengna. Ari bedana seer peurah ti seer-seer noe sedjen, uja eta ieu mah brasna teh kana solobong *d* anoe liangna mapaj tjatjapek loehoer sarta ti dinja kana djēro lamad pamoelēn hoentoe peurah tea.

Oraj matih anoe hoentoe-peurahna di djērona molongo, peurahna ajana dina lamad kandēl. Lamoen eta oraj hajang ngaloeurkeun peurahna, lamad wadah tea dirioetkeun. Ari oraj matih anoe tadi mah, ngaloeurkeunana peurah teh koe indoengtoendoeh *e* diteueulkeun kana seer peurah tea.

Dina waktoena rek matjok, oraj teh tjalangap, hoentoe peurahna tjēngkat, toeloelij liang peurah anoe aja di djēro hoentoe teh adēk kana solobong *d* anoe tina seer peurah *e*.

Koe lantaran dina keur matjok, seer peurahna teh kateueulkeun, peurahna njēbrot mapaj koeloewoeng leutik tea, aseop kana raheut oeroetna matjok.

Tina seer peurah tea sok kaloearan peurah sacutik. Lamoen oraj lila teu baranghakan, seer peurah tea sok pinoeh koe peurah sarta ana matjok leuwih matih manan keur teu loba peurahan. Nambahan peurahna teh gantjang pisan sarta eta peurah anoe anjar keneh matihna teu sabaraha bedana ti peurah anoe geus lila.

Děmi roepana peurah tea herang sěmoe koneng atawa sěmoe hedjo; oepama eta peurah koe oerang ditjitjikeun kana gėlas anoe dieusi tjai, sok tembong toeroen, těroes ngoempoel di handap; tapi lila-lila mah sok tjampoer djeung tjai; dimana geus patjampoer djeung tjai, roepana kiroeh.

Oepama oerang ngantjilomkeun kėrtas lakmoes *) boelao kana peurah, kėrtas lakmoesna djadi beureum, eta hidji tanda, jen peurah oraj teh sarina haseum.

Lamoen eta peurah koe oerang dioelaskeun kana bėling atawa kana barang sedjen anoe teuas, gantjang pisan toehoerna teh sarta tapakna herang siga pėrnis. Peurah teh nėpi ka sataoen mah masih matih bae, malah tampolana mah leuwih. Lamoen eta peurah asoep kana beuteung anoe keur kosong, sok kabawa koe gėtih, tėgėсна. tjampoer miloe njaliara ka sakoeliah badan djeung gėtih oerang, tapi lamoen kadahar atawa kainoem koe noe mėntas dadaharan, dina waktoena parobot pangeusi beuteung keur sėdėngna (jalan, peurah teh eleh tanagana koe tjikadoet (maagsap).

Oenggal-oenggal oraj beda-beda peurahna. Sarerea oge meureun pada ngarti, jen oraj matih anoe gėde, matjokna leuwih matih manan anoe leutik; nja kitoe deui matihna peurah teh goemantoeng oge kana kaajaan hawa; di tėmpat-tėmpat anoe hawana panas, eta peurah tambah matihna; djeung lamoen djėlėma anoe dipatjok tea djalan gėtihna leuwih gantjang, eta oge matak nambahan matih kana peurah. Salian ti eta matihna peurah teh noeroetkeun koemaha kaajaanana badan djeung kolot-ngorana oemoer noe dipatjok, nja kitoe deui matihna ka awewe djeung ka lalaki teu saroea; malah wantjina, wajah koemaha eta oraj matjokna, eta oge aja pėrbawana kana matih-teu matihna peurah. Djaba ti eta oraj anoe kakara tas mėgar atawa geus lila teu baranghakan, eta sok leuwih matih ti biasa; malah aja noe njarita, jen oraj anoe kitoe teh matihna lipėt sapoeloeh ti samemehna mėgar atawa ti mėntas barang hakan, lantaran peurahna kapake kana ngalėmboetkeun kahakananana tea.

Oraj matih anoe sabangsa, ibaratna oraj-wėlang djeung oraj-wėlang deui, oepama silih patjok, teu matak ngadjadikeun tjilaka ka doeanana oge; tapi oepama teu sabangsa, bisa djadi salah sahidji aja noe paeh.

*) Kėrtas lakmoes teh sok dipake nganjahoekun rasana barang entjer; katjiri tina soelan-salinna roepa.

Aja oge bangsa sato noc njoesoean djeung manoeek noe teu teurak koc peurah oraj.

Kalolobaanana oraj-oraj anoe teu maratih teh laliarna ti beurang.

Tjek bedja, oraj matih anoe liarna ti beurang, hoentoe-peurahna laleutik, tapi leuwih pageuh maneuh kana tjarehamna; ari anoe liarna ti peuting hoentoe-peurahna galède.

Sok rēmēn pisan oerang ngadenge bedja, jen oraj teh beurang ditjirikeun matih-teu matihna, nj. eta oraj matih poelasna leuwih njatjas, moen bēlang atawa mantjawarna nja kitoe keneh njatjas, djeung sok sēmoe lindeuk deui djeung djaba ti eta; tapi eta bedja oelah pati dianděl; geus loba anoe meunang tjilaka lantaran pørtjaja kana eta tjarita.

Oerang Priboemi Hindia-Nederland beunang disēboetkeun teu njarahoēun bae ari ēnja-ēnja mah kana bedana oraj matih djeung teu matih teh, iwal ka noe geus kanjahoan koe sarerea; ari kitoe mah ka noe tjarang kapanggih, mindēng njēboetkeun oraj teu matih kana oraj matih atawa sabalikna. Toeroeg-toeroeg deui ngaranna sok patjorok bae; oraj anoe di dieu disēboet kitoe, di tēmpat sedjen mah lain eta orajna, datang ka ngaran oraj dina basa Priboemi hese ditjēkēlna. Nja aja oge anoe meh di oenggal tēmpat saroea ngaranna, tapi ngan oraj anoe geus kanjahoan koe sarerea bae, tjaraning: *oraj-wēlang* djeung *oraj-wēling*, *oraj-sindoek* djeung *oraj-totog*, djeung lian ti eta.

Ari *oraj-wēlang* katjirina tina roepana, make kēlēng hideung anoe meh saroea tjarangna, ngan kēlēng-kēlēng noe di tēngah rada tjarang saeutik ti batan noe dina poendoekna djeung noe dina boentoetna. Bangoesna sēmoe beureum, hoeloena leutik hēnteu satimbangan djeung awakna, ngan sēr bae meueusan leuwih roebak batan beuheungna; toengtoeng boentoetna rada ngaboehēl, matana leutik, boeboedakanana boeleud. Hoentoe-peurahna gēde sarta aja tjokrahan ti hareup; toekangeun hoentoe-peurahna aja deui hoentoe laleutik sarta tjokrahan deui, ngan teu pati djēro, reana sok nēpi ka opat.

Noe aja *oraj-wēlang* di Poelo Djawa djeung di Soematra; tapi di poelo-poelo sedjen oge di Hindia-Nederland meureun aja. Ari karēsēpna dina tēmpat anoe hieum-hieum anoe toehoer djeung haneut, dina liang-liang, dina sēla-sēla batoe atawa di handapeunana, dina padēmēn oeroet imah, dina sēla-sēla akar-akaran, kitoe deui dina galēngan-galēngan sawah, di noe hareulahna,

aja oge noe dina oeroet liang bëlœet atawa oeroet liang keujeup. Ari di pagoenoengan karësêpna tjaritjing deukeut sirah tjipanas.

Dina taoen 1896, waktœe, kaoela tjêkêl gawe di Tjiandjoer, hidji mangsa kira poekoel 8 atawa 9 isoek, ngaronda, ngaliwat ka kampoeng Selahoeni, anœc harita kabawah ka distrik Bajabang.

Di dinja kaoela nendjo djêlêma pirang-pirang ngagimboeng di tœpas hidji imah, sisi djalan. Sihoreng aja boedak kira oemoer 10 taoen ngagoler teu eling-eling, diroeboeng koe indoeng-bapana djeung koe baraja-barajana.

Tjek tjaritaan toea-kampoeng, eta boedak, tadi kira-kira geus aja satêngah djam, leumpang ka sawah hareupeun eta imah peuntaseun djalan, sêdjana rek neang posong anœc koe manehna ditaheunkeun peuting kamari, pakœun naheun bëlœet. Dina galêngan manehna nintjak oraj-wêlang, toelœj dipatjok moemoentjanganana beulah kentja. Tapak matjokna geuneuk sarta tœroes bareuh. Oraina beunang, pandjangna kira-kira $\frac{3}{4}$ M, gœdena sagêde indoeng-leungeun.

Koe kaoela dinasihatan, soepaja eta boedak boeroe-boeroe dibawa ka roemah-sakit atawa ka doktor noe aja di dajœuh, sina dioebaran.

Balik ti pangrondaan, kira-kira poekoel satœc beurang, kaoela ngaliwat deui ka eta kampoeng, sarta meunang bedja jen eta boedak teh geus maot.

Dina taoen 1919 kaoela ngaronda deukeut pabrik goela Palœombon, di karêsidenan Tjirêbou. Di dinja kaoela nendjo koe mata pribadi, hidji andjing bogana employê di eta pabrik, paeh, lantaran dipatjok oraj-wêlang. Ari dipatjokna di kêbon tiwœ, anœc anjar dipotong.

Anœc dipatjokna soekoena anœc ti toekang noe beulah katoehoe. Kira-kira meunang satêngah djam soekoena noe dipatjok oraj teh kemper, heulent satêngah djam deui andjing teh oetah-oetahan sarta teu lila kapaeahan, ngagoler njanggir, hoelœna euleungeung. Meunang sawatara mœnit eta andjing toelœj paeh.

Dœmi *oraj-wêling*, oepama koe oerang ditendjo saliwat mah meh sarœa bae djeung oraj-wêlang, tapi ari diawas-awas mah loba bedana, nja eta bêlangna aja noe hideung mëlês aja noe sœmoe boelao, teu pati roebak djeung rada kêrêp deui, djeung deui hœnteu tœpoeng gêlang, tapi ngan nœpi kana sisi beuteungna bae, djadi ngan satêngah boeulœdan. Beuteungna bodas. Djeungna deui boentoetna hœnteu ngaboehêl sapœrti boen-

toet oraj-wélang. Tapi ari hoeloena, hoentoena djeung matana mah saroea bae djeung oraj-wélang. Kalolobuanana oraj-wéling teh hēnteu sakoemaha sieunna koe tjaang; eta sababna, noe matak: oerang ti beurang rēmēn manggih oraj-wéling ti batan oraj-wélang. Ari ajana oraj-wéling di Poelo Djawa djeung di poelo Sēlebēs, tapi di poelo-poelo sedjen oge di Hindia-Nederland meureun aja.

Aja oraj sedjen anoe meh sakaroepa djeung oraj-wéling, tapi teu matih. Eta oraj teu bogaeun hoefitoe peurah; kēlēngna oge rada tjarang.

Ari saratna mambrih oerang salamēt, oelah dipatjok oraj, lamoen oerang manggih oraj, mangkade koedoe ati-ati pisan, sanadjan orajna leutik oge djeung sanadjan tjek panjangka oerang eta oraj teu matih oge.

Ari oraj-bédœel atawa oraj-babi, pangna dingaranan kitoe, lantaran roepana supērti koelit babi — di Djawa Tēngah nēlahna *oela-doemoeng* — atawa sok disarēboet oge *oela-kadoet*, pedah koelitna sakaroepa djeung kadoet. Ari di Pasoendan loembrahna eta oraj disēboet *oraj-sindoek*, koe sabab eta oraj, lamoen kagareuwahan atawa lamoen keur ambèk, sok djeber palēbah poendœkna roepana siga pisan sindoek. Ieu oraj katjida taugginasna. Awakna woengoe kolot atawa hideung; toeroet sisi beuheungna djeung hoeloena kentja-katoehoe, nja kitoe deui hoeloena beulah ti handap, koneng atawa koneng geunteul. Lamoen eta oraj dioedag-oedag, manehna sok atjlēng-atjlēngan siga noe loeloentjatun gantjang pisan, tapi lain rek tēroes loempaf tjara oraj sedjen, ieu mah neangan balangahna moesoeh; dimana moesochna katembong rada balangah, sok malikan toelocj tjoelanggeuk, hoentoetna roengkal-rengkol, bahan soepaja tētēg; beuheungna djeber, hoeloena ngadangong bari ka loehoerka handap njanghareup ka noe ngoedag, letahna elol-elolan ka locar ka djero. Tah, oepama oraj keur kitoe, hartina, eta oraj tjarangtjing faki-taki rek ngalawan. Oepama orajna gēle, sok kadenge koe oerang ambèkanana ngahoshos, bari njorohtjoh ngaboeraut. Oerang Priboeni njarangka jen tjidoehna, lamoen keuna ka oerang, matak djadi raheut anoe bangsa pisan di-oebaruanana; tapi ēnja-ēnjana hēnteu kitoe. Nja meureun bisa oge kadjudian kitoe, lamoen tjidoehna tea keunana kana raheut atawa radang, ari hēnteu keuna kana raheut mah teu matak kitoe-kien; boektina geus aja djalma anoe katjidoehan beungeutna

koe 'oraj-sindoek, manehna geuwat sibeungeut koe tjai bërèsih, bêt teu kitoe-kieu.

Sapèrti noe geus kasèboet bieu di loehoer, dina taoen 1896 kaেলা matoeh di Tjiandjoer, sisi djalan bèsar noe ti Anjar ka Banjoewangi tea. Hareupeun imah, pasawahan, solokanana ngaliwat pakarangan kaেলা. Dina hidji poë kira-kira poekoel 10, datang ti pangrondaan: kaেলা ngareureuhkeun tjape heula, bari ngalantoeng di boeroean ngarah tiis. Di dinja kaেলা nendjo oraj hideung leutik hareupeun pisan, ngaleor dina karikil gantjang pisan, rek meuntas ka sisi kèbon beulah ditoe; gèdena kira-kira sagède tjoeroek, pandjangna teu aja ½ metèr; anggagna kira-kira 2 metèr ti kaেলা. Barang koe kaেলা disampeurkeun, eta oraj geus kana sisi petakan ros. Na ana euleungeung teh malikan, pèpèta sapèrti noe geus ditjaritakeun tadi di loehoer, hoeloena tjoelanggeuk bari eueuleugeugan ka toekang-ka hareup, taki-taki rek matjok. Kabèrèran harita kaেলা njékèl iteuk hoë, toeloj eta oraj dipeupenh satakèr tanaga, keuna kana hoeloena, pael pada sapisan.

Tjek toekang kèbon, eta; *oraj-bèdoel*; ari tjek gamèl djeung tjek djongos *oraj-sindoek*; tilocanana njèboetkeun, jen eta oraj katjida matihna.

Oraj anoe pangmatih-matihna. Ieuwih matih ti oraj-wèlang, soemawonna ti oraj-sindoek, sarta galak kabina-bina, nja eta *oraj-totog*. Eta oraj galakna lain ngan ka koeda-moending bae, ka djèlèma oge daek ngoedag. Koe sahab eta sok disarèboet oge *oraj-laki*. Di pakampoengan ieu oraj loba pisan tjaritaanana djeung dongeng-dongengna noe araneh. Koe maranehanana katjiptana sapèrti *naga*, uja eta make makoea atawa make sèkar-sochoen, aja djaweran roepana koneng herang siga emas; hoeloena salilana tjoelanggeuk bae, dangah sémoe tatandang, sagala anoe kapanggih dipatjok; ti kadjaohan kenéh geus kadenge sorana, kok! kok! kok!, sada sora mèrak, ngaleorna gantjang kawas angin. Eta tjaritaan kitoe teh henteu salah-salah teuing; oraj-fotog teh wèwég awakna sarta jakti pisan jen ngaleorna gantjang, leuwih ti oraj sedjen. Oepama aja pibajacun, gantjang nakèr tjoelanggeuk sapèrti pèta oraj-sindoek tea, tapi ieu mah lain taki-taki rek ngalawan, di mana geus tjoelanggeuk kiéoe tèroes bae naradjang. Saha-saha noe dipatjok koe oraj-fotog, biasana tara lila, tèroes maot bae. Koe lantaran eta oraj sakitoe matihna djeung sakitoe galakna, toeroeg-toeroeg loem-

palna tarik deui, eta oraj pangdipikasieunna ti antero oraj maratih di Hindia. Tjek oerang kampoeng noe geus karolot, anoe kaitoeng geus loba pamanggihna, akalna, lamoen oerang dioedag koe oraj-totog, oelah nĕrĕlĕng bae loempatna, tapi koe-doe poengkal-pengkol, sarta sadjĕroning loempat tarik teh koedoe geuwat mitjeun barang naon bae anoe dipake koe oerang, kajaning: ikĕt, oepama euweuh ikĕt, tjaretjet oge hade. Eta oraj tara kĕbat ngoedag, sok moeroe notog kana barang noe dipitjeun tea; koe tina kitoena oerangna meunang ombor sarta boga waktoc pikeun njingkaheun eta oraj.

Roepana oraj-totog aja noe sĕmoe beureum, sĕmoe koneng hawoek djeung loba oge anoe hideung. Koe lantaran sisitna toeroet sisina hideung, katendjona roepana sĕmoe hideung, meh tjara *oraj-bĕdoel*; beuteungna nja kitoe keneh sĕmoe hideung. Oraj-totog anoe leutik keneh, tonggongna rawoen sĕmoe hedjo, beuteungna bodas sari-sari boelao. Hoeloena djeung beuheungna ti handapna koneng.

Di Soemĕdang, tĕmpat-tĕmpat anoe kawĕntarkeun loba oraj-totogna, nja eta di kĕlon-kĕbon-djati deukeut Tjonggeang, Darmawangi djeung Tomo. Tjek tjaritaan oerang dinja, oraj-totog teh gĕdena sok aja noe nĕpi ka sagĕde tangkal djambe anoe meudjuehna gĕdena, sarta pandjangna nĕpi ka aja noe opat metĕr, malah leuwih.

Dina taocn 1888, waktoc kaola tjĕkĕl gawe di dinja, mindĕng pisan meunang laporan ti kapala Priboemi, aja moending atawa koeda anoe parach lantaran dipatjok oraj-totog.

Dĕmi tina hal roepana, hiroepna djeung tabĕ'atna oraj laoet, kanjaho oerang saeutik pisan. Oepama oerang nanja hal oraj laoet ka toekang mujang atawa oerang basisir di Hindia-Nederland, tjaritana hal kamatihanana oraj laoet pohara pisan, kawas loba anoe dileuwihan, malah sakapeung mah teu natak pĕrtjaja. Toeroet basisir kaler Poelo Djawa, oraj laoet anoe kasĕboet pangmatih-matihna teh *oraj-tĕmpe*. Anoe marere katĕrangan bal roepana djeung hiroepna eta oraj teu aja noe saroca, oenggal tĕmpat beda.

Ari bedana ti oraj darat, oraj laoet mah boentoetna gepeng sapĕrti wĕlah anoe namprak, djadi bangoenna rada harib-harib kana bĕloet. Kalolobaanana hoeloena leutik, awakna noe ti hareup boeleud, beuki ka toekang beuki gepeng. Kitoe deui roepana

hěnteu pati aja noe mantjawarna djeung hěnteu njaatjas saperti oraj darat.

Ari tjaritjingna babakoena di sisi-sisi basisir; aja oge noe dina moeara-moeara waloengan.

Radjeun oge oraj-lěmpe sok aja noe beunang koe toekang majang, babakoena di basisir-basisir Tjirěbon djeung Těgal, anggagna teu leuwih ti 25 metěr ti darat.

Oraj laoet tara njaba ka waloengan, lantaran teu bisa hiroep dina tjitawar, kitoe deui tara njaba ka darat; babakoena ngan toeroet-toeroet basisir bae, nja radjeun oge sok aja noe manggih di těngah laoet, tapi arang-langka pisan. Karěšěpna matoehna di antara poelo-poelo kosong atawa poelo-poelo noe tjarang kasaba koe djělěma. Bajahna beda djeung oraj darat, koe sabab eta, oraj laoet bisa teuleum djěro pisan. Oepama laoet keur lělěr, oraj laoet sok ngahadja ngambang dina koelit tjai, teu oesik teu malik, siga noe keur hees, atawa sakapeung nangtoeng di djěro tjai siga pisan rokrak, ngan hoeloena bae noe katendjo teh nangreu dina koelit tjai; eta katjida matak djadi balaina ka toekang ngarala laoek, anoe njarangka, jen eta hoeloe oraj teh toengtoeng regang atawa salian ti eta anoe kaaloenkeun koe tjilaoet.

Hoentoe-peurahna aja tjokrahan, eta hoentoe ajana dina tja-tjapek loehoer; di toekangna aja deui sababaraha hoentoe anoe laeutik; ari hoentoe-hoentoe noe dina tjatjapek handap mah kabeh oge ngeusi (teu kosong atawa marolongo), gawena pikeun njangking mamangsama.

Noe sok ngahakan oraj laoet, nja eta: heulang-laoet djeung hie.

Oraj laoet anoe geus kapanggih, anoe kaitoeng pangmatih-matihna, tonggongna hideung, beuteungna djeung ti gigirna kentja-katoehoe koneng, boentoetna ti loehoerna djeung ti gigirna total-total sěmoe hideung, bangoesna mentjos, awakna rada pondok.

Aja deui oraj laoet anoe matih lian ti eta, tonggongna, kira-kira sapěrtiloena anoe beulah ti hareup hideung, djaba ti eta mah kotak-kotak; ti gigirna djeung beuteungna hideung bolegbag.

Salian ti eta aja deui bangsa oraj laoet anoe dipikasieun koe toekang ngala laoek, nja eta anoe roepana rawoen sěmoe hedjo atawa sěmoe koneng; tonggongna roepana sěmoe hideung leuwih manan beuteungna; toengtoeng boentoetna hideung.

Kadjaba ti noe geus ditataan di loehoer, aja deui oraj laeot anoe dipikasieunna saroea bae djeung noe tadi, roepana koneng make këlëng-këlëng beureum kopi. tapi këlëngna teu tēpoeng gëlëng, ngan nēpi ka lēbah gigir bae, beuteungna koneas.

Anoe mindëng kapanggih di basisir poelo Djawa beulah kalef, nja eta oraj anoe roepana rawoen make këlëng-këlëng hideung mentjos ka handap; bangoesna rada pondok djeung rēbeh.

Bangsa oraj darat anoe aja di oerang, anoe hoentoe-peurahna molongo sarta anoe di tanah Pasoenda, meh sarerea njarahoeun, nja eta oraj-giboeg, oraj-boengka atawa sok disarēboet oge *boengka-laeot*; *oraj-lēmah* kaasoep keneh ka dinja.

Oraj-giboeg bangoesna kawas disopak, matana leutik, boentoetna beunang dipake meulit. Roepana biasana hideung sēmoe beureum, aja oge noe beureum sēmoe hoerik; aja deui anoe roepana hawoek sēmoe koneng make total-total hideung, siga nakēr dahan kai anoe hawoek loekoetan. Beuteungna beureum boreas make tiriktik² laeutik harideung atawa barodas sēmoe koneng; toengtoeng boentoetna sēmoe beureum. Matoehna karēsēpnā dina tēmpat-tēmpat anoe hieum-hieum, dina kalakaj-kalakaj djeung handapeun regang-regang kai anoe geus gararing anoe meh sakaroepa djeung roepana. Koe sabab kitoe eta oraj matak pikainggiseun pisan, da tara oedjoeg-oedjoeg katendjo koe oerang; katoeroeg-toeroeg deui ari aja djëlēma teh tara daekeun loempat. Ana noempi sok lila, meunang pirang-pirang poē tjitjing bae, teu oesik teu malik, ngaringkoek bae, hoeloena njangheuj tēngah-tēngah. Aja deui oraj-giboeg, bangoema beda ti noe bieu, ieu mah bangoesna pondok sarta rēbeh, hoeloena pandjang djeung roebak; roepana sēmoe hedjo, sisitna toeroet sisina hideung make këlëng koneng sisi hideung, beuteungna koneng, hoeloena djeung toengtoeng boentoetna hideung. Oraj-giboeg noe kitoe roepana ajana di poelo Soematra. Ari anoe di Minahasa mah roepana hedjo, këlëngna total-total, hideung tjampoer beureum, beuteungna total hideung, toengtoeng boentoetna beureum.

Dēmi *oraj-boengka* atawa *boengka-laeot* roepana hedjo, këlëngna sēmoe hideung, tapi teu pati tefela; biasana ti gigirna kentja-katoehoe make sētrip koneng ngora, beuteungna koneng sēmoe bodas, toengtoeng boentoetna beureum atawa beureum sēmoe koneng. Ari ajana di poelo Djawa, poelo Soematra djeung

Timoer. Eta oraj katjida matihna sarta sakapung sok galak. Tjaritjingna dina kakaiian, dina roejoek-roejoek, babakoena dina dapoeran-dapoeran kapol, djeung dina tatangkalan sedjen. Lantaran sok saroe djeung daoen, koe sabab eta oerang koedoe ati-ati.

Oraj-lémah bangoesna mentjos rada njéngklik. Tonggongna sémoe beureum; aja oge anoe hoerik make kotak-kotak hideung sisi koneng. Soengoetna koneng toeroet sisina atawa kajas make tolot-totol beureum. Tina djoeroe matana népi kana soengoetna make polet hideung, eta polet ti handapna aja oekiranana. Bangoen hoeloena djoeroe tiloe, boentoetna tjantel. Ari tjitjingna sawareh dina tatangkalan djeung roejoek-roejoek, sawareh deui dina liang-liang atawa gorowong-gorowong di djéro taneuh djeung dina sêla-sêla akar-akaran. Eta oraj karésépna noempi, hoeloena njangheuj di téngah; lindeuk hênteu giras. Ieu oraj katjida matihna; loba anoe geus maot, lantaran dipatjok oraj-lémah.

Loembrahna, lamoen dipatjok oraj anoe hoentoe peurahna tjokrahan, saperti *oraj-wélang*, *oraj-wéling*, *oraj-sindoeck*, *oraj-lotog* dj. s. t., dina lébah noe dipatjok teh sok karasa njéri meueusan, saperti katjoegak koe tjoetjoek. Lébah tatoena sok geuneuk sarta teu kaop katjabak atawa katoél. Teu koengsi lila anggahota anoe aja tatoe tea karasa tjangkeul, baal djeung leuleus, eta rasa kitoe toeloelj karasa saloeur awak. Anoe dipatjok tea toeloelj ngarasa lésoc djeung loengse, nangtoeng oge roemanggieung teu bisa djédjég, ambékanana sésék, përbawana toendoeh, sakapeung sok toeloelj kaléngër. Kabiasaanana soengoetna sok ngaboedah, letahna heuras. hese diobahkeunana, hese ngomong, hese neureuj. Di mana geus katjida: ambékanana djeung kékétégna lébah émena benki tjarang, kabiasaanana di-baréngan koe oetah-oetahan, mitjeun djeung boeboeng; ambékanana benki këndor; ingétanana langlang-lingling, panon djeung pantjadria sedjen noengtoetan pararaeh, eta djéléma lés kapaeahan, teu lila toeloelj lastari.

Lamoen dipatjokna koe oraj anoe hoentoe-peurahna molongo tea, saperti *oraj-lémah*, *oraj-boengka*, *oraj-giboeg* dj. s. t., karasana lain kitoe. Barang tjok oge dipatjok téroes bae karasa njéri. Lébah tatoena harita keneh beureum, beuki geunteul beuki geunteul, toeloelj bae geuneuk; teu lila téroes bareuh sarta mindéng aja gétih ngërém di djéro; njérina beuki tambah bae,

malah sok lëroes rarëngkëng. Noe dipatjok ngarasa halabhab, soengoetna djeung tikorona taloehoer sarta beureum, matana beureum djeung barareuh. Oepama tatoena parna pisan, noe dipatjok tereh pisan ngarasa loengsena. Sakapeung mah sok kaloearan gëtih tina soengoetna, kitoe deui tina angëna djeung anggahota-anggahota noe sedjen. Badanna karasana baraal teu boga rarasaan, toeloej teu eling, kékëtg ëme ngoerangan, ambëkanana beuki sësëk, sarta heuleut sawatara djam toeloej eta djëlëma maot.

Bënër, lantaran dipatjok koe oraj anoe hoentoe-peurahna molongo teh — *oraj-giboeg* dj. s. t. — arang aja anoe nëpi ka sakitoe parnana tjara anoe difërangkeun bieu, härtina hënteu mindëng sapërti anoe dipatjok oraj anoe hoentoe-peurahna tjokrahan tea mah, tapi, sanadjan hënteu tereh-tereh njeorang pati oge, ari matakna balai mah hënteu beunang disëboet koe-rang ti noe ti heula; sabab mindëng kadjadian daging djëlëma anoe dipatjok tea noengtoet boeroek atawa gëtihna kaasoeapan peurah djeung lian ti eta, datang ka eta djëlëma lila-lila maot lantaran kaasoeapan peurah saloear awakna.

Aja deui noe njarita, jen lamoen oerang dipatjok koe oraj-giboeg djeung sabangsana, oentoengna oge, tatoena tea djadi borok anoe bangga pisan diebarananana.

Di dieu koe oerang teu koedoe ditjaritakeun, jen sakoer noe dipatjok oraj matih teh saroea bae kadjadianana tjara anoe ditjaritakeun di loehoer; mindëng oge kadjadian noe dipatjok teh pirang-pirang djam lilana sok gëgëroengan bae, bawaning koe njëri sarta oerat-oerat-sarapna robah ti biasa, tëpi ka lamoen manehna obah atawa kaobahkeun saeutik bae oge teu koeat, atawa teu paja ngadenge gandeng meueusan.

Sakapeung noe dipatjok oraj matih teh tara lila toeloej maot, malah aja noe ngan oekoer miminoetan bac; komo oepama dipatjok lëbah oerat-kékëtg mah atawa salah sahidji oerat gëde, eta mah geus moal katoeloeng bac; harita keneh peurahna të-roes njaliara ka saloear awak sarta taja toeloenganeunana deui.

Koe sabab eta, pëtana noeloeng noe dipatjok oraj teh, saratna noe mimiti, oerang koedoe gantjang mëtakeun akal, soepaja peurah tea oelah tereh njaliara ka saloear awak, kadoea koedoe gantjang mëtakeun akal ngaloearkeun eta peurah tina awak oerang atawa padikah sedjen soepaja eta peurah oelah nga-roeksak.

Tarekah anoe panggampangna pikeun nolak soepaja eta peurah oelah gantjang njaliara, nja eta: bagian awak anoe dipatjok, — oepama aja pētana — gēntak beungkeut sing tarik lochoereun tatoes tea, tēgēsna bagian awak anoe dibeungkeut koedoe leuwih deukeut kana awak manan tatoes tea, ibaratna: oepama noe dipatjok tea dampal leungeun, koedoe dibeungkeut lēbah pigeulang; oepama dipatjok moemoentjangan, koedoe dibeungkeut lēbah bitis; meungkeutna koedoe tarik katjida, nēpi ka kēkētēg dina bagian noe dibeungkeut tea teu karasa deui. Koe lantaran dibeungkeut kitoe, ngotjorna gētih kapēgat, djadi peurah tea moal bisa njaliara, da miloe kapēgat. Oepama oerang teu sadia ban karet, tali sapatoe atawa tali biasa oge hade pake beungkeut; oepama teu aja tali, hade beungkeut koe tjaretjet, ikēt, atawa njoēh bae tina samping, badjoe djeung lian ti eta. Beungkeutna tea koe oerang diingkeun kira-kira satēngah djam, atawa oepama kapaksa-paksa teuing mah doea djam oge beunang, asal oelah leuwih ti sakitoe, karana lamoen leuwih ti doea djam, bagian awak noe dibeungkeut tea sok pach. Oepama dina sadjēro satēngah djam tea noe dipatjokna tatjan katembong kitoe-kieu anoe matak pihawatireun, eta hidji tanda, jen tatjan loba peurah noe kabawa koe gētih. Lamoen katembong enteng kitoe, beungkeutna koe oerang beunang dilaan kira-kira samēnit atawa satēngah mēnit, soepaja babagian noe tadi dibeungkeut tea meunang deui gētih anjar, toeloej dibeungkeut deui.

Oepama geus satēngah djam ti samēntasna dibeungkeut deui, noe dipatjokna tea masih keneh katembong teu kitoe-kieu anoe matak pihawatireun, beungkeutna tea koe oerang hade dilaan deui rada lila manan tadi. Atoeran kitoe teh koe oerang hade dipētakeun sababaraha kali. Tapi tarekah meungkeut salochoereun tatoes kitoe teh hēnteu salilana bisa dipētakeun, lamoen dipatjokna lēbah dada, tonggong djeung birit, eta euweuh pētana pikeun mētakeun tarekah noe tadi. Tah, lamoen dipatjokna lēbah dinja, eta teu aja deui akalna, lian ti koedoe mētakeun tarekah sedjen, nja eta: tatoena tea disopak sing nēpi ka kabawa djeung dagingna; njopakna kēdah koe peso noe bērēsih pjsan sarta seukeut ēnja. Lamoen oerang teu tega atawa hoream rek ngalampahkeun kitoe, koe ditjakra oge lēbah anoe tatoes, hade, tapi sing rada gēde djeung djēro. Raheutna koedoe dibandjoeran koe tjipanas sababaraha kali, bari dipētjet sakoerilingna tjara noe mēntjet bisoel, dioeroet, dipadjoer ti sisi

ka tēnguh kana tapak-djalak, mambrih peurahna tea ka loear, kapitjeun. Tatoe anoe geus meunang njakra kitoe teh koe oerang beunang oge diseuseup, tapi kitoe oge soengoetna noe rek njeuseup teh koedoe bŕēsih djeung tjageur taja raheut saeutik-eutik atjan, sabab oepama teu kitoe, eta matak djadi balai ka manehna.

Dēmi oerang Priboemi kabiasaanana ari ngoebaran noe dipatjok oraj teli, make papagan-papagan atawa akar-akaran, dirieus djeung apoe nēpi ka lēmbœtŕna, tēroes dielaskeun kana tatoena tea; atawa make djoedjoekeotan djeung dangdaoenau anoe geus bakoe sok dipake oebar, saperti sandilata. Geus kitoe noe dipatjokna teh diinoeman godogan dangdaoenau, djoedjoekeotan djeung akar-akaran, sarta make diparantjahan, didjampean sagala. Noe dipatjok nja radjeun oge sok tjageur, tapi babakoena lain koe mandjoerna oebar atawa bawaning matihna djampe tea, biasana mah lantaran orajna tea bae hēnteu pati matih, atawa tatoena hēnteu parna.

Djaba ti kana djoedjoekeotan djeung akar-akaran, oerang Priboemi aja deui kapertjajaanana, pikeun nambaan noe dipatjok oraj matih teli, nja eta kana batocœola djeung tjoela badak. Komo bangsa Tjina mah, katjida ngadēlna kana tjoela badak teli. Ari dipakena koedoe diantjilomkeim heula kana tjoeka; baseuh-baseuh tjoelana ditjētjēpkeun kana tapak dipatjok tea. Ari anoe sok diparake, tjoela badak anoe sagēde ēndog djapati, karana lamoen gēde teuing mah sok tara dackeun njēpot kana tatoena, njeuseup penrali tea, lantaran beurat teuing.

Dēmi batocœola, anoe loembrah sok diparake koe oerang Djēnggi di Ceylon ngaranna pēmbœkēloe; ieu mah batocœdjeun; ari ngokolakeunana ngan oerang Brahma anoe tarērangeun, sarta dirasiahkeun boeni pisan. Noeroetkēun papariksaan elmœc-kimea, eta batoc teh didjieunna tina tjampoeran toelang beunang meuleum, apoe djeung roehak geutah damar. Bedjana anoe pangmandjoer-mandjoerna teh nja eta anoe dikokolakeunana tina tjatjapek djeung tangkorek oraj-oraj anoe maratih. Biasana batocœola teh gēdena tara leuwih ti ēndog djapati anoe meudjuehna, bangoenna lonjod, ti gigirna noe sabeulah dēmpak, sabeulah deui bēlēnoe, roepana hideung sarta herang; lamoen ditjabak tjara aja minjakan. Eta batoc di noe bēlēnoena sok aja oedat bodas, hidji atawa leuwih, pandjang.

boeroengkang-baringkëng. Ari dipétakeunana, sanggeus tatoena meunang ngabérésihan koe tjai, baseuh-baseuh anoe dèmpakna ditjëtjépkeun kana tatoe tea. Tjek tjarita, eta batoe bisana téroes bae njépot kana tatoe tea, lamoen eta tatoe lantaran dipatjok oraj anoe matih. Éngke, heuleut sawatara minoet, sanggeusna peurahna djeung gétihna anoe katjampoeran peurah tea kaseuseup kabeh, batoena kakara lesot, ragrag sorangan. Soepaja kasiat eta batoe anggër, di mana méntas dipake nambaan koedoe dikeueum koe tjisocsoe anoe bérésih meunang satengah djum atawa sadjam.

Sanadjan lain pamohalan oge tjoela-badak atawa batoe-oela boga kasiat kitoe, komo kana tatoe noe gède mah atawa tatoe noe kaloearan gétih, tapi oelah rek tinggal pamilih, oerang koedoe bae ati-ati mah, oelah ngandél teuing kana kasiat batoe. Bisa djadi oge eta anoe dipatjok oraj teh katoeloeng koe disaratan saperti anoe kaséboet bicu di loehoer, doemeh orajna henteu pati matih atawa kaasoeupan peurahna henteu sakoemaha lobana. Atoeran ngoebaran koe batoe-oela djeung koe tjoela-badak teh énggeus ditjoba diboektikeun sarta lain sakali bae, tapi tapakna tatjan matak pèrtjaja kana kasiatna anoe sok ditarabeuh koe noe bisa tjarita.

Dèmi piochareunana pikeun nawa eta peurah anoe geus kapéndak koe ehnoe-doktor nja eta: chloorgoud, chloorkalk djeung overmanganzurekali. Ari makena koedoe meudjeuhna reana djeung koedoe gantjang deuih, oelah ngadagoan népi ka peurahna tea geus njaliara manten, sabab oepama geus njaliara ka saloeur awak mah, eta oebar teh tatjan poegoeh bisa méntal. Eta oebar noe tiloe tea, noe mana bae, koedoe ditinjoeh heula koe tjai, geus kitoe toeloej disoentikkeun kana tatoena djeung di sapoeterna tatoe tea. Oepama chloorgoud anoe rek dioebarkeun, makena koedoe anoe bangétna 1%, ari lobana, pikeun tatoena 1 cM³, pikeun sakoe-rilingna sama-sakali oelah leuwih ti 16 cM³, sabab lamoen ka-leuwihan teuing, sok aja matakna; lamoen chloorkalk noe rek dipake, koedoe anoe bangétna 2%, sarta koedoe leuwih loba njokotna ti batan chloorgoud; lamoen overmanganzurekali, tjampoerana koedoe ti 1 népi ka 5%, sarta lobana bisa dikira-kira, nja eta ti 10 népi ka 50 cM³; dèmi oebar anoe ieu mah noe katiloe, djaba ti ditinjoeh teh, beunang oge (dijieun poejër; ari ngoebarkeunana, sanggeus tatoena di-

sopak atawa ditjakra tea, digosok koe eta poejër sing katjida, nêpi ka raheutna roepana hideung lëstréng.

Dëmi chloorgoud, djaba ti mahal teh, tjampoeranana, lamoen hajang awet koedoe disimpên di noe poëk, da teu paja kajaangan. Ari chloorkalk, bënër leuwih matih ti batan chloorgoud, sarta hargana leuwih moerah deui, tapi aja bae handjakalna teh, nja eta ari di Hindia mah tjampoeranana sok teréh basah, djadi koedoe ngadadak njieun bae oonggal rek make teh.

Oetamana salian ti dioebaran kitoe teh, noe dipatjok tea disina nginoem arak sameudjultnana, soepaja djadjantoeng oelah ngëndoran; mangkade oelah loba teuing. Tangtloc pisan oelamana mah mēfateun oebar-oebar anoe bieu teh koedoe koe doktor; tapi hēnteu salilana bisa kitoe, komo pikeun anoe maratoeh di pigoenoengan mah; di pakidoelan atawa di sawareh kontrakan-kontrakan; di tempat anoe kitoe mah kapaksa koedoe oerang pribadi njar kias-tarekah saaja-aja, da koedoe ditoleeng harita, teu beunang diēngke-ēngke.

Oebar lian pikeun ngoebaran noe dipatjok oraj, nja eta serum. Ari ngoebaranana tjara ngoebaran anoe digegel andjing edan, oetjing, monjet djeung lian-lianna, sok disentik; ari oebarna dikokolakeunana koe doktor-doktor anoe pintër. anoe didjieunna peurah oraj. Peurah pioebareun tea disoentikkeun kana koeda, mimitina saeutik bae, beuki lila beuki loba. Éngkena dina djero awak koeda teh aja anoe ngadjadi, nja eta panawa-peurah tea, babakoena ajana dina djero gētih. Sanggeus sawatara lilana koedana koe oerang diala gētihna sapērloena, toeloj diolah deui, pikeun mitjeunan tjampoeranana anoe teu pērloe, datang ka kari anoe pērloe woengkoel, nja eta anoe disēboet serum tea, anoe beunang dipake nawa peurah. Serum anoe mimiti pisan dipake, malah nēpi ka ajeuna oge dipake keueh, nja eta serum anoe asalna tina peurah oraj-tasma (brilslang, bangsa oraj-sindoek di oerang), anoe di tanah Hindia-Inggris djeung Amerika kawēntar kamatihana. Ieu serum matih katjida keur ngoebaran noe dipatjok oraj-tasma, tapi ari dipake ngoebaran noe dipatjok koe oraj matih noe sedjen mah, bēt teu pati mandjoer. Tadina disarangka koe noe palintër, jen hidji roepa serum, beunang dipake nawa peurah sagala roepa oraj; ajeuna geus kanjahoan, jen serum teh matihna ngan keur nawa peurah anoe didjieun serum tea;

misilna: lamoen oerang dipatjok koe oraj-wélang, serum bareunana anoe panghadena, nja eta serung anoe asalna peurah oraj-wélang djeung sabangsana.

Mimindéngna mah serum anoe tadi tel dipétakeunana ka tatoe anoe teu kanjahoan lantaranana, koe oraj naon dipatjok Ari pangna tjarang kanjahoan, babakoena tina oerang tara s lilana ngawas-ngawas tintjakeun, kadoeana mimindéngna dipatjok oraj teh lain di noe linjih, tapi di noe bala, tangtoe bisa teu oedjoeg-oedjoeg katangen aja oraj, djadi sanggeusna matih eta oraj bisa téroes njoeloesoep; toeroeg-toeroeg oerang teu panyaho kana bedana oraj matih djeung oraj noe teu matih.

Di Brazilié aja atoeran hade pisan mambrih djéléma njaraho kana bedana oraj matih djeung noe teu matih, nja eta ngajakeun leséng (lezing) anoe sakira gampang kahartina koe djéléma rea, nérangkeun bedana oraj matih djeung noe teu matih, sarta orajna dihalja dibawa kana leséng tea ditoedoch-toedochkeun ka djéléma; dina leséng tea ditjaritakeun namalana peurah oraj djeung koemaha tarekanna sangkan oerang salamét tina eta balai. Koe hal eta ajeuna oerang dinja barisa nérangkeun, koe oraj naon dipatjokna; djadi noe djadi doktor gampang pisan milih serum anoe pangmandjoerna.

Lila-lila koe lantaran diarobelik tea, aja deui noe bisa ngokolakeun serum lianna, djaba ti anoe asalna tina oraj-tasma tea, nja eta serum panawa peurah *tijgerstung* (= oraj matjan), anoe kaitoeng kana oraj anoe pangmatihna sarta pangdipikarisina di tanah Oestrali; malah teu lila ti harita aja deui noe nimoekkeun serum, panawa peurah doca-tiloe roepa oraj.

Malah bel dieu mah di *Instituut Pasteur* oge (ajeuna di Bandoeng) sok njeunan serum keur nawa peurah oraj anoe maratih, anoe aja di Hindia-Nederland. Estoe oentoeng pisan moenggoch keur oerang Hindia; karana, di Hindia-Nederland oge henteu saeutik-saeutik, djéléma anoe parach lantaran dipatjok oraj matih, sarta moal boa tangtoe loba noe katoeloeng, lamoen gantjang dioebaran koe serum mah. Koe lantaran hal eta henteu ditjatétan reana, hartina henteu ngahadja ngajakeun sétat pikeun njatétan laporan-laporan noe dipatjok oraj, djadi soesah pisan pikeun nganjahokeun reana djéléma, koeda, sapi, moending djeung sato lianna bangsa anoe njoesoeran, anoe parach satahoen-tahoenna, lantaran dipatjok oraj; oelah bon njaho bé-nér reana anoe dipatjok oraj, dikira-kira oge hese kabina-bina.

Je deui di Hindia-Inggris djeung di Brazilië loba pisan paraeh koe oraj, babakoena pisan oerang Priboemina, baboena lantaran koerang ati-ati tea ngadjaga awakna; kadoea jan loba kanjahona djeung katiloena ngandélkeun teuing kana diri, népi ka teu pati daraekeun ihtiar.

Ti antero oraj-oraj anoe pangmatih-matihna djeung pangdikasieunna di Brazilië, nja eta anoe katélah *oraj-jararaca*.

Noeroetkeun tjaritaan anoe diasoepeun kana soerat-waktoean Walanda „*Het Leven*“, boelan Maart *) tahoen 1922, di tanah São Paulo, bawahan Brazilië, lobana djëlëma satahoen-satahoen nja anoe dipatjok oraj, ditaksir kira-kira aja kana 20 000; ti noe sakitoe teh kira-kira 60% dipatjok soekoena; anoe téroes maot rata-rata 20% atawa sapérlimana; djadi sapoëna gitik-rata reana noe dipatjok oraj leuwih ti 50, sapérlimana téroes maot, nja eta 10 dina sapoë, diitoeng boeleudna bae. Nilik kana sakitoe lobana anoe dipatjok oraj, tangtoe pisan pamarentah Brazilië moal nganép, nja boektina ngajakeun atoeran pikeun nolak eta balai. Djaba ti koe ngadégkeun roepa-roepa leséng anoe dipikasoeka koe oerang dinja, saperti anoe geus kaséboet bieu di loehoer, pamarentah ngajakeun primi, nja eta saha-saha noe njanggakeun hoeloe oraj matih, koe pamarentah dibajar. Koe lantaran ditarekahan kitoe, ti harita loba pisan oraj-oraj anoe diparaehan; dina sataoen-taoenna népi ka aja 15000-na, djadi gitik-rata 40 dina sapoë. Kadjaba ti dihanja dipaehan koe djëlëma, di Brazilië ngabasmina oraj teh nja oge anoe ngingoe sasatoan noe beuki kana oraj, saperti: landak, beurit-tjantoeung djeung lian ti eta. Djaba ti eta aja deni bangsa oraj anoe teu matih, anoe sok ngahakan oraj deui, nadjan oraj anoe maratih oge, saperti *oraj-jararaca* anoe kaséboet tadi di loehoer, ten dihiding, dioedag-oedag, ditewak toeloej diteureuj, katélahna *Rharrhidelus Brasilië*. Djalma-djalma diparepelingan koedoe marake sapatoe, tjalana lépas djeung sapa padana, oelah ngaligintjing teu ditaroempah-taroempah atjan; komo ari anoe rek digarawe di kontrakan-kontrakan mah, sabab saba leuweung tea.

*) Dina *Het Leven* tanggal 23 Januari 1922, No. 1, katja 114 népi ka sarta 116, aja tjaritaan hal oraj matih di Brazilië, babakoena ujuritakeun koemaha tarekah pamarentah nolakna eta balai; hal „*Instituut Butantan*“ di Sint Paul djeung hal *oraj-jararaca* tea. (*Poeradiredja*).

Di Sao Paulo aja hidji adëgan tẽmpat ngoebaran noe dipatjok oraj, ngaranna *Instituut Butantan*. Di dinja aja tẽmpat njiem serum, dikapalaanana koe doktor-doktor noe palintër; salian ti njiem serum eta instituut ngoeroes djeung ngajakeun oge roepa-roepa, atoeran pikeun nolak bahla oraj. Handjakal pisan sagala ihti r djeung atoeran eta instituut anoe koedoe dilampahkeun koe djahna-djalma tea, hẽnteu kabeh ditaroeroet koe oerang Priboemi, lantaran saeutik keneh tea kanjahona djeung pẽrtjaja ka noe lain-lain. Tapi sanadjan kitoe eta Instituut teu boeroeng gẽde bae beubeunanganana.

Nilik kana loeng anoe geus kapanggih di Braziliẽ, pẽrloe pisan oerang bebedja ka doktor, oraj naon anoe matjokna, soepaja andjeunna iasaeun milih pioebareunana; djeung njoe-hoenkeunana pitoeloeng doktor koedoe gantjang, oelah pisan di-ẽngke-ẽngke, sabab di djẽro 20 mẽnit ti barang dipatjok, eta serum koedoe disoentikkeui.

Ari njoentikna aja parantina; disoentikna noe panghadena dina tonggong. Koe pẽta kitoe teh sataoen-taonna mangreboe-reboe djẽlẽma anoe katoeloengan tina pati.

Soepaja hẽnteu hese ncangan peurah pikeun njiem serum, di Instituut Butantan disadiakeun roepa-roepa bangsa oraj anoe maratih, dihadja diingoe. Aja pakarangan lẽga, di djẽrona make hoehoenjoeran, loehoerna kira-kira $\frac{1}{2}$ nẽpi ka $\frac{3}{4}$ metër, bangoenna siga kantjah nangkoeb, di djẽrona ngẽlẽwoeng; sisi-sisina di handap diliangan, bangoenna kawas lawang koeroeng djapati, soepaja oraj-orajna tea bisa laloeasa lar-soep ka loear ka djẽro.

Eta karapjak dikoeroeng koe koeta, loehoerna sametër; malar orajna tea oelah laleupasan, eta tembokan ti loearna dikoelibẽng koe solokan, roebakna djeung djẽrona kira-kira sametër, djeung anoe tjaina palid. Dina tẽmpat asoepna djeung kaloearna tjai, make ram-kawat. Eta solokan sisina ditembok sarta nẽtẽk, sangkan oraj oelah bisa naek.

Ari newakna eta oraj koe iteuk noe geus bakoe paranti newak oraj; toengtoengna make kakait koe beusi.

Salian ti iteuk anoe make kakait, aja deui anoe make pangrod. Oepama hoeloe oraj anoe rek ditewak tea geus kaeurad koe pangrodna, ngan kari ngẽnjẽd bae talina, da dihadja make tali keur ngẽnjẽdna, toeloẽj bae pangrodna mangrod kana beuheung oraj tea.

Aja deui parobotna, ieu keneh bae, ngan ieu mah toengtoengna pasagi make ditjokrah; dina sisi tjokrahna make liang; eta liang ditjorok koe rara; eta rara ditjangreudkeun kana koelit anoe rada roebak djeung bangoenna pasagi, ari toengtoengna noe hidji deui ditjékél koe noe rek newak oraj tea. Koe sabab eta koelit pasagi tea, sisina sabeulah deui dimaneuhkeun kana sisi tjokrahna, djadi lamoer eta tali ditarik, eta koelit noetoeptjokrahna tea.

Lamoer beuheung oraj geus aja di antara koelit djeung tjokrahna, rara tea koedoe geuwat ditarik, eta oraj tangtoe katiérék lébah beuheungna.

Salian parobot-parobot noe bieu ditataan di loehoer, aja deui tjatjapit pandjang, gawena keur njapit oraj, noe rek dibidjilkeun peurahna. Ari ditjapitna lébah beuheungna djeung boentoetna; noe dipalar soepaja eta oraj oelah matjok djeung oelah meulit atawa goegoerindjalan. Tangtoe pisan njapitna koedoe rikat; djadi koedoe diadjar heula métakeunana eta panjapit sarta noeroetkeun noe geus boekti di Brazilië, henteu sabaraha hesena. Loba oge pagawe di dinja noe rarikat pisan newakanana oraj teh, sok koe leungeun bae.

Eta oraj oepama ditewak sok ambék sarta pohara, goegoerindjalan hajangeun matjok. Atoeh da poegoeh dihadja diarah ambékna, soepaja babari diala peurahna. Oepama rek ngala peurah koedoe aja doea djéléma, noe saorang njékélan eta oraj, noe saorang deui mandeun koe gélas wadah peurah. Eta wadah digilisirkeun kana bangoesna sakali, sakapeung sok sababaraha kali; ngarasa aja noe ngagilisir, eta oraj ngagoerindjal rek ngegel gélas tea, tjér bac peurahna bidjil tina hoentoe peurahna.

Oraj matih anoe diingoe di karapjak tea, lolobana beunang meuli. Saha-saha noe mawa oraj matih noe hiroep keneh, koe Instituut dibajar sapantésna. Salian oraj ti djéléma-djéléma, loba oge pangirim ti kontrakan-kontrakan. Pikeun toekeurna, eta kontrakan dipaparin serum djeung parobot njoentikna, soepaja bisa njoentik koe maneh di mana teu kaberoe koe doktor. Oraj pangirim ti kontrakan-kontrakan dibawana koe kareta api teu koedoe majar naon-naon.

Sarerea oge tangtoe geus manggih, sok aja oerang Hindoe anoe mintonkeun kapintéranana méroehkeun oraj maratih. Genning sok ngidér noengtoen-noengtoen andjing, monjet, saka-

peung sok djeung ěmbe; di mana aja noe nanggap toeloj maen. nembongkeun roepa-roepa kapintĕranana kana mĕroehkeun oraj maratih. Eta istoe lalawora katjida. Loba oge pangarang-pangarang anoe njaritakeun, jen oraj anoe dibabawa koe oerang Hindoe teh, beunang njaboetan hoentoena. Tapi rea deui noe njĕboetkeun hĕnteu, malĕh geus mindĕng kadjadian aja anoe dipatjok, nĕpi ka maot. Sawareh deui njarita, madjarkeun teh eta oraj dipoepoel bajoena heula atawa ditarekahan sangkan lĕndĕngeun, ngarah lindeuk teu galak. Tapi eta tjarita teh kabeh oge taja noe bĕnĕr. Ari ĕnja-ĕnjana kieu: eta oraj teh hoentoe peurahna teu ditjaboet teu naon; oerang Hindoe noe djadi malim oraj tea, eta hidji djĕlĕma ngandĕl djeung kĕndĕl, salian ti kitoe njaho pisan kana wawatĕkanana djeung adatna eta oraj, kawoewoeh apal sarta awas pisan kana karĕp oraj. Salilana eta oraj dimaenkeun koe manehna dipĕntjrong, diawaskeun pĕta-pamolahna, oesik-malikna kabeh kaintip djeung kaharti. Barang dika-locarkeun eta oraj tjoelanggeuk, bangoen rek matjok ka ki malim, tapi lila-lila beuki lindeuk beuki lindeuk, loengse lir noe dipoepoel bajoe. Sanggeus katembong loengse kitoe, kakara ki malim wani njabak. Lamoen eta oraj tjoeringhak deui, rikat nakĕr ki malim ngĕdjatna, tapi koe noe laladjo teu katjiri ngĕdjat koe sieun, da direka pĕta noe ngamaenkeun oraj, kadeuleuna siga polah loembrahna noe ngamen kamidi bae. Sakabeh malim oraj oerang Hindoe noe sok ngamen di Poelo-Djawa, saroea bae, kitoe.

III. ROEPA-ROEPA PAPANONG. (*)

Anoe dingaranan *kini-kini* teh satĕmĕnna *anak papatong* sarta kaasoep kana bangsa sasatoan anoe tjtjingga dina tjai anoe deet, rea leutakna sarta lieoh hĕnteu palid djeung nĕgrak kapanasan, sapĕrti: di sawah-sawah, di rantja-rantja djeung di balong-balong.

Roepana djeung dangdanan awakna sarerea oge tangtoe geus pada tĕrang. Kini-kini teh bakatna galak ngagaksak kana sato-sato laleutik djeung barang-hakanna taja kaseubeuhna. Lakoe-lampahna beunang dibandingkeun djeung hioe di laoet, sok nga-

(*) Pamanggihna R Soewandakoesoema.

hakan laeok deui; roepa-roepa taga anoe araja di tjai, eta kabakanan kini-kini noe babakoe. Tjahcum kini-kini noe ti handap pandjang, koe sabab eta newakan taga hakaneunana teh bararieun nakër djeung rikat deuih.

Ti waktoe mëgar tina ëndogna nëpi ka gëdena eta kini² hiroep di tjai bae djeung tara paeh koe lantaran kolot di dinja, sabab oepama awakna geus nëpi kana palanggëranana gëdena, eta mahloek sok handjat ka darat, naek kana toenggoel atawa tangkal pare atawa kana djoedjoekoetan djeung djaba ti eta, anoe nantjêb kakeneum sapotong di têngah tjai, tëroes nangkod sapërti anoe mojanu atawa sapërti anoe keur moemoedja aja noc disoehoenkeun ka Noe Kawasa. Hënteu koengsi sabaraha lilana, tonggongna beulah; geus kitoe djol tina beubeulahanana teh aja anoe bidjil ngarajap lalaoenan, anoe roepana koneng, beureum atawa tjoreleng warna-warna; hoeloena boeud; matana montjeret gëde djeung herang nalokom, meh meakkeun tēmpat pikeun babagian sedjen anoe aja dina hoeloena; dina soengoaetna aja hoentoean; dina tonggongna aja djangdjangan opat lambar anoe roepana herang ngolenggang sapërti katja; boentoetna pandjang; nja eta anoe disarëboet papatong tea. Kini-kini teh salin roepa ngan tinggal tjangkangna bae, nangkod teu oesik teu malik dina oeroet moemoedjana, pindah tēmpat hiroep, ninggalkeun bale geusan ngadjadina, anoe moal kasorang katintjak deui nëpi ka paehna. Tingkah-lakoena katoet kahakananana sapopoë oge, nja kitoe diganti koe kawadjiban, sanggeusna dikaboel panëdana tea sarta ngambëkan koe hawa.

Awak djeung djangdjang papatong sakoer anoe kakara bidjil tina badan kini-kini, sok leuleus; poelas koelitna mentjrang bërësih.

Sanggeus kapanasan badanna djadi sëgër; djangdjangna anoe tadina rapët ngahidji, djadi misah midoea djeung rada heuras.

Barang geus ngarasa djagdjad, kakara manehna libër, mëräs sakabéh parobot anjar anoe aja dina badanna djeung nganimitia njabak pagaweanana sapopoë nja eta barang ala hakaneunana.

Ari pëta neangan kahakananana, tara aproek-aproekan sapërti sasatoan noe seljen, tapi sok tjitjing bae dina hidji-doea tēmpat. sakapeung sok areunteup dina kawat tëlëpon, noenggoe-noenggoe anoe datang, njampeurkeun sorangan, anoe halibër ka loehoereun atawa ka hareunpunnana. Oepama aja noe katembong koekoe-lampurëgan, tëroes disambër djeung meh tara aja gugalus.

Mimindengna eta mamangsanna teh sok dihakan bari hihibëran bac.

Sok radjeun aja sato leutik anoe geus digegel, moerag tina seongoetna, eta dihadja dipitjeun, docmeh kasalahan njabët lain kabeukina.

Sagala sasatoan laleutik anoe awakna baec pabang, koe manehna hënteu dihakan.

Papatong hënteu pati bisaun nendjo kana sato anoe hihibëran di sahandapeun tēmpat pangintipanana djeung hënteu bisaun rewak sato anoe keur eunteup.

Pikeun noenggoe ngintip-ngintip kaliakananana, manehna milih tēmpat anoe nēgrak kapanasan.

Nja aja oge papatong anoe ngala hakaneunana hihibëran di loehoer, hënteu eunteup mēgat-mēgat dina hidji tēmpat, nja eta noe sok disarēboet papatong-maoeng.

Djaba ti eta aja deui anoe pēta ngala hakaneunana dirontok, sarta samemehna dirontok sok didagoan heula eunteupna, nja eta papatong-djaroem, anoe hënteu pisan bisaun njambër.

Sagala sasatoan kabeukina tea, sakoer anoe beunang, samemehna diteureuj, diwēdjék heula dilēmboetkeun koe hoentoena anoe reana doca siki; eta parobot seukeut pisan djeung bangoena ngēloek sapērti arit; roepana hideung; dingangahkeunana lain ka loehoer atawa ka handap tapi ka gigir sapērti hoentoe simeut.

Dina waktoc keur hënteu digawekeun, eta pakakas diboenian koe biwir loehoer djeung biwir handap, anoe obahna beunang ditjēngkatkeun atawa ditoetoepeun.

Gawena biwir handap lain dipake ngaboenian hoentoe bac, tapi aja deui, nja eta dipake wadiah paranti noenda kahakananana sakoer anoe badag kenéh, beunang ngawēdjék kasakali, kitoc oge oepama noe dihakanna rada gēde, ari leutik mah tēroes-tēroes bac dilēmboetkeun djeung diteureuj, tara dipindo ditjapek doca kali. Geuning oepama papatong meunang rēdjékina anoe sagēde laleur, mimitina mah ditjapek roesoeh (gagabah), tēroes ditoenda dina biwir handap. Ti dinja kakura dipindo dilēmboetkenn saeutik-saeutik djeung ditoengloet digolosor-golosorkeun kana tikorona.

Pasosore eta sato milih tēmpat pikeun heesna dina daoen atawa dahan anoe rada linoek, nangkod njanghareup ka loehoer. Ari sababna noe matak milihan tēmpat anoe rada linoek, nja

eta soepaja henteu katodjo teuing koe tjiiboen djeung ngadjaga
bisi hoedjan.

Isoek-isoek sanggeus rada pojan djeung tjiiboen anoe njarang-
sang dina djangdjangna geus ipis, tēroes hibēr deui milih tēmpat
pikeun tjitjing ngintip kahakananana.

Kitoe bae gawena sapopoë teh, nēpi ka kolotna sarta paeh.

Papatong noe geus kolot koe oerang sok katjiri: koelitna
teuas; roepana roemeuk sēmoē hēlēwoek, lantaran rēmēn kapana-
san djeung kaiboenan; djangdjangna, saroēh, datang ka oepama
keur dipake hibēr, sok kadenge ngorosok atawa ngagēbēr rada.
gēmbēr.

Memeh paeh koe lantaran kolot, bikangna ngēndog heula. Aja
oge bangsa papatong anoe ngēndogna savorodjolna bae dina
tjai; aja oge anoe ditapēlkeun kana daoen djoekoet tjai; aja deui
anoe ngēbor heula liang dina djoekoet tjai noe oedoeh, borosot di
dinja ngēndog. Ngabidjilkeunana ēndog tina lēbah toengtoeng
boentoetna.

Ari mēgar eta ēndog, nja djadi *kini-kini*.

ēndogna laleutik pisan djeung rea; roepana karoneng.

Oepama oerang hajang ngaboektikeun kana ēndogna, hade
newak papatong bikang bae anoe geus meudjuehna kolotna, doca
atawa tiloe mah, tēroes tjēkēlan djangdjangna; moal lila oge
tangtoe aja salasahidji anoe ngēndog, baridjilan tina liang
deukout toengtoeng boentoetna.

Tapi sok aja djēlēma anoe ngomong, njēhoet-njēhoet ēndogna
eta mabloek, nja eta anoe baroeleud harideung djeung narang-
kod dina beuteungna; eta sangkaanana kitoe kaliroc.

Pikeun ngabelakéan papatong bikang djeung djaloena, baha-
koena dina boentoetna, nja eta: bagal boentoet djaloena leutik
sarta di hareupna monjong djeung aja anōē narangtot sarōepa
ramboe nja eta panjapit pikenn njēkēlan boentoet bikangna,
nja kitoe deui dina toengtoeng boentoetna make tjatjapit pikeun
njēkēl poendoek bikangna. Ari bagal-boentoet bikangna gēde
djeung hareupna mintoel, palēbah toengtoengna rada djeber
djeung aja liangan paranti ngabidjilkeun ēndogna.

Saoemoerna aja di tjai, kini-kini mah tara ngēndog, sabab:
sagala sasatoan lalcutik sakoer anoe hiroepna bisa miroepa doea
(mindah roepa), anoe sok ngēndog teh salawasna anoe sarōepa
bae, nja eta dina roepa pamirdona, sapērti: hileud sok djadi
koekoepoe, ngēndogna keur dina djadi koekoepoe bae.

Eta sasatoan anoe hiroepna bisa mindah roepa lolobana mah sanggeusna ngëndog, deukeut pisan kana waktoena pachi teh djeung karereaanana ngëndogna ngan sakali, tara aja mindona. Tapi nja aja oge hidji-doea bangsa anoe pandjang oemocrna djeung rēmēn ngëndogna, nja eta sasatoan laleutik sakoer anoe kasēboet barogaeun radja, kajaning: roepa-roepa sireum djeung njirocan katoet sawarah bangsana.

Papatong tea gēdena sok roepa-roepa hēnteu saroea sarta koc lantaran kitoe, hēnteu beunang disēboetkeun indoengna djeung anakna, tapi nja eta koe sabab misah-misah bangsana, noeroetkeun sakoemaha reana roepa kaajaan kini-kini, saperti:

- 1e. Papatong-maoeng. roepana tjoreleng: koneng djeung sēmoe beureum atawa beureum tarotol hideung, hoelena gēde djeung boendēr; boentoetna pandjang sarta hoelud. Eta papatong aja sababaraha bangsa, asalna: roepa² kini-kini anoe pandjang beuteungna, anoe sok disarēboet *getok* tea.
- 2c. Papatong-djawa, roepana hedjō tjoreleng hideung; boentoetna bēlang: hideung djeung bodas sarta pandjang djeung boelud; asalna: kini-kini anoe awakna rada lonjod, seukeut gigirna djeung rada djangkoeng soekoena.
- 3e. Papatong-beureum. anoe roepa bikangna koneng; boentoetna gēde rada dēmpak djeung neros ka toengtoengna; asalna kini-kini anoe rada boelud awakna; sockoena pēndek djeung djabrigan.
- 4e. Papatong-djaroem rea pisan bangsana, anoe roepana warna-warna, aja anoe paocl, aja anoe sēmoe bodas, aja anoe ha-woek aja anoe bēlang hedjō, bēlang-beureum djeung satēroesna. Awakna leutik; boentoetna pandjang djeung boelud; hoelena dēmpak; matana lonjod nondjol ka gigir; oepama keur cunteup djangdjangna sok rapēt djadi hidji, hēnteu namprak saperti papatong anoe rea; asalna: roepa-roepa *kini-kini-aron* anoe laleutik, gēde kana hoelocua djeung beuteung-beuteungna parandjang sarta baroeud.

Ti antero sasatoan anoe laleutik sakoer anoe barisaeun hibēr, rasa kaoela, ngan papatong, anoe panggēde-gēdena dagingna teh, nja eta oepama dibandingkeun kana kagēdean awakna. Dagingna henteu ngahidji, tapi misah-misah tinggerentel parandjang anoe pētana ngaberes patoempang-tindih.

Dina waktoe keur hibēr, djangdjangna lain dipapakkeun, tapi dikalajangkeun, anoe katingeuna lēmēs pisan datang ka hēnteu

katjiri obah-obahna atjan. Ngan papatong-djaroem, pëta hibërna sok ngëpërkeun djangdjangna.

Kitoe deui papatong teh beunang disëboet sato anoe anch; supërkara koe sabab tëmpat hirocpna misah ti sasatoan anoe rea, nja eta ti tjai pindah ka darat, ganti anoe dipake ngambëkan; katoeroeg-toeroeg sadatangna ka darat, manehna bisaeun hibër. Kadoca përkara koe sabab paranti ngabidjilkeunana ëndog saki-toe angganganana awakna, meh dina toengtoeng boentoetna tea djeung katiloe përkara ngambëkanana sok katingal dina boentoetna, lain dina badanna atawa dina gadona sapërti sasatoan noe rea.

Ari anoe kasëboet matana lain anoe nalokom bontjeret gëde tea, tapi aja deui, nja eta anoe përnahna aja di hareup bënë, sabab lampah noenggoean kahakananana, pëtana eta mahloek sok toengkoel; ëngke oepama aja sato leutik anoe hibër ka loehoe-reunana atawa ka gigireunana, manehna sok ngagilëkkeun hoe-loena ka palëbah dinja, sëmoena ditendjo ditetelakeun heula koe matana noe ënja, ti dinja kakara diboeroe disambër.

Koe kalakoeunana eta kitoe koe oerang katjiri, jen gawena eta noe bontjeret gëde, hënteu aja deui kadjaba ti paranti nadahan kalangkang; djadi sagula sasatoan lalutik, sakoer anoe ngaliwat atawa hilibëran di loehoereunana djeung di gigireunana, mimitina katendjoëun koe matana anoe bënë teh, dina eta tadah kalangkang.

Tah, rasa kaeola, eta sababna noe matak papatong sok rësëpeun mëgat-mëgat kahakananana dina tëmpat anoe kapojanan, mambrih kalangkang sasatoan anoe halibër, leuwih tërang keunana kana panadahanana.

Oepama eta parabot koe noe bogana kanjahon rada roemeuk (soerëm). gantjang dioesap koe sockoena anoe ti hareup.

Sanggeusna paeh, awakna eta mahloek gantjang pisan garing; boentoetna rëgas babari parotong; hoeloena longger, gampang goelar-gilirna; soengoetna balëm.

Sasatoan lalutik anoe dipikabeuki koe papatong rea katjida sapërti: roepa-roepa kockoepoe lalutik, simcut koengkang, reungit, rambëtoek djeung salian ti eta.

Moenggoehing anoe kasëboet papatong-djawa mah, daging bangsana anoe sedjen oge beukieun, malah batoerna pisan, sakoer anoe awakna leuleus kench, sok dihakan bae.

Ari pëta newak batoerna anoe rek dihakan tea hënteu gaga-bah, tapi matoeh moeroe kana lëbah poendoekna, tëroes dikoro-

wot dihakakan; atoech anoe dirampog teh henteu pisan bisaun polah, da pageuh ditjékél ti loekang; gawena ngan koeloctar-kélclér teu poegoch bae, nahan kanjérina.

Sakabeh papatong anoe geus kaséboet di loehoer, karereanana tjitjingna di sawah-sawah atawa di tégalan-tégalan, nja aja oge anoe sok matoeh di lémboer-lémboer, tapi henteu sakoemaha reana, ngan papatong anoe lalcutik, anoe djaloena paol, bikangna koneng tea, eta mah énja heunang diséboet matoeh di pilémboeran, kajaning di boeroean-boeroean imah djeung dikébon-kébon anoe négrak kapanasan. Tah nja noeroetkeun kana tempat pamatoehanana, noe matak eta bangsa bogaeun ngaran „papatong boeroean” teh.

Dina waktóe arek hoedjan, hawa ngélékéb, oerang ngarasa hareudang-bajeungjang; papatong oge sok teu ngeunah tjitjing, gawena halihibéran di awang-awang ka loehoer-ka handap di loehoereun sawah atawa boehoelak, ngaboehoehan népi ka ratoe-ratoe, sakapeung sok di loehoereun sitoe.

Lamoen angin gède, sok njalindoeng areunteup dina dangdaean beulah ti handap.

Hidji-hidji roepa bangsa papatong ngala kahakananana biasana ti beurang dina sanggeus aja sorot panonpoé, tapi aja oge anoe liarna sareupna, nja eta papatong-maoeng, anoe panggède-gédena ti antara kabeh bangsa-bangsa, anoe hibérna sok gantjang sarta sémoe ngoengkoeg djeung sok boelang-balik atawa koekoerilingan, njabétan sasatoan lalcutik anoe halihibéran liar dina waktóe eta.

Sasatoan anoe sok njaloean papatong rea pisan, kajaning: roepa-roepa manoeek sawah, saeran, sisikatan, bangsa bangkong, londok, lantjah djeung salian ti eta.

Kitoe deui koe djéléma-djéléma anoe bareukieun, papatong sok ditaréda; dipopolahkeunana dipais atawa digoreng make sambara.

Papatong-djawa heunang dipake ngoebaran hajam atawa manoeek anoe géring.

Akal ngala papatong roepa-roepa: aja noe diteunggeul koe pameupeuh anoe njépret rada leuleus, aja anoe dileugeutan djang-djangna koe roktrak pandjang make roepa-roepa geutah dina toengtoengna; aja anoe dipasangan koe bétrik, dieupanan dina toetoenggoel awi dipambrih eunteupna; aja anoe dioeseupan make eupan bangke laléur atawa koengkang anoe péta-pétana

ditalian koe toengtoeng gagang kembang djoekoet atawa koe toengtoeng gagang pare anoe hedjo kenoh bocahna beunang marol, tēroes dipoentir-poentir deukeut papatong anoe keur eunteup atawa anoe keur hihibēran, dipalar njambērna ngarontok kana eta cupan. Oepama eta mahloek geus njanggoet, tēroes ditewak. Akal soepaja leuwih gampang newakna, hade oeseupna bae, sanggeus disanggoet, dideukeutkeun kana dada, tēroes 'diroengkoep koe dampal leungeun. Sanggeus beunang, toeloej ditiiran tonggongna koe gagang kembang djoekoet atawa koe paniiir awi. Eta oeseup papatong disarēhoetna „loeloetoe“.

Sabot dipoentir-poentirkeun koe baroedak mah sok dikarawihan, anoe pokpokanana kieu: „Lalata, loeloetoe, taroek waloch saparako, pake njoel sambel dage“. Kitoe bae salilana ngoeseup teh, nēpi ka eureunna.

Hidji-hidji roepa pēta hal ngala papatong sakoer anoe geus kasēhoet bieu di loehoer, babakoena pagawean baroedak, sabab moenggoehing djēlēma anoe geus aja oemoer, ngalana sok sareupna dina waktoe eta mahloek geus beres harees, nja anoe sok dihasakeun „nolong“ tea, hartina diala dina waktoe geus rek poek meh hēnteu katingal papatongna.

Sawareh djēlēma ngalana sok isoek-isoek, doemeh harita sok lindeuk lantaran beuratean koe tjiiboen anoe narapēl dina djang-djangna.

Djaba ti dikitoe, dialana sok diroengkoep koe ajakan tēroes dikodok ti handap, atawa diroengkoep koe njere baseuh anoe toengtoengna dipēlēngkoengkeun djeung make ramat lantjah.

Pēta pikenn ngaramatan eta pangroengkoep papatong, kieu: sanggeus njerena beunang mēlēngkoengkeun, toeloej oerang neangan ramat lantjah; sanggeus manggih tēroes pēlēngkoengna disorangkeun kana eta ramat, nēpi ka 2 atawa 3 kali (rangkep), soepaja pagueh hēnteu bisa bēlah koe tanaga papatong.

Koe sabab papatong hēnteu aja pisan ngarocksakna ka oerang, sarta kabekina bangsa sasatoan laleutik anoe sok njeuseup gētih djēlēma djeung anoe sok ngagaksak kana pakajana, djadi eta mahloek kaasoeup kana sobat oerang anoe gēde mangpaatna, noeloeng ngabasmī noempoeurkeun moesoeh, anoe koe oerang sok dianggap katjilen tina sabab leutik awakna djeung leutik tanagana, padahal sasatoan anoe sareupa kitoe, njilakakeunana ka djēlēma, rea noe leuwih djahat ti batan sasatoan noe galēde, soemawonna reungit mah, anoe geus katjēloek toekang nepa-

keun panjakil moeriang malaria tea. Geuning djalma anoe ditjotjo koe reungit, — soemawonna reungit kalipoetjang mah — sok toeloj moeriang, rea anoe naenan lilana doengklak-dengklok meh hēnteu bisaenn barang gawe.

Moenggoehing koe baroedak anoe hēnteu barogaeun rasrasan mah, papatong dialana sok dipake kaoclinan, kajaning disaroempitan koe djarami atawa koe palét make pasēr leutik atawa keusik, datang ka rea anoe roeksak hibēr mamawa pasēr dina awakna; paeuna anoe saroepea kitoe lila, ngarasa heula kanjēri. Katoeroeg-toeroeg oepama eta sato geus beunang, djeung pasērna geus ditjaboet, soekoe-soekoe sok dirompes nepi ka hēnteu aja anoe tinggaleun; geus kitoe toeloj dileupaskeun deui bari diemprakan disoerakan djeung soeka seuri, doemeh papatongna saban rek eunteup kana latangkalan atawa dangdaenan sok ngagolosor ka handap, da hēnteu aja parabot keur moentangna; toengtoengna toeloj ragrag kana taneuh, lantaran tjapeun hihibēran, tēroes paeun nandang sangsara.

Sawarah boentoetna sok dipotongkeun, tēroes digagantelan koe roentah atawa dahan kēmbang djoekoet anoe leutik, ditjollokkeun kana boentoetna anoe tinggal sapotong dina awakna. Ti diuja dileupaskeun bari diemprakan sarta soesoerakan, dibasakeun „manoeak ngakoet”. Eta beuki njoetjoed bae lampah kabocroenganana teh, doro kana sato anoe hēnteu aja pisan dosana ka oerang, woengkoel dinjēnjēri dipake kasoeakaanana pribadi, hēnteu pisan dipikir-pikir kana kabalangsakanana djeung kanjērianana eta mahloek, rarasaanana teh sato njēlap hēnteu poegoeuh, hēnteu aja anoe kagoengan djeung sato hēnteu bogaeun rasa kitoe-kieu, padahal sakabeh mahloek sakoe anoe koemēlip di alam doenja, anoe gēde anoe leutik oge, pada bogaeun kahajang, karēsēp djeung kanjēri.

Kitoe deui masih rea keneh pisan baroedak anoe sok nalian atawa niiran papatong hiroep-hiroep hēnteu dipaeun heula dipētjet hoeloeua, toer hēnteu matak ngadjudikeun kahesean, oepama menich niir, mēntjet heula hoeloeua, soepaja paeuna gantjang, hēnteu nandang kanjēri lila-lila.

Papatong anoe hibērna kokoljongan lantaran dibeupeuh atawa disoempit koe keusik, dibasakeunana „kapehong”.

Dēmi boektina anoe geus kadjadian, jeu papatong gēde toeloengna ka oerang, nja eta sapērti anoe geus kadjalankeun koe Padoeka Toean K. F. Holle (noeroetkeun tjaritana tina boeke

Mitra noe tani djilid IV, anoe dipindahkeun tina basa Walanda kana basa Soenda koe Padoeka djoeragan Aria Patih a'deeling Sockaboemi anoe geus marhoem). Hikajatna kieu:

Hidji mangsa, waktos Padoeka Toean K. F. Holle djoemönöng keuch di kontrakan Waspada, district Panembong, a'deeling Limbangan, andjeunna kataradjang porsing, doemeh di deukeut boemina djeung di kēbon-kēbon kontrakanana rea pisan sasatoan anoe lalutik, anoe djadi hama ka djëlēma djeung kana pēpē-lakan. kajaning: koekoepoe leutik, raribōtok, reungit djeung djaba ti eta.

Koe karadjinaana, tēroes andjeunna marentah ka baroedak kampoeng, soepaja pada ngaralaan papatong di locar kontrakan sarta dihiroepan. Eta papatong digaleuhan, tēroes dileupas-leupaskeun di deukeut boemina.

Isoek-isoek sanggeus haneut-mojan, eta mahloek riab paradjin-radjin narewakan sasatoan anoe djadi hama tea. Sore-sore reuteum areunteup dina tatangkalan lalutik.

Tocngtoengna hama leh toempoer, doemeh diambreg (ditēny-poeg) ditarewakan koe eta papatong.

Tah sakitoe ijaritaan hal Padoeka Toean K. F. Holle ngahiras kana pitoeloengna papatong leh. Koe sabab eta oerang pērlōe pisan mikaroenja kana eta mahloek, oelah datang ka rea anoe disangsara koe baroedak.



IV. NGADJAR KOEDA.

Sok loba djëlēma noe ngawarah koeda borangan koe dirangkefan atawa digesrek koe ēles; eta salah kabina-bina. Sabab

biasana eta koeda sok ingëteun bae manehna mëntas dirangketan atawa digesrek koe ëles, kadjadianana lain leungit boranganana, malah woewoeh.

Akalna anoe hade pikun ngaleungitkeun boranganana, eta koeda oelah sina nendjo kana barang anoe dipake kasieun, di-bebendjokeun sina neuleu barang lian; atawa dihadja disina ngilikan barang pikasieuneunana tea, sina dihantëm diawas-awas, sangkan ngartieun jen eta barang teh teu koedoe dipikasieun. Anoe toempak koedoe awas, soepaja eta barang anoe sok dipikasieun tea, koe manehna (noe toempak) katendjo ti heula, toeloj koedana diomongan, sarta kalawan sabar disina diilikan koe eta koeda, sina diawas-awas.

Lamoen aja koeda-sok nongtot letahna, oepama eta koeda geus beunang ngararangkenan, letahna koedoe dipoeroeloekan oejah lëmboet lëbah kadali. — Aja oge anoe sok make radjoet-letah meunang ngadjendjeut. Pëtana, toengtoeng letahna diradjoetan, radjoetna dipageuhan kana kadali koe tali atawa kana rantena anoe njawëd kana gado koeda. — Aja deui anoe sok diparake, nja eta kadali anoe make mondvrjheid djeung kadali karet. Djeung deui, radjeun oge koedoe mindëng ngaganti kadali, pambruha soepaja oelah njërieun, da rea koeda anoe koerang koeat soengotna, babakoena koeda anoe ngora keneh. Kadalina oelah anoe seukeut.

Koeda anoe sok njogot koedoe diparaban daging domba beunang ngagoreng koe gadjih. Gadjih anoe narapël dina soengotna, eta matak tjageur kana adatna sok njogot tea.

TINA HAL ISTAL KOEDA. (*Volkslectuur No. 258*).

Istal koeda teh teu koedoe noe aloes-aloes, dapon dibilikan djeung didasaran noe pageuh, sabab koeda mah teu koeat nahan angin riboet djeung goenta-ganti hawa, teu sapërti moending djeung sapi. Lamoen koeda loba disakandangkeun, sok meunang kasakit ingoes atawa kasakit toelang (kakoe).

Bilik djeung dasar istal teh koe awi oge hade, ambèh hargana moerah. Masangna dasar istal oelah patoempang-toempang atawa teu rata, sabab matak roeksak kana soekoe koeda, kawoewoeh heesna ngeunahena. Ti peuting mah hade istal teh didjaramian, pikeun heesna.

Lamoen tempat njatoe djeung nginoemna teu barérésih, koeda ge tara pati dackeun baranghakan. Tangtloe matak djadi bégang.

Koeda teh koedoe dimandian sarta dioeroes sing hade. Oenggal poé koedoe disikat. Lamoen hadanna kotor, matak koerang sehat.

21. HAL PANGATOERAN ' NAGARA.

HAK DJEUNG KAWADJIBAN DJALMA² NOE MARATOEH DI HINDIA-NEDERLAND.

Bab nangtajoengan djéléma djeung barang² (R. R. pasal 108, alinea 1).

R. R. pasal 108, alinea 1, maksoedna nanggoeng kasalamétanana djalma² noe maratoeh di Hindia Nederland, nja eta kasalamétan dirina djeung barang-barangna; djadi maksoedna saroea djeung *Wetbaban* (Grondwet) pikeun Karadjaan Nederland; bedana, dina Babouwet diséboetkeun, jen sakabéh djéléma anoe maratoeh di eta Karadjaan, pada baroga hak hénteu dibeda-beda pikeun ditangtajoengan kasalamétan dirina djeung barang-barangna, ari dina R. R. kétéjap *hénteu dibeda-beda* teh teu aja. Dési sababna noe matak kitoe, sabab di Hindia-Nederland mah bangsana roepa² (beda²), adat-pamakena oge beda-beda, djadi hakna kana kasalamétan dirina djeung barang-barangna oge, moal beunang disaroeakeun.

Dina R. R. aja oge pasal² anoe maksoedna ngatoer, soepaja kamerdikaan djéléma oelah diroeksak.

Bab nahan djéléma (R. R. pasal 85).

R. R. pasal 85 njéboetkeun kieu: Di djéro tanah Hindia Nederland teu mounang pisan aja djéléma anoe diroeksak kamerdikaanana, kadjaba:

1. Timbangan Kangdjéng Toeian Bésar Goepërnoer Djendral, noeroetkeun hak Andjeunna noe punoctoepna, nja eta diséboet *Politieke rechten* atawa *Exorbitante rechten* (R. R. pasal 43, 15 djeung 49).



Persidangan Komisi peroeubahan Raad Agama pada 15 sampai 20
Februari 1923 de Weltevreden.

2. Timbalan Pangagoeng, tjara noe geus ditangtoekeun dina *Strafvordering* (Reglement op de strafvordering, Inlandsch Reglement djeung Reglement op het rechtwezen voor de Buitengewesten).

Mab mërkarakeun djeung ngahoe-koem djëlëma (R. R. pasal 88).

R. R. pasal 88 njêboetkeun, jen teu meunang aja djalma anoe dipêrkara atawa dihoekoem, lamoen noe djadi lantaran atawa mërkarana atawa ngahoe-koemna njalahan tina anoe geus ditê-
têpkeun dina oendang² pêrkara hoekoem. Eta atoeran maksoedna taja lian ngan keur ngadjaga bisi aja djalma anoe diroeksak kamêrdikaanana. Djadi djëlëma teh meunangna dipêrkara, kahidji noeroetkeun oendang² pêrkarana tea diantjam koe hoekoeman; kadoea pêtana mêrkara koedoe noeroetkeun atoeran papariksaan pangadilan.

Bab ngirimkeun djëlëma ka loear ti Hindia-Nederland (R. R. pasal 108 alinea 2).

Soepaja tanah Hindia-Nederland bisa oeloeng tangan djeung karadjaan² di boeana Asia atawa djeung pamarentah djadjahan lian karadjaan di Asia, Oestrالي djeung Afrika, oepama aja pamentana eta tanah² tea, têroes tanah Hindia-Nederland bisa mikeun torodjogan djëlëma oerang nagara lian anoe boga dosa ka pamarentah anoe menta tea, hênteu koedoe koe pitoeloeng Karadjaan Nederland deui, R. R. pasal 108, alinea 2 nêtêpkeun, jen moelangkeun oerang nagara sedjen noe boga dosa teh, koedoe make wawaton oendang² oemoem, eta atoeran geus kasêboet dina Bisloet Karadjaan hal moelangkeun oerang nagara sedjen anoe boga dosa (Staatsblad 1885 No. 88). Pamarentah Hindia-Nederland hênteu pêrloe njeun kontrak tina pêrkara moelangkeun djëlëma anoe boga dosa djeung karadjaan² sedjen atawa djadjahan karadjaan sedjen, sabab dina pêrkara kitoe mah pambamboengna tanah Hindia-Nederland djeung nagara mantja pat mantja lima mah, geus kawêngkoe koe Bisloet Karadjaan noe tadi tea. Ari anoe nimbang ninggang-hênteuana dosana eta djëlëma kana dipoelâgkeun, nja eta Raad van Justitie anoe ngabawah têmpat pamatoehanana eta djëlëma.

Bab boedak-beulian djeung djalmagadean (R. R. pasal 115 nēpi ka sarta 118).

Dina R. R. pasal 115 kasēboet, jen mimiti ti tanggal 1 Januari 1860, di tanah Hindia-Nederland geus teu aja boedak-beulian, malah di Poelo Djawa djeung Madoera mah, ti djaman Goepērnoer Djendral *Raffles* keneh geus ditoengtoet dileungitkeun. Mimiti ti harita kabeh boedak-beulian diboekekeun, papantjena dihampangan.

R. R. pasal 116 ngalarang djoeal-meuli djēlēma atawa mawa djalma-beulian ka Hindia-Nederland. Pasal 117 nētēpkeun hak-hakna djeung kawadajibanana djalma² anoe baroga boedak-beulian, diwangēnan koe oendang² oemoem. Tapi ari keur Poelo Djawa djeung Madoera mah, eta oendang² teh, saēnjana teu aja gawena.

Hal ngaleungitkeun boedak-beulian di Hindia-Nederland, eta geus diatoer koe anggēr² tanggal 7 Mei 1859 (Staatsblad No. 46), tapi ngan didjalankeun di tanah Djawa djeung Madoera djeung di tanah sabrang noe kabawahna koe Goepērnehmēn torodjogan, ari di tēmpat² anoe djaraoeh ti basisir mah, tjaraning di tēngah poelo Borneo, Nieuw Guinea, boedak-beulian teh nēpi ka ajeuna oge tatjan leungit pisan.

Kadjaba ti eta, di Wetan aja atoeran anoe meh saroea djeung atoeran boedak-beulian, nja eta atoeran djalma-gadean. Ari atoeranana djalma-gadean kieu: oepama Astarip boga hoetang ka Marhaen, ngaborohkeun manehna sorangan atawa noe sedjen, misilna: pamadjikanana, anakna, barajana atawa batoerna. Anoe ngahoetangkeun boga hak ngagawekeun djalma² anoe digadekeun tea, kalawan pērdjangdjan: di mana eta hoetang loenas, djalma anoe digadekeun tea dilesotkeun.

Ari pagaweanana eta djalma-gadean tea, aja anoe dipake nji-tjil hoetangna aja noe hēnteu.

Di Poelo Djawa djeung Madoera hal djalma-gadean, mimiti ti tahoen 1855 geus dilarang, disēboetkeun dina R. R. pasal 118, alinea 1. Eta larangan dikoekoehan deui koe Kroonordonansi, Staatsblad 1859 no. 45. Dina eta Kroonordonansi kasēboet oge larangan hal djalma-gadean pikeun sabagian djadjan Sabrang (loear Poelo Djawa djeung Madoera) sarta nga-

toer hal djalma-gadean di tanah² anoe tatjan bisa ditèrapan larangan hal ngagade djëlèma.

Dina Kroonordonansi Staatsblad 1872 no. 114, pikeun sa-Hindia-Nederland, dilarang teu meunang ngagade atawa ngagadekeun djëlèma, diantjam koe hoekoeman beurat.

Noeroetkeun R. R. pasal 27, alinea 2, eta atoeran² anoe kasëboet di loehoer tea, teu meunang didjalankeun di tẽmpat² sadjẽro tanah Hindia-Nederland anoe tatjan diparentah torodjogan koe Goepèrnẽmen. Kakara³ajeuna atoeran² pikeun ngaleungitkeun djalma-gadean di tanah² Karadjaan Priboemi anoe ngadẽg pribadi ditjẽkẽl bẽnẽr mètakeunana, tapi ngadjalankeunana koedoe lalaoenan, koedoe bari ngingètkeun hal adat² di dinja.

Bab nangtajoengan barang².

Sagala djëlèma noe datang ka Hindia-Nederland ditangtajoengan kasalamẽtan babandaanana koe Pamarentah. Djadi pendekna: sagala djëlèma anoe aja di Hindia-Nederland hẽnteu meunang aja anoe njisikoedi hakna kana babandaanana, iwal lamoen:

1. eta barang² dibẽslah atawa dilelangkeun noeroetkeun vonnis pẽrkara hoetang-pihoetang atawa pẽrkara noe diantjam koe hoekoeman;
2. didjabẽl keur kapẽrloean oemoem.

Ngadjabẽl keur kapẽrloean oemoem
(R. R. pasal 77).

R. R. pasal 77 dirobah koe Staatsblad 1918 No. 534, kasëboet hal pẽrdjangdjan² oemoem tina pẽrkara ngadjabẽl pikeun kapẽrloean oemoem, kieu oenina.

- a. lamoen keur kapẽrloean oemoem, meunang ngadjabẽl barang atawa hak djëlèma, tapi eta djabẽlan teu meunang didjalankeun, oepama tatjan disëboetkeun dina ordonansi;
- b. sagala djabẽlan koedoe dibere karoegian heula; eta karoegian dibikeun harita atawa didjangdjikeun;
- c. atoeranana ngadjabẽl koedoe noeroetkeun atoeran anoe geus ditõtẽpkẽun dina oendang² oemoem.

Oendang² oemoem anoe ngatoer eta pẽrkara, geus diasoepkeun kana Staatsblad 1920 no. 574, sarta dingaranan Ordonansi djabẽlan.

Oepama aja pěrloe katjida, nēpi ka ngadjabēlna teu bi-
diēngkekeun deui, sapērti keur noedjoe pěrang, atawa inggi
bisi dipake pěrang tjampoeh, riboet, kahoeocan, bandjir, lir
gēde, goenoeng bitoe, atawa aja pērkaru gēde katjida lian
eta, doa roepa atoeran di handap ieu meunang didjalankeun
hēnteu pěrloe ngoekoehan atoeran anoe kasēboet di lochoer tea.

1. Katērangana² anoe noedoeheun, jen eta djabēlan pikeun
pěrloean oemoem, hēnteu pěrloe diasoepekeun heula ka
ordonansi.
2. Hēnteu pěrloe dibere karoegian heula dina samemeh
bēlan tea didjalankeun.

Pasal 77, alinea 3, nambahan deui lēgama pangawasa ang-
djabēlan anoe katērangana teu pěrloe diasoepekeun kana ordi-
nansi tea, tapi ganti karoegian koedoe dipaparinkeun heula.

Ieu atoeran anoe kasēboet pangpandeurina pěrloe katjida
ajakeun pikeun pakeun dina waktoe aja pěrang.

Asoep ka imah batoer.

Saēnjana pikeun tanah Hindia-Nederland teu atjan aja pap-
gon anoe ngatoer hal asoep ka imah batoer sapērti anoe geur
diajakeun keur Karadjaan Nederland, anoe kasēboet dina Wet
habon, pasal 158. Sanadjan kitoe, koe anggēr² hoekoem pasal
167 diantjam koe hoekoeman: djalma² anoe wani asoep atawa
matoeh di imah batoer hēnteu kalawan soekana noe boga imah
sarta eta djēlēma geus dititah indit ti eta imah, tapi teu dae
keun indit. Oepama anoe boga kalakoean kitoe feh ambtenaar
diantjam koe hoekoeman beurat, sabab pēta kitoe teh diung-
kadjahatan di djēro knpangkatan (anggēr² hoekoeman, pasal
129).

Bab ngagaradah imah (Staatsblad 1865, No. 84).

Anoe dikawasakeun ngagaradah imah, oepama ngalanggar
larangan Nagara, nja eta: Resident, Assistent-Resident, kitoe
deui Assistent Resident Politie djeung Biska; Walanda. Kadja-
deui anoe beunang digaradah teh aja deui, nja eta waroeng
parahoe djeung lian-lianna. Ari oerang Priboemi djeung pap-
dana meunang oge digaradah koe: Djaksa, Wadana, djeung koe

wawakilna, nja kitoe deui gëgëden bangsa Sabrang. Noeroet-keun Staatsblad 1911 no. 315: Hoofdcommissaris djeung Commissaris Politie, dipaparin hak pikeun ngagaradah.

Oepama ngalanggar larangan Nagara barang² anoe kasangka toeloej ditahan; eta garadahan didjalankeunana koedoe ti beurang, nja eta antara panonpoë bidjil djeung panonpoë soeroep. Eta garadahan koedoe didjieun proces-verbaalna sing tetela sarta ditêrangkeun subab-sababna.

Dëmi keunana kana pëkara lian, eta Staatsblad teh, ieu di handap ditataan:

1. Palanggaran apioen, anoe meunang ngagaradah teh roepa² ambtenaar, nja eta noeroetkeun Staatsblad 1881, no. 192, pagawe pabeau, djeung noeroetkeun Staatsblad 1898, no. 278, controleur² B. B. Ari tjek Staatsblad 1899 no. 122, lamoen eta palanggaran teh anoe ngalanggarna oerang Priboemi atawa bangsa Asing, eta Mantri Politie djeung Mantri Boschwezen oge meunang ngagaradah.
2. Pëkara palanggaran njieun arak, disëboet dina Staatsblad 1898 no. 901, Controleur B. B. djeung ambtenaar² anoe kapilih koe Resident oge boga hak pikeun ngagaradah imah, oepama manggihan hal palanggaran arak.
3. Pasal 25 atoran hal ngampihan minjak tanah djeung barang² sedjen anoe sëngët (Staatsblad 1917 no. 160, saperti anoe geus dirobah djeung diwoewoehan dina Staatsblad 1917 no. 752 djeung 1919 no. 226). Staatsblad 1865, no. 84 oge meunang didjalankeun lamoen aja djëlëma noe nintjak palanggaran anoe kasëboet bieu di lochoer.
4. Dina Staatsblad 1872 no. 65 disëboetkeun, jen pagawe Kadastër, nja kitoe deui pangbantoena, dipaparin hak meunang asoep ka pakarangan noe lian, pikeun ngadjalankeun pagaweanana, darapon make tatakrama sapantësna.
5. Eta atoran noe bieu di lochoer, keuna oge ka pagawe Topografischendienst.
6. Noeroetkeun Ordonansi hal andjing edan, pasal 13 (Staatsblad 1915 no. 302), ambtenaar² Eropa djeung ambtenaar² Priboemi, nja kitoe deui djalma² noe boga pangkat anoe kapilih koe Kapala Pamarentah di eta tempat, dikawasakeun meunang datang ka imah, pamatoehan djeung lianna ti eta, përhoena nêrangkeun Ordonansi tea, tapi datangna ka dinja ngan meunang ti beurang bae, nja eta ti poekael

Oepama aja pěrloe katjida, nēpi ka ngadjabělna teu bisa diėngkekeun deui, sapėrti keur noedjoe pěrang, atawa inggė bisi dipake pěrang tjampoh, riboet, kahocroean, bandjir, li gėde, goenoeng bitoe, atawa aja pėrkara gėde katjida lian eta, doe roepa atoeran di handap ieu meunang didjalankeun, hėnteu pěrloeo ngoekoehan atoeran anoe kasėboet di loehoer teu:

1. Katėrangang² anoe noedoehkeun, jen eta djabėlan pikeunkeun pěrloean oemoem, hėnteu pěrloe diasoepkeun heula kana ordonansi.
2. Hėnteu pěrloe dibere karogian heula dina samemeh eta bėlan tea didjalankeun.

Pasal 77, alineas 2, nambahan deui lėgana pangawasa anggrė djabėlan anoe katėranganana teu pěrloe diasoepkeun kana ordonansi tea, tapi ganti karogian koedoe dipaparinkeun heula.

Ieu atoeran anoe kasėboet pangpandeurina pěrloe katjida ajakeun pikeun pakeun dina waktos aja pěrang.

Asoep ka imah batoer.

Saėnjana pikeun tanah Hindia-Nederland teu atjan aja papanggih anoe ngatoer hal asoep ka imah batoer sapėrti anoe geus diajakeun keur Karadjaan Nederland, anoe kasėboet dina *Wet babon*, pasal 158. Saadjan kitoe, koe anggrė² hoekoem pasal 167 diantjam koe hoekoeman: djalma² anoe wani asoep atawa matoeh di imah batoer hėnteu kalawan soekana noe boga imah, sarta eta djėlėma geus dititah indit ti eta imah, tapi teu dae keun indit. Oepama anoe hoga kalakoean kitoe teh ambtenaar diantjam koe hoekoeman beurat, sabab pėta kitoe teh dianggrė kadjahatan di djėro kapangkatan (anggrė² hoekoeman, pasal 129).

Bab ngagaradah imah (Staatsblad 1865, No. 84).

Anoe dikawasakeun ngagaradah imah, oepama ngalanggar larangan Nagara, nja eta: Resident, Assistent-Resident, kitoe deui Assistent Resident Politie djeung Biskal Walanda. Kadjahatan imah anoe beunang digaradah teh aja deui, nja eta waroeng parahoe djeung lian-lianna. Ari oerang Priboemi djeung papadana meunang oge digaradah koe: Djaksa, Wadana, djeung koe.

wawakilua, nja kitoe deui gëgëden bangsa Sabrang. Noeroetkeun Staatsblad 1911 no. 315. Hoofdcommissaris djeung Commissaris Politie, dipaparin hak pikeun ngagaradah.

Oepama ngalanggar larangan Nagara barang² anoe kasangka toeloj ditahan; eta garadahan didjalankeunana koedoe ti beurang, nja eta antara panonpoë bidjil djeung panonpoë soeroep. Eta garadahan koedoe didjieun proces-verbaalna sing tetela sarta diférangkeun sabab-sababna.

Dëmi keunana kana pèrkara lian, eta Staatsblad teh, ieu di handap ditataan:

1. Palanggaran apioen, anoe meunang ngagaradah teh roepa² ambtenaar, nja eta noeroetkeun Staatsblad 1881, no. 192, pagawe pabean, djeung noeroetkeun Staatsblad 1898, no. 278, controleur² B. B. Ari tjek Staatsblad 1899 no. 122, lamoen eta palanggaran teh anoe ngalanggarna oerang Priboemi atawa bangsa Asing, eta Mantri Politie djeung Mantri Boschwezen oge meunang ngagaradah.
2. Pèrkara palanggaran njieun arak, diséboet dina Staatsblad 1898 no. 901, Controleur B. B. djeung ambtenaar² anoe kapilih koe Resident oge boga hak pikeun ngagaradah imah, oepama manggihan hal palanggaran arak.
3. Pasal 25 atoeran hal ngampihan minjak tanah djeung barang² sedjen anoe sèngët (Staatsblad 1917 no. 160, saperti anoe geus dirobah djeung diwoewoehan dina Staatsblad 1917 no. 752 djeung 1919 no. 226). Staatsblad 1865, no. 84 oge meunang didjalankeun lamoen aja djëlëma noe nintjak palanggaran anoe kaséboet bieu di lochoer.
4. Dina Staatsblad 1872 no. 65 diséboetkeun, jen pagawe Kadastër, nja kitoe deui pangbantoena, dipaparin hak meunang asoep ka pakarangan noe lian, pikeun ngadjalankeun pagaweanana, darapon make tatakrama sapantësna.
5. Eta atoeran noe bieu di lochoer, keuna oge ka pagawe Topografischendienst.
6. Noeroetkeun Ordonansi hal andjing edan, pasal 13 (Staatsblad 1915 no. 302), ambtenaar² Eropa djeung ambtenaar² Priboemi, nja kitoe deui djalma² noe boga pangkat anoe kapilih koe Kepala Pamarentah di eta tèmpat, dikawasa-keun meunang datang ka imah, pamatoehan djeung lianna ti eta, pèrloena nérangkeun Ordonansi tea, tapi datangna ka dinja ngan meunang ti beurang bae, nja eta ti poekoel

5 isoeuk népi ka poekoel 6 sore, djeung koedoe mawa soerat dawoehan ti Kapala Pamarentah di dinja tea.

Hak njiem koempoelan.

Népi ka tanggal 1 September 1919, pangeusi tanah Hindia-Nederland teu meunang njiem koempoelan, sabab R. II. pasal 111 ngalarang, teu meunang aja noe njiem koempoelan ngoeskeun hal pamarentahan nagara. Pamarentah diwénangan, oepama aja noe ngalanggar eta larangan, meunang ngadawoehkeun naon bae anoe beusang didjalankeun harita.

Saéjajana eta atoeran teh, pikeun tempat² anoe geus ditèrapan decentralisatie mah, geus teu bisa dipétakeun. Sabab eta atoeran teh matak djadi halangan kana madjoena pamarentahan. Koe hal eta, dina pasal 68c. alinea 4, ditangtoekeun, jen *kies-vereening* anoe maksoedna ngamadjoekeun bab milih lid pikeun locale raden, eta hénteu kakoeroeng koe atoeran pasal 111 tea.

Ari maksoedna noe ngajasa wet, anoe dingaranan pakoempoelan noe dipikatinggis sisi ngaroeksak tata tóngtréming nagara teh, babakoena: pakoempoelan-rasiah bangsa. Tjina. Pikeun ngadjaga soepaja oelah aja pakoempoelan kitoe, nja ngajakeun ordonansi dina Staatsblad 1909 no. 950, nja eta ordonansi anoe dieusi roepa² hoekoeman djeung autjaman hoekoeman ka pakoempoelan² rasiah bangsa Tjina tea. Malah oepama aja Tjina anoe ngadjakan batoerna soepaja djadi lid pakoempoelan-rasiah tea, atawa ngolo² soepaja eta djéléma nere pitoeloeng roepa doeit ka eta pakoempoelan rasiah, Tjina anoe kitoe baris diti-banan hoekoeman.

Waktoe decentralisatie didjalankeun, eta pasal 111 geus teu bisa dipétakeun, koe hal eta koe Staatsblad 1915 no. 542, eta pasal 111 dirobah oenina, disaroeakeun djeung *Wetbabe* (Grondwet) pasal 9. Djémi didjalankeunana eta pasal 111 noe anjar, mimiti tanggal 1 September 1919, kaséhoet dina Staatsblad 1919 no. 561.

Bisloeit Karadjaan anoe diasoepekeun kana Staatsblad 1919 no. 27, dieusi atoeran bab keunana hoekoeman, papariksaanana djeung hoekoemanana djahna² anoe ngalanggar atoeran noe tadi tea. Ari didjalankeunana tea atoeran dihewarakeun dina Staatsblad 1919 no. 561, nja eta dina tanggal 1 September 1919 tea. Samemehna aja eta, ngan disélapan pasal 8a bae, anoe nang-

toekeun, jen salah-sahidji tempat di Hindia-Nederland, anoe masih keneh matak kawatir katéngtrémanana nagara, hak meunang njieun koempoelan anoe meunang didatangan koe sagala djalma, bakal ditétépkeun koe ordonansi, koedoe kalawan paidin Kapala Pamarentah di eta tempat. Oepama eta koempoelan teu meunang didatangan koe sagala djéléma, eta, lamoen rek njieun koempoelan dina pi-5-poéun deui kana waktoena, koedoe oendjoekan ka Kapala Pamarentah eta tempat. Kapala Pamarentah meunang ngalarang ngajakeun eta koempoelan. Lamoen Kapala Pamarentah di dinja ngalarang ngajakeun koempoelan, noe rek njieun koempoelan meunang menta poatoesan Kapala Karésidenan. Politie meunang ngadatangan eta koempoelan noe kaséboet di loehoer, iraha bae. Anoe daratang kana eta pakoempoelan teu meunang marawa pakarang, iwal bangsa militer djeung para prijaji Djawa meunang marake kérés, sabab kérés kaasop kana pakean.

25. MANGLE.

NJOEOEH KANA PANGKON IBOE *).

Sinom panggoegah.


1. Gandroeng liweng kapitjangtjam,
dipasiéup koe pangrawit,
disoebal nagapoe/pita,
panglipoeer arwah djasmani,
manawi djadi sindir,
poeloenganeun poetra poetoc,
loemajan keur toeladan,
ibarat papadang ati,
awal-ahir sing karasa mirasana.

2. Prasasat djadi lañtaran,
ati noe tansah p.rihatin,
soengkawa asrining rasa,

) Anggitan Toebágoes Djajadilaga.

rasa ati sanoebari,
sanadjan titis-toelis,
kalam napél di lohmahpoel.
boeboehan kamanoesan,
tanda doenja tjiri lahir,
socoenganan loemaksana noe disédja.

3. Ngaréngga babad pëtikan,
mëtik saotak-saeutik,
tina loeang noe ka toekang,
boekti anoe geus kapanggih,
malah-mandar kadjoedi,
djadi toetoengkoesan kalboe,
ibarat tawis sotja,
ka pangeusi lémah Indi,
para mitra wédalan Djawa Pasoeudan.
4. Njanggakeun laksa doedoeka,
bilih katoél kasabit,
bilih kabawa djénëngan,
sëpoech-anom djalër-istri,
ti pasisian moeni,
oenina noe dipitjatoer,
lampah istri santana,
manggih njëri ti salaki,
paribasa tjaoe koe kareumaan.
5. Koerang doedoeaga pärjoga,
teu boga aling paminding,
ngarah adjah pangalëman,
pipilih njiar noe leuwih,
nampik bangsa pribadi,
noenggoe kaloenggoehan agoeng.
kagembang kamenakan,
kasilib koe ëmas manik,
oedjoeb ria roesras kana karcueusan.
6. Reueus boga hade roepa,
di sisi teu manggih tanding,
di desa teu mëndak lawan,



Mesjid Banih dengan menara.

lain geulis beunang njangling,
geulis bawa ngadjadi,
sampoeloer tjahaja mantjoer,
endah bawa ti koedrat,
kakasihna Njimas Rĕsmi,
anak hadji toekang barang di Tjikarang.

7. Mas hadji sangĕt deudeuhna,
wantoe poetra ngan sahidji,
toer sakitoe kamashoerna,
kabedja ka mana-mĕndi,
sĕdĕng roemadja-poetri,
oemoer toedjoehwĕlas taoen,
estoe didama-dama,
didjieun djimat paripih,
mani kawas nanggeuj ĕndog beubeureumna.
8. Rea boeljang ti noe anggang,
hadji² oerang sisi,
poelang-anting ka Tjikarang,
panasaran koe pawarti,
djeung soegan aja milik,
kaparĕng kaoentoen tipoeng,
laksana sapanĕdja,
tapi nja eta koe awis,
soemarsana hese pisan dipĕtikna.
9. Lawas-lawas kawistara,
noe mangkoek di tĕpising,
angseu kĕmbang ti Tjikarang,
njambocang ka mana-mĕndi,
nadjan tĕbih ti nagri,
pasamboeng patĕpoeng tjatoer,
bedja geus njaliara,
geus djadi sabiwir hidji,
Njimas Rĕsmi dipake ajat omongan.
10. Riab loenta poetra menak,
noe garinding sĕdĕng manting,
darongkap saboeka siang,

ka Tjikarang ngadon meuting,
Mas Hadji soeka ati,
hormat nampina tatamoe,
njata nadjan teu waktja,
aja noe diandjing tjai,
ngaheroan lain rek ka pamoroan.

11. Menak bakal patoekangan,
toekang ngolo-ngolo istri,
roepa-roepa paningkahna,
aja anoe manggoel bédil,
sěgoet daweung pěrdoerit,
noe rek noempės hama lěmboer;
someah hade basa,
moedja-moedji ka Mas Hadji,
madjar bětah lamoen matoeh di Tjikarang.
12. Waraas koe titingalan,
kětir bawa rasa pikir,
asa dina pangimpian,
tiis asri kana ati,
doeh émang tada teuing,
lamoen parěng aja oemoer,
kasorang ngababakan,
kantos loegina nja hoerip,
ngahareupan roepa-roepa pangharěpan.
13. Handjakal taja oentocpan,
pidjalaneun manggih milik,
andon soeka di Tjikarang,
tjatjakan moen gadoeh wargi,
keur soemalindoeng diri,
di mana koering pangsioen,
keur goenoeng pananggeuhan,
sampeureun baring soepagi,
pikeun koering titip diri sangsang badan.
14. Sanes hatoer heuheureujan,
estoe tēras sarěng ati,
doeka koe naon margina,

hate tibelat tikait,
sasat beurang djeung peuting,
koering ngadjéntoel ngalamoen,
kaléléban koe bedja,
lamoen mondok mindéng njaring,
koemajangjang hajang térang ka Tjikarang.

15. Anoe mawi ti ajeuna,
ngilik-ngilik geusan ngantjik,
pikeun témpat pangdoemoekan,
soegan paréng aja milik,
manggih témpat noe résik,
pigeusaneun koering matoeh,
oepami kalérésan,
mëndak lahan pikeun koering,
panoenoehoen oelah noe tébih ti émang.
16. Mas Hadji heméng manahna,
ngoepingkeun noe sindir sampir,
siloka direka-reka,
maloeloe pangloeloe ati,
ilahar moenggoeh lahir,
malar pangarah pangaroeh,
lahirna kërna-Allah,
batinna karana *olih,
ngarareunah saer noe ngarah ngarinah.
17. Sabot eukeur sasaoeran,
djol bidjil noe nanggeuj baki,
goeméhjar bentang Tjikarang,
geulis tanding widadari,
dangdanan sarwa rapih,
tawis hormat ka tatamoe,
njanggakeun pamasangan,
tindakna titih réspati,
wantoe-wantoe asak pangwarah iboena.
18. Tatamoe kaget manahna,
ningal panata noe geulis,
sotjana koemédep tasma,

- neureuj leucut toedjoeh kali,
 kintèn sapoeloeh mēnit,
 ratoeg toetoenggoelan kalboe,
 manahna samagaha,
 poëk pētēng batan peuting,
 samar rasa moeriang teu kawajaan.
19. Teu beda djeung sawan koeja,
 kasima koe Njimas Rēsmi,
 antēng toelale tanganna,
 ngopepang ka mana-mēndi,
 dasi ditarik-tarik,
 lēmpitan kēbat didoedoct,
 estoe lain dihadja,
 ngan' reuwas kabēdil galih,
 paribasa kerak pabaoer djeung hajam.
20. Lila Raden kasimana,
 dimanggakeun koe priboemi,
 ngaleueut loelocmajanan,
 kadaharan oerang sisi,
 tapi djiga teu noli,
 djawabna oge teu poegoeh,
 koe Mas Hadji kapaham,
 wantoe² ahli soerti,
 bisa pisan ngabangbrangkeun noe keur bingbang.
21. Pokna ěmang atoh pisan,
 ngoeping saoe agan tadi,
 madjar bētah di Tjikarang,
 boa teu atjan digalih,
 asa pirakoe teuing,
 rēsēp matoeh di noe singkoer,
 bakoe oerang dajeh mah,
 jasa ngalap-ngalap ati,
 koe emoetan kaliroe koe kaanoman.
22. Tjikarang mah ngarangrangan,
 tēpiswiring tēmpat koering,
 tēmpat somah imah-imah,

- sěpi matak djoewět ati,
 noe tani tambah njěri,
 tjari oentoeng matak boentoeng,
 noe dagang ngarasoela,
 djoeal-beuli matak roegi,
 noe ngoembara rea anoe kasangsara.
23. Teu lajak męngga di menak,
 matak toegėnah nja galih,
 rea loeang noe ka toekang,
 noe ngoembara manggih njěri,
 bolampar keur pělėsir,
 djalan leutik nandjak moedoen,
 hieum koe tatangkalan,
 leuweung sakoeriling boengking,
 hoema² ajeuna geus djadi reuma.
24. Sanes ěmang ngahalangan,
 kana maksad agan tadi,
 nanging moenggoeh silokana,
 sanaos intėn widoeri,
 dipasihkeun keur ali,
 hatoer riboe² noehoen,
 teu aja keur watangna,
 taja bangban taja patjing,
 aja soteh kėmbang ligar keur ditawar.
25. Teu sae pikeun soengkėman,
 keur pětikeun ahli tani,
 karoenja koe oerang hoema,
 sasama ěmang di djami,
 ěmang teu aja pikir,
 hoenjoer rek mapande goenoeng,
 loeang anoe kalampah,
 batina katjingtjirih,
 geus tetela kadoehoeng tara ti heula.
26. Tatamoe sėdih nalangsa,
 ngadangoe saer Mas Hadji,
 asa poctoes pangharėpan,

nangis salëbëting galih,
diri katjida teuing,
nja koedjoer dibangkoe-koeboer,
keur didjampana-boegang,
estoening didjoli-majit,
matak sasar mikiran kapanasaran.

27. Noe anom alon saोजना,
doeh émang katjida teuing,
dihoeroen-soeloehkeun pisan,
abong koering teh pënjaji,
ditoeding toekang djalir,
ditoedoeh sok lampah palsoc,
ngahina ka sasama,
bëlang bajah gindi pikir,
disamikeun sarëng poetra menak lian.
28. Noe mawi koering njorangan,
teu mawa batoer sahidji,
hojong tēpang sarëng émang,
gadoeh tjarios saeutik,
nanging panoehoen koering,
moegi émang oelah bëndoc,
djalaran kirang hormat,
teu nganggo aling paminding,
koemawantoen sangkilang anjaran tēpang.
29. Awit koering kenging warta,
sëlénting bawaning angin,
jen émang kagoengan poetra,
pantës keur garwa pënjaji,
satjarios teh boekti,
oepama sapoek djeung kalboe,
parëng sarëng djinisna,
moegi aja loentoer galih,
ngawidian roemangkép koering ka poetra.
30. Koering soempah dëmi Allah,
sanes rek didamël sëlir,
estoe rek dipoedja-poedja,

tèu niat bodjoan deui,
sasaoer émang tadi,
estoe teu geseh saramboet,
pirang-pirang boektina,
rea menak djalir djangdji,
tjoeltjël kawin basana saheulaanan.

31. Samemeh meunang bangsana,
moen geus mcunang mah dioesir,
koering rek waktja balaka,
satadina diri koering,
ngangandoeng ati dëngki,
kasapoet pikiran palseo,
teu beda djeung noe rea,
tina teu sangka saeutik,
toeang poetra sakitoe nja panafana.
32. Koering ge geus kenging warta,
jen poetra teh djalma ngarti,
njoelam ngabatik ngarenda,
soegri padamëlan istri,
sagala geus katjangking,
tapi hate keukeuh palseo,
doemeh tatjan patëpang,
bilih teu soeroep djeung ati,
hate mangmang sieun soelaja djeung bedja.
33. Ajeuna geus kaboektian,
koering njaksian pribadi,
noe mawi nëmahan soempah,
nëda saksi Mahasoetji,
tina geus tëtëp ati,
lesot tina hate palseo,
taja sakara-kara,
kantoen ngantos titis-toelis,
moegi² loemaksana noe disëdja.
34. Bilih émang masih mangmang,
tatjan oeninga ka koering,
koering nëlah Raden Rahman,

nēmbean dibēnoem Mantri,
sēpoeuh djoemēnēng Patih,
sageuj ēmang tatjan maphoeni,
kaajaan di kota,
da ēmang ahli balantik,
moal lēpat geus sēring djadjah nagara.

35. Toenda anoe keur goenēman,
Raden Rahman djeung Mas Hadji,
kotjap sosotja Tjikarang,
anoe geulis Njimas Rēsmi,
manahna soelan-salin,
ganti waktōe ganti sēmoe,
sakapeung sēmoe soesah,
sakapeung asik birahi,
njongket njoelam kasēlang koe tētēmbangan.
36. Lain boengah loba oean,
lain seuri pedah moekti,
soegēma sabab tarima,
kana pangasihing Goesti,
ngarasa bagdja diri,
doemeh mashoer salēlēmbōer,
dipake katjapangan,
tapi teu sēpi ti risi,
aja bae noe djadi kateu-ngeunahan.
37. Rehing geus tampi piwoelang,
koe iboena sok digeuing,
pokna iboe atoh pisan,
nendjo maneh hiroep hoerip,
sēgēr waloeja djati,
tjalakan sagala timoe,
ngan iboe sok salēmpang,
bisi teu njaah ka diri,
mikahajang sagala noe lain lajak.
38. Doemeh sok rea noe datang,
ka dieu ngadon pēlēsir,
ahli tani ahli dagang,

para menak gēde leutik,
koe iboe geus kaintip,
malah loba noe geus bitoe,
ngaboeka rasiahna,
tapi nēpi ka kiwari.
tatjan poetoës keur sēdēng ditimbang-timbang.

39. Ari noe pangpangna pisan,
koe iboe pake karihi,
bisi maneh salah tintjak,
kaliroe salah pamilih,
pondok heureut nja pikir,
kabita koe pungkut loehoer,
kagembang kamenakan,
papaitna teu dipikir,
ahir kalam nēmahan katoegēnahan.
40. Menak mah ka bangsa somah,
tjara ka kēmbang malati,
asih waktōe keur anjaran,
geus lajoe tara ditolih,
nadjan oerang goemati,
goemoesti ka noe mihoekoem,
nadahan parentahna,
ka loear karingēt gētih,
arang-langka noe langgēng dipigarwana.
41. Ari sababna teu lana,
noe koe iboe geus kaintip,
sasat geus djadi babasan,
kaoeni dina pepeling,
menak ka menak deui,
toeroen pagah ngawoer saer,
ngoeroep² rēpōkan,
pokna poma sing kaharti,
milih istri oelah sok sakania-kama.
42. Koedoe saroea beusina,
koedoe sapantar satanding,
nitiskeun tērahing menak,

nja koedoe ka menak deui,
lain sabab pamali,
tapi anoe djadi indoeng,
eta ibarat tanah,
noe rek disēbaran binih,
koedoe soeboer sangkan aloes pēpēlakan.

43. Moen indoengna bangsa somah,
oerang paminggir pitoein,
nadjan sarēgēp roepana,
kaitoeng rada mangarti,
tapi noe geus kabockti,
sahēnteuna tara moeloes,
aja bae tjatjadna,
nadjan disipoeh pangarti,
boga bakat anoe teu lajak di menak.
44. Djeung sanadjan lochoer pangkat,
lamoen padmi oerang sisi,
menak di bawahan oerang,
hamo saloeloet saati,
sasat midoea diri,
goemoesti hareupeun woengkoel,
komo para garwana,
sok rea noe tingkētjewis,
aja basa keur njanghoeloe ka djarian.
45. Tēgēsna keur koemawoela,
nitipkeun diri salaki,
tapi noe dikawoelaan,
lain tetesing rah adi,
kitoe sababna Njai,
noe matak iboe teh bingoeng,
lain iboe teu hajang,
nendjo anak moelja moekti,
ngan sok risi sieun njeorang papaitna.
46. Rea istri tilas menak,
loemantoeng teu tētēp tjitjug,
era rek togoer di desa,

nadjan asal oerang sisi,
da emoet basa tadi,
moen dioek toeman di loehoer,
rek dagang teu kadoega,
toena kana gawe tani,
kabisana njarita djaman keur ngora.

47. Djaman djadi garwa menak,
dipoendjoeng dipoesti-poesti,
estoe pake kamégahan,
ngarah dianggap saeutik,
djeung koetjiwana deui,
anoe iboe teu panoedjoe,
paremanan menak mah,
lamoen masih keneh geulis,
masih loeis loeas-leos teu karoehan.
48. Kébatna noe ditjarita,
pasini tatjan ngadjadi,
Mas Hadji keur nimbang-nimbang,
poesing sabeurang-sapeuting,
mikiran Njimas Rĕsmi,
bangoen teu noeroet ka sĕpoeih,
ngewa moen nendjo dastar,
birahi moen nendjo dasi,
moen ngalamoen ngalamoenkeun kamenakan.
49. Rek moengkir-moengkir paingan,
da diatik ti leuleutik,
koe djoeragan Kandoeroean,
saderék misan Mas Hadji,
toeman dipoesti-poesti,
dimemen dioemoen-oemoen,
diwarah tata menak,
diatik titi pĕrjaji,
paribasa matih toeman batan toembal.
50. Tata basa kamenakan,
djadi koelit djadi daging,
sanadjan dipaksa-paksa,

soemilih diririh-ririh,
dititah pindah tjai,
pindah tampian nja lakoe,
keukeuh taja pikiran,
mikarēsēp bangsa koering,
tindak-tandoek toendoek kana kamenakan.

51. Noetoepon panon koe ajakan,
sieun kataksir jen asih,
risi kasangka jen tjinta,
ka noe kasep Raden Mantri,
nadjan anjar pinanggih,
tēpang rasa tēpoeng sēmoe,
raga asa sasoeukma,
asa satineung sapikir,
moen ti peuting sok tēpang dina impenan.
52. Sasarēngan mipit kēmbang,
kēmbang anoe sarareungit,
ernawar djeung soenarsana,
ratna joji parawangi,
wangina ngadalingding,
njamboeang salēbēt kampoeh,
wantoe dina impenan,
sakoer sēkar sarareungit,
katingalna marakbak minochan taman.
53. Lain taman sansanea,
taman pangautjikan dewi,
pamidangan para dewa,
pamipitan para ipri,
isarah ka noe asih,
pangroengroem ka noe keur gaandroeng,
tanda deukeut doeriat,
noe kasep sarēng noe geulis,
Njimas Rēsmi sēring ragragan tjisotja.
54. Kapiraraj koe impenan,
hēnteu kasoerti koe ati,
hēnteu kaboeka koe akal,

impenan aneh teh teuing,
ras emoet kana diri,
teu noeroet pitoetoer sěpoeh,
soelaja paniatan,
Nji Rěsmi kapėgat rasmi,
sėgroek nangis, nangisna kanjėnjėrian.

55. Hidji mangsa Raden Rahman,
soemping dina waktoc sėpi,
Mas Hadji noedjoe teu aja,
ka dajeuhi rek barang beuli,
Raden atoh teh teuing,
teu beda djeung noc didjoegdjoeg,
Nji Rěsmi samar rasa,
soeka pabaoer djeung risi,
rek nėpangan djoengdjoenan kėmbang impenan.
56. Gantjangna Nji Rěsmi dangdan,
nganggo anoe sėrwa leuwih,
tėgėsna loear biasa,
broejbraj bėrlian widoeri,
harita Njai Hadji,
di kėbon keur moepoe dor-koeh,
istoening toemaninab,
anoe bade neundeun djangdji,
Njai Rěsmi geus dangdan toeloė ka loear.
57. Angkat lir matjan teu nangau,
matak gioeng noe ningali,
ditingal sapangrerefan,
lir gambar anjar ditekja,
Raden Rahman ningali,
noe ajoe masihan sėmoe,
tjarek djoeroe pantoen mah,
lir kilat baroeng djeung tatit,
tingbaranjaj tjahja panon papanahan.
58. Geus tjaraklik doeanana,
noe kasep sarėng noe geulis,
anggang sawidak landean,

sieun keñeli koe pamali,
 kintĕn sapoeloeh mĕnit,
 taja noe wantoen soemaoer,
 ma'loem sami soertina,
 nadjan geus sĕring papanggih,
 doeanana sieun tisoledat letah.

59. Raden Mantri tetekadan,
 ngoempoel-ngoempoelkeun kawani,
 alon sasaoeranana,
 hĕnteu tinggal boedi manis,
 wantoe ka bocah ati,
 djeung adjrih sepeun waktoe,
 basana ngarareunah,
 ditjampoer koe sindir Djawi,
 noe dipalar oelah aja noe nangenan.
60. Doeh eulis moestikaning wang,
 atjining gambir malati,
 sosotja noe mandi rasa,
 manoesa soekmaning dewi,
 poen kakang nĕda widi,
 soemĕdja ngoeroepkeun oemoer,
 njanggakeun tincung manah,
 manawi bahan katampi,
 teu kawawa poen kakang njandang soengkawa.
61. Sasambatna tyas katrĕsnan, (adoeh)
 toembaking sata mrih djoerit, (tadji)
doeh, doeh jaji *djiwaning* wang,
 wrĕksa alit malang kali, (wot)
 kang mandjing *woding* ati,
 wisma loehoer djro kĕdatoen, (panggoeng)
 kang *manggoeng* dadya tjipta,
 sĕkar aren doeh-doeh Goesti, (kadi)
kadiparan jaji tĕmbe dadinira.
62. Pĕrnahaning kadang wrĕda, (kakang)
 mina kang tansah karonsih, (mimi)
 poen *kakang* dahat *mĕminta*,

siti tjätjoerining tasik, (parang)
marang andika jaji,
sëmbadaning kang boedyajoe, (lëgawa)
lëgawaning tyasira,
kikiring ron saoeпами, (rëmpëlas)
amëlas marang wong kang kawlas arsa.

63. Njimas Rësmi sëmoe era,
toengkoel bari ngegel biwir,
wëkasan alon saoeпа,
ron wisa ingsoen wastani, (*këmadoe*)
doeh Raden ajwa roentik,
woeni goeng sangkaning goenoeng, (*këtos*)
mënggahi *sadjatosira*,
bisikan nateng Kohkarip, (Oemarmadi)
pan *abdinta* amocng anderek sakarsa.

64. Swaraning bënde tinatap, (moeng)
wrëksa këkantjinging kori, (palang)
amoeng këpalang ing tata,
boeron alit mangsa sikil, (rang)
merang mring jajah wibi,
doeh Raden gaganging pantoen, (*mërang*)
jen nëmah kawirangan,
kita sakidoel Sëmawis, (Oengaran)
kang *ingaran* tindak tjatjading wanita.

65. Wadoeng djambe *doeh* bandarà, (*katjip*)
tëntrem antënging pangesti, (*ëning*)
awit *tjiptaning* ngawrëda,
tëpi wastra kang tjinawi, (*këmada*)
roemasa tan *madani*,
pëksi sarpa pinda woeloeng, (*bido*)
wong *djodo* nora timbang,
wit pisang mangka panitis, (*lesan*)
bëbasane tjebol anggajoe sësangka.

66. Woeloetjoemboening Ardjoena, (Sëmar)
sisweng Doerna nëmah pati, (Palgoenadi)
tan *samar* ing *dadinira*,

bědoeg landaning adjoerit, (tětěg)
awit watěking laki,
pěksi bangsaning djalajoe, (garoeda)
jen tan djodo sapuda,
tedja bengkok nginoem warih, (kloewoeng)
karja sande kědoewoeng ing tēmbenira.

67. Rahaden Mantri saocrna,
sēmoe noe geugeut teh teuing,
pradja kilening Djakētra, (Bantēu)
intēmoe poen kakang jaji,
abdi klana ngēdjawi, (sēmboeng-langoe)
dene ing tyas rangoe-rangoe,
garwa Nateng Mandraka, (Setyawati)
pradjanē Narendra Djawi, (Sala)
pan poen kakang sētya ing salaminira.
68. Sabot eukeur sasaoeran,
Raden Rahman djeung Nji Rēsmi,
rěntang-rěntang tēbeli wetan,
Nji Hadji ti kěhon soemping,
sarta awas ningali,
ka poetra djeung ka talamoe,
anoē keur sasaoeran,
saroepe anoē badami,
Njai Hadji poera-poera teu oeninga.
69. Teu lila goeroedoeg delman,
dilitihan koe Mas Hadji,
Mas Hadji sarěng garwana,
patěpang di lěngan margi,
sarta pitling kěljewis,
saroepe anoē keur padoe,
kawas noe sili tempas,
toengtoengna saoeer Mas Hadji,
lah akang mah asa geus bosēn magahan.
70. Tapi teu aja tapakna,
kawas katarik koe waris,
koeat pangadjak doeriat,



Jang terh. Almarhoem H. A. DACHLAN jang
mendirikan perhimpoean Moehammadijah
di Djokjakarta.

djadi pikir beurang-peuting,
teu sēpi tina risi,
sieun hēnteu loeloes roentoet,
doemeh agan mah menak,
lain bangban lain patjing,
paribasa lain malati koedoena.

75. Satadina Nji Rēsmi mah,
rek dikawinkeun ka pakir,
atanapi ka padagang,
anoē sapantar satanding,
tina roemasa laip,
miskin baliloe toemamoe,
ma'loem oerang padesan,
koerang harta koerang harti,
oenggal wēngi koe ěmbi sok diemoetan.
76. Tapi nja eta boedakna,
anoē keukeuh bae moengkir,
ari koe ěmbi dipaksa,
sok sieun si Njai gēring,
adat-adat Nji Rēsmi,
hēnteu sapikir djeung indoeng,
sedjen toedjoeanana,
teu roemasa oerang sisi,
mikahajang sagala noe lain lajak.
77. Ari mēnggah ajeuna mah,
ěmbi pasrah kana takdir,
tina gens seubeuh njare'at,
tarekah kabeh moebadir,
ngan panoenoehoen ěmbi,
sanadjan geus katalandjoer,
anak kawin ka menak,
soegan sedjen-sedjen deui,
Gan Rachman mah rachman ka manah-manahna.
78. Soegan heman ka somahan,
asih ka oerang paminggir,
Raden Mantri ngawalonan,

doeh ěmbi panoehoen abdi,
moegi sing tiis galih,
abdi soempah ka Jang Agoeng,
pĕrkawis toeang poetra,
soemĕdja dipoesti-poesti,
moal pisah sahingga dongkap ka adjal.

79. Hĕnteu pandjang ditataan,
pasini ĕnggeus ngadjadi,
oerang gantjangkeun tjarila,
rap sigra sikĕping dangding,
geundjleung di tĕpising,
goejoer iboer salĕlĕmboer,
bedja geus njaliara,
rame di hoema di djami,
noe mitjangtjam jen kĕmbang discuseup koembang.
80. Tjikarang rek ngarangrangan,
nja pasir panglipoeer pikir,
lĕbak pamidangan menak,
samborong kĕmbang teu seungit,
pĕrbawa Nji Mas Rĕsmi,
noe rek ngantoenkeun gĕgĕtoen,
bade noenda wandana,
kĕtjapna djadi katjapi,
tĕgĕsna mah djadi tĕmbang katjapangan.
81. Bade ngalih padepokan,
diangkir ka sirah nagri,
noe aja kantoen asmana,
djadi basa djadi sindir,
sindir noe baleg pikir,
noe keur gandroeng hoemaroeroeng,
tjatoer djoeroe pantoen mah,
nja keusik² aroesik,
deungdeuleueun anoe rek pindah tampian.
82. Peso pangot ninggang lontar,
daloelang katinggang mangsi,
tjoendoek dawoeh dongkap mangsa,

tëpi kana titis-toelis,
noe geulis Njimas Rësmi,
raos kagoentoeran madoe,
laksana kahojongna,
kadjodokeun ka Den Mantri,
anoe kasep bangsa bangsawan buediman.

83. Kitoe deui Raden Rahman,
oeroet tadi gëring pikir,
kirang sare kirang toeng,
balas mikiran noe geulis,
antawis tiloe sasih,
gëring nangtoeng ngalanglajoeng,
raga asa patoeraj,
oenggal doekoen djeung paradji,
didongkapan dipentaan kinasihan.
84. Tapi satëngah ditolak,
doekoen ampoen tabib nampik,
lantaran geus pirang-pirang,
anoe hajang ka Nji Rësmi,
woengkoel mitjeunan doeit,
toekang asihan geus ngiroeng,
tjarek bapa doblang mah,
lain këmat noe teu matib.
awewena noe teu daek ngalajanan.
85. Tapi mënggah ajeuna mah,
këmbang djambe tiwoe djami,
kahajang bakal kasorang,
lain tjatoerkeuneun deui,
lampahna Raden Mantri,
lir kokoro manggih moeloed,
moen tëpang sarëng Njimas,
tjara ka boeah kaweni,
gërëgëtem geugeut ngagigit panangan.
86. Nji Rësmi sëring ngagoak,
teu tahan bawaning njëri,
istoening Raden Rahman mali,

teu paja pisah saménit,
sok tjara boedak leutik,
noe keur dibeuteungan njoesoc,
dioek nangtoeng teu ngeunah,
kieu lain, kieu lain,
békah-békoeh baloeas koe kaléléban.

87. Seureuh beureum nanggeuj tangkaj,
teu ditetek hidji-hidji,
lampahna panganten anjar,
kariaan geus lastari,
malah geus toedjoeh wéngi,
noe kantoen toendoeh lalésoc,
kari moendjoenganana,
pamitan ka ahli²,
néda do'a sadajana koela warga.
88. Leugeudeut aleutauana,
ti boemi djoeragan Hadji,
piiboean piramaan,
sakoer noe toegoer di boemi,
sadaja sami ngiring,
nganteur panganten rek moendjoeng,
rame sadjalan-djalan,
anoc nongton lieutin oesik,
salse moendjoeng téras djarah ka koeboerau.
89. Njékar ka bocjoet ka ejang,
ka karamat Lanangdjati,
ka pangeran Mandirasa,
ka ki bocjoet Wanagiri,
djeung djaba eta deui,
bangsa loelochoer²,
pantés djadi siloka,
sasmita ka Raden Mantri,
noe ngarasa lalanang di pagoenengan.
90. Pandjang lamoen ditjarita,
karasmen di tépising,
sabadana kariaan,

pikir pindeh koe wawahir,
ngan lantaran koe takdir,
kadar pasihan Jang Agoeng,
koedoe ngiring pandoetan,
sẽmbaheun di lahir-batin,
adoeh doeloer noe kantoen salamet tinggal.

99. Katjaritakeun isoekna,
di latar beres ngabaris,
piibocan piramaan,
pating salẽgroek narangis,
watireun koe Nji Rẽsni,
doemeh arek njaba djaoeh,
Mas Hadji goak adan,
noe ngaroeping tambah sẽdih,
maui asa mẽndak dinten pangoengloengan.
100. Njimas ragragan tjisotja,
kasoeat rabeut panggalih,
waas ngoepingkeun uoe adan,
kalalẽtir kana pikir,
kawantoe ti leuleutik,
toetoer dirioeng koe sẽpoe,
dipajang koe baraja,
diaping koe wargi,
saajana kapaksa koedoe papisah.
101. Mangsa koe matak nalangsa,
sararẽdih kana pikir,
ningal panganten panitan,
barina teu euren mangis,
Nji Rẽsni djeung Den Mantri,
moendjoeng ka rana ka iboe,
Njai Hadji midangdan,
tina bangẽting prihatin,
saharita Tjikarang hoedjam tjisotja.
102. Geus dongkap kana sa'atna,
marẽngan lintang moestari,
panganten nitih kareta,

ti poengkoer delman djeung bendi,
pamapag oerang nagri,
oepas, magang, doea koewoe,
teu kotjap di djalama,
tëbih ge mo boeroeng nëpi,
katjarita geus dongkap ka kapatihan.

103. Eusi boemi kapatihan,
kaget ningali Nji Rësmi,
kabeli njëboetkeun paingan,
Den Mantri kapati-pati,
bogohna ka Nji Rësmi,
da ënja soemorot lajoeng,
ënaj lir tjaoe omas,
djiga ëmas beunang njangling,
tjek Nji Koki lir ëmas batoe sambilan.

Djeung eta njaho di tata,
hënteu djiga oerang sisi,
tindakna lir tërah menak,
matak kajoengjoen ningali,
djoeragan Patih istri,
boengah patjampoer djeung bingoeng,
tapi teu sasaoeran,
rasiah rekep dikoentji,
taja hidji djalma noe bisa nangenan.

Ka mantoe sangët deudeuhna,
sëmoe miloetjoe teh teuing,
angkat satindak ditjandak,
boengah manah Raden Mantri,
estoe soegëma galih,
ningali pangasih iboe,
tjatjap kapanasaran,
ngeunah njandang ngeunah njanding,
noergahana lir raga moenggah sawarga.

- 106 Asa bagdja asa moelja,
doemahir di alam lahir,
sënanng noedjoe bintang tërang,

kana damél tambah radjin,
tambah tampi pamocdji,
kaoeninga koe pangagoeng,
doemeh rikat lagantja,
padamélan badag répit,
beres rapih njoemponan kërsa doenoengan.

107. Hěnteu lami ti harita,
tampi pangasihing Goesti,
Den Rahman dibēnoem Tjamat,
ngalih tēmpat ka Tjitapis,
ěnggeus oendoer ti nagri,
ngěmban dawoehan pangagoeng,
doemeh di eta tēmpat,
rea rampog rea paling,
Raden Rahman kapilih koe pamarentah.
108. Baris noempēs hama²,
ngabasmi pifēnah boemi,
kasarěngan koe antjaman,
djangdji pangagoeng nagari,
oepama Raden Mantri,
teu sanggēm nadah pakewoeh,
mo tjios dibēnoemna,
tětěp bae djadi Mantri,
koe lantaran anjaran keneh diangkat.
109. Tapi djangdji sawangsoelna,
moen bisa ngabasmi paling,
sanadjan dinēsna ngora,
djabi ti tampi pamocdji,
bade diwoewoeh deui,
gandjaran tawis satoelhoe,
Raden Rahman geus mikang,
Njai Rěsmi hěnteu kari,
da nja eta saratna kasatoelhoean.
110. Boeboehan keur bintang těrang,
taja kareuwas karisi,
gagah pangadjak loamali,



Jang moelia Padoeka toean Raden ARIA
DJAJA ATMADJA, kl. G. Ster; R. O. N.
Patih pensioen Tjilegon (Banten).

bēngis djadina poelisi,
hebat rampog djeung paling,
ngarasa dikēpoeng wakoel,
lain deui kětakna,
njangking damēl ondēr-distrik,
tiloe boelan peuting noe didjieun beurang.

111. Estoe teu maliding sanak,
taja sobat taja wargi,
saha bae noe ngolembar,
teu mawa obor ti peuting,
ditangkēp koe poelisi,
sanadjan oborna hoeroeng,
goemantoeng kana sangka,
panērka para poelisi,
nadjan gagah hamo boeroeng digaradah.

112. Hidji mangsa Raden Tjamat,
keur noedjoe aja di boemi,
goenēm tjatoer sarēng garwa,
tjalikna patoempang tindih,
Raden njaoer ka raji,
doeh eulis koe matak bingoeng.
mikiran lampah ēngkang,
ngēmban dawoehan ti nagri,
loba pisan somahan noe ngarasoela.

113. Ngarasa koerang tanaga,
oeroet njaring sapeupeuting,
koeriling ka mana-mana,
ngoemisi tēmpat noe soeni,
sasat dioebrak-abrik,
tagiwoer di oenggal lēmboer,
rame di desa²,
noe tani loba noe tjeurik,
ngarasoela lantaran koe katjapean.

114. Ti beurang njawah ngahoema,
moen ti peuting koedoe njaring,
ēnja digilir tea mah,

tapi leuwih tina misti,
sasat teu beunang tjitjing,
ngaso ngareureuhkeun lésœe,
leuheung basa moen ěnja,
gawe akang teh katampi,
koe nagara koemaha lamoen ditjěla.

115. Di desa geus djadi basa,
disěboet tjamat tjaměti,
sakětjap lamoen geus ngoetjap,
teu beunang ělat saměnit,
lamoen gagal saeutik,
toeloelj ngagilirkeun pětjoet,
kitoe tjek oerang desa,
anoe matak akang risi,
boa² dareukeut kana tjilaka.
116. Tapi parentah nagara,
boektĭ sagala ngadjadi,
sawěwěngkon katjamatan,
aman ti beurang ti peuting,
sěpi noe djoelig děngki,
soewoeng djělěma ngalantoer.
Nji Rěsmi ngawalonan,
lah ěngkang djoengdjoenan abdi,
sakitoe mah wajahna oelah rek cěsah.
117. Moen djalma teu ditoemanan,
diadjar njaring ti peuting,
kantěnan tjara katoekang,
rea rampog rea paling,
ěngke ge lami²,
kapikir koe oerang lěmboer,
jen eta teh parentah,
matak moektĭ ka noe tani,
matak aman matak rahardja nagara.
118. Di mana geus sěpi pisan,
taja djalma hiri děngki,
anoe kěmit dikirangan,

ngadamël atoeran deui,
ëngke meureun noe taní,
noe sok tjeurik teh arimoet,
doenjana tambah loba,
sabab teu aja noe maling,
sore² bisa sare saseubeuhna.

119. Raden Tjamat sangët bingah,
ngadangoe pisaoer raji,
ënja ëngkang ge moepakat,
ajeuna mah teu rek risi,
djeung karasa koe ati,
pangna padamëlan madjoe,
anoë djadi lantaran,
teu aja lian ti eulis,
këmbang sotja paniisan soekma rasa.
120. Tjatjakan moen teu kasorang,
ëngkang teh mihoekoem Njai,
alamat mo djadi Tjamat,
noe tangtoe tambah tjilimit,
tanwande owah boedi,
tambah taoen tambah paloeng,
Nji Rësmi digalekan,
ditjandak lëbët ka boemi,
panto noetoep barëng djeung noe poepoentënan.
121. Kaget manah Raden Tjamat,
norodjol ka loear deui,
aeh geuning oerang kota,
Njai! ieu ëmang 'Oelis,
Nji Rësmi toeloej bidjil,
ngabageakeun tatamoe,
Raden Tjamat mariksa,
ka Den Djoeroetoelis Patih,
aja naon ëmang bangoen roesoeh pisan.
122. Soemoehoen ngëmban dawoehan,
Agan kédah enggal soemping,
ka dajeuh ajeuna pisan,

ēntong teuing sarēng raji,
da tangtos moal lami,
pĕrkawisna kirang maphoem,
ēmang darma ngalampah,
malah saer rama tadi,
poma² koedoe kairingkeun pisan.

123. Den Tjamat mindĕl sakĕdap,
reuwas patjampoer djeung risi,
ngahoelĕng ngamanah-mānah,
lina bangĕt teu kaharti,
tjikenĕh tas badami,
pasal tagiwoer di lĕmboer,
boa aja noe ngĕlak,
koe lantaran bĕngis teuing,
Raden Rahman poetjĕt ngareret ka garwa.

124. Koe Nji Rĕsmi ditjakĕtan,
dioepahan saer manis,
poma ĕngkang oelah reuwas,
masing pĕrtjantĕn ka ābdi,
wondening bĕngis teuing,
ngalampahkeun dawoeh Ratoc,
moal matak dilĕpas,
malah sok meunang pamoedji,
tjilakana oge oekoer pindah tĕmpat.

125. Keur naon dianggo manah,
peurih njĕri sarĕng abdi,
abdi soemĕdja boemela,
lahir toemĕka ing batin,
nadjan djadi pangarit,
soemĕdja bela toemoetoer,
pangkat taja goenana,
lamoen matak poesing pikir,
noe sae mah hiroep hoerip toemarina.

126. Sing emoet taoen ka toekang,
waktos bade boenoeh diri,
geuning ari boektina mah,

kadoehoeng datang pandeuri,
malah mapan sok nangis,
nêda hajang pandjang oemoer,
madjar bêtah di doenja,
ëmboeng pisah djeung kakasih,
mapan ieu kakasih pangasoe manah.

127. Anoe nadah katrësnaan,
noe soemanding beurang-peuting,
poerah ngawihan ngëpétan,
arina keur moerang-moering,
arek koemaha deui,
hiroep mah asa panoetoep,
mo rea poeta menak,
noe sok ngahë nang-ngahë ning,
ka geureuha rea pepentaanana.
128. Ngan andjeun bae njalira,
paribasa hidoep manis,
Den Tjamat wani ngahahah,
barina ngadjëmbel pipi.
Nji Rësmi enggal njingkir,
pokna ëngkang mah sok kitoe,
sok tereh kapoëkan,
beurang sok didjieun peuting,
moen geus otjon sok tara emoet ka semali.
129. Gautjangna Den Tjamat angkat,
nitih bendi djeung Den 'Oelis,
teu katjatoer di djalanna,
ka kapatihan geus soemping,
djoeragan Patih Istri,
ngagoepajan sëmoe goegoep,
enggalna Raden Tjamat,
ditjandak lëbët ka boemi,
sila hormat pasëmon noe adjrih pisan.
130. He Oedjang saoer iboena,
rëgëpkeun masing kaharti,
noe matak mănëh diala,

boga rasiyah saeutik,
iboe boengah teh teuing,
ngadlangoe oentoenging koedjoer,
maneh teh djalma bagdja,
kadeukeutan oentoeng waris,
kieu geura iboe meunang bedja njata.

131. Oedjang teh tereh diangkat,
bakal naek pangkat deui,
dibenoem djadi Wadana,
koe sabab eta sing eling,
moenggoeh kapala distrik,
geus kaséboet pangkat lochoer,
bisloeit Toean Bésar,
lain menak leutik-leutik,
lakoe-lampah ajeuna koedoe dirobah.
132. Ieu bedja moal salah,
malah saor Dalém Istri,
moen roedjoek reudjeung djinisna,
ěmbi sarta ěmang Patih,
waktoe tapi bisloeit,
ki Tjamat oerang poepoedjoch,
oerang rangkěpkeun pisan,
kawinkeun bae ka Roekmi,
da manehna tatjan boga pamadjikan.
133. Lah tobat aja daradjat,
leuwih teuing tina misti,
mana horeng ari bagdja,
teu pilih heula-pandeuri,
wět tjara soeal sindir,
noe njatoe ditambah laeek,
eukeur mah naek pangkat,
naek harkat naek gadjih,
kadjodokeun ka noe sakitoe geulisna.
134. Djoeag Roekmi geus kontjara,
pinilih seukeut panggalih,
kawěntar istri tampikan,

roemasa poetra Boepati,
tapi boektina geuning,
dadasar oedjang keur moedjoer,
taja basa koemaha,
sageuj oedjang arek moengkir,
ajeuna mah Nji Rĕsmi geura beresan.

135. Bĕkĕlan bae pakean,
djeung ĕmas-intĕn saeutik,
roepa oelang sapantĕsna,
tamba oelah loepoet teuing,
oelah pandjang dipikir,
sing noeroet ka woeroek sĕpoch,
malah sabisa-bisa,
ĕntong ditĕpoengan deui,
Nji Rĕsmi mah djoeroengkeun bae isoekan.
136. Geura njeun soerat talak,
pasrahkeun ka Djoeroetoelis,
pĕrkara lian-lianna,
papakean reudjeung docit,
geus montong miloe roegi,
eta mah koemaha iboe,
iboe geus moepakatan,
djeung Oepas djeung djoeroctoelis,
tjindĕkna mah oedjang mah tarima ngeumah.
137. Raden Tjamat kapoĕkan,
leungit harti leungit boedi,
ngadangoe saer iboena,
ngahoelĕng tjara noe ngimpi,
hĕnteu obah teu oesik,
ngadjĕntoel sapĕrti toenggocl,
tina teu aja sangka,
bakal dipaksa diririh,
titah pisah djeung moestika bocah manah.
138. Lami Raden ngahoelĕngna,
langkoeng ti sapoeloeh mĕnit,
wĕkasan alon saorna,

doeh iboe katjida teuing,
watir tēmēn koe Rēsmi,
naon dosana ka iboe,
da pamëndak abdi mah,
poen Rēsmi teh djalma ngarti,
toehoe estoe sarēgēp koemawoelana.

139. Asa taja koetjiwana,
sanadjan bidjil ti sisi,
mangarti tata djeung basa,
geulis roepa geuiis ati,
goemoesti ka salaki,
bisa ngalilipoer kalboe,
pirang-pirang kasoelah,
noe katoeloeng koe poen Rēsmi,
hate hoerēng djadi padang tarawangan.
140. Keur bogoh teh ka manehna,
rea pitoeloengna deui,
daek akoer ka tatangga,
mēnggah di lēmboer Tjitapis,
kakongaskeun poen Rēsmi,
djadi goeroe salēlēmboer,
baroedak awewena,
goegoeroe njoelam ngadjait,
tēmēn wēkēl geus rea pisan tapakna.
141. Lantaran ti kahadean,
rea pēr kara noe moeskil,
noe kaboeka rasiagna,
mere djalan ka poelisi,
salami di Tjitapis,
gadoeh sēpion sapoeloeh,
landjang ti pakampoengau,
moerid-moeridna poen Rēsmi,
anoe rikip djadi mata-mata tjamat.
142. Djabi eta rea-rea,
noeloenganana poen Rēsmi,
kawantoe hiroep leungeunna,



Padoeka toean Raden, Hadji MOEHAMMAD ROESDI,
Hoofdpanghoeloe Bandoeng.

bisa njongket djeung ngabatik,
iboë langkoeng tingali,
beurat njoehoën beurat nanggoeng,
mënggah diri abdi mah,
asa kahoetangan pati,
koe poen Rēsmi awewe panēboes njawa.

143. Pandjang lamoen ditataan,
anoë keur moedji Nji Rēsmi,
tapi lain meunang pala,
ti djoeragan Patih Istri,
wēt meunang paloe Inggris,
meunang tjampélak-tjampaloek,
Raden katoeraléngan,
bawaning baloewéng pikir,
koe iboëna ditilar angkat ka kamar.
144. Den Rahman ngomong sorangan.
doeh eulis djoengdjoenan ati,
koëma' pipétaeunana,
éngkang ngabelaan Njai,
diri énggeus pinasti,
samar toeloes mëndak taoen,
lantaran kaléléban,
kédah pisah djeung kakasil,
adoeh eulis njawa éngkang pileuleujan.
145. Den Rahman toeloej ka loear,
gek tjalik dina babantjik,
teu lila djol aja oepas,
pokna teh aja Mas Hadji,
dihatoeranan tjalik,
sakédap itoe ka pajoen,
Gan Tjamat toeloej angkat,
geus tēpang saréng Mas Hadji,
toeloej moendoeng Raden Rahman ka mērtoea.
146. Mas Hadji enggal hatoeran,
jen andjeunna ti Tjitapis,
maksadna bade nēpangan,

ngawartosan kabah sakil,
iboena Njai Rĕsmi,
geus teu kĕrsa dahar sangoe,
katĕrap gĕring panas,
toedjoeh dintĕn toedjoeh wĕngi,
geus teu emoet ngan poetra noe dipitjangtjam.

147. Den Tjamat sangĕt kagetna,
ngadangoe saer Mas Hadji,
djeung moedji kasatiaan,
kasatoehoean Nji Rĕsmi,
ngestona ka salaki,
nadjan iboena rek poepocs,
anggoer nangis midangdam,
teu wantoen ingkah ti boemi,
lamoen tatjan aja widi tjarogena.
148. Ti dinja saer Den Tjamat,
sim koering idin teh teuing,
poen bodjo soemangga tjandak,
koering njoesoel ti pandeuri,
oelah ngantosan koering,
hilih pambĕngan di poengkoer,
Mas Hadji ĕnggeus mangkat,
wangsoel deni ka Tjitapis,
arek njandak Nji Rĕsmi ti katjamatan.
149. Toenda noe keur dibĕndoean,
koe djoeragan Patih Istri,
tjatoerkeun anoe teu damang,
iboe Nji Tjamat Tjitapis,
diaping para wargi,
dirioeng koe sĕpoeh²,
landong pinoeh samedja,
tapi teu aja noe matih,
kawas² geus tjakĕt kana mangsana.
150. Teu lila goeroedoeg kabah,
dititihan koe Mas Hadji,
noe mĕntas neang Nji Tjamat,

tingboeroedoel wargi²,
mapagkeun Njai Rēsni,
di latar tjoengtjong maroendjoeng,
narangis sadajana,
sono pabaoer djeung sēdih,
Njimas Rēsni toeloj nēpangan iboena.

151. Noe teu damang keur mitjangtjau,
natanjakeun Njimas Rēsni,
koe Nji Tjamat dirangkoelan,
bari hēnteu eureun nangis,
hibaring Mahasoetji,
Njai Hadji rada emoet,
ngareret ka poetrana,
bari nēgēskeun ningali,
tētēp neutep bangoen noe sonoem pisan.
152. Reureuh teu goelingsalahan,
disimboetan koe Nji Rēsni,
toeloj rērēp sare tibra,
boengah manah wargi²,
aja oentoepan deui,
kana tjageur sakapoengkoer,
katjarita isoekna,
Njai Hadji rada mēnding,
geus kērsaen ngaleueut tjisoesoe lawar.
153. Saoer baris sēpah²,
noe djadi lantaran gēring,
meureun asal-asalna mah,
soemēlang tineung ka Rēsni,
wantoe teu boga deui,
anak teu tjikal teu boengsue,
tjek boedjangna mo' lēpat,
malah sasat saban wēngi,
ngalindoerna sok ngagēnteraan Nji Tjamat.
154. Nji Hadji geus kērsa toeang,
boeboer djeung ēsop saeutik,
tina hade roemawatna,

- Njai Rĕsmi ka Nji Hadji,
 teu sabaraha lami,
 noe teu damang geus mamajoe,
 malah bisa ka loear,
 digogotong dina korsi,
 oenggal endjing njanda dina korsi pandjang.
155. Beuki sĕgĕr salirana,
 malah ĕnggeus bisa tjalik,
 Nji Rĕsmi sangĕt bingahna,
 ngan sok tingsareset ati,
 moen ngarot sok bĕrĕsin,
 kabĕsekan oedar gĕloeng,
 djeung sĕring katorekan,
 sarta ngimpi noe teu oeni,
 ngimpi sindjang palid di Kali Bangawan.
156. Manahna sok sĕsĕblakan,
 emoet ka oerang Tjitapis,
 pasosontĕn mĕntas siram,
 Nji Rĕsmi sok ngitjis geulis,
 nganggo sing sĕrwa bĕrsih,
 bari ngaroendajkeun ramboet,
 ngalantoeng sisi empang,
 ningal pasir tingdjalĕgir,
 ningal goenoeng diharoedoem mega bodas.
157. Ret ningal ka tĕbeh Wetan,
 matak kalalĕtir pikir,
 ngampar tanah padataran,
 kasorot koe lajoeng koening,
 waraas katingali,
 poentjak goenoeng tingparĕntoel,
 Nji Tjamat ngoesap sotja,
 hajang awas ka noe tĕbih,
 panasaran ningal noe ronjok barodas.
158. Euh geuning eta mah njata,
 bedeng di deukeut Tjitapis,
 tingkarĕtip bararodas,

sariga kēbon malati,
itoe mo' salah deui,
noe ngaroenggoēnoek beh ditoe,
meureunan katjamatan,
lah tobat kalētir teuing,
na' iraha ēngkang soemping ka Tjikarang.

159. Koe iboe diāntos pisan,
djeung saha ēngkang di boemi,
naha teu aja sēratna,
boa geus lali ka abdi,
Nji Rēsmi sēgroek nangis,
kaemoetan kā noe kantoen,
pangeusi katjamatan,
diāntos teu enggal soemping,
boa² aja halangan haroengan.
160. Palangsiang hēnteu damang,
lah tobat palaoer teuing,
Nji Rēsmi ngomong sorangan,
tjisotja njoeroetjoed bidjil,
sabot noe geulis nangis,
ngoeping sora tinggoeroedoeg,
rēg eureun doea kahar,
pajoeneun boemi Mas Hadji,
doeanana momot kopēr djeung boentēlan.
161. Sarta roepa-roepa barang,
teu ditetek hidji²,
Nji Rēsmi njēblak manahna,
panjana Den Tjamat soemping,
ngaboedjēng gasik-gasik,
rek mapag djoengdjoenan kalboe,
ana diawas-awas,
njata lain boeah ati,
eusi kahar ngan oepas djeung barang².
162. Oepas ka mana djoeragan,
naha mana hēnteu soemping,
boa djoeragan teu damang,

lah tobat koe matak wafir,
djeung saha di Tjitapis,
saha noe ngoeroes di ditoe,
ki oepas ngawalonan,
sémoe soesah lêngas-lêngis,
doeh gamparan juktos koe matak salêmpang.

162. Djoeragan dangêt ajeuna,
noedjoe teu aja di boemi,
pangintên di kapatihan,
da di Tjitapis mah sêpi,
moeng tadi endjing²,
ka ditoe aja tatamoe,
paugintên bangsa menak,
djeung djoeragan Patih Istri,
ngangkat barang djeung masihan ieu sêrat.
164. Nji Rĕsmi dadak sakala,
ngadegdeg tiris rarisi,
enggal diaos sêratna,
gĕdĕboeg noe geulis geubis,
leuleus sapĕrtos majil,
ngaloempoeroek siga kapoek,
bawaning hĕnteu kiat,
njandangan sĕdih prihatin,
hĕnteu njana bakal tâmpi sêrat talak.
165. Eusi boemi tingkotjeak,
ngadjĕrit maratan langit,
ningal anoe kapioehan,
sami taroeroen ti boemi,
loempat patarik-tarik,
roeroendajan menta toeloeng.
Mas Hadji keur di toekang,
ngaboedjĕng njandak gĕgĕndir,
goegoep reuwas ngadangoe noe djĕdjĕritan.
166. Rame sora noe midangdani,
ngagoegoeloeng Njai Rĕsmi,
ki Oepas teu poegoeh tjugap,

tjakah-tjikih njiar tjai,
tatangga bararidjil,
ngadeugdeug disamping djangkoeng,
Nji Rēsmi geus dipajang,
ditjandak lēbēt ka boemi,
koe Mas Hadji ditjoemplang disare'atan.

Nji Hadji di padjoearan,
sanggeus meunang bedja sidik,
jen poetrana kapiohan,
ngotjeak nangis djoemērit,
toeroen ti loehoer katil,
djoemavigdjeug njandak kampōeh,
maksakeun mañeh angkat,
mapaj² sisi bilik,
gabroeg nangkeup ka poetra bari njoeman.

168 Roempoejoek lēs kapoëkan,
Njai Hadji hēnteu eling,
bangēting reuwas koe poetra,
bok bilih tēpi ka pati,
djērit deui noe nangis,
woewoeh iboer wocwoeh goejoer,
Mas Hadji sanar polah,
teu poegoeh noe dilari,
tjilingtjingtjat bari ngengelek moendjiat.

169. Los ka pajoen los ka toekang,
djēlēma geus heurin oesik,
tatangga kabeh daratang,
rame noe adan noe moedji,
ngēloen koekoes ka langit,
ngagajoeh para loeloehoer,
njambat ka noe geus adam,
hadarat ka para wali,
roepa-roepa tarekahna para sēpah.

Lamoen pandjang ditataan,
kaujērian Njimas Rēsmi,
kanalangsaañ ihoena,

djeung kasédihan Mas Hadji,
koerang papan djeung mangsi,
estoe kagoentoeran ewoeh,
kabandjiran kasoelah,
sasasih mo' bisa lilih,
lara wirang asa minoehan Tjikarang.

171. Beda djeung oerang nagara,
anoé pasini geus djadi,
soebaja ngantosan mangsa,
bakal djadi mantoe goesti,
estoe dipoesti-poesti,
geus pasti dioendoeh mantoe,
malah geus tata-tata,
wantoe dawoehan Boepati,
geus tarapti sadiaan pikeun pesta.
172. Sakédap ngeureunan palaj,
mégat tjatoer milih sari,
sésékar atjining tēmbang,
tēgēskeun oengéling toelis,
toengkoes tangkēs koe ati,
sindir sasmitaning kidoeng,
soegan aja pedahna,
ka soegri pamégēt istri,
noe sabongbrong roemingkang di pawēnangan.
173. Raos kirang soebasita,
sim koering pamangoen goerit,
moeka rasiah poesaka,
titisan ti Siliwangi,
nadjan waktja koe sindir,
mitoetoer direka kidoeng,
mo boeroeng kaoeninga,
tēmahna lir maoet hinis,
raheut leungeun lantaran ti panganggoeran.
174. Oemangkeuh hatoe kasetyan,
wani ngoendjoekkeun wawadi,
estoena waktja balaka,

teu nganggo aling paminding,
përmana rea boekti,
moendoer daradjatna indoeng,
njëri lantaran bapà,
hajang seubeuh hiroep hoerip,
hajang sënang njieun sakawënanng-wënanng.

175. Iraha madjoenà bangsa,
moen reret kandar ka sisi,
njëbar randa di padesan,
ditiupan, moerangkalih,
koe bapa teu katolih,
ahir djadi Koerän boeroek,
rëndang menak kabongan,
boentoe lakoe toeang angin,
tani dagang halangan koe kamenakan.
176. Indoeng anoe karoengroengan,
koeroe aking ngadjangdjawing,
nendjo anak kabalangsak,
seuseut seuat njiar ridjki,
digawe banting diri,
dibelaan boeboeroehoen,
lali kana kaera,
leungit loeis timboel hoeis,
kangoraan lës moesna tanpa karana.
177. Oeroet djadi sëlir menak,
bareres loeis bërësih,
ajeuna kadoengsang-doengsang,
lain tjatoerkeuneun deui,
tobat paraloen teuing,
moen mihoekoem masing poegoeh,
tjoemarita sing ënja,
nëda diadji dioedji,
sing karoenja ka indoeng boedak Pasoendan.
178. Moen indoengna koerang sehat,
gëring badan gëring ati,
baroedak mariloe tiwas,

koerang oeroes koerang atik.
balai tangtoe njanding,
ahirna 'mo bisa madjoe.
nikreuh ngoedagna djaman,
rémén tibeubeut tibanting,
tanah are matak keri pépelakan.

179. Indoeng teh ibarat tanah,
anoé dipélakan binih,
noe diseuseup pinareupna.
pangasoch noe leuwih asih,
noe ngatik ti leuleutik.
anoé ngoekoet ti lélémbuot,
noe ngadjar tata basa,
geuleuh keumeuh koslah gētih,
djeung oerang teh sasat sarasa sasoeukma.
180. Gēde-gēdeng doraka,
matak teu djamoega diri,
pang goreng-gorengna djalma,
istoening teu aja deui,
kasēboet boeta toeli,
djalma noe njatroé ka indoeng,
estoe petjak hatena,
boedina taja pangadji,
djalma boengbas hēnteu boga panarima.
181. Saoemoer hiroep di doenja,
geus leuwih ti tiloe kai,
koering katiwasan awak,
lain soesah lentik-leutik,
estoe matak balai.
locmpat ka dieu, ka ditoe,
menta ditangtajoengan,
wéleh anggoer woewoch roegi,
tjape hate djampe teu aja noe méntal.
182. Tina geus beak tarekat,
koering poho di kaisin,
gantjanganu balik ka imah,

gok tēpang djeung hidji istri,
keur tjaik dina korsi.
koe koering toeloj d'rangkoel,
sarta ditjeungtjeurikan,
soegan bisanun ngadjait,
tina bahja anoe sakitoe gēdena.

183. Istri teh toeloj ngoesapan,
saoerna keur naon tjeurik,
sakitoe-kitoe lae mah.
Aliah sipat rahman rahim,
ajenna toeroen rahim,
djeung rahmanoa Maha Agoeng,
istri teh toeloj tjēnkat,
sarta nicep tjeuli koering,
doanana djeung ngēmpos ēmboen-ēmboenan.

184. Tiloe kali meunang bahja,
salamēt tjindékna hasil,
ka loeur tina kasoesah,
ari eta istri tadi,
estoena indoeng koering,
anoe ngoekoet ti lēlēmboet,
bagdja kabina-bina,
nonoman pamegēi-istri,
anoe masih araja keneh iboena.

185. Poma andjeun oelah ngira,
jen ngan woengkoel indoeng koering,
anoe aja maenatna,
kabeh satangkoebing langit,
indoeng mah leuwih matih,
doana ti batar doekoen,
andjeun moal pērtjaja,
sabab andjeun tatjan njobi,
ti harita koering nuggongkeun ka adjar.

186. Koering tjeurik lolongseran,
waktoe dongkap titis-toelis,
poen biang sirua ti doenja,

moelih ka rahmating Goesti,
doenja karaos sēpi,
taja pajoeng keur njalindoeng,
goenoeng keur pananggeuhan,
taja tali keur pangeumbing,
kautoen ngoengoen hiroep di pangoembaraan.

187. Doeh doeloer istri Pasoendan,
sing bisa roemaksa diri,
moen raga hajang djamoega,
oelah mokahaan teuing,
ngalengkah liwat garit,
moengkoer tina sotja sēpoe,
pangrasa teu sapira,
batina katjingtjirihi,
modal roeksak kapaksa nocroenkeun harga.
188. Loemajan oerang malikan,
tjaritana Njai Rēsmi,
panggēbah ka noe balangah,
panggeuing ka noe teu eling,
katjatoerkeun Nji Hadji,
lantaran woewoeh kabingoeng,
kaget ningali poetra,
panjakitna kantjenuh deui,
malah² langkoeng ti ka toekang-toekang.
189. Ari lampah Njai Tjamat,
noeroet tjatoer kabar angin,
ti samēntas nampi sērat,
djadi owah edan-eling,
kawas diraksoek iblis,
tambah ppō beuki woewoeh,
malah tjarek bedja mah,
hoemarēgoeng beurang-peuting,
gogoleran nangis teu aja anggeusna.
190. Midangdam dalapan boelan,
ngadjērit maratan langit,
ngotjeak maratan djagat,

kaloear tjimata gětih,
tina gēde kanjēri,
kadoehoeng sagēde goenoeng,
teu noeroet ka iboena,
teu nolih kana wēwēling,
kagagasna nēpi ka sirna ti doenja.

191. Tapi ari estoena mah,
hēnteu kitoe-kitoe teuing,
hēnteu edan teu midangdam,
biasa bedja sok leuwih,
ma'loem djēlēma geulis,
hade-gorengna disoesoen,
ieu itoe nambahan,
wantoe-wantoe loba biwir,
noe sadjeungkal ditambah sapoeloch dēupa.

192. Jaktos prihatin tea mah,
kalēlēban koe salaki,
kaleungitan kapangkatan,
djeung era koe oerang sisi,
sarta koe wargi²,
tambah iboena keur ngangloeh,
manah keur koemajangjang,
ngantosan tjaroge soemping,
kari² noe soemping soerat talakna.

193. Koemaha rekna teu soesah,
balai ngambrēg sakali,
tjilaka datang samangsa,
teu diheuleuf-heulent deui,
kawoewoeh Njai Hadji,
teu damangna tambah madjoe,
katimpah sēsēk napas,
kawas moal mēnjat deui,
hidji mangsa ngagēntraan ka poetrana.

194. Nji Rēsmi kageteun pisan,
ningal raraj Njai Hadji,
poetjēt beda ti biasa,

Nji Hadji maksakeun ljalik,
sémoe sono teh teuing,
ka poetra ngarangkoel njoem,
èh anak djimat éma,
moestika iboe noe geulis,
oelah soesah masing pasrah kana kadar.

195. Didoakeun moega-moega,
sing loeloes waloeja diri,
tjageur bageur saemoerna,
djaoeh bahla parék ridjki,
moega sing deukeut waris,
kadjodokeun ka sakoepoe,
anoë hade lampahna,
hade boedi bērsih ati,
anoë njaah ka maneh salalawasua.
196. Nji Rēsmi alon saोजना,
barina soemēgroek nangis,
fina bangēting nalangsa,
ngadangoe saer Nji Hadji,
nangisna bangoen njēri,
njoeoeh kana pangkon iboe,
doeh iboe abdi soempah,
abdi moal deui-deui,
koemawani ngalajanan baŋgsa mēnak.
197. Sarēng moegi tinēkanan,
sapisaoer iboe tadi,
abdi djangdji ti ajeuna,
rek noeroet kana wēwēling,
malah oepami kenging,
iboe oelah waka poepoes,
memeh abdi lakian,
Nji Hadji lēs hēnten eling,
ngan kaboeroe matja sahadat salawat.
198. Malakal-maot dongkapna,
moro sēkon mipit mēnit,
geus obah pintoening raga,

djalmana soewoeng ka langit,
ear anoe tjareurik,
noe kantoen ngoengoen gëgëtoen,
katineung koe saena,
sadaja sami maroedji,
ngadoedoe'a moegi adjal mawa iman.

199. Majit geus dipoelasara,
koemaha tali paranti,
Nji Rësmi kantoen bageurna,
djadi moestikaning istri,
salirana kaeusi,
tjahajana tambah mantjoer,
moen ti peuting damëlna,
ngaos kitab ngoelik ilmi,
moen ti beurang poeasa njipoch kabisa.

200. Salira lir mandi tjahja,
matak gioeng noe ningali,
loerlar anoe ngahëlaran,
mani lir siraroe djadi,
oerang nagri sareuri,
panjana harga rek toeroen,
ahir kawiwirangan,
Nji Rësmi mëgatan rasmi,
toetoep tjatoer wa'llahoe a'lam bi'ssawab.



26. TJJOENG WANARA.

(*Namatheun hantja dina Alménak taheun 1923*).

Oerang tjaritakeun deui noe dipalidkeun tea, diwadahan koe kapagan, disoesoehoen koe boehaja, njangsangna di Sapoeangin.

Tjai ngaranna Tjitandoej, tatapi hilireun kanagan bét aja leuwi, ngaranna Leuwi Sipatahoenan. Di diuja aja noe keur naheun badodon, oerang lémboer Kalipoetjang, ngaran Aki Nini Balangantrang, gawena toenggoe badodon.

Tapi Nini langkoeng kaget njeueung Tjitandoej tjaah ngalimpas badodon; malah-malah Nini ngomong, pokna: „Euleuh Aki, naha tjai teh gède-gède teuing; koemaha badodon oerang datang ka henteu katembong, koemaha lamoen seug palid?”

„Kéng Nini, atoeu heueuh.”

„Koe naon noe matak tjaah?”

„Gède tjaina.”

„Oelah kiroe aki, kapun aja basa: rémpeeg djoekoeng, peung-gas aliang lajar, bobo sapanon, tjarang sapakan, euweuh deui ngaw ewe saréng salaki; ajeuna mah hajoe oerang balik bae.”

„Atoeu Nini, geura dangdan.”

Prak nini-nini dangdan:

disamping djoelat-djalatong,
karembong batik manjingjong,
bari ngais-ngais endong.

Nja kitoe deui Aki prak dangdan:

njonjoren koejang pangarang,
bari ditja'ana ginggaang,
badjoena ge badjoe halang,
bari njoren kodja tendang,
geura nam Nini ti heuh,
kodjengkang Aki noe leumpang,
ringkik Nini ti pandeuri,
kétroek bari koendang iteuk,
tongkro-tongkro sadjongdjongan,
dina leuweung sakeukeudeung,
dina lébak sabengbatan,
djlog datang ka Kalipoetjang.

Fok Aki ngomong: „Dala kadalah, teu lémboer oerang.”

„Atoeu énja, hajoe aki, da geus datang, oerang mepes kesang, nambaan palaj, oerang eueun, tjape, bari sare.”



**Padoeka toean S. COOLSMA, ahli bahasa Soenda,
jang mengarangkan Kamoes Bahasa Belanda
Soenda dan Soenua-Belanda.**

„Heug. Nini njanghoeloe ngidoel, aing noe njangirah ngaler?”

„Ih, oerang papais-pais paraj”

„Anggoer oerang paadoe-adoe hoeloe, aja haneut.”

Reup bae Nini sare reudjeung Aki.

Toenda heula tjarita anoe keur sare.

Katjaritakeun kanagan anoe njangsang, njangsangna dina badodon, ajana di palimoean.

Geus kitoe toeloej kaimpi koe noe eukeur sare tea; kaimpina koe Nini Balangantrang, nendjo srengenge hari ngalahoen boelan; ari impian Aki, Aki ngimpi nendjo tjahaja di dasar tjai. gèdena sagède boeah haligo.

Geus kitoe hoedang Nini djeung Aki.

„Aeh Aki, geura hoedang, kaeula téh bieu ngimpi.”

„Ngimpi naon Nini?”

Nini téh toeloej nembalan: „Kapar ngimpi nendjo srengenge djeung ngimpi ngalahoen boelan.”

„Soekoer Nini, bakal papanggih djeung rëdjëki anoe gède.”

„Rëdjëki ti mana, da oerang teu dagang teu lejar, naon lantaranana?”

„Kapan mah oerang téh naheun badodon, geus tangtloe rëdjëkna bakal ti dirja.”

„Atoeh hajoe Aki, oerang teang badodon téh.”

„Poëk Nini, kawantoe ieu ti peuting.”

„Kadjeun teuing poëk mah, cerang mawa obor bae.”

„Leueur Nini, da hoedjan.”

„Oerang mawa iteuk bae.”

„Hajoe Nini, oerang dangdan.”

Geus kitoe toeloej laleumpang. Nini djeung Aki; têngah peuting inditna.

Barang datang kana handapeun kèpoh noenggal, dikira djari leutik, eureun Nini reudjeung Aki. Keur eureun, Nini téh srug nendjo kana badodon. Geus kitoe katembong koe Nini, aja kanagan dina badodon.

„Itoe naon Aki, moutjorong bët sémoe hedjo?”

„Boa-boa mata meong.”

„Adoeh Aki, boa énja sarta sémoe hoeroeng.

Tjing Aki, koe Aki geura parantjahan ti kadjaohan.”

„Heucuh Nini.”

Toeloej koe Aki diparantjahan, ari pekna Aki: „Tjik, lamoen aja djoerig njiliwoeri, bisi aja sefan toemaroempang, lamoen djoerig koedoe obah, lamoen rëdjëki koedoe tjitjing.”

Geus kitoe kanagan teh toeloej obah, disoendoel koe boehaja poetih.

Katendjo koe Aki, kanagan teh bët obah. Tjek Aki: „Adeuh djoerig, Nini, da obah.”

„Atoeh ënja Aki, ajeuna mah oerang balik bae.”

„Geura pek Nini, koedoe ti heula nja leumpang.”

Toeloej Nini leumpang gantjang, Aki leumpangna pandeuri. Geus kitoe Nini kadoepak koe Aki, datang ka laboeh pisan; toeloej Nini teh tjeurik.

Tjek Nini bari tjeurik: „Teu hajang teuing aing kadoepak datang ka laboeh, ajeuna mah aing teh geura sërakheun, aing bere talak tiloe koe Aki, da bongan Aki teh ngadoepak datang ka laboeh.”

„Aeh Nini, oelah kitoe, Nini teh bisi doraka, oelah waka menta talak, talak teh aing uoe boga, koe Nini oelah dipenta; ajeuna mah anggoer geura oerang padoe.”

„Madoekeun naon Aki?”

„Madoekeun lampah, salah mana, salah Aki atawa salah Nini, tjek aing mah Nini, geuning saroea salahna.”

„Na koemaha Aki, dibasakeun saroea salahna.”

„Kieu Nini, kasalahan Nini, bongan Nini teh loempat ti heula këndor teuing, ari kasalahan Aki, bongan Aki loempat pandeuri tarik teuing, djadi geus saroea salahna.”

„Aeh, bënëer Aki, oerang saroea bonganna, ajeuna mah oerang silih timbang bae, djeung deui oerang balikan deui, anoe katembong tadi tea, noe aja dina badodon, soeganna ënja rëdjëki.”

„Atoeh nam Nini, ti heula.”

„Ëmboeng Aki, koela ti heula mah, sieun setan.”

„Pandeuri atoeh.”

„Pandeuri ge ëmboeng, sieun djoerig.”

„Bët koemaha kahajang Nini?”

„Kahajang koela, Aki leumpang teh bari ngarendeng, bari dikaleng nja beuheung.”

„Ari Nini, bët ngongoraean, hajang leumpang rerendengan.”

„Aki lain ngongoraean, aja pangarah kaola, ari leumpang ngarendeng mah, laboeh oge meureun barëng, hënteu, oerang barëng, djadina meureun saroea salamëtna diri oerang.”

Geus kitoe Aki teh toeloej ngaleng heuheung Nini, bari rumpang gagantjangan.

Hanteu kotjap di djalanna; kotjapkeun datangna bae.

Datangna kana badodon, geus kitoe toeloej katendjo, aja kanagan dina badodon.

„Dalah Nini, kabënëran, aja kanagan aloes, ajana dina badodon.”

„Atoeh soekoeur Aki ajeuna mah, geura tjokot, njatana rëndjeki tea.”

Koe Aki toeloej ditjokot harina ngomong: „Heh ieu Nini, kampanan kanagan, tetela emas, tatapi njao eusina.”

„Atoeh Aki, oerang boeka bae ieu kanagan, hajang njaho di djérona.”

„Oelah Nini, sabab ieu lain banda oerang pribadi, kawantoe oerang teh nimoe.”

„Na koemaha atoeh Aki, mana wët dikoretkeun koe Aki.”

„Hih Nini, lain dikoretkeun, ieu kanagan koe aing eukeur dipikir heula. Mënding-mënding lamoen banda sadrah, koemaha lamoen bok banda beunang rampog, saperti beunang maling, ibarat beunang ngabegal. Éngke-éngke, lamoen koe oerang di boeka, kaberoe datang noe boga, geus tangtoe bakal tjilaka, geuning tjek babasan temah: noengtik lari njjar boekti, néréka njampak njomana, djadi kakeureut koe sieup, kasipat koe bënëer, katindih koe kari-kari. Kari-kari oerang teu boga noe kieu, éngke-éngke keur di boeka, djol datang noe boga, djadi katempoehan boentoet maoeng; geus tangtoe oerang teh meureun tjilaka.”

„Ach Aki, bënëer têmén omong Aki, ajeuna mah, da oerang sieun kaberoe koe noe boga kanagan teh, hajoe oerang bawa ka noe anggung, éntong balik ka lémbouer oerang noe matoeh, oerang bawa ka leuweung bae.”

Datang ka hidii goeceng; ngarauna Boendërarang, di poentjak Bodjong Kerentjeng; di dinja toeloej arcureun Aki teh djeung Nini, di handapeun tangkal kopo, bari Nini toeloej ngomong:

„Kanagan teh hajoe Aki oerang boeka.”

„Oelah waka Nini, rek nendjo heula nagara tina loehoer tangkal kopo.”

Tjat Aki teh naek kana tangkal kopo tea, malah-malah kopo teh datang ka tjondong, ditaekan koe Aki Balangantrang.

Toeloej koe Aki diparantjahan, ari pokna Aki: „Tjik, lamoen aja djoerig njiliwoeri, bisi aja setan toemaroempang, lamoen djoerig koedoe obah, lamoen rědjėki koedoe tjitjing.”

Geus kitoe kanagan teh toeloej obah, disoendoel koe boehaja poetih.

Katendjo koe Aki, kanagan teh bět obah. Tjek Aki: „Adoeh djoerig, Nini, da obah.”

„Atoeh ěnja Aki, ajeuna mah oerang balik bae.”

„Geura pek Nini, koedoe ti heula nja leumpang.”

Toeloej Nini leumpang gantjang, Aki leumpangna pandeuri. Geus kitoe Nini kadoepak koe Aki, datang ka laboeh pisan; toeloej Nini teh tjeurik.

Tjek Nini bari tjeurik: „Teu hajang teuing aing kadoepak datang ka laboeh, ajeuna mah aing teh geura sěrahkeun, aing bere talak tiloe koe Aki, da bongan Aki teh ngadoepak datang ka laboeh.”

„Aěh Nini, oelah kitoe, Nini teh bisi doraka, oelah waka menta malak, talak teh aing noe boga, koe Nini oelah dipenta; ajeuna mah anggoer geura oerang padoc.”

„Aladoekeun naon Aki?”

„Aladoekeun lampah, salah mana, salah Aki atawa salah Nini, tjeuk aing mah Nini, geuning saroea salahna.”

„Na koemaha Aki, dibasakeun saroea salahna.”

„Kieu Nini, kasalahan Nini, bongan Nini teh loempat ti heula kěndor teuing, ari kasalahan Aki, bongan Aki loempat pandeuri tarik teuing, djadi geus saroea salahna.”

„Aěh, bñněr Aki, oerang saroea bonganna, ajeuna mah oerang silih timbang bac, djeung deui oerang balikan deui, anoe katembong tadi tea, noe aja dina badodon, soeganna ěnja rědjėki.”

„Atoeh nam Nini, ti heula.”

„Ĕmboeng Aki, koela ti heula mah, sieun setan.”

„Pandeuri atoeh.”

„Pandeuri ge ěmboeng, sieun djoerig.”

„Bět koemaha kahajang Nini?”

„Kahajang koela, Aki leumpang leh bari ngarendeng, bari di kaleng nja beuheung.”

„Ari Nini, bět ngongoraean, hajang leumpang rerendengan.”

„Aki lain ngongoraean, aja pangarah kaola, ari leumpang ngarendeng mah, laboeh oga meureun barěng, hěnteu, oerang barěng, djadina meureun saroea salamětna diri oerang.”

Geus kitoe Aki teh toeloej ngaleng beuheung Nini, bari lumpang gagantjangan.

Hanteu kotjap di djalanna; kotjapkeun datangna bae.

Datangna kana badodon, geus kitoe toeloej katendjo, aja kanagan dina badodon.

„Dalah Nini, kabënëran aja kanagan aloes, ajana dina badodon.”

„Atoeh soekoer Aki ajeuna mah, geura tjokot, njatana rēdjeki tea.”

Koe Aki toeloej ditjokot barina ngomong: „Heh ieu Nini, ampanan kanagan, tetela emas, tatapi njao eusina.”

„Atoeh Aki, oerang boeka bae ieu kanagan, hajang njaho di djérona.”

„Oelah Nini, sabab ieu lain banda oerang pribadi, kawantoe oerang teh nimoe.”

„Na koemaha atoeh Aki, mana wöt dikoretkeun koe Aki.”

„Hih Nini, lain dikoretkeun, ieu kanagan koe aing eukeur dipikir heula. Mënding-mënding lamoen banda sadrah, koemaha lamoen bok banda beunang rampog, saperti beunang maling, ibarat beunang ngabegal. Éngke-éngke, lamoen koe oerang diboeka, kaberoe datang noe boga, geus tangtöe nakal tjilaka, geuning tjek babasan temah: noengtik lari njjar boekti, néréka njampak njomana, djadi kakeureut koe sieup, kasipat koe hēnēr, katindih koe kari-kari. Kari-kari oerang teu boga noe kieu, éngke-éngke keur diboeka, djol datang noe boga, djadi katēmpohan boentoet maeng; geus tangtöe oerang teh meureun tjilaka.”

„Aeh Aki, bēnēr témēn omong Aki, ajeuna mah, da oerang sieun kaberoe koe noe boga kanagan teh, hajoe oerang bawa ka noe anggung, éntong balik ka lēmboer oerang noe matoch, oerang bawa ka leuwceung bae.”

Datang ka hidji goenceng, ngaranna Boendërarang, di poentjak Bodjong Kerentjeng; di dinja toeloej areureun Aki teh djeung Nini, di handapeun tangkal kopo, bari Nini toeloej ngomong:

„Kanagan teh hajoe Aki oerang boeka.”

„Oelah waka Nini, rek nendjo heula nagara fina loehoer tangkal kopo.”

Tjat Aki teh naek kana tungkal kopo tea, malah-malah kopo teh datang ka tjondong, ditaekan koe Aki Balangantrang.

Bari Aki toeloej ngomong: „Bët djaoeh ka nagara Galih Pakoean Nini, ieu ti dieu, ti lëbah oerang.”

„Soekoer Aki djaoeh mah, tatapi eta kopo teh mani datang ka tjondong koe Aki ditaeakan.”

Bari toeloej disapa tangkal kopo koe Aki, tjeuk Aki: „Moega-moega tēroes ka iintjoe-poetoe, ka anak oerang sadaja; ieu tangkal kopo oelah dek aja noe lëmpëng, sabab oeroet aing naek, ngaranna oge Kopo Tjondong Kamadëngdang.”

„Heueuh Aki, ajeuna mah kanagan teh oerang boeka.”

„Èngke Nini, koe oerang rek ditoedjoem heula ieu pieusieunana.”

„Dieusi naon?”

„Hih Nini, 'mo gagal, ieu teh dieusi oerang; lamoen kitoe, aing mah rek dibeulikeun kana sapi, kana moending. Ari Nini rek meuli naon?”

„Amg mah rek meuli samping djeung karembong.”

„Oelah Nini, oelah dibeulikeun hënteu poegoeh!” bari Nini ditampiling koe Aki.

Malah-malah Nini datang ka tjeurikna, bari toeloej Nini ngomong: „Njëri teuing pipi aing ditampilingan koe Aki, naon dosa koela, dosa anoe djadi matak?”

„Bongan bae, oerang gëde dimoehak-moehak.”

„Atoeh salah Aki, oelah waka nampilingan, djadi marëboetkeun baloeng tanpa eusi.”

„Ènja Nini, djadi aing noe saiah, ajeuna mah geura todjoem.”

„Euh Aki, kanagan geus tangtoe dieusi boedak.”

Geus kitoe toeloej diboeka koe Nini, tatapi teuing koe paguh, kawantoe kanagan disosi.

„Aing mah Aki, teu bisa moeka, sabab ieu teh disosi; tjing, soegan koe Aki bae.”

Pek koe Aki diboeka; barang diboeka, di djërona tetela dieusi boedak djeung aja ëndog hajam sahidji.

„Dala kadalah Nini, bët Nini noe kabënëran noedjoem teh, tetela pisan ieu teh dieusi boedak.”

„Kadieukeun koe aing rek ditampanan.”

Toeloej koe Aki dibikeun.

„Keun bae ëndog mah, montong ditjokot, ieu bae boedak.” Bari toeloej koe Nini boedak teh dililikan, sidik boedak teh lalaki sarta kasep, mani tembong tjahajana saepama boelan bae.

Tapi koe Nini ditjeungtjeurikan, sabab boedak matak watir awakna pinoeh koe gētih.

„Adoeh Aki, geura ngala tjai keur ieu ngēbakkeun boedak.”

„Heug Nini.”

Gantjangna Aki leumpang neangan tjai.

Sabot Aki dangdan, moerangkalih keur dilahoen koe Nini, toeloej boedak teh kokolosodan, soekoe boedak nintjak batoe.

Tina oeroet nintjak tea bēt bidjil soemoer doea, ngarendeng tina djero batoe tea.

„Aki, ěntong toeloes leumpang, geuning ieu aja; ngadak-ngadak aja soemoer.”

„Soekoer Nini, eukeur mah aing teh ěmboeng ngala tjai teh, sangeuk, djaoeh, ajeuna bēt aja, manā kitoe ge pĕrwatĕk moerangkalih, ajeuna mah hajoe oerang mandian.”

Pek bae dimandian koe doeaan, silih gĕnti.

Sanggeusna dimandian koe Aki, toeloej diajoen dina tangkal kopo tea, bari silih gĕnti Aki reudjeung Nini kakawihan, kieu pokna:

„Nelengnengkoeng asep,
nelengnengkoeng geura ageung,
oedjang geura ngapoeng,
geura, ngapoeng teh ka lĕbah loehoer,
tingali nagara tea, nagara Galih Pakoean.”

„Oelah kitoe Aki, boedak teh masih keneh diajoen, geus dititah ngapoeng-ngapoeng, palangsiang ari ageung mah ninggalkeun ka oerang.”

„Atoeh pek koe Nini geura ajoen.”

Pek koe Nini diajoen, ari pokna:

„Nelengnengkoeng djoeragan, nelengnengkoeng,
geura ageung djoeragan, geura djangkoeng,
geura pakajakeun indoeng,
geura kĕmploeng mapas liwoeng,
tjĕplak geura mabakan.”

„Hih Nini, oelah kitoe eta moerangkalih lĕbar, oelah dititah mabakan, aing oge tatjan wĕleh njieun lĕmboer.”

„Hih Aki, saopamana, ěngke geus gĕde.”

„Kadieukeun, koe aing rek diajoen deui.”

Pek deui koe Aki diajoen, ari pokna:

„Satadi deui bae nĕpi ka ngapoeng,
geura leumpang ka Goenoeng Padang,

geura sileungleumkeun endog,
ka Naga Wiroe keur tapa,
ajana di Goenoeng Padang."

„Aki oelah kitoe, eta boedak oelah ditital ka Goenoeng Padang, bisi toeloej ka Pakoean, kaola meureun leungiteun."

„Heg bae atoeah Nini, ajoen deui koe Nini."

Pek koe Nini diajoen bari kakawihan bae, pokna:

„Nelengnengkoeng djoeragan, nelengnengkoeng,
geura ageung djoeragan, geura djangkoeng,
geura pakajakeun indoeng,
geura kemploeng mapas liwoeng,
geura kemplang mapas djalan,
tjēplak, geura mabakan,
geura toeloej asepe leumpang,
bari leumpang mawa hajam,
pantēsna asepe rek ngadoe hajam,
ka nagara Galih Pakoean."

„Oelah kitoe Nini, eta boedak oelah diwarah ngadoe hajam, anggoer kadieukeun koe aing diajoen deui."

„Top Aki, koe Aki geura ajoen."

Pok deui dikawihan, bari ngajoen-ngajoen boedak, pokna:

„Geura sare meungpeung sore,
geura tibra meungpeung beurang,
djaga mah oerang soesœmpit."

„Oelah kitoe Aki, oelah kadjongdjongan teuing ngajoen-ngajoen boedak. Ajeuna mah oerang bawa pindah deui, bisina kaemperemper ka nagara Galih Pakoean, tangtoe tjilaka, sabab oerang saemoer teu boga anak."

„Aeh heueuh Nini, atoeah hajoe ajeuna mah oerang bawa pindah tea."

Toeloej boedak teh koe Nini diais, koe Aki diiringkeun ti pandeuri.

Teu kakotjap di djalanna; kotjapkeun datangna bae ka leuweung, ka Gēgēr Soentēn.

Ari datang, Nini toeloej ngomong: „Aki, oerang teh da geus datang, Aki koedoe njeun lēmbœr di dieu, di Gēgēr Soentēn, sabab oerang boga anak koekoetan."

Gantjangna pek Aki njatjar, dek njeun lēmbœr babakay.

Sabot aki-aki njatjar, moerangkalih dipepende handapeun gintoeng gorowong, bari Nini kakawihan:

„Pependekong, pependekong,
dipepende bari dipengkong,
disimboetan koe karembong,
handapeun gintoeng gorowong,
oerang sare asepe, reudjeung nini ompong.”

Moerangkalih gantjangna teu daek sare, sanadjan dipepende oge, malah-malah anggoer tjeurik, barina ngomong bae.

Ari pokna: „Dangoekeun Nini, geura dangoekeun peupeudjeuh djeung oelah henteu sasakit djeung geuna-geuna, poma reudjeung pisan-pisan koe Nini geura dangoekeun, sabab koering aja dina leuweung kieu; ari koering saha nja iboe-nja ramana?”

Tjeuk Nini: „Djoeragan, poma oelah mariksakeun iboe, oelah mariksakeun rama, sabab iboe teh nja ieu, ari rama kapan itoe anoe njatjar.”

Tjek boedak: „Lain, kapan ieu mah ema nini, ari itoe anoe njatjar ema aki.”

Ti dinja koe Aki toeloej kadenge, sabab boedak teh keur tjeurik, aki² toeloej loempat tina tempat noe ditjatjar, njampeurkeun barina ngomong, pokna: „Naha Nini, boedak teh sina tjeurik bae. Naha koe Nini teh diteunggeulan atawa ditjiwitan? Oelah kitoe Nini, aing mah karoenja pisan!”

„Hih Aki, teu dipeupeuh, teu diteunggeul, teu ditjiwit-tjiwit atjan; tjeurik soteh, boedak mariksakeun iboe-rama, malah-malah koela geura toeloengan, sabab teu bisa ngoepahan.”

„Atoeh kadieukeun, koe aing dek dioepahan.”

Pek boedak teh koe Aki dipangkoe-pangkoe barina ditanja bae.

„Koe naon neng, noe matak nangis; eneng teh palaj naon?”

„Hih Aki, koela lain hajang barang dahar, hajang soteh nji-eun lëmboer, tatapina djieun koela sorangan.”

„Oelah waka palaj nji-eun lëmboer, wantoe asepe masih leutik keneh.”

„Kadjeun Aki, ari ditjarek mah dek nji-eun lëmboer sorangan, ajauna mah koela geura pepende bae, sabab koela hajang sare.”

Peka koe Nini djeung koe Aki boedak teh bari dikeukeupan handapeun gintoeng gorowong; toeloej Nini reudjeung Aki sare.

Tatapina eta boedak henteu daekeun sare nadjan dikeukeupan oge, wantoe-wantoe eta boedak enggeus kapandjangan soekma, manan sare anggoer doemadakan eling kana sirëp.

Prak Aki djeung Nini disirëp; geus kitoe tibra heesna, Nini djeung Aki.

Ari boedak toeloj hoedang bari ngomong ka noe eukeur sasarean.

Ari pokna: „Ēma Aki, ajeuna koela amit, dek ngalampahkeun piwoeroek bareto; basa diajoen, koering dipiwarang ngapoeng koe Aki, ajeuna dek dilampahkeun.”

Aki hēnteu daekeun nembalan, da sasarean.

Gantjangna moerangkalih teh toeloj ngapoeng:

beuki loehoer pangapoengna,
tarik batan mimis bēdil,
paboeroe-boeroe djeung manoeuk,
paheula-heula djeung heulang,
pahiri-hiri djeung geuri,
kalampoedan koewoeng-koewoeng,
kalampatan mega bodas.

Datangna ka madja gantang, pek moerangkalih eureun bari ningalian noesa tigang poeloeh tiloe, bangawan sawidak lima.

Sanggeus katingali aja nagara, nja eta nagara ramana tea, nagara Galih Pakoan. Malah-malah aja noe katingali pisan di boeroean padalēman, tetela moerangkalih *Aria Banga* keur diasoh koe pērtoemēnggoeng, diaping prabopati, dipirig koe tataheuhan, wantoe poetra ngan sahidji.

Sanggeusna katingali koe moerangkalih, toeloj mikir barina pek sasaoeran, ari pokna: „Geuraheun teuing anoe kagoengan iboe-rama moerangkalih wani diasih koe para toemēnggoeng, dipirig koe tatabeuhan. Ari seug diri sorangan, djēlēma katelerteler, dioek dina batoe semper; soegan bae djaga mah kaemperemper.”

Sangeus kitoe moerangkalih teh ningali deui ka handap, ningali Nini djeung Aki eukeur sare tibra pisan; bari toeloj dipisaer koe moerangkalih di loehoer, saerna: „Karoenja teuing koe Aki djeung Nini, abong sare beunang njirēp, taja pisan kaelingan, wani tjeulina pinoeh koe peuti, panon dilampat koe sireum, palangsiang matak doraka. Hajang teuing bisa moelang tamba ka Aki djeung ka Nini, dek diadjar njeun lēmboer, tatapi hajang oelah kalawan koe anggahota, palangsiang 'mo bisa, lamoen teu kabawa koe anggahota.”

Tatapi keur mikir kitoe, toeloj bae moerangkalih kapandjangan koe soekma tea, prak bae moerangkalih njipta babakan di Gēgēr Soentēn; doemadakan aia bae lēmboer, aloes pisan.

Geus kitoe moerangkalih toeloej toeroen, balik kana l mboer tea; teu katjatoer di djalanna; gantjangna geus datang bae.

Barang datang, Aki kasampak masih keneh sasarean reudjeung Nini.

Nini djeung Aki digeuingkeun, toeloej bae hararoedang.

Barang nini-nini ningali, geus aja l mboer, h nteu njana, jen beulang moerangkalih njipta; nini-nini toeloej tjeurik barina nanja ka Aki, ari pokna: „Aki, kaola koe langkoeng heran, mikiran ka moerangkalih, tadi-tadi dipepende, ajeuna njaritakeun datangna ti mega-malang djeung ieu b t aja imah. Naha ieu l mboer saha, mana aloes-aloes teuing; palangsiang djol noe boga, oerang daek-daek l boer toetempoeran, paeh dipontrang heulang, didjodjo t deungeun, sabab ieu l mboer saha?”

„Aeh Nini, montong dipake heran sangeunah, sabab ieu aja l mboer dadamelan moerangkalih, koedoe eling, Nini teh, basa katokang geuning, basa eukeur ngajoen moerangkalih teh diwarah koe Nini, nitah: k mploeng mapas di alas, titah mabakan koe Nini. Ajeuna geus aja boekti, aja l mboer aloes pisan, nja ieu noe boga djieun njata teh moerangkalih.”

„Aeh Aki, teu njana teuing, moerangkalih keneh b t geus bisa njeun l mboer. Atoeh ajeuna mah noehoen sareboe, g rah² salaksa, beurat njoehoen, beurat nanggoeng, beurat narimakeun inja.”

„Ngan p rkawis ajeuna asep meudjeuh, oelah angkat-angkat deui, da  nggeus rioeng-moengpoeloeng, aja Nini, aja Aki reudjeung djoeragan.

„Mo' ajeuna mah,  ni, sas m t ajeuna ka toekang ka hareup mah koemaha deui, da adatna koedoe njaba, ngan ajeuna koering ka  ni aja panoehoen, koering teh koe hajang hajam djago atawa bikang; lamoen diajaan hajam, hate koering meureun soeka.”

„Aeh asep,  ni mah teu boga hajam.”

Bari Nini toeloej poesing, ngomong njarekan ka Aki, pedah moerangkalih aja pepentaanana.

Ari pokna: „Aki, oelah sok tjitjingeun, ajeuna djig geura leumpang. Aki geura njiar hajam, sartana koedoe meunang. Lamoen Aki h nteu meunang, koela geura s rahkeun bae, koela geura talak tiloe, nadjis aing katjitjingan, h nteu soeka kaajaan, geura djor, moen geura mantog!”

Aki anggoer seuri: „Aeh Nini, sakeudeung-keudeung s rahkeun, abong-abong nja bikang, sok njiroe-rombengeun,

tjeuli sok tjeuli lentahenn, pagawean ngan ngëtjébrek. Ajeun mah geisih kitoe, berang teh dek leumpang bae."

Bari toeloëj Aki dangdaa.

Amilan ka moerangkalih, ari pokna: „Djoeragan, latoerana intjoe buehoo paraukana sair bintjang, ajeuna teh Aki panurek njar-bujari tea."

„Mentong waka leumpang Aki, da geuning bareto aja endog di djero kanagan; ajeuna mah tjik geura tjokot koe Aki."

„Aeh djoeragan, adoch enja bareto teh aja endog, palangsiang diadi kotok bongkok katjingjalang."

„Mo, Aki, ajeuna mah tjokot bae."

Top koe Aki ditjokot di djero kanagan tea, bari toeloëj ddsanggakeun koe Aki ka moerangkalih.

Ari pokna: „Soemangga, djoeragan, ieu endog teh ajeuna de dikorjaha, da endog teh ngan sahidji?"

Ari tjek moerangkalih: „Ajeuna mah endog ieu rek dibawa bae leumpang ka Goenoeng Padang, kapan bareto ge tjek Aki, aja muga Wiro keur tapa di Goenoeng Padang. Ajeuna dek ddsuheusan koe koering, soegan bae kersoeun njileungleumar endog tea; koe koering rek difeda poeroenna."

Tjek Aki: „Nja, mo boeroeng daekeun."

Gantjarna moerangkalih toeloëj leumpang bari njandak endog hidji.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun datangna bae.

Toeloëj bae ngadeuheusan bari piceudjoek sakali, ari pokna: „Agoeng-agoeng bebendoe, Naga, ybdi njechoenkeun, paidin doemuheus ka kersa Naga."

Naga toeloëj bae moeni, tapi omonganana lienteu beres tjawerang, ngan oekoer bisa njeboetkeun: „Kok."

Pok deui bae moerangkalih ngawalonan: „Anoe matak ngadeuheusan, koering hajang dipangjileungleumankeun endog hidji, sahana koedoe megar."

Tjek Naga: „Kok."

Pok deui ngomong moerangkalih, ari pokna: „Opat poeloeh poe koedoe bae bisa megar, boeloena sore-iscekkeun, isoek-roepa poetih koening radjég wési, dengdek lohor koedoe djadi koelawoe sèntoel."

„Kok." tjek Naga.

Tjek moerangkalih: „Djeungna deui, pamatoekna tēgoeh ranajoe, djawer aprak toela hela kantjana, babaloengna wési

keening poerasari, koelitna dingding bési kéling, Poetoean koe wadja djépoen; sijnna tjampaka koedoe, sisit bitu. panon poetér, dampalna koe batoe lapa."

Naga toeloj ngawalonan, ari pokna teh: „Kok."

„Ii dinja moerangkalih teh amit, dek moelang ka Gègèr Soentèr; geus kaidinan toeloj moelih.

Brang dongkap sasaoeran ka Nini reudjeung ka Aki, ari pokna: „Aki, koering geus datang, éndog teh geus ditinggalkeun."

Ari Nini tjeurik bae barina ngomong njarekan ka roe ngaran Aki tea, ari pokna: „Aki mah diantép bae moerangkalih hoestas, disina ka Goenoeng Padang, palangsiang éngke mah toeloj ninggalkeun. Aki mah bét bangkawarah, beuki kolot beuki djabrog."

Geus kitoe Aki ngawalon: „Nini, oelah sok njarekan djeung oelah sok tjeurik teuing djeung oelah dipake mélang, pedah moerangkalih leumpang, kapan geuning aja babasari koedrat kawasa, iradat kersa, keur aloe koedratna bade pangawarah oerang djadi pangaloesna."

„Aeh heuteh," tjeuk Nini.

Nini-nini toeloj ngomong, oendjeekan ka moerangkalih: „Djceragan, ajeuna énggeus, oelah gétol teuing angkat, Nini mah langkoeng niélang."

„Mo, Éni koering teh koe hajang sare, tatapi koedoe djeung Éni reudjeung Aki."

Toeloj ka pakoelëman tiloan, pada atobog.

Tatapi moerangkalih ngawaték sirép, dipake njitép Aki djeung Nini, toeloj sasarean tibra Nini reudjeung Aki.

Moerangkalih mah teu sare, anggoer mikir piampahan, tatapi tetela geus kapikir, mikir hajang boga soempit.

Geus kitoe toeloj bae moerangkalih hoedang. Ngageuingteun ka Nini reudjeung ka Aki, pokna: „Nini, geura hoedang reudjeung Aki."

Sanggeus hoedang, moerangkalih sasaoeran, pokna: „Nini, hajang teuing boga soempit."

Nini anggoer tjeurik, ari pokna bari tjeurik: „Adoeh asepi, oelah sok loba teuing kapalaj, dek moendoet soempit oelah ka Nini, koedoe ka Aki bae nja moendoet."

Toeloj bae moendoet ka Aki, ari tjeuk Aki: „Adoeh, Goesti, soemangga bae, ajeuna Aki dek leumpang bade ngala pisoempiteun."

Prak Aki dangdan barina njoren koedjang pangarak, barina njorendang endong; top mawa iteuk, toeloej bae. Aki leumpang.

Mapaj di lèbah Tarawas,
barabat di patapaan,
nangtoeng di Goenoeng Manglajang,
mapaj di lèbak Kodjengkang,
brabat di lèbah Tjiengkrang,
nangtoengna di Oedjoengbëroeng,
ngelek ngeser Gëdebage,
nangtoeng di sisi Tjitaroem,
biribit di Goenoeng Geulis,
nangtoengna ka Pasir Moendjoel,
moro-moro ka koelonkeun,
soreang malik ka toekang.

Aki-aki toeloej eureun barina ngomongkeun lampah.

Ari pokna: „Adoeh, aing kapohoan, leumpang njoreang ka toekang, baring soepagi sing tëroes ka anak-intjoe, katélahkeun Lëmboer Kopo; sabab oeroet aing kapohoan, njoreang nendjo ka toekang djaga kasëboct Soreang, neuteuk ka lèbah Pameungpeuk, gilisir di Pasir Ipi.”

Aki bari eureun.

Pok deui bae ngomong: „Adoeh aing, ti imah geus rada beurang, ari datang ka dieu, bët asa isoek deui. Ieu panonpoë kahalangan koe goenoeng, baring soepagi djagana ge henbeul isoek.”

Toeloej kana tjoekang haoer,
mipirna di Tjisondari,
ngelek ngeser tiloe gëbleg,
moro-moro ka koelonkeun,
tjat nandjak ka hidji goenoeng,
ngaran goenoeng Tampak Rocjoeng,
mapaj deui ka lèbakna,
moeroena ka Goenoeng Haloe,
meuntas di lèbah Tjisokan,
nangtoeng di lèbah Tjiandjoer,
ngelék ngeser sëmoe ngaler,
nintjak di lèbah Tjimatjan,
nangtoeng di sisi Tjikoendoel,
nangtoengna di Megamëndoeng,

ngelek ngeser Goenoeng Gëde,
ngalongok Goenoeng Pangrangan.

Aki-aki toeloëj dongkap kana hidji goenoeng, rëg aki-aki eureun barina ngomong sorangan, pokna: „Tobat-tobat, atoeh aing kabalason lalampahan, balangsiar atjan meunang, ari leumpang ënggeus djaoeh, tatapi baring soepagi ieu hidji goe-moeng sing tëroes ka anak-intjoe katëlahaheun Goenoeng Këndëng, oeroet aing koetoeke-gëndëng, keur eureun abdi teh mikir, lila-lila geus kapikir.” Ras eling kana pangarti, kasëmprong sangkalabolong, prak bae ngatjoengkeun, leungeun, ngeynteung koe dampal leungeun.

Lila-lila geus katembong aja piseompiteun, tatapi tempatna geus kaliwat.

Tjek aki: „Adoeh adoeh, geus kaliwat, tatapi lamoen aing tjitjing bae hartina goenoeng tanpa toeloengan, sagara tanpa laetan, mo' aja monjet hideungna. Ras eling kana adjianana djampe leumpang, soepaja gantjang leumpangna. Ngaranna adjianana „Dadali poetih”!

Toeloëj diwatja sakali, kieu pokna:

„Mangoengkoeng saloehoer ing koewoeng-koewoeng,
mangangkang saloehoer ing madja gandja gantang,
tjalik dina tanpoe angin,
dat sarapat, dat sarapat.”

Aki-aki toeloëj ngëdjat, langkoeng gantjang lampah Aki. Teu kakotjap di djalanna; kotjapkeun datangna bae.

Datangna ka tadah poëk, kaboeroe koe waktöe boerit, pek Aki teh miroeha, karëpna dek dangdan obor, oborna geus anggeus bae, malah geus diseungeutkeun. Tatapi Aki teh ngomong sarta sorangan bae, ari pokna: „Ènih, moëgi² sing tëroes ka anak intjoe, katëlah lëmboer Tjidamar, sapedah oeroet aing peuting dadamaran.”

Keur ngomong kitoe, beh manggih tamiang sadapoer pisan, ari pokna: „Dalah kabënëran, bët aja tamiang aloes sarta tamiang hideung, asoep kana paroengpoeng;” toeloëj koe aki diala, ditoear koe koedjang tea.

Gantjangna Aki Balanganfrang toeloëj bae balik, sanggeusna meunang piseompiteun, aloes.

Teu katjarita di djalanna.

Gantjangna geus datang bae ka babakan Gëgër Soentën, njampak Nini reudjeung moerangkalih.

Aki toeloej ngomong, ari pokna: „Goesti, Aki teh geus datang, tah ieu pisoempiteun teh, ajeuna Aki geus meunang.”

„Noehoen Aki, kadiukeun eta pisoempiteun, dek didjieun.”

„Sok bae koe Aki disanggakeun, tapi moerangkalih sasaoeran deui, moendoet dipangalakeun pikodjaeun; ari pokna: „Aki, ajeuna geura leumpang, pangalakeun areuj kasoengka.”

„Soemangga Goesti.”

Gantjangna Aki pek indit bari njatjar kasoengka; geus meunang toeloej dibikeun.

„Asep soemangga, ieu pikodjaeun tea.”

„Atoeh Aki, djieun bae doean, koe Aki reudjeung koe Nini.”

Toeloej Aki njaloekan ka Nini, ari pokna: „Nini, oelah djong-djon teuing ngala toema dina samping.

„Ngadjentoei soteh lain eukeur ngala toema, eukeur ngahoeaan irateun, kaola rek njieun koekoelar.”

„Paingau, teuing ari hees djeung aing teh sok getek bae kana kelek, horeng teh toemboe koekoelar, ajeuna mah oelah kitoe, anggoer oerang njieun kodja.”

Pek aki anoe meulahan, Nini noe poerah maed, moerangkalih noe ngarara.

Tina gantjangna moerangkalih änggeus njieunna rara, geus loba, toeloej sasaoeran ka Aki: „Geura pek Aki, geura djeudjentkeun.”

„Soemangga, tapi sakoemaha beungeut kodja teh?”

„„Sadeupa midër ge, Aki, meudjehna.”

„Atoeh njieun, kodja tjetjetekan, meureun asoep keroed sa-poeloh mah.”

„Eh, ma Aki, lain piwadaheun maeng, eta piwadaheun ma-noek.”

Pek Aki ngadjendjeut kodja, ninggang kana dengdek lohor. Kodja anggeus didjieunna, pek Aki teh ngomong, pokna: „Asep, kodja teh anggeus.”

Tjek moerangkalih: „Soekoer ma Aki, tapi eta kodja teh ngaranna si Dengdekpoë, da anggeusna dengdek lohor.”

Ari tjek Aki: „Atoeh soemangga nsep, tapi ajeuna koemaha pikersaen?”

Tjek moerangkalih: „Taja, ngan oerang soesoempit.”

Gantjangna bral bae leumpang, Aki reudjeung moerangkalih, diiring koe nini-nini.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun datangna bac kana leuweung anoe lëga.

Beh manggih sahidji manoeek tjitjing dina loeloeur kai, ngaranna teh manoeek tjoeng, djeung manggih sahidji sato, ngaranna sato wanara, loeloentjatan dina kai.

Pek moerangkalih nanjakeun ka Aki reudjeung ka Nini, ari pokna: „Itoe aki manoeek naon, manoeek hideung pinti koneng, reudjeung sato naon loeloentjatan dina kai?”

Tjek aki: „Manoeek tjoeng djeung wanara.”

Toeloej moerangkalih nangis, ari pokna: „Eh Aki, manoeek teh oelah disoempitan reudjeung eta hidji sato, aloes pingaraneun, *Tjoeng Wanara*.”

Tjek Aki djeung Nini: „Soekoer djoeragan, hojong kagoengan djënëngan mah, Aki mah ngan rek njaksiän.”

Moerangkalih nangis deui, ari pokna: „Lobana tiloe, noe ti kidoel naonana, noe ti kaler naonana, noe ti tēngah naonana;” „anoe matak aja tiloe indoengna reudjeung bapana, noe ti tēngah teh anakna.” Eh Aki, geuraheun teuing, manoeek tjoeng boga indoeng boga bapa, ari koering saha nja iboe nja rama?”

Tjek Aki: „Djoeragan, geura dangoekeun, ari teang iboe tea noe kasēboet *Naganing Roem*, ari rama, ratoe di Galih Pakoan.”

Saoer *Tjoeng Wanara*: „Soekoer pisan Aki, ajeuna mah poerang balik heula bae ka boemi, ka Gëgër Soentën.”

Gantjangna bral bae moelih.

Teu kotjap di djalanna; kotjapkeun datangna bae.

Barang datang, *Tjoeng Wanara* amitan ka Aki reudjeung ka Nini, rek angkat ka Goenoeng Padang, neang hajam. Malahan geus toeloej bae datangna ka Goenoeng Padang, kasampak Naga teh aja, noe njileungleuman endog tea.

Toeloej bae dideuheusan bari oendjoekan sakali, ari pokna moerangkalih: „Naga, koering amit doemeuheus, wirehing koering bareto mihape endog, ajeuna koemaha, geus mēgar atawa tatjan?”

Koe Naga geuwat ditembongkeun, malah geus djadi hajam, boeloena teh poetih koening radjég wësi, top bae ditjandak bari toeloej bae moelih ka babakan Gëgër Soentën.

Henteu kotjap di djalanna.

Geus dongkap ka Gëgër Soentën, geus katingali koe Aki reudjeung koe Nini, samalah toeloelj ditaros, pokna Aki: „Djoe-ragan katoeran soemping sarta njandak hajam djago?”

Saoer *Tjioeng Wanara*: „Ënja Aki, koering datang, samalah ieu mihape, hajam-koering pangomekeun.”

Top koe Aki hajam teh ditjandak, tatapi *Tjioeng Wanara* toeloelj bae sasarean, di babakan Gëgër Soentën.

Toenda heula tjarita anoe keur koelëm.

Oerang tjarioskeun henla *Aria Banga*, pedahna keur ngadoe hajam, dipirig koe tatabeuhan sarta dipasamoan. Ari pasamoan tea dina tempat ngadoe hajam, ajana di Bodjong Galoeh, tempatna di sisi tjai,

dina pilis Tjibarani,
katoendjang koe Karanggëtas,
kasorog koe Tjiparabon;
di dinja tempatna ngadoe.

Oerang toenda tjarita lampah noe ngadoe.

Oerang tjaritakeun deui noe kasep *Tjioeng Wanara* sapedah geus goegah koelëm di babakan Gëgër Soentën.

Pek bae njaoer Aki reudjeung Nini, ari pokna: „Aki geura kadariieu, ajeuna koering geus hoedang, sedjen teuing dada-ngoelan, dangoe sora gamëlan?”

Pek Aki ngadeuheusan, malah toeloelj naros sakali, pokna: „Koemaha nja pimanaheun, noe matak njaoer ka Aki.”

Saoer *Tjioeng Wanara*: „Kaoela teh bade leumpang ka nagara Galih Pakoelan, sèdja koela ngadoe hajam.”

Dëmi tjek Aki: „Përkawis rek ngadoe hajam, Aki teu bisa, rek njitoe lëmboer, teu bisa nambak tampian, teu njaram teu ngoelah-ngoelah djéung teu bisa mëpët soembër nambak sagara goentoer, ngan kari koemaha manah, hade goreng ajeuna koemaha, galeuh.”

Gantjangna *Tjioeng Wanara* idin teu idin mo' boeroeng angkat bae, hajam teh ditjandak. Bral bae angkat; teu lila djol bae ka Goenoeng Padang.

Ti dinja pek pake-pake,
sing sërëwa dangdan hade,
disindjang songket kanoman,
dibeulitan tjinde këmbang,
raksoekan gëmbrang kantjana,
diodëng taboer përëmas,

bělėsət noe njoren doehoeng,
landean disilanglangkeun,
mëntělěng paměndak intěn,
doehoengna poen Karawělang,
pamor poehoen ti poehoena,
pamor togog ti tjongona,
dipamoran pamor poetěr,
di těngah poetri ginědong,
pamor alip gandja woeloeng,
ngaloempajang sapoetangan,
tjaretjetna soetra kěmbang,
sadia beunangna dangdan.

Gantjangna toeloelj noe angkat:

inditna djeung kinasihan,
toeloejna djeung pangawěroeh,
leumpangna djeung pangabisa,
tapi loba papanggih,
basana menak keur angkat,
manggih loetoeng moemoeloedan,
manggih oa keur ngadoa,
manggih monjet goreng gawe,
gawena maling běrėkat,
rėsėp teuing doa oa,
ditoeroetan bari leumpang,
leumpang koe *Tjoeng Wanara*.

Ari pokna doa tea: „Mohoematjanir kondang salamět dewek sorangan.”

Toeloelj bae anoe angkat,
beli deui manggih gogoda,
aja doedoet eukeur ngangkloeng,
kadantja noe ngagantjangan,
djogdjog noe poerah ngengklokan,
toəd poerah ngaroėlan,
ditoeroetan bari leumpang,
loemajan tatamba keueung,
doeroegdoeg ěnteg-ěnteg tjroeng,
gantjangna menak noe angkat,
geus dongkap ka heuleut alas,
deukeut kana katja-katja,
nagara Galih Pakoean,

djaoch sapanjeloek deui,
pek *Tjioeng Wanara* eureun,
dina loehoer batoe datar,
sahandapeun tandjoeng noenggal.

Tjioeng Wanara ningali kana katja-katja tea, beh aja noe ngadjaga dina katja-katja, djoemblahna aja tiloean. Ngaranna eta djëlëma: hidji Aki *Geleng Pangantjingan*, doea Aki *Koeta Kahyangan*, katiloe *Jaksa Majoeta*, noe djangkoengna doea ratoes lima poeloeh gas tea.

Ari tjeuk *Jaksa Majoeta*: „Hahaj, bët baœ teuing djëlëma, lamoen kœ aing kadeuleu, geus tangtoe bakal dihakan, soepajana teu kadeuleu.”

Ari tembalna anœ doea: „O, mangke mas, sampean oelah waka kitoe nja omongan, oerang teh dangoekeun heula, sabab oerang pangäja di dieu, dioetoes kœ Ratoe Galoeh, piwarang ngadjaga lawang, bisi aja noe rek goreng hatena, asœp ka nagara ieu, noe matak koedœ didjaga.”

Tjeuk *Jaksa Majoeta*: „Atoeh ënja, hënteu salah pikir oerang, nja kitoe pisan, ngan dewek kœ ënggeus heubeul hânteu ngahakan djëlëma, ajeuna saha bae noe ngaliwat, geus tangtoe bakal dilëbok.”

Geus kitoe kadangœ kœ *Tjioeng Wanara*, ari saœrna di djëroning manah: „Eta djëlëma tangtoe bakal nganiaja, tapi koemaha akalna, soepaja oelah datang ka tjilaka; ah, leuwih hadë dipipahokan kœ aing.”

Prak bae mapatkeun adjianana. Geus tëräp ka djalma noe ngadjaga tea, datang ka teu bisa nendjo ka *Tjioeng Wanara*.

Ladjëng *Tjioeng Wanara* ngaliwat ka katja-katja.

Barang datang ka pasar, katendjo kœ oerang pasar,
tapi matak kaedanan,
tina sakitœ kasepna,
djalma loba geus ngagoeroeh,
paboeroe-boeroe nendjokeun,
matak reuntas randjang waroeng,
matak tiborobot golodog,
pake nongton noe ngaliwat,
awaking kœ tina kasep,
loba anœ sisindiran,

Ari pokna:

„Itoe euj salaki saha,

lamoen seug salaki oerang,
tjara sakitoe kasepna,
ka tjai meureun diais,
ka pasar meureun dibawa,
ka lisoeng dipoenggoe-poenggoe,
ngoendeur ka leuweung diakeup,
warna omong djalma loba,
bawaning koe tina bogoh,
tapi montong diketjapkeun,
loba teuing omongkeuneun,
kotjapkeun gantjangna bae,
datangna ka tengah pasar,
aja hidji noe katjatoer,
nini-nini langkoeng kaja,
ngaran nini-nini soegih,
kabedjaan koe sadaja,
bêt aja noe kasep liwat,
geuwat nini soegih dangdan.

Geus dangdan, mĕgatan di djalan, ka *Tjioeng Wanara*, bari
foeloej ngarontokan sarta tjeurik, ari pokna: „leu teh bêt in-
tjoe ĕni, ajeuna teh datang deui, paingan tipeupeuting kaimpi
soemping, tibeurang kaetang datang. Ajeuna sidik boektina, hajoe
asep oerang balik.”

Tatapi eta mah palsoe, lain nini saĕnjana.

Ari tjek *Tjioeng Wanara*: „Nini teh saha nja ngaran, wani
ngarontok ka koering? Tjing koering geura tingali masing sidik
roepa koering.”

Nini-nini foeloej tanggah,
ditendjo kana rarajna,
mani serab katendjona,
nini-nini ngĕloek deui,
kawas boeuk beunang maboek,
hawaning koe tina isin,
tatapi pek bae naros,
ari pokna: „Eh djoeragan,
ti mana nja lĕmboer matoeh,
ti mana dajehna maneuh,
nagara antjik-antjikan,
bandjar karang panglajoengan,

nja bale geusan ngadjadi?"

Djawab *Tjioeng Wanara*:

„Dipariksa lëmboer koering,
djaoeh-djaoeh ti babakan,
ti babakan padoesoenan,
katëlah Pagoegoengan,
ari ngaran djsim koering,
nja ieu Ki *Bagoes Langka*.”

Koe nini ënggeus kapikir, ari pokna: „Aeh kasep, paingan teuing ngaran teh Ki *Bagoes Langka*, da langka kapanggih koe ëni.”

Gantjangna toeloej diakoe, dibawa njimpang ka lëmboer barina disoegoeh-soegoeh, tapi teu daekeun barang dahar, wantoe tara saemoerna.

Koe Nini ladjëng ditaros: „Naha hënteu barang toelang?”

Walonna *Tjioeng Wanara*: „Lain nampik ka pangasih, ngan koering teu atjan parëng kana hajang barang toelang, hajang soteh ngadoe hajam.”

Tjeuk nini soegih: „Adoeh Goesti, hajang ngadoe mah, soemangga, da ëni dipihapean sahidji hajam koe Ratoe, ari hargana hajam doea ratoes pasmat sahidji. Tapi rek diadoekeun mah soemangga bae, kadjeun teuing hajam, anggoer kadjeun ngagantian, da ëni soeka katjida.”

Tjeuk *Tjioeng Wanara*: „Atoeh ëni, hajoe oerang teang, di mana ajeuna eta hajam.”

Tjeuk nini: „Di balandongan dikoeroengan.”

Bral indit djeung nini ka balandongan; tina koeroeng dikëntjarkeun hajam anoe Ratoe tea.

Ti dinja toeloej *Tjioeng Wanara* ngaloearkeun hajam djago tina djëro kisa; gantjangna prak diadoekeun, tapi eleh hajam Ratoe.

Nini soegih teh hookeun, nendjo hajam Ratoe eleh, pok bae Nini teh ngomong: „Adoeh asepa, hajam Ratoe wani paeh, atoeh nini teh tjlaka toengtoengna, koedoe diganti saharga eta hajam.”

Tjeuk *Tjioeng Wanara*: „Geus tangtoe nja kitoe pisan, malah² koering oge koe nini dibere doeit.”

Sok bae koe nini dibere doeit lima poeloeh pasmat, tapi eta nini pikirna asa ka intjoe, sanadjan leuwih ti sakitoe, pikirna

rek mere bae; ngan soepaja moerangkaliu teu daekeun mawa doeit loba-loba, pikirna sangeukeun ridoe.

Ti dinja bral bae angkat, asoep ka tempat gagaman, tapi eta gagaman kabeh pada boga hajam, koe *Tjioeng Wanara* pek bae diasoepkeun sarta bari ngadoekeun hajam.

Tatapi teu kanjahoan waktoe keur ngadoe hajam, kawantoe bisa ngaleungit, malah-malah eta hajam, sakoer anoe diadoean, kabeh oge pada paeh.

Gantjangna *Tjioeng Wanara* dongkap ka aloen-aloen, pek ngaganti roepa ngadjadikeun boedak hideung laer beuteung; nja kitoe deui hajamna djadi hajam koelawoe sēntoel.

Pek bae boedak teh eureun handapeun tjaringin koeroeng, di dopang tjaringin soengsang, barina majoen ka wetan.

Oerang toenda tjarita anoe keur eureun.

Oerang njaritakeun heula noe ngaran *Goentoer Sagara* djeung ngaran *Bontot Sagara*, poeta ki *Gadjah Manggala*, balik beuteung masamoan, ngadoe hajam djalanana ka aloen-aloen.

Prok tēpoeng djeung boedak hideung, toeloej ditanja koe noe doean, noe nanja langkoeng songong, noe ditanja teh bēlēngong. Ari pokna anoe nanja: „Maneh teh oerang mana?”

„Kaoela teh oerang lēmbouer.”

„Ti mana lēmbouer sampean?”

„Ti noe kakoeroeng koe pagēr.”

„Da meureun aja loewoekanana?”

„Kapan dina tempatna.”

„Naha sampean anak saha?”

„Kapan dewek anak bapa.”

„Na saha bapa silaing teh?”

„Kapan mah salaki indoeng.”

„Ai ngaran saha?”

„Da dewek lain tikoekoer, tara njēboet ngaran maneh.”

Ti dinja anoe doean toeloej pada ngambēk bae, pedah dilawanana songong, malah toeloej ngarontok ka boedak hideung, tatapina hēnteu beunang, kawantoe bisa ngaleungit; anoe doea teh leungiteun, toeloej bae pada balik, dek poepoelih ka rainana, ka ngaran *Gadjah Manggala*.

Barang datang pok oendjoekan: „Adoeh ama, koering tiwas, papanggih djeung boedak hideung, ajana di aloen-aloen. Tapi teu poegoeh ngaranna, bawana hajam sahidji, boeloena koela-

woe sěntoel, koe poetra bade ditangkěp, tapi wěleh hanteu beunang, 'ajeuna sadaja-daja ama langkoeng oeninga."

Ti dinja Gadjah Manggala poesingna teu kira-kira, pek bewara ka gagaman, miwarang nangkěp boedak hideung. Gantjang kabeh pada boedal.

Datangna ka aloen-aloen, barang kasampak boedak teh geus ganti roepa, ngadjadi djělěma madjana, hěnteu goreng hěnteu kasep; eta djalma anoe loba hěnteu bisaeun narangkěp, sabab geus ganti roepana.

Ti dinja djalma noe loba, kabeh geus pada lapor, ngoendjoekkeun boedak teu aja. Nja kitoe, *Gadjah Manggala* oendjoekan ka Ratoe Galoeh, ngoendjoekkeun pěrkarana boedak.

Ti dinja Praboe Ratoe njaoer ka *Batara Lengser*, saerna: „*Lengser*, maneh geura dangdan, teang sahidji boedak, boedak hideung laer beuteung, bawana hajam koelawoe sěntoel. Ajeuna teh koedoe beunang, sababna goreng dosana. Lamoen maneh bisa meunang ka eta hidji djělěma, geus tangtoe maneh digandjar koe aing, pangsioen boga rahajat loba, ngora-ngora didjompokeun, 'mo dibere deui gawe."

„Noehoen Goesti, abdi sědja koemawoela." bari toeloej bae loempat.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun datangna bae djeung djělěma anoe rea, pok bae ngabageakeun ka eta noe ngaran *Lengser*, pokna: „Oeu, olot, ěngki, oejoet, mamang, kakang, bagea, ajeuna teh rek ka mana?"

„Dewek anoe matak datang ka dieu, rek ngoemisi, rek neangan boedak hideung laer beuteung; soeganna aja di dieu?"

„Teu aja atoeh."

Ti dinja *Lengser* loempat deui, toeloejna ka nini soegih.

Barang datang toeloej ngomong, pokna: „Sampoerasoen, nini soegih, koeia amit arek ngandjang."

Tjeuk nini soegih: „Rampes, oea *Lengser*, tara-tara ti sasari, ajeuna datang ka dieu, arek naon pibedjaeun?"

„Kaoela bade ngoemisi, rek neangan boedak hideung laer beuteung, bawana hajam koelawoe sěntoel, soegan aja ka dieu?"

„Atoeh ka dieu mah teu aja, aja soteh lain kitoe, teu hideung, teu laer beuteung, ngan aja noe leuwih kasep, ngaranha *Ki Bagoes Langka*, lěmboerna ti padoesoenan, bawana sahidji hajam, poetih koening radjěg wěsi."

Ti dinja *Lengser* ngahoelëng, mikiran omongan ninu; malah geus kapikir koe *Lengser*, pok bae ngomong: „Euleu-
deuheu, bédog didenge kitoe komo oedjar isoen, hënteu kitoe
maning, ari basa maning: deui, basa deui: maning; tapi
eta lamoen kitoe, boedak teh sahidji keneh noe hideung djeung
kasep teh, tapina 'mo timoe, lamoen teu dipetangankeun.”
Prak *Lengser* metangankeun, malah geus katingal handapeun
lingin koeroeng, tetela boedak teh kasep.

Soeloej bae *Lengser* sisindiran:

„Soemoer katoeroeban njiroe,
baregbeg ragrag: ti para,
saoemoer kakara nimoe,
ngadegdeg bari kakara.”

Tjek *Lengser*: „Paingan teuing, hënteu djaoeh ti itoengan,
hënteu anggang ti etangan, teu geseh ti hate dewek.”

Ras eling ka djoeragan istri, ka *Pohatji Naganing Roem*,
basana keur waktoe babar, bareto dikaja-kaja, didjeroem koe
maroena, tjëpil, sotja dimalaman, pananganana dibanda, boedak
teh dipalidkeun. Ajeuna bët bisa datang, dibasakeun: këbo moe-
lih pakandangan, nja moentjang laboeh ka poehoe; eta boedak
tetela djoeragan dewek, ngan handjakal saeutik lampah, djadi
soeka-risi. Ari basa soeka, dewek soeka, kdatangan koe djoe-
tagan, basa risi, eta lampahna koe goreng, hajam Ratoe di-
doean paeh kabeh.”

Ti dinja kapikir deui koe *Lengser*, kieu pikirna: „Ah, keun
bae, 'mó waka ditëpoengan, mangke bae geus euweuh di aloen-
aloen.”

Doenda heula tjarita *Lengser* keur mikir.

Katjarita patih doea sakëmbaran, Patih *Poerawësi*, Patih
Poeragading, sëdjana ka pasamoan, bawana hajam sahidji, pa-
tëpoeng di aloen-aloen djeung *Tjioeng Wanara*.

Gantjang bae ditanja koe *Tjioeng Wanara*, pokna: „Dek ka
mana paman, bët ngaleut doeaan?”

Papatih doea nembalan, pokna: „Naha maneh wani-wani ka
ning njëboetkeun paman? Kapan aing teh papatih.”

„Disëboet sia koe daek? Disëboet paman ge moemoel.”

„Naha maneh anak saha?”

„Anak bapa.”

„Saha bapa maneh teh?”

„Salaki indoeng.”

„Indoeng maneh saha?”

„Kapan pamadjikan bapa.”

Patih doea seuseurian, ngadenge omonganana, bari toeloej ngadenkeutan. Bēt katembong boedak teh mawa hajam, pek bae ditanjakeun: „Ti mana maneh boga hajam, mana aloes-aloes teuing?”

„Toeroenan tina sajangna, asalna indoeng bikang bapa djago, asalna tina endog.”

„Atoeh poegoeh, da geus djamak moepakatna; tjik ngilikan.”

„Tah geuning boentoetna.”

„Abong-abong.”

„H, abong-abong mah songong.”

Ki Patih gantjang ngadjak ngadoc, bari hajam dikentjarkeun tina kisa. Koe boedak pek dilawanana, hajamna pek dileupaskeun.

Gér bae diadoc; lila-lila toeloej eleh hajam Patih teh.

Patih doea toeloej ngambék; barang rek ngarontok, *Tjioeng Wanara* ngaleungit, Patih doeaan leungiteun.

Tjeuk Patih: „Doeh rai, tiwas, hajam oerang pach, boedak leungit.”

Tjeuk raina: „Keun bae, taksiran anak siloeman.”

Patih toeloej ka paseban.

Oerang toenda tjarita Patih noe doea.

Oerang balikan deui *Lengser*.

Geus indit ti nini soegih, djalanana ka aloen-aloen; prok tēpang djeung *Tjioeng Wanara*.

Toeloej *Lengser* teh ditanja, pokna: „Rek ka mana oea?”

„Rek ka paseban asepi, miloe ka oea?”

„Emboeng, teu wawoeh.”

„Teu oemoem teu wawoeh djeung koering.”

„Enja teu wawoeh, da papanggih ge kakara.”

Bari *Lengser* loempat ka paseban; moerangkalitr oge loempat noetoerkeun ki *Lengser*.

Barang datang ka paseban anoe kosong, taja djelēmaan, toeloej koe *Lengser* ditanja pokna: „Aeh asepi teh anoe ti mana?”

Tjioeng Wanara ngawalon: „Kapan koering ti padoesoenan, oea, nja koering noe ngaran *Tjioeng Wanara*, poetra Nini *Balangantrang*, Aki *Balangantrang*.”

Tjeuk *Lengser*: „Soekoer teuing djoeragan, koe oea geus kaharti.”

Pok nanjakeun ka *Lengser*: „Ieu oea, imah saha?”

„Ih asep, ieu mah paseban.”

„Ari itoe noe soekoena opat sarta matana loba, naon?”

„Korsi gading taboer intën.”

„Paranti naon?”

„Paranti linggih radja.”

„Koemaha lamoen koe koering didioekan?”

„Oelah, bisi doraka.”

Tapi andjeunna maksa, toeloej bae kana korsi, datang ka korsi teh boeboek, sabab awakna koe leuwih beurat, wani bobot sewoe kati.

Lengser teh reuwaseun pisan, bari toeloej bae ngomong: „Doeh agan, tiwas oerang teh, tangtoe tjilaka, diseuseul koe noe kagoengan.”

Moerangkalih teu sicuneun, anggoer toeloej seuseurian, anggoer pek nanjakeun deui, pokna: „Itoe paranti naon?”

„Randjang katil, sok dianggo radja, koelëm.”

Moerangkalih toeloej oengguh kana randjang katil tea, kasoerna toedjoeh toempang.

Lengser teli teu bisa njarek, kawantoe djoeraganana.

Ti dinja toeloej koe Lengser dibawa ka pasamoan.

Teu katjatoer di djalanna; kotjapkeun geus datang bae ka pajoeneun Ratoe Galoeh.

Ladjëng bae dipariksa, saोजना: „Ari maneh oerang mana?”

Tjioeng Wanara ngawalon: „Abdi oerang Gëgër Soentën.”

„Saha nja ngaran?”

„Abdi teh *Tjioeng Wanara*.”

„Rek naon sèdja teh datang ka dieu?”

„Sinédja rek njorog ngadoe, gadoeh hajam sahidji, tatapi koe langkoeng awon.”

„Mana hajamna.”

Toeloej hajam disanggakeun.

Koe Ratoe geus diilikan bari toeloej ditanjakeun: „Ieu hajam ti mana asalna?”

„Soemoehoen pariksa Goësti, ari asal hajam abdi, toeroenan tina sajangna, indoeng bikang bapa djago, ngëndog satahoen sahidji, sajangna koedoe kanagan.”

Tjeuk Ratoe: „Paingan hajam teh bët aloes.”

Sabotna kitoe kadangoe koe *Dewi Pangrënjép* sarta kaharti saomongna *Tjioeng Wanara*, toeloej bae njaer Lengser moendoet ka djamban.

Barang datang ka djamban pok bae ngomong ka Lengse. saoberna: „Eh Lengser, sok ras ingët ka ëmbok *Naganingra*..., basana keur waktöe babar dikaja-kaja, ari ajeuna noe dipitjeun koe aing, bët bisa datang ka pajoeneun Ratoe, aing teh kalangk-koeng sieun.”

Tjeuk Lengser: „Montong dianggo karisi, sababna teu boga iboe, ari ajeuna mah, geura akoe bae koe gamparan.”

Tjeuk *Dewi Pangrënjép*: „Mangke Lengser, koe aing dipikir heulä, ajeuna mah maneh geura bral bae, *Tjioeng Wanara* deukeutan.”

Gantjangna Lengser teh toelöej njampeurkeun, *Tjioeng Wanara*.

Kotjapkeun deui Ratoe keur mariksa *Tjioeng Wanara*; mariksa pitoempangeunana.

Ari walonna: „Abdi teu ngabantöen toempang, ngan sinëdja abdi rek normpangkeun oemoër bae.”

Saoer Ratoe: „Hade ari tega mah ka oemoer, pilawaneunana nja eta, ti aing nagara sabenlah; ari dilawankeunana hajam maneh djeung hajam aing noe rëngge, njatoena sapoë satang-goeng, wani atawa hënteu, da hajam maneh mah leutik tapi aloes?”

„Soemangga, oclah bon beurang, peuting sädja ngiringan.”

„Hajoe geura pek ka pakalangan, hajam maneh geura bawa, bobotohna Patih doca.”

Ti dinja gër bae ngadoe:

itoe teungteung, ieu loedeung,
wani, saroea daekna,
hajam teh prak bae abar,
silih patjok koe pamatoek,
silih gitik koe djangdjangna,
silih peupeuh koe soekoena,
hajam saroea bédasna.

Lila-lila hajam *Tjioeng Wanara* kadeser, hajam teh pek kapachan.

Gantjangna geuwat disamboet, ditjandak ka sisi *Tjibarani*, katoendjang *Tjikarangéatas*, kasorog koe *Tjiparabon*.

Ti dinja toelöej dibanjoe hajanna *Tjioeng Wanara*, datang ka elingna pisan, gantjangna ditjandak deui kana pakalangan teu. Toelöej diabënkeun djeung hajam Praboe Ratoe. Keur waktöe

hajam diadoe, datang *Naga Wiroe* tea ti Goenoeng Padang,
"Roeroep ka hajam *Tjoeng Wanara*.

"Sanggeusna kasoeroepan naga, hajam matjok bari-meupeuh
bae, datang ka paeuna pisan hajam Praboe Ratoe. Geuwat
Praboe Ratoe ngarontok bari sasaoeran, saोजना: „Adeuh asep,
poetra ama, mana bêt kajoengjoen teuing, kagoengan teh bisa
ngelehkeun hajam ama."

Saोजना *Tjoeng Wanara*: „Aja bërkah, Goesti."

Geus kitoe, geuwat ngocmpolkeun para bopati, saoner Ratoe:
„Patih djeung sakabeh mantri, ajeuna geura saksian, oerang
rek ngawaris poetra, noe kasep *Tjoeng Wanara*, sarawoeh *Aria-
Banga*. Ajeuna asep, geura tarimakeun ngawaris doehoeng sa-
poetjoekeun djeung pandaj salawe domas, nagara sabeulah koelon.
Ari eusina: patih lima, djaksa lima, mantri opat poeloeh, toekang
bakoel saratoes lima poeloeh, gagaman sabeulah nagara; ajeuna
geura ratoean.

„Ari *Aria Banga* nagara sabeulah wetan, eusina saroea bae;
ajeuna geura ratoean."

Geus katampa koe poetra noe doea, sakabeh geus didjénëng-
keun.

Saoner Ratoe: „Ajeuna, oerang maroelang, geus poetoer
masamoan."

Santjangna baroedal bae tina tempat ngadoe hajam, masing-
masing ka imahna. Ratoe Galoeh ajeuna djadi mērdika, sabab
dimērdikakeun koe poetraña tea, nja eta *Tjoeng Wanara* djeung
Aria Banga, anoe kotjap di nagara djadi ratoe.

Lila-lila *Tjoeng Wanara* ngamanah, toeloer bae njaoner Leng-
pokna: „Adeuh, oea, geura ka dieu, dioek sapangloenggoehan,
ng arek sasaoeran, eling kana saoner ama, waktue oerang
hajam, saoner ama teh, ngawaris nagara sabeulah koelon
ar euh eusina pisan, tapi eta lain waris, dipikir koe koering,
ap. . . toempang ngadoe hajam."

Ser toeloer seuseurian, pokna: „Doeh ngeran, tetela pisan
lain ngawaris, kawas-kawas pangloean."

Saोजना *Tjoeng Wanara*: „Tetela oea, pangloean, tapi ajeuna
oerang angkēn waris bae, koedoe bisa mindingan risina ratoe,
njingkahan kaera radja. Engkena mah, koering geus tangtoe
uajar hoetang:

hoetang rasa majar rasa,

hoetang wirang majar wirang,

oeroet koering dinjēnjēri,
asal koering dipalidkeun,
ka Tjitandoej diboeangkeun,
diwadahan Koe kanagan.

Ēngke, koering hajang majar koe pandjara beusi."

Tjek Lengser: „Doeh Goesti, pikir oea leuwih tjotjog, geura hajang geura pek bae ngadamēl pandjara beusi, isoekan kati goeroeboeg."

Saoer Ratoe: „Mo sae oea, da lain sato hewan, lain kidang, lain mandjangan, koeoe tjaina herang, laeokna beunang, kapan kitoe loembrahna omongan sēpah."

„Soemoehoen timbalan Goesti, tapi oea ajeuna awon pinaros; samemei ngadamēl pandjara beusi, djoeragan rek ngadamēl naon heula?"

Tjeuk *Tjioeng Wanara*: „Hajang tēpoeng heula djeung iboe, noe ngaran *Naganingroem*; ajeuna di mana ajana?"

„Soemoehoen pariksa Goesti, pērkawis iboe gamparan ajana di patapaan, baheula noeroetkeun pepeling abdi, sina tatapa di patamanan."

„Tjik oea, geura teang sarta koedoe kabawa ka dieu."

„Soemangga Goesti, ajeuna abdi teh amit."

Gantjang Lengser teh loempat, ngadjoegdjoeg ka patapaan:

mipir pasir mapaj lēbak,
mengkolna dina bobodjong,
nJORANG leuweung sakēukeudeung,
warna-warna kai leuweung,
anoe kasorang koe Lengser,
hoeroe dapoeng djeung kitjaloeng,
hoeroe meuting djeung kikoneng,
tjarelang djeung handap heulang,
kitapok reudjeung kimeong,
sakitoe anoe kasorang,
keur waktōe Lengser keur loempat.

NJORANG deui ditjombrang-ditjambroeng:
ngagēmbreng tjihtjir tjandoengna,
pangaroeh lindeuk maoengna,
koe Lengser diliwat bae,
geus dongkap ka patapaan,
rēg Lengser teh ngahoehoelēng,

karĕpna soemĕdjā ngintip,
ngintip ka noe keur tapa.

Toenda heula lampah Lengser.

Kotjapkeun heula noe tapa.

Anoe geulis *Naganingroem*,
tapana barina nĕpa,
mongplong sorana gĕdogan,
gĕdoganana kimangot,
toendjangan boengboelang^k peutjang,
tjaorna dawolong tjondong,
hapitna djadi dioekir,
barerana langkap noenggal,
soeri awi tali noenggal,
taropong tamiang sono,
tali tjaor digenggean,
polengna songket kanoman,
aloes lain kaelinan,
matak tigoeloesoer koetoe,
matak tisoledat toema,
matak tisorodot mojo,
matak tidjalikeuh piteuk,
laleur euntep tidjalikeuh,
eunteup dina tinoen Poetri.

Koĕ Lengser ĕnggeus kadenge eta sora gĕdogan teh. pok bar Lengser teh ngomong: „Tah geuning djoeragan istri, ajeuna bĕt hoerip keneh.”

Gantjangna nek ngadeuheusan, barina toeloĕj oendjoekan, pokna: „Doeh Goesti, abdi teh awon ngadeuheus.”

Koĕ *Naganingroem* katingali, tetela bĕt kakang Lengser, porosot nibankeun tjaor, barina toeloĕj mariksa, saorna: „Aeh-aeh, kakang Lengser, tara-tara ti sasari, ajeuna kakara soemping, rek naon pikĕrsaun?”

Tjeuk Lengser: „Soemoehoen timbalan Goesti, pĕrkawis poer kakang dongkap, bade ngoeningakeun, poetra ajeuna geus djadi Ratoe, djĕnĕnganana *Tjoeng Wanara*. Ajeuna gamparan kĕdah enggal-enggal linggih, poetra, gadoeh pihatoereun sarĕng tina hajang tĕpang.”

Gantiangna Poetri teh dangdan bari toeloĕj angkat bae. Teu katjatoer di djalanna: kotjapkeun geus datang bae.

Datangna geus boerit pisan, teu aja noe njahoëun, basana Poetri keur soemping; ngan tjoema poetrana pisan awas ningali iboena, iboena nja kitoeu deui, awas ningali ka poetra. Toeloej bae dirangkoel djeung ditangisan.

Bari nangis *Naganingroem* sasaoeran, ngawoeroekan ka poetrana, saोजना: „Asep, ajeuna teh poma-poma koedoe bisa majar hoetang, iboe bareto dikaja-kaja djeung asepa teh dipalidkeun.”

Geus kitoeu soemping Batara *Troes nabawa*, ejaungna *Tjoeng Wanara*, nja eta ramana *Naganingroem*. mapariu pipandjaraeun, barina toeloej ngawoeroekan, ari saोजना: „Asep, ajeuna geura tampanan ieu paparin ti ejang, bakalna pandjara beusi, gëdena sadjaroenu tjina. Ajeuna mah geura djieun, tatapi oelah koe andjeun, koedoe wakil ka pandaj kawasa, ka ngaran Ki *Gëndoe Majak*, sabab eta boga djimat ngaran: „paloe kaboejoetan”. Ari watëk eta djimat tina leutik djadi gëde; djeung deui, njeun eta pandjara hënteu meunang sagala tahoen, koedoe dina tahoen Alip, boelan Moeloed, dina tanggal opat wëlas ti peuting, malëm Djoemaah. Djeung pameulcuman beusi koedoe diparepehan wëdoes hideung atawa hajam hideung djeung hadjatna sangoe poenar, doana koe naktoe di noer.”

Gantjangna ejangna moelih, asoep ka sawargaloka.

Ladjëng *Tjoeng Wanara* njaor pandaj tea. Teu lila djol bae datang ngadeuheusan.

Tjoeng Wanara nimbalan, saोजना: „Ajeuna oea, dangoekeun koe oea, dipërih pati pangdamëlkeun pandjara beusi, ieu bakalna teh leuwih leutik, koedoe djati sewoe kati; eukeur boeat majar hoetang.”

Walonna: „Soemangga pisan, nanging teu meunang salingkoeh, koedoe nëda idin heula ka rama gamparan, ka Praboe Ratoe, ambèh tjaina herang, laeokna beunang.”

Geus kitoeu *Tjoeng Wanara* toeloej bae ngadenheusan ka Ratoe Sëpoeh; kasampak Ratoe keur linggih djeung eta *Dewi Pangrënjép*.

Ratoe Sëpoeh toeloej njaor ka *Tjoeng Wanara*, saोजना: „Asep, soekoer teuing soemping, rek naon nja pigaleuheun?”

Wangsoelna: „Soemoehoen pariksa ama, noe mawi abdi doemeuheus, abdi njoehoenkeun paidin, dek njeun pandjara beusi gëde, bobot sewoe kati.”

„Keur naon?”

Tjeuk *Tjioeng Wanara*: „Noe matak njeun pandjara, bisi aja badjo ngalalakon, bisi aja badjag ngalalana, karëpna rek nganiaja ka kërsa Kangdjëng rama sarawoeh ka Kangdjëng iboe.”

Saoer rama: „Asep, kajoengjoen teuing tjatjakan moerangkali mah, geus aja karëp rek bela ka rama djeung ka iboe, ajeuna ama ngidinan, di mana anggeus, koe ama arek dironda, bisi kocrang sajanana.”

Tjioeng Wanara toeloej moelih, bebedja ka pandaj kawasa tea, jen meunang idin ti Ratoe.

Ari tjeuk pandaj kawasa; „Mangga, tapi koedoe sirëp heula cerang nagara Galih Pakoean, bisi aja noe njahoëun.”

Ti dinja prak bae njirëp datang ka reup bae harees sanagara katoet Ratoe Sëpah.

Pandaj kawasa dëkër bae njeun sarta gantjangna teu kira-kira, mëtakeun djimat tea djeung hënteu koengsi sapeuting, geus anggeus eta pandjara.

Gantjangna pek dihatoerkeun ka *Tjioeng Wanara*, sarta pek koe *Tjioeng Wanara* dioekir:

dioekir dirënggi-rënggi,
ditatah digoebah-goebah,
diroepa-roepa wongwongan,
malah rongrong gogodongan,
ditekin dina dekiran,
mërak simping lalakina,
dilonok siga rek matjok,
diteang siga njoreang,
dilieuk siga mireungeuh,
dioengkoelan siga imoet,
ditilik siga rek seuri,
oekiran aloes katjida,
soepaja kajoengjoen Ratoe,
soepaja Radja kabita.

Geus anggeus sadajana, *Tjioeng Wanara* toeloej ngoeninga ka Ratoe Sëpoe, malah geus dipariksa, saorna: „Geus anggeus, asep?”

Wangsoelna: „Soemoehoen parantos.”

Gantjang bae Ratoe angkat sarëng pawarangna, noe ngaran *Dewi Pangrënjëp*.

Teu lila geus soemping bae. Ningali pandjara tea, barina dipariksakeun, langkoeng aloes saor Ratoe, saorna: „Na asep,

pandjara aloes-aloes teuing, komo teuing di djërona. Tjik ama hajang njaho ka djërona, tapi koedoe make damar, sabab di djërona poëk."

Gantjangna *Tjioeng Wanara* njipta damar. Enggeus tjaang di djërona, ti dinja Ratoe teh asoep sarëng *Dewi Pangrënjöp*, rek ningalian oekiran sarawoeh reudjeung tekinan.

Tjioeng Wanara tinggal di loear.

Barang Ratoe geus asoep, geuwat *Tjioeng Wanara* narik panto pandjara djëded,

rekep batan hoentoe gegep,
lita batan hoentoe koeja,
reugreug pageuh, djëdjël kandël,
poëk mädëm boeta radjin.

Atoeh Ratoe sarëng Poetri sëgroek bae narangis, nanging koe *Tjioeng Wanara* hënteu diwaro, anggoer toeloj angkat ka Goenoeng Padang.

Tjatoerkeun *Aria Banga* rek ngadeuheusan ka ramana, tapi barang dongkap ka boemina, hënteu njampak; lila-lila aja bedja jen Ratoe geus dipandjara.

Ti dinja geuwat *Aria Banga* ngoempoelkeun para bopati, djaksa reudjeung aria; ka raden para gëgëden miwarang ngangkat pandjara, tapi hënteu beunang dikakat, kaboeroe koe *Tjioeng Wanara* ti Goenoeng Padang.

Geus datang, katingal koe *Aria Banga*, toeloj disampeurkeun, gantjangna gër bae përang.

Silih pëdang, silih bitu,
Silih tondjok, silih tjabok,
tapi saroea gagahna,
përang lila nanakëran.

Kotjap para bopati geus pada kalaboer kabeh, sabab teu bisa njapuh noe përang.

Noe ka wetan baladna *Aria Banga* balik ka Tëgal tamtama Madjapait, ari anoe ka koelon baladna *Tjioeng Wanara*, boedaina ka Padjadjaran.

Kantoen anoe eukeur përang, përangna lawas katjida, dongkap ka dalapan wëlas taoen pëpëangan silih sered, lila-lila datang ka hidji waloengan.

Toeloj *Aria Banga* ditewak, dibalangkeun ka sabeulah ti wetan. Ti dinja *Aria Banga* rek malikan, tapi kahalangan koe waloengan.

Toeloej bae sasaoeran bari ngadjak eureun përang: „Béu rai, ajeuna mah përang teh derang eureun bae ti sërëk poë ieu, sababna aja wahangan, sarta ieu wahangan oerang ngaranan Tji-pamali, pamali soteh, lain pamali diinoem dipake mandi, pamali oerang girang djeung doeloer.”

Gantjangna pek bae sasalaman sarta nja di dinja pisahna.


Aria Banga ka wetan, toeloejna ka Madjapait, ari *Tjioeng Wanara* ka koelon; tatapi samemehna papisah sasaoeran heula, misaoerkeun wawatësan ti sërëk Tjipamali; saerna: „Rai, ti sërëk Tjipamali ka wetan bagian kakang, dibasakeun tanah Djawa Kadjawan, kaparabon.”

Saoer *Tjioeng Wanara*: „Soemoehoen akang, ti sërëk ieu ka koelon bagian koering, dibasakeun tanah Soenda, Pasoendan sabda ka Malajoe téroes ka Palembang.”

Ti dinja bral papisah.

Dëmi *Tjioeng Wanara* ka dajeuh heula, malangkeun pandjara beusi ragrag ka Kandangwësi; noe matak dingaranan Kandangwësi, asalna pandjara beusi, dibalangkeun, los ka dinja.

Ti dinja *Tjioeng Wanara* kibat noetoerkeun gagaman tea ka Padjadjaran; *Aria Banga* noetoerkeun baladna tea, losna ka Madjapait.



27. MOENGGAH HADJI. *)

Sadajana oge anoe bëragama Islam pada tërang kana moeng-gah hadji, nja eta roekoen Islam anoe ka V. Moengghah hadji

Kintoenan M. Pandji Poera, hulponderwijzer Madjalaja, Bandoeng.

nja eta ngalakonan hadji, djadi paribasa; ari moenggah hadji teh nja eta ka Mèkah, doemeh tempatna di dinja; oerang Mèkahna oge ari teu ngalakonan hadji mah, teu djadi hadjina, tapi ari oerang Arab pitoein mah, sanadjan geus hadji oge, tara make gélaran *Hadji*; anoe sok make gélaran hadji teh ngan woengkoel semah bae, nja eta bangsa oerang ti dieu djeung lianlianna; geus poegoeh oerang mah anoe sakitoe djaochna ka eta tempat.

Koe lantaran eta tempat sakitoe djaochna ti Poelo Djawa, nja eta ti Tandjoeng Parioek ka palabocan Djidah koe kapal koerang-leuwih 18 poë, toeroeg-toeroeg tempat hara-haraeun, licuk deungeun lieuk lain, estoe moal aja anoe noeloengan kana kasoésahan oerang, lian ti diri oerang pribadi djeung wakil pamarentah oerang anoe diséboet Kangdjéng Toean Gongsol anoe ajana di Djidah.

Koe sabab tempat sakitoe..... tea, pèrloe oerang koe-doe boga oebarna anoe matih, nja eta pangarti djeung doeit anoe *tjoekoe*, karana lamoen pangarti oerang....., sanadjan loba doeit oge, kadangkala djadi ripoeh; angot anoe djeung koerang doeitna mah, beuki tambah bae ripoehna teh. Koe hal eta oerang koedoe mawa bèkél anoe tjoekoe sarta tjoekoe ninggalan noe di imah. Pendek koedoe noeroetkeun pisan kitab Mañasik. Waktue ieu ongkos tambangan (borongan) teh koerang-leuwih oerang koedoe sadia 20 djéne.

Anoe tatjan maroenggah hadji meureun loba anoe teu pati ngarti ka noe diséboet ongkos tambangan di dieu; malah aja oge meureun anoe njangka: tambangan kapal ti Batawi ka Djidah poelang-ating, diborong katoet dahar-leueutna.

Eta lain kitoe.

Maksoedna ongkos tambangan anoe diborong di Djidah, kieu: Sadatangna djamaah ka Djidah, noe loembrah ajeuna sok diparapagkeun koe seh atawa koe badalna, diparèhoetkeun tjara noe marèhoetkeun laeok. Lantaran lolobana djamaah ti oerangna oge ti pasisian, lain djéléma saba nagara, daratangna ka Djidah teh istoe poengak-pingoeok pisan. Djadi lain siga maranehanana noe milih seh. -Eta pèrkara tangtue koe sarerea oge meureun kama'loem, kawantoe djéléma doesoen aja di nagara deungeun.

Sanggeusna djamaah aja di Djidah, tangtue téroes ka Mèkah ka Madinah, djeung balikna deui ti dinja ka Djidah; aja oge



J. m. p. t. Raden PRAWIRADINATA Vice Konsul
Belanda di-Djocdah.

noe ti Mēkah teh hajang njaba ka Taif djeung salianna ti eta. Eta kabéh koedoe make ongkos. Salian ti ongkos loemakoena, tangtoe aja ongkos dahar-leueut deui.

Eta ongkos-ongkos kabéh biasana sok diborong koe seh-seh tea, dibarēmpoegkeun ti Djidah kenéh.

Tah ongkos iimbangan anoe disēboetkeun di dieu teh, ongkos eta.

Dahar dina saboelanna paling saeutik koedoe sadia 2 djēne (beas djeung kadaharan sedjen-sedjen teu meuli); djadi lamoen oerang di Mēkah aja 8 boelanna, koedoe sadia 8×2 djēne = 16 djēne. Bēkēl ka Madinah poelang-anting (baksis Badēwi djeung keur sēwa tēmpat anoe dieureunan, sarta keur oerang barang dahar) koedoe sadia 8 djēne. Djadi datang ka Djidah oerang koedoe aja doeit $20 + 16 + 8$ djēne = 44 djēne atawa $44 \times f 12.50 = f 550$.—

Kitoe deui ari noe moenggah hadji teh misti meuli pas pikeun ka Mēkah, ajeuna hargana $f 4$, tapi baris ditaekkeun, ngan tatjan poegoeh sabaraha-sabarahana; dina eta pas koedoe make potret oerang, soepaja hēnteu djadi kasoésahan di djalan. Ieu pas di mana datang ka Djidah djeung rek balikna koedoe geuwat tawiskeun ka K. T. Gongsol (aja tjiri bañdera Walanda, dipasangkeunana di soehoenan); geura batja bae dina pēringētana, ditoelis dina eta pas.

BABAWAAN.

- a. Barangbawa teu pērloe loba-loba, estoe ngan anoe euweuh di Mēkah bae, pikeun sakalieun oerang hajang kana kadaharan oerang, kitoe oge koedoe anoe beunang dililakeun, da ari noe teu beunang dililakeun mah sok moebadir, toengtoengna dipitjeun (akalan ngoeroesna, soepaja beunang dililakeun).
- b. Anoe pangpērloena oebar-oebaran, saperti: kajoepoetih, aspirin, minjak gosok (tjap boerak), pel, zoutzuur, minjak pērēmen, oebar batoek djeung salēp pikeun kadoeroek (kalēob). Ieu geus loba kadjadian jen loba anoe kataradjang eta panjakit (anoe koedoe dioebaran koe oebar anoe kasēboet di loehoer). Geus poegoeh pikeun oebar tadjam, moentjroet mah, oelah hēnteu. Lamoen mawa ples-ples, akalan soepaja oelah nēpi ka peupeus (koe djoekoet).

Oelahi mawa pakean (potongan) loba-loba sarta harade (wareuteuh), karana sok disangka eta teh pikeun djoealeun, djadi dibejana gède. Aloesna mah mawa potongan 1 — 2 bae, ngan anoe perloe rada loba teh (satjoekoeopna) pakean anoe sapopoë, saperti: kampret, koetoeng djeung sabangsa-na, asal oerang bisa ngaganti di mana geus kotor. Ari ha-jang pakean anoe araloes mah, di Mèkah oge teu koerang, toeroeg-toeroeg geus ilahar, sok garanti pakean (noeroetan oerang Arab).


INGËTKEUNEUN.

4. Meuli tiket aloesna mah, koe sorangan bae, éntong nitah batoer (ieu teu koedoe ditérangkeun pandjang-pandjang). Oepama teu njaho tempatna, oerang menta toeloeng (na-njakeun) ka pamarentah oerang, tangtoe andjeunna nerang-keun kalawan etjesna sarta teu koedoe ka loear doeit. Ieu djalan kieu teh tangtoe koe sarerea oge kaharti, biasana dipétakeun teh ngan koe djamaah anoe malangarti bae, djëlëma anoe barisa ngoeroeskeun kapérloe an dirina sorangan. Ari koe djëlëma oeroeseun batoer mah, sanadjan oerang nagara oge tangtoe pisan moal bisa dipétakeun, komo la-moen koe oerang pasisiän noe henteu ngambeu-ngambeu nagara mah, geus tangtoe matak leuwih soesah ti batan ngéseh. Pikeun djëlëma anoe teu barisaeun ngoeroeskeun kapérloe an dirina pribadi, hadena koedoe neangan akal sedjen, sangkan ongkos-ongkos djadi enteng, sabab lamoen pakéréntjilan mah, salian ti loba anoe teu barisaeun, ong-kosna oge tangtoe katitih leuwih mahal manan moeroehkeun ka seh-seh tea.

Geura bae pikir: oepama aja oerang Tjidjoelang atawa oerang Tjimérak anoe rek moenggah hadji, mangkaning koedoe meuli tiket ka Bandoeng, sabaraha meureun pieng-koseunana; tatjan ngitoeng éngke keur ongkos kartjis ka Batawi djeung ongkos mawa babawaan; geus kitoe ongkos salila di Batawi ngadagoan kapal, mawana barang-barang ti Batawi ka Tandjoeng Parioek téroes ka kapalna.

Eta kabéh ongkos bae.

Tapi lamoen djamaah daraek rémpoeg ragém, baréng sa-oejoenan mah, ibaratna 2 — 3 distrik anoe saapdeling, reana 20 — 30 djëlëma, raragëman milih pangoeroes antara ba-



Orang Moeslimin dari segala bangsa sedang sembahjang dimesjid Alharam di Makkah.

toer-batoerna anoe pangmangartina, hibantoe-bantoe koe sabatoer-batoer, tangtœ ongkos anoe gēde teh djadi saeutik, da anoe 30 djëlëma anoe tadi pakërëntjilan iang ka Bandoeng meuli tiket 30 kali teh, kapan karampid koe saianan bae.

Nja kitoé deui dina ngoeroeskeun kapërloean-kapërloean sedjen, kajaning: ngoeroeskeun pas, ngoeroeskeun barang-barang bawaeun ka kapal djeung sapapadana, koe rëmpeog mah, kabeh oge djadi enteng.

Oelah beda tekad, sakoemaha anoe dimaksoed koe oerang oelah beunang diolo koe noe sedjen, babakoena ari „ngëseh”. Oepama ti imah oerang niat ngëseh ka A, ahir-ahir bët ka B; leuheung meueus, oepama oerang djeung baraja-baraja ngahidji (barëng inditna) saroea ngësehna, koemaha lamoen ditakdirkeun oerang djeung babatoeran, atawa baraja-baraja teu barëng inditna (teu sakapal), pek beda ngësehna, da kaolo tea, lain djadi soesah ëngkena? Meureun moal bisa silih teang (silih toeloengan di Mëkahna). Oepama geus ngëseh beda, tara beunang diboeroengkeun deui; bisa oge diboeroengkeun, tapi koedoe majar paberoeng dina saorangan 2 djëne.

Oepama boga doeit katimbang aja leuwihna, leuwih hade disimpën di Consulaat bae, soepaja moal aja noe maling, djeung djadi kasénangan ëngkena, kitoé deui mawa doeit teh leuwih hade wang kërta, sabab kahidji ringkës, kadœa hargana leuwih mahal ti doeit perak.

Ngadjjudjehkeun doeit koedoe ati-ati; babakoena dina noe-keurkeun koedoe mapaj heula, mana anoe panglobana, tah toekeurkeun ka dinja, da di Djidah teh loba pisan toekang noekeurkeun doeit, njarieun tēmpat sisi djalan sarta pētina pinoeh koe roepa-roepa doeit. Poma oelah daek noekeurkeun doeit ka djëlëma anoe datang ka imah oerang (ka pangan-djrëkan), karana eta djëlëma katjida ngarah batina; saperti di oerang bae, meuli barang ti toekang kolontong anoe ngalidër ka lēmboer, djeung meuli ti tokona, tangtœ pisan beda (ieu mah leuwih moerah).

Oepama oerang gëring, koe sabab di Djidah disadiakeun doktor Goepërnëmen oerang (Doktor Djawa), përlœ anoe gëring koedoe hidëng sorangan njoehoenkeun dipariksa (teu koedoe majar), tangtœ eta doktor ngoeroes anoe saënja-


ALMENAK	No. Prijs	ANOE KENGING PRIJS.
52461	No. 2	MĒSIN-NGOMONG. M. DARMOWI-JOTO. Goeroe-bantoe 2e klasse Inl. school No. 1. Toeban.
422	No. 3	ERLODJI-TANGAN ĒMAS. NJIMAS JOJO. p/a Hulponderw. Babakan Tji-paraj, Bandoeng.
26327	No. 4	KLOK. ABDOEL SAID. Chauffeur v/d Dir. der Gemeente. Medan.
16503	No. 5	TEMPAT ROKO PERAK. RAZAK. Telefoonbediende B. M. H. K. Tandjoengpandan.
9512	No. 6	TAS KOELIT. R. SOEDIRA. Hulp-schrijver b/d Wedana Sindanglaoet.
52723	No. 7	BEKĒR. T. JOEDOWISASTRO. Post-assistent Ambarawa.
33096	id.	BEKĒR. ABDUL HAMID. Onderwijzer Tandjoeng Laboe, Toboali.
3449	id.	BEKĒR. M. A. SOERADIREDA. Volksonderwijzer Toenggilis Kali-poetjang (Pangandaran, Tasikmalaja).
13527	id.	BEKĒR. J. HASNAN. President Setia Oesaha. Groot Tambilan, Tandjoeng Pinang.
4825	id.	BEKĒR. R. WIRAPOETRA. Hoofd der 2e. klasse Inl. school Maleber, Tjiandjoer.
8412	No. 8	PEULPEN. M. I. PRAWIRAWINATA. Balonggedeweg 6, Bandoeng.
11460	id.	PEULPEN. KARTAATMADJA. Mantri-kadaster Pasoeroean.
26823	id.	PEULPEN. SI RADJA LAWIT. Leerling Inl. school Kabandjahe, Medan.
10140	id.	PEULPEN. PADMADIREDA. Wa-roengkiara, Tjibadak.
10718	No. 9	BOEKOE-BOEKOE. ANDA. Leerling H. I. S. Antjol 139, Bandoeng.

No.	ALMĒNAK	No. Prijs	ANOE KENGING PRIJS.
25674		No. 9	BOEKOE-BOEKOE. MANSOER (nganggo adres).
49273		id.	BOEKOE-BOEKOE. SOEPENO. Kampoenng Lima 129, Weltevreden.
38127		id.	BOEKOE-BOEKOE. J. LITUHER Goeroebantoe Haroekoe.
7103		id.	BOEKOE-BOEKOE. H. MOH. JOE SOEF. Parapatán Soemédang.
26015		id.	BOEKOE-BOEKOE. SOETAN DIMAN Kedai Melajoe, Padang Tjermin, Bindjei.
12381		id.	BOEKOE-BOEKOE. MOH. ISA. Leerling . Volksonderwijzerscursus Medelaboh.
17788		id.	BOEKOE-BOEKOE. CHER. p/a. M. Kosim. Onderwijzer Pengandoran, Moeara-Enim.
22416		id.	BOEKOE-BOEKOE. SIDIK. Onderwijzer Volksschool Angkinang. Këndangan. Borneo.
18283		id.	BOEKOE-BOEKOE. GOERITNO. Hulp-schrijver Ass.-Res. kantoor, Solo.
8591		id.	BOEKOE-BOEKOE. M. SOEBENO. Mantri-landrente Serang.
3305		id.	BOEKOE-BOEKOE. PARTA. Letterzetter Nix & Co. Bandoeng.
967		id.	BOEKOE-BOEKOE. M. MANTADI-REDJA. Hoofdmantri-Loemboéng Tjibébér.
3203		id.	BOEKOE-BOEKOE. SARIMIN. Gemeente-oppasser. Riouwstraat 88, Bandoeng.
26834		id.	BOEKOE-BOEKOE. SI BITJARA. Leerling Inl. school Kabandjahe. Medan.

Amĕngan ka goenoeng Gĕde, Njawer, Piwoelang ka Panganten, anoe parantos kasĕbat dina prospectus, hĕnteu tiasa kalĕoĕtkeun kana Volksalmanak 1924, margi teu aja pitĕmpateunana.

N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK


Groote Postweg 9 J. A. ROBORGH Bandoeng



Panggoena Komplek Latjema
Roborgh, W. A. S. 1913

Emas 14 karat
perak ti loear Emas
neke

f 32
" 25
" 18
" 12




Model
Panggoena Komplek k
tiang sapang watang

Emas 14 karat
perak
perak ti loear Emas
neke

f 27.50
" 10.
" 11.
" 0.

N. V. BANDOENGSCH E APOTHEEK
 Grote Postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandoeng

THERMOMETER „U E B E”



pangapena f 2.50

Thermometer keur ngoekoer panasna noe gering.

Thermometer keur di kamar, sahidji f 2.25

STEARNS HOOFDPIJNMIDDEL

(Landong riut Dr. STEARNS)
 Ouwel didaharna dipalidkeun
 koe tjai; heuleut 1/2 djam riut
 leungit;
 Pangapena 1 doos, eusina 12 siki f 1.25



ASPIRIN TABLETTEN BAYER f 0.75

Naha toeng poetra hese kahe-
 ratanana? Geura ngagaleuh

EVALAX sabotolna f 1.—

Vaseline Pomade Cheseborough

Sae ten kinten dianggo
 ngatrali beresih rana sareng
 hideung atuhapi horang rain.
 Koe tjae seungit.
 Ieu pomade saena sami
 bae sareng Brillantine noe
 inatnal tea.
 f wadah (gotji) f 0.75

**TEU IASA
 KOELEM?**

Geura landongan koe:
 BROMURINTABLETTEN pangapena f 1.50
 ADLINTABLETTEN " f 1.50

Denggal bade koelem
 toeng hidji.

N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK

Groote Postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandoeng



KALODERMA-BEDA K.
Pangaosna 1 doos f 0.60

VASENOL POEDER.
Tapi poepoor sae kabina-hina kaur
mbaperati, moermgkalih, pabari
baree, raka me, atanapi, baranbos
kos, kasang, in deting, 1 blok, f 1.50


IXORA Minjak seungit anoe pang- f 1.50
saena, 1 ples.

LOTION KISMET LUBIN Pangaos f 4.-
minjak seungit noe pangsaes-saena.

BRILLANTINE Dityain temot pangaos f 2.50
Caraba f 2.25
Watte minjak rambosa f 2.-
" " " " " " f 2.-
" " " " " " f 2.-
Brillantine Rosy 1 ples f 1.50

Shamponing Poeder f 1.00
1 doos kusina f 1.50

Sikat gigi
Pangaosna sahidji ti f 0.60, f 1.-, f 1.25, f 1.50



Tandpoeder f 0.60

N. V. BANDOENGSCH E APOTHEEK
 Postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandoeng

Minjak „Divinia“

- 1 ples ageng f 10,—
- 1 „ sedang „ 6,—
- 1 „ alit „ 3,—
- 1 „ noe pangaitna „ 0,50




Melati de Java

- sondjt ten kanten
 1 ples f 2,50

Sachet

- 1 ples sachet f 1,—
- 1 Ten sachet ageng 1 ples 100 gr. ding lómarl-pungunggo, arénganténe ngawit mija seungit sadajauh.



- Saboen Kaloderma** 1 doos. f 2,—
- sahidji f 0,75

- Glijcerinezep No. 4711** 1 ples f 0,40

- Saboen wangi George Dralle** 1 ples f 0,20
- 12 „ f 2,—

SABOEN WANGI DOBBELMANN:

- | | |
|---------------------------------------|--------------------------------------|
| VRIDESTAR 1 doos f 1,75 | Amandeloliezsep 1 doos f 1,50 |
| sahidji f 0,60 | sahidji f 0,50 |
| ESSENCE DE STANG 1 doos f 1,75 | Cieaputerzsep f 10,25 |
| sahidji f 0,60 | Eardolefzsep f 10,50 |

- ESSENCE DE STANG** 1 doos f 1,75
- ESSENCE DE STANG** 1 doos f 1,75
- ESSENCE DE STANG** 1 doos f 1,75

N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK

Groote Postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandjeng



MINJAK KEMBANG "HEIKO" TOELEN

Aja 3 roept:

ROSE—JASMIN—MALATI

1 ples 1 gram	1 1.50
1 " 2 " "	" 2.50
1 " 4 " "	" 4.50
1 " 8 " "	" 8.—
1 " 16 " "	" 14.—

Oepam iéu minjak diké-
lajakun kang sapoetangan,
ditanggél, di lébét saminggoe
moal tetragit.

MINJAK KEMBANG KAMOENING



1 PLES PANGAOS 14.

MINJAK SEUNGIT

roept-roept

MINJAK FATMA

1 ples ageng	1.6.50
1 " satengah	3.50
1 " alit	1.75

MINJAK No. 4711

Lilac	<i>Pangaos</i>
Violet	1 ples
Jasmin	f 2.50
Rod-Rose	
Malati	

MINJAK CARABA

1 ples ageng	f 3.—
1 " alit	2.—

MINJAK LUBIN

Mizzi	<i>Pinguos</i>
Kipka	1 Ples
Dreiz	f 1.50
Roosa	

MINJAK ZENOBIA

1 ples ageng	f 3.—
1 " alit	2.—

Manggo karésép katiada kag-
boréh, ibutaran seungitna, kanyou
wani wadahan sng.

N. V. BANDOENGSCH E APOTHEEK

Postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandjone



EMULSION OF COD LIVER OIL

Ieu landong istoo landong nonör hiji keur m... kalih saréng sépachi noe ngarabs kirang... saha noe karagöngan poëtra boerej... pala soepaja poëtrana morontod aas n... landong; oepami poëtrana sirahang... pami ranteut boh dina awakna boh dina sirahna... oepami teu patu beuki dahar, kedah dilandong... koc ieu landong.

Ahoo didamel ieu landong leu... (gadjih laeok) ditjamperan roepi landong an... kasobor saalan doenja, dijdamelna Koe Dokter Doktor anoe kamastmerkeun palitör.

METAKEUNANA

moerangkalih noe boerej keneh 3 kali padinten 1 sendok teh
noe rada agung 3 " " " " boereh
kolot " 3 " " " " "

Pungpusna 1 botol agung. f 1.75

SCOTT'S EMULSION

Landong saperti non di toshoen 1 botol agung. f 2

SARSAPARILLA

Pungpusna 1 botol agung. f 2.50
Ieu landong anjar keneh pisan diidongkeun... Inggris, sab kabina hina pikon ng... Hinda ngan koering anho ngaging... Gentel Agent of Landong.


Metakeunana: 2 kali padinten 1 sendok... di daharna... deui kaila wateur dahar.

MENTHOL STIFT (POKPING)

Anjar gogok landong poséng sahiji noe agung. f 0.75

N. V. BANDOENGSCH E APOTHEEK

Groote Postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandoeng



DOT keur ples H. S.

Pangaos noe ageng 1 10.50
alt. 1 0.25

POPPERTJE



(kekompeng)
Pangaos geulang toelang
sahiji 1 0.50
Pangaos geulang karet
sahiji 1 0.60

WOL'S HOEST. EN KINKHOEST SIROOP

(bandong gohgo)

Ibu landong patantos piraug
sahiji digingsirkeun keur toean
sahiji koering. Sahiji jeung Pri
deuri anoe maroan. Sahiji matak
deuri aig anoe keur matak
sahiji boh sepuh boh mabrang
kath. Ma kitoe deuri deuri goh
goh kosong afanapi kasanah per
sahiji sac. Mandongan koe bu.
Anoe geuhgo. Sahiji deuri
landongan. Sahiji deuri, lading hoo
sahiji.
Pangaos 1 bopel 1 2.

KOMPA PATOBANGAN

ganggoleun noe teu damang.
Pangaosna sahiji:

No. 1	1.25
" 2	1.50
" 3	2.00
" 4	2.50
" 5	3.00
" 6	3.50
" 7	4.00
" 8	5.00

Pram. 1.00
Jodkall. 0.50
Jodkall. 0.50
Landing. 0.50


MENTHOL-EUCALYPTUS BONBONS

Pangaos sakaleng
Matak pisan kaha saleemah. piri ilana kage wool.

BLOEMEN STANGEN POMADE (Cosmetic)

Sahiji bodas sranapi liding

W. N. BANDOENGSCHIE APOTHEKER
 GROOTE POSTWEG 8 J. A. ROBORGH BANDOENG



WADAH MAMAS

F (suspensoir)

Pangasinan sahidi f 1.25
 f 1.50 f 1.75 f 2.50

TONDEUSE'S

Pangasinan f 5.
 Suspending handle f 5.

Mangkup f 1.00
 Mandras f 0.75
 Mandras f 0.50
 Mandras f 0.25
 Mandras f 0.10
 Mandras f 0.05
 Mandras f 0.02
 Mandras f 0.01

PANGOSOR WAOS

Pangasinan f 1.00
 Kado f 0.75
 Kado f 0.50
 Kado f 0.25
 Kado f 0.10
 Kado f 0.05
 Kado f 0.02
 Kado f 0.01

ODOL f plus f 1.50

N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK
 Grote Postweg 2 J. A. ROBORGH Bandoeng

PESO
 TJOEKOER



PESO
 TJOEKOER

Parantos datang peso-tjoekoer-anjat, seukeut kabina-
 bina. Djoeragan-djoeragan soentengga geura ngaga alenli.
 Ceco atawaol Crown sahidji. f. 4.
 Ator " Savars f. 6.

KINA DRUPPELS
 Langsing
 m'énjépan

OR DE VRIJ
 Pangsas | hotel |



SABOEN TJOEKOER WANGI

Sae sarang seungit, janggoeng f. 1.

- Roeplandong panjakit napas Asthma Relief Powder, f. 1.50
- Asthma poeder Clery, f. 2.75
- " " " " f. 1.50
- Asthmacigaretten
- Kraepelien en Holm f. 1.50
- Asthmacigaretten Expice f. 1.50

HOUSEHOLD EMBROCATION

f. 1.25

Langsing roek spruik
 (b) (c) (d) (e) (f) (g) (h) (i) (j) (k) (l) (m) (n) (o) (p) (q) (r) (s) (t) (u) (v) (w) (x) (y) (z)

DR. BANDOENSCHE APOTHEEK

Postweg 3 J. A. ROBORGH Bandoeng

DEWA MAAGPILLEN

Ini adalah obat untuk penyakit perut, mual, muntah, diare, dan lain-lain. Obat ini sangat efektif dan aman. Harga per botol Rp. 1.000.

DEWA VERSTERKINGSPILLEN

Ini adalah obat untuk meningkatkan tenaga dan kesehatan. Sangat berguna bagi mereka yang merasa lemah atau sakit. Harga per botol Rp. 1.000.

DEWA BLOEMEN BEDAK

1 doz pangas f 0.75



Electric machines
(Mesin penjahit)
Pangas f 20.

BREUKBANDEN (BAND)

1 doz pangas f 7.80
1 doz pangas f 12.50
1 doz pangas f 7.80

ORIENTAL TOOTHACHE DROPS

(Londong kasawat w303)

1 botol pangas f 0.50
1 doz pangas f 12.50
1 doz pangas f 7.80

N. V. BANDOENGSCHE APOTHEE
 Drooge postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandoe...

DEWA ZALF (ZALF TIAP DEWA) A.

Salih salih nae kagonggan kagawal kotar, sarong marahan, mi-
 niti kaloor dina salira saritis boenon, kadek onyol, degek
 landongan koe Zalf Tiap Dewa. Ieu zalf laukoeun sagematna
 zalf boeloo.

Panggunaan: 1. 1/2 cc.

DEWA ZALF (ZALF TIAP DEWA) B.

Ieu zalf mahl kabua tina kana baiges indut sarong mahl
 zaiogok sarong halahna si-ah, silihanna reuep, ieu zalf parantos
 100 mahden. Pentekna ti buheula keneh parantos diatungul ke
 Baktar, saka keneh kalora.

Pacukanana ieu zalf waraha nempoing sadajana bangsana
 keneh. Teu aja deui Rosmah Obat, aroo nuodahil ieu zalf
 banyu ti koering.

Panggunaan: 1/2 cc.

LANDONG EWATEUN (SPROETENZALF)

Sememeu
 lilandongan
 koe Landong
 Ewateun



Separantos
 na dilan-
 dongan di-
 lebet sas-
 sih.

Saban wangi digosok, zalfna saeutik bae. I gotji
 tjekep sasasiheun, panggunaan f 250

BANDOENGSCHE APOTHEEK

Dr. J. A. ROBORGH, Bandoeong

DOKTOR K. HOLM'S STAAL-ELIXIR

Itu mengandung ande-kafelah, Dr. K. Holm's Staal-Elxir seekapula-hina maris upalandonger ande-1995, ande-kirang sae gabina hareng kar poe arahom.

Itu katoe deui katur istri-istri, boh amon, boh sendok, saha bae saana, sareng pikeun (rah ngibada) goro, lantaran didamel pohara, seuing, Hoerangkali, sadinten 3 kali sakalima, sendok makan, sabada kahar.

Sampun 3 X sadinten 1 sendok makan sareng tas, loarang.

Pangawasa 1 botol.

f 1.75

Kemirih-olte: non kasihak di loohoe, kenging ngahaja ngadamel tina minyak aneuring, katon, pikeun ngalindungan, non lopedang pering panas, gauring ram boetna sok maroeng. Tak, koele sae ngawasa lau unjak. Pangeusa 1 botol.

KEMIRIH-OLTE

GOUD EN ZILVERBRONS

(Parada perak sareng emas)

Pangeusa 1 doos komplek

f 0.60

WILBEDAK (Poepder atel), 1 doos.

f 0.50

CAUVIN PILLEN (Pol. Paris)

Pangeusa 1 pls.

f 0.50

M. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK
 Grote Postweg 3, **J. A. ROBORGH** Bandoeang

Saha-saha nge ngraras kirang kakitapan
 Jantaran paha's tening didaniet, atapi
 teu trass tuang, sae tuong teu bandang

GLYPHO

Pangaos 1 ples f 3, 1 ples 56 tablet
 6 ples kaanggo salebet 6 minggu
 bangsa sepoeh: 2 kali sadinten 4 tablet
 Moerangkali: 2

Saha-saha doe keuna kawat
 unis (sukerziektel) lantau ke
 nging pisan toang goela. Pi
 ketun gobentos goela, njo ota

Saccharine-tabletten

1 ples 100 tablet f. 0.60
 Dimana ngaleuent enten sarangkir 1 rang

KLOOSTERHONING

Raos dituungna, toer matli pisan
 kana Jandang, talentah, unilana, nja
 njoan, golohi, soring, ples Konging
 poedjan ti doktor-doktor sarang ti
 rumah roomaltobat.
 Punggoang sajak ayang f. 0.75

Salmiakpastilles

Landung golohi 1 ples f. 0.60

Sublimaattabletten

Pikotin ngombah maout, ngonggo
 ditjampoon ti 1/2 tablet 1 ujira
 1. Hjar
 1 ples gajana 10 tablet f. 0.70

